# IУАЩХЬЭМАХУЭ

## ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ ЖУРНАЛ

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокI**

**май 3 июнь**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетымрэ КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзымрэ къыдагъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР

**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, Гъут Iэдэм,
Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид, КхъуэIуфэ Хьэчим,
ТIымыжь Хьэмыщэ, Уэрэзей Афлик, Хьэвжокъуэ Людмилэ,
ХьэIупщы МуIэед (жэуапыхь секретарь)

НАЛШЫК
2016

# Псалъащхьэхэр

## ЖьантIэ

*ТхакIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ илъэс 85-рэ ирокъу*

**НэщIэпыджэ Замирэ.** БлэкIам и дерсыр къэкIуэнум и гъуазэщ. *Интервью* .......... 3
**ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.** Зыми пэзмыщI.......... 16
МэшбащIэ Исхьэкъ хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр.......... 19
**МэшбащIэ Исхьэкъ.** ТIасхъэщIэх. *Романым щыщ пычыгъуэхэр* .......... 23
**МэшбащIэ Исхьэкъ.** *Усэхэр* .......... 49

*УсакIуэ Мыкъуэжь Анатолэ илъэс 60 ирокъу*

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** СыгуфIэщэну сыхуейщи, аращ сэ сыщIэнэщхъейр.......... 60
**Бещтокъуэ Хьэбас.** Стемыту дамэ щхьэ сыкъэбгъэщIа?.......... 71
**ТIымыжь Хьэмыщэ.** УздынэсамкIэ укъэувыIэну уэ къомыкIуххэ.... 75
Мыкъуэжь Анатолэ хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр.......... 80
**Мыкъуэжь Анатолэ.** *Усэхэр* .......... 89

## Прозэ

**Ахъмэт МуIэед.** Адыгэ амазонкэхэр. *Роман* .......... 103

## Публицистикэ

**Бэрбэч Борис.** Гъуэгу техьэ тенэркъым.......... 132
**Сэхъурокъуэ Хьэутий.** Лъэпкъ зэхэщIыкIым куэд елъытащ.......... 135
**КхъуэIуфэ Хьэчим.** УсакIуэм и пэж пшынэр. *Эссе пэлъытэ* .......... 140

## Литературэ щIэныгъэ. Критикэ

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** Зауэмрэ мамырыгъэмрэ къэбэрдей усыгъэм къызэрыхэщыр.......... 161

## Культурэ

**Тембот Санитэ.** Макъ лъэщкIэ Тхьэр зыхуэупса.......... 170
Хъупсырджэн Албэч хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр.......... 174

*ТхакIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ илъэс 85-рэ ирокъу*





# БлэкIам и дерсыр къэкIуэнум и гъуазэщ

Къыпхуэмылъытэн хуэдизу инщ тхакIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ адыгэ, урысей, дунейпсо литературэхэм яхуищIа хэлъхьэныгъэр. СатыриплI хъу усэхэм щегъэжьауэ, адыгэ тхыдэм кууэ дризыгъэплъэж романхэр зэрыт тхылъи 100-м щIигъу къыдигъэкIащ абы. Къыщалъхуа лъахэмрэ къызыхэкIа лъэпкъымрэ я къуэ пэжу къыщIэкIа тхакIуэм и тхыгъэхэр бзэ куэдкIэ зэрадзэкIащ, и творческэ гъуэгуанэмрэ жылагъуэ Iуэхухэм щызэфIигъэкIамрэ папщIэ литературэ саугъэтхэр, дамыгъэ лъапIэхэр, орденхэр, медалхэр къыхуагъэфэщащ. ПщIэ къыщIыхуащI а псом ефIэкIыу хэлъ цIыхугъэрщ МэшбащIэм и щхьэр зыгъэлъапIэр, и гум и къабзагъымрэ и псэм и хьэлэлагъымрэщ и гъуэгур хуэзыгъэнэхур. ГъащIэм и дыджым къимыгъэшу, ехъулIэныгъэм и щхьэр имыгъэуназэу къэгъуэгурыкIуати, цIыху нэсу къызэтенащ, жылэм пщIэ къыхуащIрэ лъэпкъым илъытэу.

ДАХ-м и Советым хэт ХьэфIыцIэ Мухьэмэд къыхилъхьэри, тхакIуэ цIэрыIуэр мы гъэм илъэс 85-рэ зэрырикъум къыхэкIкIэ, 2016 гъэр МэшбащIэ Исхьэкъ и илъэсу игъэуващ Дунейпсо Адыгэ Хасэм. Абы ипкъ иткIэ къеIытха интервьюр ди гуапэу фи пащхьэ идолъхьэ. Абы и гъащIэм, и дуней тетыкIэм, и гупсысэхэм ятеухуауэ къызэрыддэгуэшахэмкIэ къыщIэддзэн ипэ къихуэу, и

къекIуэкIыкIамрэ и IэдакъэщIэкIхэмрэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ.

*МэшбащIэ Исхьэкъ Краснодар щIыналъэм хыхьэ Щхьэщэхуж къуажэм 1931 гъэм къыщалъхуащ. 1951 гъэм Адыгей педагогикэ училищэр, 1956 гъэм Горький Максим и цIэр зэрихьэу Москва дэт Литературэ институтыр ехъулIэныгъэкIэ къиухащ. КПСС-м и ЦК-м и Парт школ нэхъыщхьэм журналистикэмкIэ и факультетым щеджащ. 1949 гъэм щегъэжьауэ и тхыгъэхэр къытрадзэ.*

*Абы лъандэрэ тхакIуэм адыгэбзэкIэ къыдигъэкIащ и усэхэмрэ поэмэхэмрэ зэрыт тхылъхэр: «ЦIыху лъэщхэр», «Си дуней», «УэрэдыщIэ», «Вагъуэ бын», «Пшыналъэ», «Псысэ-гупсысэхэр», «Лъэмыжхэр», «Дыгъэгъазэ», «Дыжьын уэшх», «Гъатхэ уэгум и уэрэд», «Шу мафIэ», «Вагъуэ лъагэм и нэхупс», «Махуэбгым и дыгъэ хуабэ», «ФIым и лъагъуэ», «Тхылъищ хъу тхыгъэ къыхэхахэр», «ТхылъитI хъу усэ, поэмэ къыхэхахэр», «Зэманым и шэрхъ», «ПсынэщIэж», «СатыриплIхэр», «Усэу тха псысэхэр», нэгъуэщIхэри. Романхэу: «Ягъеяхэм япэплъэжыркъым», «ЦIыхур тIэу къалъхуркъым», «Жэщ лъагъуэхэр», «Бзиикъуэ зауэ», «ЩIыгу хъурей», «ФIы щIэи, псым хэдзэ», «Гуащэней», «Мывэ щхьэлхэр», «ГъэритI», «Хъан-Джэрий», «Ридадэ», «Адыгэхэр», «КъуэкIыпIэмрэ КъухьэпIэмрэ», «Айшэт», «Джасус», «ЩIыгумрэ уэгумрэ щызэпыхьэм сыт щыIэр?», «Лъапсэрых», «Хэхэсхэр», «Тхылъ тIощI хъу тхыгъэ къыхэхахэр», нэгъуэщIхэри. Илъэс зэхуэмыдэхэм Мейкъуапэ, Краснодар, Налшык, Москва урысыбзэкIэ къыщыдэкIащ тхылъ куэд.*

*МэшбащIэм адыгэ литературэм хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я цIыхубэ тхакIуэ цIэ лъапIэхэр къыфIащащ, Кубаным гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, СССР-мрэ Урысей Федерацэмрэ я Къэрал саугъэтхэм, Шолоховым, Островскэм я цIэкIэ щыIэ литературэ саугъэтхэм я лауреатщ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и саугъэт нэхъыщхьэри къратащ.*

*Къыщалъхуа и хэкум и литературэм зэрызригъэужьам папщIэ абы къыхуагъэфэщащ «Хэкум и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» урысей орденым и II, III, IV нагъыщэхэр, «Лъэпкъ Зэныбжьэгъугъэ» орденыр, «Адыгейм и ЩIыхь» медалыр, Адыгэ Республикэм и Къэрал Советым – Хасэм и «Закон. Долг. Честь» дамыгъэ нэхъыщхьэр, Абхъазым къыщратащ «ПщIэмрэ ЩIыхьымрэ» орденыр, «Кубаным и зыужьыныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ» медалым и япэ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ. Исхьэкъ илъэс куэдкIэ щытащ Адыгэ Хэку Советым, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм я депутату, иджыпсту УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэтщ.*

*МэшбащIэм итхащ Адыгэ Республикэм и Гимным щIэлъ псалъэхэр. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ тхылъищэм щIигъу, урыс тхакIуэшхуэхэм я тхыгъэхэр, КъурIэныр адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ, и усэ куэдым макъамэ щIалъхьэри, уэрэд цIэрыIуэ хъуащ. И IэдакъэщIэкIхэр адыгэбзэкIэ, урысыбзэкIэ, инджылызыбзэкIэ, испаныбзэкIэ, нэмыцэбзэкIэ, китаибзэкIэ, франджыбзэкIэ, хьэрыпыбзэкIэ, тыркубзэкIэ, чеххэм, поляккэм, болгархэм я бзэхэмкIэ зэрадзэкIащ.*

*МэшбащIэ Исхьэкъ Адыгэ Республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм илъэс 54-рэ хъуауэ и тхьэмадэщ, Урысей Федерацэм и ТхакIуэ-*

*хэм я союзым и тхъэмадэм и къуэдзэщ, СНГ-м хыхьэ къэралхэм я ТхакIуэхэм я дунейпсо зэгухьэнытъэм и ГъэзэщIакIуэ гупым и унафэщIым и къуэдзэщ, УФ-м и Президентым и лIыкIуэу Ипщэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм егъэщIылIауэ лажьэ, Нэхъыжьхэм я советым хэтщ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэщ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием, ЩIэныгъэхэмкIэ Абхъаз Академием я академикщ.*

*Адыгэ къэрал университетымрэ Мейкъуапэ къэрал технологие университетымрэ щIыхь зиIэ я докторщ, Мейкъуапэ къалэм щIыхь зиIэ и цIыхущ.*

**– ЗэфIэкI, зэчий къызэрымыкIуэ зыбгъэдэлъ цIыхум и къежьапIэ хъуар, къэзылъхуахэр, зригъэхъулIа лъагапIэм хуэкIуэ гъуэгум техьа зэрыхъуар сыт щыгъуи гъэщIэгъуэнщ. Уэ уи гъащIэм щIэдзапIэ хуэхъуамкIэ ди псалъэмакъыр къедгъэжьэну сыхуейт, Исхьэкъ.**

– Дэтхэнэ цIыхум дежкIи лъапIэщ къыщалъхуа, къыщыхъуа жылэр, щIапIэр. А щIыгу кIапэр адэм и пагагъэщ, анэм и гумащIагъэщ, япэ лъагъуныгъэм и къежьапIэщ. Укъыщалъхуа щIыпIэм щхьэщыт дыгъэр псом нэхърэ нэхъ хуабэщ, гум зрегъэIэтри, уэгум ущегъэлъатэ. Адэжь лъапсэм щыпча япэ лъэбакъуэхэрщ дунейм гъуэгу бгъуфIэу щыхэпшыр. Сэри апхуэдэу нэхъ лъапIэ дыдэу сиIэр Краснодар крайм и Успен районым хыхьэ Щхьэщэхуж къуажэрщ. Си адэ Шумахуэ къызыхэкIа лъэпкъым а щIыгум япэу гъавэ щытрасащ, ди унагъуэцIэр къызытекIари аращ – мэш бэв хасащ. Си анэ МыIуминати зыщыщ Дэунэжхэ аращ щетIысэхар. ЛъэпкъитIми я сабийхэр а жылэм къыщалъхуащ, лъэ щытеуващ, гъащIэм и дыджымрэ и IэфIымрэ щызыхащIащ, я гуфIэгъуэ-гукъеуэ нэпси щыщIэкIащ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, сэ си адэр сцIыхужыркъым. И ныбжьыр илъэс 50 иримыкъуауэ, сабиитху дыкъыщIэнэри, дунейм ехыжащ. Сэ илъэсищ сыхъуу арат абы щыгъуэ. Си адэм къигъэщIам хуэдитIым си ныбжьыр нэблэгъащи, итIани сщыгъупщэркъым ди анэм дызэриущийуэ щытар. ТIэкIу дызэранмэ: «Уи адэм ар идэнтэкъым», сэбэпынагъ гуэр тщIамэ: – «Уи адэр щыгуфIыкIынт», – жиIэрт абы. «Уи адэм и Iуэху щIэкIэр, и гупцIанагъыр, и хьэлэлагъыр, и цIыхугъэр, и зекIуэкIэр...» – жиIэурэ и хъыбарым хэтурэ си анэм сигъэцIыхужащ, фIыуэ сигъэлъэгъуащ си адэр. Абы и ныбжьэгъухэм къызэраIуэтэжамкIи, ар лIы быдэт, лэжьакIуэшхуэт. Абы и хахуагъэмрэ и лIыгъэмрэ къуажэдэсхэм зэIэпахыу ягъэхъыбарырт, псалъэм папщIэ, и дамащхьэм хьэжыгъэ къэп телъу зригъэзыхыурэ етIуанэ къэпыр дзэкIэ къищтэу щытауэ жаIэж. Уи гуащIэрэ уи пщIэнтIэпскIэ къэблэжьам нэхъ лъапIэрэ нэхъ IэфIрэ зэрыщымыIэр ищIэрти, зыщымысхьыжу лажьэрт. Уеблэмэ, щIыр ивэу, зы выр лъэрымыхь хъуати, си адэм пхъэIэщэр зыпщIэхилъхьэу етIуанэ вым и гъусэу щываи къыхуихуащ. Мис апхуэдэт си адэр.

Гугъу ехьащ ди анэр, си шыпхъу нэхъыжьитIыр, Аслъэнхъанрэ Гуэщсымрэ, фэрэкI узыфэм ихьащ, си къуэшищымрэ сэрэ зы шыпхъу нэхъыщIэ цIыкIу диIэти, ари гуузу лIащ гъаблэ зэманым. Ар сэ къысхуэщIэжыркъым, ауэ, си къуэш нэхъыжьым зэрыжиIэжам-

кIэ, илъэсрэ ныкъуэрэ фIэкIа мыхъу хъыджэбз цIыкIур яслъэм щыIэу, хьэнтхъупс къыхуракIам ирикъуатэкъыми, иджыри хуейуэ пщафIэм щыбгъэдыхьэм, яслъэм и унафэщIыр къеIунщIри, щхьэкIэ блыным ириудэкIащ. Ар дэ тIур дыкъишэжыну яслъэм нэкIуа си шынэхъыжьым илъэгъуащ, нышIэлъадэри, сабийм и псэр пыт къудейуэ къищтэжри, дыкъежьэжащ. Унэм дыкъыщысыжам Рэбихьэт и нэхэр нанэ зэтрипIэжащ. Си къуэшым абы щыгъуэм жиIэжакъым ди шыпхъу цIыкIум и кIуэдыкIэ хъуар, атIэ илъэс зыкъом дэкIауэ, ди анэм хуэтIуэтэжащ къэхъуар, етIуанэуи игъеижащ. Ауэ ар зыIэщIэкIуэда цIыхубзым и цIэр къитIуэнуи, и Iуэху зетхуэнуи зэи къытхуидакъым, езыри епсэлъакъым. «Фи шыпхъу нэхъыщIэр диIэжамэ, фэркIи сэркIи насыпышхуэт, ауэ зывмыухыж, ари тшэчын хуей тхьэмыщкIагъэхэм ящыщщ. А фызым и гуэныхьыр езым ипшыныжынщ», – жиIэрт абы.

Къапщтэмэ, ди сабиигъуэр зыхиубыда лъэхъэнэр гъаблэ зэманти, ди мызакъуэу, псом я дежкIи гугъуехьышхуэт. Ди адэшхуэмрэ анэшхуэмрэ мыхъуамэ, дэри дыкъелыну къыщIэкIынтэкъым абы, ахэр хуабжьу къыддэIэпыкъуащ. Фызабэу, сабий быну къэна и пхъур Деунэж Бакъ и деж ишэжри, къытхуэсакъащ. Ди адэр пасэу лIэуэ ибэу дыкъызэрынар къыттрагъэхьэлъакъым адэшхуэмрэ анэшхуэмрэ, Бакъ адэ папщIэу диIащ. Си анэшхуэ Чэбэхъан Къэрэшей-Шэрджэсым щыIэ Беслъэней жылэм щыщт, Хьэтухэ япхъут.

Си адэшхуэр фIыуэ щыгъуазэт адыгэ тхыдэм – тхылъым къриджыкIауэ аратэкъым, атIэ гъащIэм щызэхихат. ПщылIыпIэм ита и адэ Хьэжумар хьэзабу телъар и щхьэкIэ игъэунэхуат, жаIэжуи зэхихат. Абы и гурыхуагъэр умыгъэщIэгъуэнкIэ Iэмал иIэтэкъым, хъыбарыжьхэри, псысэхэри, тхыдэм щыщхэри куэду ищIэрт, Iэзэ дыдэуи къиIуэтэжырт. Япэ дыдэ нарт Сосрыкъуи, Сэтэнеи, Iэдиихуи, Лъэпщи я гугъу къысхуэзыщIар аращ. Ди анэшхуэмрэ ди анэмрэ КъурIэным пщIэшхуэ хуащIу щытащ, дахэу еджэрт, нэмэз ящIырт. КъикIыр къызгурымыIуэ пэтми, сфIэфIт си анэр абы щеджэкIэ сыщIэдэIуну. ДыщыгъуэлъыжкIэ си анэшхуэм къыджиIэжу щыта хъыбархэр иджыри къыздэсым сощIэж. УщыцIыкIум зыхэпщIамрэ плъэгъуамрэ зэи пщыгъупщэркъым.

**– Адыгэ унагъуэцIэхэм зыри къызэрымыкI куэд зэрахэмытым ещхьу, уи къуажэцIэми къыбжеIэ блэкIа жыжьэм къыхэна тхыдэ гуэр зэриIэр…**

– Щхьэщэхужыр жылэу щытIысар 1861 гъэращ, Урысейм пщылIыгъэр щыщагъэкIуэда нэужькIэщ. Къуажэм зи щхьэ къэзымыщэхужа лIакъуэ дэскъым жыпIэмэ, ущыуэнукъым. Нобэрей си къуажэгъухэр къызытекIыжар XIX лIэщIыгъуэм щыIа Урыс-Кавказ зауэм гъэр щыхъуа зауэлIхэрщ. ПщылIыгъэм и Iуэхур зэфIэкIа нэужь, я щхьэхэр къащэхужщ, Ермэлыхьэблэ (Армавир) ипщэкIэ махуэ ныкъуэ гъуэгукIэ дэкIуейри, Уарп псыхъуэм и ижьырабгъу нэпкъым IутIысхьахэщ. Я щхьэ къызэращэхужам щыхьэт техъуэ дэфтэрхэр иджыри къыздэсым зыхъума унагъуэхэр щыIэщ.

Зи гугъу сщIыр адыгэ тхыдэм къыхэщхыж зы гукъеуэщ. Лъэпкъым и тхьэмыщкIагъэр умыщIэмэ, и тхъэгъуэри зыхэпщIэркъым. СыкъызыхэкIа лъэпкъитIми ягъэунэхуащ а псори. МэшбащIэхэрэ Дэунэжхэрэ нэмыщI Щхьэщэхуж лIакъуэбэ дэсщ – кIэмыргуейхэр,

бжьэдыгъухэр, абазэхэхэр, шапсыгъхэр, хьэтыкъуейхэр, еджэрыкъуейхэр, мэхъуэшхэр, къэбэрдейхэр, беслъэнейхэр.

**– ТхакIуэм езым и дуней иIэжу къысщохъу сэ. Актёрым роль гуэр щигъэзащIэкIэ сценэм щрихьэкI гъащIэмрэ дунейм зэрытетымрэ зэрызэпищIэм хуэзгъадэ зыгуэрщ зи гугъу сщIыр. Уэ нэхъыбэу ущыпсэу «дунейр» сыт хуэдэ? Сыт хуэдэ увыпIэ уи гъащIэм щиубыдрэ литературэм?**

– А литературэращ езыр сэ си гъащIэ хъужыр. Абы хэхъуэшхуэ къыпэмыкIуэми, зэи тыншыгъуэ уримыгъахуэми, тхакIуэм жылагъуэм щиIэ пщIэр, япэхэм хуэдэу, иджыпсту мылъагэ дыдэми, си IэщIагъэмкIэ сыарэзыщ, уеблэмэ срогушхуэ. Зи ужь сит Iуэхум и курыхым сынэсамэ е и кIэухыр къэлъагъуэу хуежьамэ, ар зыкIэ гухэхъуэщ си дежкIи, си зы тхылъ закъуи мылъкушхуэ гуэркIэ схуэхъуэжынукъым.

Сыщыпсэу «дунейм» и гугъу пщIымэ, ар сыщытхэ стIолым деж щесхьэкI гъащIэращ. Тыншкъым а зи гугъу пщIыхэр зэпыпщIэну, ауэ цIыхум уахэмыхьэнри къезэгъыркъым, «Сэ роман сотх, си тхыгъэр и кIэм нэзгъэсакъым», – жыпIэу. КъызэрыгуэкI цIыхум къыгурыбгъэIуэфынукъым тхакIуэм и художественнэ дунейр зыхуэдэр, абы къысхуихь гурыфIыгъуэмрэ гупсэхугъуэмрэ яхуэсIуатэкIэ сызэхащIыкIынукъым. Ауэ, ухуей-ухуэмейми, а гъащIитIыр зэдепхьэкIын хуей мэхъу. ИтIани сэ насыпыфIэ сызыщIыр си творческэ лэжьыгъэм къысхуихь дэрэжэгъуэрщ. А художественнэ гъащIэм сыхыхьа нэужь, мы дызытет дунейр сщогъупщэж. Абыи щокIуэкI а псори: цIыхухэр къыщалъху, щолIэж, апхуэдабзэу фIыуэ щызэролъагъу е щызэщоIей, щызэфIонэ, щызокIуж, щогуфIэ, щогумэщI...

А псом щырежиссёр нэхъыщхьэр сэращ. Зы лъэныкъуэкIи, псори зэлъытар сэ – тхакIуэрщ, си хуитыныгъэрщ, си гукъыдэжырщ. Ауэ нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ укъыщеплъмэ, гъащIэм и зэхэлъыкIэм, цIыхум и хьэлым сытекIыфынукъым. Пэжыр жыпIэмэ, языныкъуэхэм деж си лIыхъужьым нэхъ гуапэу сыхущытыну сыщыхуей щыIэщ, ауэ художественнэ творчествэм и хабзэхэм сыфIэкI зэрымыхъунум сыкъегъэувыIэ. Апхуэдэ хабзэхэр щыIэщ, утекIмэ, купщIэр лъэныкъуабэ хъууэ. Абы елъытамэ, тхакIуэр гъэрым хуэбгъадэ хъунущ – псом хуэмыдэу тхыдэм теухуа пэжыр щызэфIигъэувэжкIэ.

**– Роман зытх тхакIуэр гъэрым хуэдэмэ, усыгъэр гум жьы дезыгъэху зыгуэр? «Усэ макъамэм сызыщIешэ» – жыпIауэ щытащ уэ. Дэнэ а макъамэр къыздикIар, хэт утезыгъэгушхуар?**

– Лъэхъэнэ жыжьэм сызэплъэкIыжмэ, зы нэху гуэрщ мы упщIэм си нэгу къыщIигъэхьэжыр. Нобэ IэщIагъэ схуэхъуа тхэн Iуэхур къыщежьэр абдежщ. Япэрей усэр щызэхэсхар иджыпсту хуэдэу сощIэж. Ар си пкъынэ-лъынэм щыщ хъуат. Усэр зытхар Хьэткъуэ Ахьмэдт, си шынэхъыжьыр школым щIэсти, зригъэщIэну кърататат.

Махуэ гуэрым си адэшхуэм сэрэ тетIысхьэпIэм дытесу, щхьэгъубжэхэр зэIухауэ, си къуэшыр и макъыр утIыпщауэ усэ къеджэрт. Псалъэхэр кIэщIщ, IупщIщ, шэм хуэдэу щхьэгъубжэм къыдолъэт. Си адэшхуэмрэ си анэшхуэмрэ псысэ куэди, IуэрыIуатэм щыщ хъыбархэри къысхуаIуатэрт, ауэ мы зэхэсхыр псоми ятекIуэрт. Абдеж

щегъэжьауэ усыгъэр фIыуэ слъэгъуащ. ИкIи абы сыхуэзыущия егъэджакIуэфIкIэ гъащIэр къысхуэупсауэ жыпIэ хъунущ. Ахэращ сезыгъэсар гъащIэм кууuэ сыпхыплъыфу, пасэм щыIа адыгэ гъукIэхэм хуэдэу, шыIэныгъэ схэлъу псалъэр згъэбзэфу, къыкъуэкI дыгъэми, къуршыщхьэ хужьхэми сащыгуфIыкIыфу, нэхъыщхьэ дыдэу мы дунейм тет ЦIыхур слъытэу. А цIыхум къылъыкъуэкI гуфIэгъуэмрэ гузэвэгъуэмрэ псэкIэ зыхэсщIэу сызыщIари ахэращ. Зи гугъу сщIыхэм япэ итыр адыгэ совет литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа Хьэткъуэ Ахьмэд, КIэрашэ Тембот сымэщ. Абыхэм пхаша лъагъуэм урикIуэныр си дежкIэ гугъужтэкъым.



*КIэрашэ Темботрэ МэшбащIэ Исхьэкърэ*

Хэкум хуэлэжьэным, творческэ зэчийм хуэпэжыным и щапхъэ зыдэслъэгъуар Совет Союзым и ЛIыхъужь Андырхъуей Хъусенщ, абы зы поэмэ хуэстхауи щытащ. ЛIыгъэмрэ хэкупсагъэмрэ ятеухуауэ абы нимыгъэса уэрэдыр сэ жысIэжын хуейуэ си къалэну къысщыхъурт. Фронтым Iута псоми си щхьэр яхузогъэщхъ. Сыту жыпIэмэ, сэ си ныбжьым итхэр зыхэпсэукIар гъащIэ дыджым и хьэзабхэмрэ текIуэныгъэм и гурыфIыгъуэмрэщ. Мис абы лIы зэпIэзэрыт къытхищIыкIащ дэ.

Мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщ си творчествэм мыхьэнэшхуэ щызыгъэзэщIа урыс егъэджакIуэхэри. Совет Союзым щыцIэрыIуэ тхакIуэ, усакIуэ куэд я зэчиймкIэ къыздэгуэшащ, я псэ хьэлэлагъкIэ сагъэгушхуащ. Абыхэм сыщрихьэлIар, дауи, Горькэм и цIэр зезыхьэ Литературэ институтырщ. Апхуэдабзэу сахуэарэзыщ си IэдакъэщIэкIхэр урысыбзэм кърагъэзагъэу къыздэгъуэгурыкIуэ зэдзэкIакIуэхэми, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ахэращ си адыгэ усэхэм яхэлъ лъэпкъ щхьэхуэныгъэхэр урыс щIэджыкIакIуэхэм я деж нэзыхьэсар, си романхэр къэралым къезыгъэцIыхуар.

Усыгъэр ар талантышхуэщ. Гъуазджэм и дунейм ухыхьэныр зэчийм и закъуэ елъытакъым, атIэ уемызэшу улэжьэн хуейщ. КъищынэмыщIауэI, егъэджакIуэ нэхъ лъэщ дыдэм – гъащIэм – узыхуигъасэхэр зыхэплъхьапхъэщ, цIыхубэм я гурыгъу-гурыщIэхэм ущыгъуэзапхъэщ. Мис ахэр Iэрыхуэу дебгъэкIуфрэ уи зэчийм – итIанэщ лъэныкъуэ куэдкIэ зызыужьа, псэкупсэ къулеягъ зыбгъэдэлъ иджырей тхылъеджэм ущызыхищIэнур.

**– Адыгэм и тхыдэр къыщыгъэлъэгъуэжа роман купщIафэ куэд уи Iэдакъэ къыщIэкIащ. Абыхэм укъыщеджэкIэ блэкIамрэ нобэмрэ зэрызупхыфыр умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым. Адыгэм и дыгъуасэм хэта нэпсымрэ гузэвэгъуэмрэ, зэныкъуэкъумрэ зауэ гуащIэмрэ, хьэзабымрэ гухэщIымрэ уи нэгу къыщIэзыгъэхьэ сатырхэм укъоджэри, тхылъыр зэхуэпщIыжа нэужь, адыгэу укъызэралъхуам уримыгушхуэнкIэ Iэмал имыIэу гум къинэр лъэпкъым къыдекIуэкIыу щыта хабзэрщ, пэжыгъэрщ, гуапагъэрщ, лIыгъэрщ, хахуагъэрщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, уи романхэмкIэ къэкIуэнум дыхуэзышэ гъуэгур бгъэнэхуу къысщохъу. Уэ дауэ уеплърэ, цIыхубэм я деж нэпхьэсыфа а тхыгъэхэр птхыным укъыхуэзыгъэуша гурыщIэр?**

– Уи псалъэхэм къыхэщащ сэ цIыхум я деж нэсхьэсыну сызыхуеяр. Дэ ди блэкIам къыхэтхын хуейр гуIэгъуэмрэ нэпсымрэкъым, атIэ лIыгъэм, зэпIэзэрытыныгъэм, гуапагъэм я щапхъэхэрщ, ахэр дерс яхуэхъуну къысщохъу си тхылъым еджэхэм. Уи къежьапIэмрэ уи блэкIамрэ зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым. БлэкIам и дерсыр къэкIуэнум и гъуазэщ.

Ди лъэпкъым гузэвэгъуэ куэд и нэгу щIэкIащ. Ауэ щыхъукIи, тхыдэм сыщыхуеплъэкIыжкIэ, сэ си сэр зыгуэрым хуэзгъэдэлъэну зэи иужь ситакъым, зыри згъэкъуаншэркъым адыгэм къыщыщIамкIэ. Си гугъэщ дэфтэрхэм къахэсхыж пэжыр художественнэ теплъэ иIэу я пащхьэ зэрислъхьэр къагурыIуэу.

Дауэ мыхъуми, мамырыгъэ ди зэхуаку дэлъу дызэдэпсэун хуейщ. Дэтхэнэ лъэпкъми езым и щхьэ кърикIуа хьэзаб иIэжщ. Дэри ди лъахэм дыкъыщитIысхьэм зыгуэри дэткъузагъэнщ. Ди щхьэщыгу ит дыгъэр илъэс мин бжыгъэ лъандэрэ и хуабэмкIэ гуашэу апхуэдэщ, лъэпкъ зэхэгъэж имыщIу, апхуэдабзэщ цIыхур псы Iубыгъуэ хуэзымыгъалIэ псыIэрышэхэри, гъавэ къызытрах щIы берычэтри. Апхуэдэ гупсысэщ си тхыдэ романхэм щыпхышар. Уи лъэпкъым и узыфэхэмрэ и гурыфIыгъуэхэмрэ умыщIэмэ, уи дыгъуасэмрэ нобэмрэ зумыгъэпщэфмэ, тхакIуэ, лэжьакIуэ, политик е цIыху зэпIэзэрыт къыпхэкIыну?

Сэ сызыхуейр зыщ – адыгэм и тхыдэ пэжымрэ и щэнхабзэ къулеймрэ къыдэкIуэтей щIэблэм ящымыгъупщэнырщ. ИкIи абы теухуауэ си щIэджыкIакIуэхэм я гупсысэхэр къыщысхуаIуатэм деж си гуапэ мэхъу.

Дэ псори дызэкъуэшщ – дыадыгэщ. Сэ сфIэфIкъым цIэ зэмыщхьхэмкIэ си лъэпкъэгъухэм седжэну, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм щхьэкIэ «къэбэрдейхэр» жысIэркъым е Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэухэм «шэрджэскIэ» седжэркъым. Псори дыадыгэу арахи, щхьэж хузэфIэкIымкIэ, къыхиха IэщIагъэмкIэ ди

лъэпкъыр зэредгъэфIэкIуэным иужь дивгъэт.

**– Исхьэкъ, уи романхэм хэт лIыхъужь нэхъыщхьэхэм я щапхъэм лъэпкъ псо щIэпIпIыкIыну уасэ иIэкъым. Тхыдэм къыхэщыж апхуэдэ зекIуэлIхэм, зауэлIхэм, лIы хахуэхэм нобэрейхэр ебгъапщэмэ, зэщхьэщыкIыныгъэшхуэ яIэщ. Нобэрей литературэм къыхуэгъэщIыну пIэрэ абыхэм ещхь лIыхъужьхэр, ди щIалэгъуалэм гъуазэ яхуэхъун хуэдэхэр?**

– Сыт хуэдэ лъэхъэнэми езым и лIыхъужь иIэжщ. Нобэрей махуэм и лIыхъужьыр IэштIымкIэ и бгъэм еуэжу, и зэфIэкIхэм ину тепсэлъыхьу дэтракъым. ЛIыхъужьыр къызыхуэтыншэу щытын хуейкъым, ауэ Iэмал имыIэу пэжыгъэм, хахуагъэм тетыпхъэщ, и унагъуэм, лъэпкъым, къуажэм, хэкум яхуэпэжыныр Iэмал зимыIэщ. ИхъуреягъкIэ зытплъыхьмэ, тлъагъунущ, щхьэж зыпэрыт IэнатIэ елъытауэ, зэфIэкI хъарзынэхэр къэзыгъэлъагъуэхэр. Ахэр ди зэманым и лIыхъужьу тлъытэ хъунукъэ? Хъунущ, сыту жыпIэмэ, абыхэм ящIэр адрейхэм я щапхъэщ.

Иджырей щIалэгъуалэм я гугъу пщIымэ, абыхэм уешхыдэн хуейкъым, атIэ гъэсэн хуейуэ аращ. Си гъащIэм, си анэм хуэдабзэу, къалэнышхуэ щигъэзэщIащ си школ егъэджакIуэми. Иджыпсту егъэджакIуэмрэ еджакIуэхэмрэ я зэхущытыкIэм хуабжьу зихъуэжащ, ауэ дигу дгъэкIуэд хъунукъым. Сэ си фIэщ мэхъу, нобэ зыгуэр къэхъурэ Хэкур хъумэн хуейуэ къахудэкIмэ, щIалэгъуалэр зэрызэкъуэувэнур, лъэпкъылI нэсу къэплъытэ хъун куэд къазэрыхэкIынур.



**– Исхьэкъ, уи романхэм цIэрыIуэ ящIар уи щхьэм и закъуэкъым, атIэ ди лъэпкъыр къэрал куэдым къащебгъэцIыхуащ, адыгэм и псэкупсэ къулеигъэр нэгъуэщIхэм зыхебгъэщIэфащ. Абы къыдэкIуэуи, уи IэдакъэщIэкIхэм къыдэкIуэтей щIэблэм я лъэпкъ зэхэщIыкIыр зэфIигъэувэу, хэхэс адыгэхэм фIэщхъуныгъэ яхилъхьэжу, ди тхыдэм дерс щхьэпэ куэд къыхыдигъэхыу къызолъытэ сэ. А псом езгъэфIэкIыр адыгэбзэкIэ узэрытхэращ. Урысейм и тхакIуэ нэхъыфIхэм хабжэ уэ, уи анэдэлъхубзэкIэ утхэжу уи хэку узэрисыжым къыпэкIуа фIыгъуэр пщалъэ гуэркIи къыпхуэлъытэнукъым.**

– Сэ быдэу сызытетыр пщIэрэ? ТхакIуэр щыпсэун хуейри щылэжьэн хуейри къыщалъхуа и лъахэрщ. И адэжь хэкум гурыщIэ къабзэ хуимыIэмэ, абы и тхыдэм щымыгъуазэмэ, и блэкIамрэ и щыIэкIэмрэ имыщIэмэ, лъэпкъ таурыхъхэмрэ уэрэдыжьхэмрэ щIамыпIыкIамэ, и анэдэлъхубзэр имыгъэшэрыуэмэ, лъэпкъ тхакIуэ щыIэнкIэ Iэмал иIэкъым. Сэ Москва сыщылэжьэну куэдрэ срагъэблэгъащ: Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и Правленэм и секретару, ТхакIуэхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм и ГъэзэщIакIуэ гупым и унафэщIым и къуэдзэу, «Октябрь» литературэ-художественнэ журналым и редактор нэхъыщхьэу... Зэгупсысыпхъэт, ауэ сегупсысакъым: сэ сыкъулыкъущIэкъым, сэ сытхакIуэщ, сылъэпкъ тхакIуэщ. Сэ сIэщIэлъ Iэщэ нэхъыщхьэр – си адыгэбзэрщ. Сытыт Москва сыкIуэкIэ сызытетхыхьынур? Зыщысхъуэжынут абы. Сэ сызэреплъымкIэ, тхакIуэр и лъэпкъ хэсыжын хуейщ, и лIыхъужьхэм къаухъуреихьу, арыншамэ купщIэ зиIэ гуэри хуэтхынукъым.

**– Тхыдэ роман птхыну, дауи, нэхъ гугъущ роман къызэрыгуэкIым нэхърэ. Абы езым и пщалъэхэр, художественнэ щхьэхуэныгъэхэр иIэжщ, дэфтэр, тхылъ куэд щIэбджыкIын хуейщ, пэжымрэ тхакIуэм и художественнэ гупсысэмрэ зэгъэкIуауэ зэхэбухуэнэн папщIэ. Уэ уи романхэр дэгъуэу къызэрохъулIэр критикхэмрэ щIэджыкIакIуэхэмрэ жаIэ, ауэ а лэжьыгъэ мытыншыр уэ къызэрохъулIэм утезгъэпсэлъыхьынут. Зэман дапщэ тебгъэкIуадэрэ зы тхыдэ романым?**

– Ику иту къапщтэмэ, зы романыр зы илъэскIэ согъэхьэзырри, зы илъэскIэ сотхыж. Дауи, куэд щIэбджыкIын, зэбгъэзэхуэн хуей мэхъу, ар жанрым къысхуигъэув къалэнщ. Сэ сыт щыгъуи соджэ ди щIэныгъэлIхэм адыгэм теухуауэ ятххэм. Абы и мызакъуэу, роман зэхуэмыдэхэм иужь ситу сэ сыщылэжьащ Москва, Ленинград, Краснодар, Тбилиси, Ставрополь, Истамбыл, Париж, Тегеран, Дамаск, Каир щыIэ архивхэм. Сэ си IэкIэ сIыгъащ лIэщIыгъуэ зэхуэмыдэхэм адыгэхэм я щыIэкIэ-псэукIэм теухуауэ зыплъыхьакIуэ цIэрыIуэхэм ятхахэр, блэкIа жыжьэм къыщыхъуа-къыщыщIахэм ехьэлIауэ ятхыжа дэфтэр гъэщIэгъуэнхэр. Сыту куэдыщэ щыIэ адыгэм теухуауэ!

ИтIанэ хуабжьу сэбэп къысхуэхъуащ Кремлым сыщыщыIа илъэсхэр, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и цIыхубэ депутату сылажьэрти, зыри пэрыуэгъу къысхуэмыхъуу, урыс офицерхэм, генералхэм я гукъэкIыжхэр щIэзджыкIащ, хамэ къэралхэм щыщ авторхэм, дипломатхэм я IэдакъэщIэкIхэм сыхэплъащ. Ахэр архив дэфтэр хьэлэмэтт, куэдым дзыхь хуамыщIу.

Апхуэдэу зэхуэпхьэса, узэджа псори уи щхьэм щызэбгъэзахуэу утIысылIэ роман птхыну. ПщIы бжыгъэкIэ уи тхылъхэр къыдэкIауэ щытми, романыщIэм ущетIысылIэкIэ уопIейтей, япэ дыдэ тхыгъэм упэрыхьам хуэдэу. Тхыдэ романым нэгъуэщIу убгъэдыхьэфынукъым. Хуабжьу зыбгъэхьэзырын хуейщ, уеблэмэ, узытетхыхьыну Iуэхугъуэр къыщыхъуа лIэщIыгъуэм бгъэзэжыпхъэщ. Ар гъэщIэгъуэн гуэрщ – гурыфIыгъуэ къозыт гугъуехь хьэлъэ дыдэщ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, пщы цIэрыIуэ Ридадэрэ Мстиславрэ я лъэхъэнэр цIыхум я нэгу къыщIэбгъэхьэжыфыныр куэд и уасэщ. Абыхэм я образыр нэрылъагъу пщIыным и мызакъуэу, а лъэхъэнэм и «хьэуари» щIэджыкIакIуэм и деж нэбгъэсыжын хуейщ. КъищынэмыщIауэ, лIыхъужьым и хъуреягъкIэ къыщыхъу Iуэхугъуэхэр, сюжет-композицэ лъабжьэр къызэрызэрыкIыр абы хуэкIуэ псалъэхэмкIэ къэбгъэлъэгъуэфыныр, хэкIыпIэхэр и чэзум уи щхьэ къизэрыхьыныр зыми емыщхь гурыщIэ куущ.

Иужьрейуэ си Iэдакъэ къыщIэкIа тхыдэ романыр «Хэхэсхэр» зыфIэсщарщ. Ар зытеухуар Урыс-Кавказ зауэм и лъэхъэнэм Тыркум Iэпхъуэу, иужькIэ Балканхэм къыщыхута адыгэхэрщ. 1877-1878 гъэхэм, иужьрей Урыс-Тырку зауэм и ужькIэ, ди лъэпкъэгъухэр аргуэру КъухьэпIэ Гъунэгъум макIуэ. Мы романымкIэ Урыс-Кавказ зауэм теухуа тхылъитхур сухащ.

**– Тхылъ, сурэт е уэрэд ирехъу, ятхыу цIыхум щыхуэупсэкIэ езыхэм гурыфIыгъуэ зэрызыхащIэр жаIэ творческэ цIыхухэм. Сэ жысIэфынущ фIыуэ плъагъу лэжьыгъэм къыуит гукъыдэжыр зэрымынэхъ мащIэри. Апхуэдэу убгъэдыхьэмэ, узыпэрыт Iуэхум**

**уригъэзэшыркъым. Ауэ уи романышхуэхэм ущелэжькIэ, абы тебгъэкIуадэ творческэ къарур сытым иригъэкъуэжрэ?**

– Сэ дыкъэзыгъэщIа Тхьэшхуэм фIыщIэ хузощI тхакIуэ зэчийр къызэрызбгъэдилъхьам папщIэ. Сызэрытхэфым си гур хегъахъуэ, си псалъэкIэ си лъэпкъыр, си хэкур, цIыхугъэр зэрысIэтыфым сринасыпыфIэщ. Ауэ, пэжщ, литературэ лэжьыгъэр ар творческэ гурыфIыгъуэм и закъуэкъым, атIэ гугъуехьышхуэщ. Хьэткъуэ Ахьмэд зэрыжиIэу щытам хуэдэу, узыхуей псалъэр а дакъикъэм къэбгъуэтыныр гугъущ – мастэкIэ псыкъуий къэптIыным хуэдэщ.



*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* усакIуэ Бицу Анатолэ, жылагъуэ лэжьакIуэ Зумакулов Борис, МэшбащIэ Исхьэкъ, тхакIуэхэу Къэрмокъуэ Мухьэмэд, МафIэдз Сэрэбий сымэ.

ЦIыхухэр тхакIуэм и цIэрыIуагъым, и щIыхьым йохъуапсэ. Ауэ абыхэм ящыщу мащIэ дыдэщ тхакIуэр зэрыщхьэзакъуэр зыщIэр. ТхакIуэр сыт щыгъуи и закъуэу къыбгъэдонэ тхылъымпIэ напэ хужьым. Абы нэхъ гъунэгъу дыдэу иIэ цIыхури сэбэп къыхуэхъуфынукъым а зыхуэныкъуэ псалъэр къигупсысынымкIэ, и нэгу щIэт образыр и кIэм нигъэсынымкIэ, сюжет гъэщIэгъуэн итхынымкIэ. Ягъэгушхуэфынущ, чэнджэщ иратыфынущ, ауэ и тхылъымпIэ напэр из ящIыфынукъым.

Сэ нэхъыфIу сыщылэжьэфыр, си творческэ къарур къыщызгъэсэбэпыфыр пщэдджыжьыпэращ, нэхулъэ къыщызэкIэщIитхъым дежщ. Жьыуэ къэтэджам Тхьэр къыхуэупсэу жыхуаIэр пэжщ. Илъэс 70-м нэсауэ литературэ губгъуэм ситщи, зы сатыр щызмытха зы махуи блэкIакъым.

Пщэдджыжь къэс а гурыфIыгъуэр сиIэу сыщытхэ Iэнэм сыпэротIысхьэ. ЩIыуэпсыр къыщыуш, мурад нэхъ ин дыдэр щащI, гупсысэмрэ къарумрэ щызэуIу зэманщ пщэдджыжьыпэр. Абдежым къару гуэри бгъэкIуэду къыпщыхъуркъым, дыгъуасэ къыпхуэмыгъуэта псалъэхэр нобэ езыр-езыру тхылъымпIэм къытохутэ...

**– Адыгэм и Iуэхур дэгъэкIынми, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм**

**я зэхуаку дэлъ зэхущытыкӀэр егъэфӀэкӀуэнми пхузэфӀэкӀ хыболъхьэ. Сэ гу лъыстащ уэ хэгъуэгу Ӏэтащхьэхэм уапыщӀауэ узэрыщытым. ЕкӀуэкӀ Ӏуэхум теухуауэ уи чэнджэщ щепхьэлӀи, уащыхуэмыарэзым дежи ехьэкӀ-къехьэкӀ хэмыту защыхуэбгъази щыӀэщ. Уэ ухуэщхьэхыркъым узыхэт УФ-м и Жылагъуэ палатэм щебгъэкӀуэкӀ лэжьыгъэми. АбыкӀэ жысӀэну сызыхуейр тхакӀуэр политикыу икӀи жылагъуэ лэжьакӀуэ лъэщу зэрыщытыфыр уи щапхъэм къызэригъэлъагъуэрщ. А псор творческэ лэжьыгъэм зэран хуэмыхъуу дауэ пхузэдэхьрэ? Абы нэмыщӀ, нобэ екӀуэкӀ жылагъуэ зэхэтыкӀэм узэреплъыр къэсщӀэну сыхуейт.**

– ТхакӀуэхэр жылагъуэ гъащӀэм пэӀэщӀэу щытыфынукъым. ЦӀыхур зыгъэпӀейтейхэмрэ дунейм къыщыхъу-къыщыщӀэхэмрэ си нэр хуэзуфӀыцӀу си хьэлкъым. Сэ япэми сыхэту щытащ жылагъуэ Ӏуэхухэм – Адыгэ областымрэ Краснодар краймрэ я цӀыхубэ депутатхэм я Советым сыщылэжьащ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм сыхэтащ. Ар тхакӀуэм зэран къыхуэхъурэ? НтӀэи хьэуи жыпӀэ хъунущ. Зэран къыщӀыпхуэхъур зэман куэд зэрыпфӀихьырщ, ауэ и сэбэпынагъыр нэхъыбэщ. Ситу жыпӀэмэ, дунейм щекӀуэкӀымрэ гъащӀэр зэрызэхэлъымрэ кууэ ухегъэгъуазэ. Ахэр умыщӀэмэ, сыти уи тхакӀуэ?

Нэгъуэщӏ лъэныкъуэкӀэ укъыщеплъмэ, «Тхыдэ романистым нобэрей дунейр ситу ищӀын?» – жыпӀэнкӀи хъунщ. Ауэ нобэрей дунейр блэкӀам и Ӏыхьэу зэрыщытыр къэплъытэмэ, тхыдэр пщӀэн зэрыхуейм хуэдабзэу, иджырейми ущыгъуэзэныр Ӏэмал зимыӀэщ.

Си еплъыкӀэм, гупсысэкӀэм и гугъу пщӀымэ, псом япэрауэ, сэ си хэку цӀыкӀум – Адыгейм, Урысейм сахуэпэжщ, сыхэкупсэщ. Экономикэм, щэнхабзэм, щӀэныгъэм, гъуазджэм, спортым ехъулӀэныгъэхэр щызыӀэрыдгъэхьауэ щызэхэсхкӀэ, согушхуэ, си щхьэр лъагэу солъагъуж. Ди къэралым и гурыфӀыгъуэри и гузэвэгъуэри сэ псэкӀэ зыхызощӀэ, схузэфӀэкӀымкӀэ абы и зыужьыныгъэм сыхуолажьэ.

УФ-м и Жылагъуэ палатэм утыку къыщисхьэну нэхъ сфӀэщхьэпэр лъэпкъ Ӏуэхуращ. Сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ, Урысейм и шынагъуэншагъэр абы щыпсэу лъэпкъ цӀыкӀухэм я зэкъуэтыныгъэм епхауэ къызолъытэ. ЩӀыуэпсыр зэрызэмылӀэужьыгъуэм хуэдэу, дэри хуабжьу дызэщхьэщокӀ, ауэ псори зым дызэрепхыж – дызэрыс къэралыгъуэм дызэрыхуэхъуапсэм. Лъэпкъ фащэ зэмыщхьхэр тщыгъщ, зэхуэмыдэу дыкъофэ, бзэ зэмылӀэужьыгъуэхэмкӀэ допсалъэ – а дызэрызэмыщхьыращ ди къулеягъэ нэхъыщхьэри. Нобэ Урысейм япэ щигъэщын хуейр сыт? Иджыри зэ къытызогъэзэжри, жылагъуэм и зэкъуэтыныгъэрщ.

**– Илъэс куэд щӀауэ АР-м и ТхакӀуэхэм я союзым уритхьэмадэщ, республикэм къыщыдэкӀ журналиплӀыр уи нэӀэ щӀэтщ. Уи зэманыр гъэщӀэгъуэну тыбогуэшэф а псоми, уи къарур зэрыгъунэншэри умыгъэщӀэгъуэн плъэкӀыркъым. Зыщыбгъэпсэхур дапщэщ, Исхьэкъ?**

– Пэжщ, сэ сытым дежи лэжьыгъэ сыпэрытщ. ТхакӀуэхэм я союзми си гуащӀэ хызолъхьэ, адыгэбзэкӀэ къыдэкӀ «Зэкъуэшыныгъэ», «Вагъуэбын», урысыбзэкӀэ теддзэ «Литературная Адыгея», «Родничок Адыгеи» журналхэм срередактор нэхъыщхьэщ.

Зыщызгъэпсэхур сыщытхэм и дежщ. А птхыр уигу щрихьы-

жым деж зэмани къаруи тебгъэкIуадэу къыпщыхъуркъым икIи уригъэзэшыркъым. Абы къыдэкIуэу, уи гум илъыр щыкъабзэм, щыдахэм и деж куэд пхузэфIокI. Сэ си гъащIэр щIэращIэ защIэу къекIуэкIакъым, сигу щыхагъэхъуаи, си лъэр щыщIаудаи къысхуихуащ. Ауэ сыт щыгъуи си щхьэ хужысIэжырт: «Нобэ дунейр къиуфа щхьэкIэ, пщэдей дыгъэр къыкъуэкIыжынущ!» КъищынэмыщIауэ, сэ фыгъуэ схэлъкъым, псом хуэмыдэу цIыхум и лъэр щIэзыгъэхур арауэ сфIощI.

Къаруунщэ сыщыхъуи, гукъыдэж щызимыIи къысхуохуэ. Ауэ апхуэдэхэм деж узыкIэлъыплъыжын хуей къудейуэ аращ. Сынэщхъейуэ, сыхуэму гу зылъыстэжмэ, сызэшхыдэжынурэ и пIэ зизгъэувэжынущ.

Сэ куэдрэ къызжаIэ: «Уи ныбжьым хуэмыфащэу ужанщ». Ар къызыпэкIуэр сэ зыхуэзгъэувыжа «конституцэрщ». ГъащIэм ущыгуфIыкIыу упсэун хуейщ, цIыхум и гум ер илъмэ, абы ешхыж. Пщыхьэщхьэм угъуэлъыжа нэужь, махуэфI зэрепхьэкIам ущыгуфIыкIыу, пщэдейрей мурадхэр бубзыхуу, Тхьэм шыкур хуэпщIу ужеижын хуейщ.

**– «Сигу щыхагъэхъуаи, си лъэр щыщIаудаи къысхуихуащ», – жыпIащ. Ауэ, итIани, уэ уигурэ уи щхьэрэ зэтелъу, уи зэфIэкI къызэрымыкIуэм ехъулIэныгъэшхуэхэр къыпхуихьу, цIыхубэм фIыуэ укъалъагъуу апхуэдэщи, уи лъэкIыныгъэмрэ акъылымрэ тыншу урипсэуфауэ къысщохъу, Исхьэкъ. Сыщыуэрэ?**



– Гукъеуэ симыIэу, лъэпощхьэпо сыхуэмызэу, ехъулIэныгъэр си Iэпэгъурэ сигу хэзыгъэщIын сымылъагъуу иджыри къэс сыкъэпсэуауэ уи гугъэу арамэ – ущоуэ. Сэ сытхьэусыхэн сфIэфIкъым. Си щхьэ сыщыгугъыжу, гъащIэм къыспигъаплъэ гугъуехьхэм сазэрыпэлъэщын къару сиIэу сыкъогъуэгурыкIуэ. Дыгъэпс защIэу щытакъым си къекIуэкIыкIар. Езыр-езыру сыщылъэпэрэпаи, нэгъуэщIхэм лъа-



*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* МэшбащIэ Исхьэкъ, урыс тхакIуэ Белов Василийрэ и щхьэгъусэмрэ, тхакIуэ КхъуэIуфэ Хьэчим, усакIуэ Созаев Ахъмэт сымэ.

къуэпэщIэдз къыщысхуащIаи къэхъуащ. КъызэхъулIахэри куэд мэхъу, къыздэмыхъуари мащIэкъым. Зи фIыгъэ къызэкIахэм фIыщIэ яхузощI, зи ягъэ къызэкIахэми гужьгъэжь яхузиIэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, си анэм сытым дежи къызжиIэрт: «лъакъуэпэщIэдз къыпхуащIу хуежьамэ, лIы ухъуауэ аращ, си щIалэ, зыми уигу иумыгъабгъэ».

Творчествэм и гугъу пщIымэ, си лъагъуэр сэ езым пхысшыжащ – абы сропагэ. Зыри къыздэмыIэпыкъуауэ жысIэфынукъым. Сыту жыпIэмэ, щIэгъэкъуэнышхуэ къысхуэхъуащ тхэныр зи IэщIагъэ си урыс ныбжьэгъухэр: си япэ тхылъхэр Москва къыщысхудэзыгъэкIауэ щыта Чуковский Корней, Светлов Михаил, Литинститутым сыщIэсу гу къыслъатэу, УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм сыхэзыгъэхьа Михалков Сергей, Кончаловская Наталье, си хэкуэгъухэу КIэрашэ Тембот, КIыщокъуэ Алим, Еутых Аскэр, Кулиев Къайсын, нэгъуэщIхэри. Ноби си тхылъхэр къысхудэзыгъэкI, мылъку зыбгъэдэлъ си ныбжьэгъухэм сахуэарэзыщ. Ауэ сыт хуэдэ дэIэпыкъуныгъэри сэбэп хъунукъым, тхакIуэм зэчий бгъэдэмылъмэ, нэхъыщхьэращи, лэжьыгъэм хуэщхьэхмэ.

Тхэныр тыншу схужыIэнукъым, псом хуэмыдэу прозэм нэхъ гугъу сыдохь. Усэр нобэ «къэмыкIуэмэ», пщэдей хъуху зэбгъэтIылъэкI хъунущ. Романыр апхуэдэкъым, махуэ къэс утемызашэу улэжьын хуейщ. УтхакIуэр пэжмэ, жэуаплыныгъэ хэлъу убгъэдыхьэн хуейщ Iуэхум.

**– ГъащIэ гъуэгуанэ тынш зэрыщымыIэр гурыIуэгъуэщ, ауэ унасыпыфIэмэ, куэдым упэлъэщыфу къысщохъу. Уи гъащIэмкIэ уарэзы, унасыпыфIэ нобэ?**

– Насыпыр дэтхэнэми къызэрыгурыIуэр зэтехуэркъым. Языныкъуэхэм насыпыр лъагъуныгъэм халъагъуэ, ауэ а лъагъуныгъэр пщхьэщыкI гурыщIэщ. Унагъуэра, сабийхэра? Сабийхэр щыцIыкIум и деж уигу щIыхэщIын ядэплъагъуркъым, уагъэгуфIэу фIэкIа. Ауэ балигъ мэхъури, тпыIуокIуэт. Лэжьыгъэра? Мис арагъэнщ, фIыуэ плъагъу лэжьыгъэм, псом хуэмыдэу творческэ лэжьыгъэм гупсэхугъуэ къыует. Нэхъ кууэ къапщтэмэ, насыпыр гъащIэращ, лъэ быдэкIэ ущыув, уи зэфIэкIыр щызэтебублэ гъащIэрщ. ЖаIэу хабзэщ, унэ пщIамэ, жыг хэпсамэ, сабий къыпщIэхъуамэ, уи гъащIэр купщIэншэ мыхъуауэ. Ар философиеу зэрыщытыр къызгуроIуэри согупсыс: тхылъыфI птхыныр, цIыхухэм ягу нэсын уэрэд зэхэплъхьэныр, сурэт дахэ пщIыныр нэхъ Iей абы нэхърэ? Сэ бын хъарзынэ сиIэщ, къуэрылъху-пхъурылъхухэм сагъэгуфIэ. Куэд щIащ ахэр балигъ зэрыхъурэ. Ауэ си тхылъхэр унэ и уасэкъэ, жыг лъабжьэ быдэм хуэдэкъэ лъэпкъым и дежкIэ?! КупщIэншэ хъуакъым си гъащIэр: Алыхьыр зэчийкIэ къысхуэупсат, узыншагъэр къызитати, схузэфIэкIыр злэжьащ. Арагъэнщ си дежкIэ насыпыр. СынасыпыфIэщ!

**– МащIэ дыдэщ цIыхур насыпыфIэ хъун щхьэкIэ зыхуейр. Сэ нобэ сигу хэбгъэхъуащ, том 20-у зэхэт уи тхылъхэр тыгъэ къысхуэпщIри. Илъэс 85-рэ ущрикъу илъэсым и пэщIэдзэ дыдэм мы тхылъ зэрыIыгъыр дунейм къызэрытехьар уи дежкIи гурыфIыгъуэу зэрыщытым шэч къытесхьэркъым. Сыт мыбыхэм щызэхуэхьэсар?**

– УрысыбзэкӀэ къыдэкӀа тхылъ тӀощӀым итщ си усэхэр, поэмэхэр, романхэр, публицистикэр. Ахэр куэд мэхъу, илъэс 70-м къриубыдэу си Ӏэдакъэ къыщӀэкӀахэрщ. Си романхэм къызэщӀаубыдэр зы лӀэщӀыгъуэм къыщыхъуахэракъым, атӀэ X лӀэщӀыгъуэм щегъэжьауэ адыгэм и тхыдэр къэзгъэлъэгъуэжащ. ЩӀэджыкӀакӀуэхэм я пащхьэ ислъхьащ адыгэпщхэм, дзэзешэхэм, къэрал лэжьакӀуэхэм я гъащӀэм къыщыхъуахэр, Урысей къэралыгъуэм адыгэм щигъэзэщӀа къалэныр.

Сэ сызэреплъымкӀэ, Урысейм ис лъэпкъхэм ящыщу дзыхь нэхъ зыхуэщӀыпхъэхэм яхэтщ адыгэр. Къэралыгъуэр щызэфӀагъэувэми хэтащ ди лъэпкъэгъухэр. Абыхэм ятеухуа куэд ятхыжащ зыплъыхьакӀуэхэмрэ тхыдэджхэмрэ. Сэ ахэр зэзгъащӀэри, си щӀэджыкӀакӀуэхэм я пащхьэ ислъхьэжащ.

**– Уи гукъэкӀыжхэр зэрыт тхылъ илъэситху и пэкӀэ къыдэбгъэкӀат. «ЩӀыгумрэ уэгумрэ щызэпыхьэм сыт щыӀэ?» зыфӀэпща тхылъыр зэрыбухыр уи щхьэм щыкӀэрахъуэ а гупсысэрщ. Нобэ уздынэса лъагапӀэм укъеплъыхыу жыжьаплъэу щхьэгъубжэм кӀэрыува уэ иджыри щӀэ гуэр улъыхъуэу, иджыри куэд уи щхьэм щыкӀэрахъуэу, ди пащхьэм къиплъхьэну узыхуей куэд зэбгъэзахуэу къысфӀигъэщӀащ а тхылъым и кӀэухым. СыткӀэ дыбгъэгуфӀэну, сытым уелэжьрэ?**

– Абы лъандэрэ блэкӀа зэманым къриубыдэу романитӀ – «Лъапсэрых» (2014), «Хэхэсхэр» (2015) – къыдэзгъэкӀащ. Шэч хэмылъу, абдеж щиухыркъым си Ӏуэхури, лэжьыгъэри, творческэ къарури. Зи ужь сихьэнумкӀэ е къыщӀэздза тхылъыр зыхуэдэмкӀэ япэ силъадэу цӀыхухэм садэгуэшэн сфӀэфӀкъым, ауэ уэ бжызоӀэ – хьэтхэм ятеухуа тхылъращ иджыпсту сызэлэжьыр.



**– ФӀыщӀэ пхузощӀ, Исхьэкъ. Лъэпкъми хэкуми я пащхьэ ущиӀэ къалэныр куэд щӀащ зэрыбгъэзащӀэрэ, итӀани уи зэфӀэкӀымрэ къарумрэ мыкӀуэщӀу зыужьыныгъэм иджыри ухуолажьэри, Тхьэм дяпэкӀи ухущӀигъэхьэ. Ауэ щыхъукӀи, уи щхьэцыр хэтхъукӀын щӀидза къудейуэ аращи, илъэс 15 дэкӀмэ, иджыри зы интервью къызэптыну зэдгъэухылӀэ.**

– Сыпсэууэ илъэсищэм сынэсмэ...

*Епсэльар* **НЭЩӀЭПЫДЖЭ Замирэщ,**
*Адыгэ Республикэм щӀыхь зиӀэ и журналист*

# Зыми пэмыщӀ

Илъэс куэд щӀащ сэ МэшбащӀэ Исхьэкъ ныбжьэгъу сызэрыхуэхъурэ. ЗекӀуэ и вакъэ лажьэркъым жыхуаӀэу, си напщӀэм телъ а ныбжьэгъугъэр къыздисхауэ щытар КъуэкӀыпӀэ Гъунэгъум щызэпысча гъуэгуанэхэрат: 1969 гъэм туристхэм срагъусэу Сириемрэ Ливанымрэ сыкӀуат. Абы щыгъуэ сэ илъэс тӀощӀрэ щырэ сыхъуу арат, а зекӀуэм и фӀыгъэкӀэ къэзгъуэта си ныбжьэгъур сэ нэхърэ илъэс 15-кӀэ нэхъыжьт. Ауэ, нэхъыжьыфӀти,

сигъэныбжьэгъуу, сигъэгушхуэу сызригъэгъусащ. Апхуэдэу щIэхъуар зыкъомкIэ елъытагъэнт ди Iуэху еплъыкIэхэр зэрызэтехуэм, хэхэс гъащIэр натIэ зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъухэм ехьэлIауэ къыдэфыкI узхэмкIи дызэрызэщхьым.

Дэнэ щIыпIэ дыкъыщыхутами, дэ къэтлъыхъуэр 1763–1864 гъэхэм екIуэкIа Урыс-Кавказ зауэжьым и зэранкIэ зи лъахэр къэзыбгынэу хэхэс псэукIэ бзаджэр зыгъэва ди лъэпкъэгъухэм я щIэблэхэрат. ИкIи къэдгъуэтырт апхуэдэхэр. Ауэ…

Адэжьхэм я хэкум ирамыгъэзэгъа ди лъэпкъэгъу насыпыншэхэм а хамэ щIыпIэхэми псэупIэ щратыртэкъым: 1967 гъэм израилыдзэхэр къызытеуа щIыпIэхэр адыгэхэм нэхъыбэу хэщIапIэ ящIа куейхэрати, мо тхьэмыщкIэ къомым, я щхьэр щIахьэри, адэмыдэкIэ егъэзыпIэ щащIат. Мис ахэр къэгъуэтыгъуафIэтэкъым. Ауэ абыхэм захуэдмыгъазэу ди гум тхутегъэхуэнутэкъыми, дымыщхьэхыу къэтлъыхъуэрт ахэр. Псом хуэмыдэу темыпыIэжыр, емызэшыжыр усакIуэ МэшбащIэ Исхьэкът. Адыгэхэм я щхьэм къэрикIуа насыпыншагъэм теухуауэ сэри ди гъусэхэми дымыщIэ куэдым щыгъуазэт ар. А хъыбар гуауэхэм дыщIигъэдэIуу сыхьэт бжыгъэкIэ дыщигъэст. Дызыхуэза ди лъэпкъэгъухэм къыджаIэхэр и дэфтэрым иритхэрт, ахэр зи тегъэщIапIэрэ гущIэм зыкъыдэзыгъазэ усэщIэхэм дригъэдаIуэрт нэхъ иужькIэ.



МэшбащIэ Исхьэкърэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ



2 Заказ №377

Сириемрэ Ливанымрэ дыкъикIыжа нэужь, МэшбащIэр куэдрэ ялъыгъуэзащ унафэщIышхуэхэм. Зыхуейр лIот? ХамэщIым щыпсэу адыгэхэм я дунейр зэрыкIыфIыр яжриIэу, абыхэм зыгуэркIэ защIэгъэкъуэн зэрыхуеймкIэ лъаIуэу арат. Ауэ «уи мыIуэху зумыхуэ», къыжраIэ мыхъумэ, къапих щыIэтэкъым. «Зи мыIуэху зезыхуэ» усакIуэм хузэфIэкIрати, тIысырти, усэбзэкIэ и щхьэм хуэтхьэусыхэжырт, адыгэхэм я тхыдэр лъабжьэ зыхуищI усэ уахътыншэхэр итхырт. Абдежхэращ дунейм къыщытехьар нобэ ди лъэпкъэгъуу хъуам яIурылъ «Адыгэхэр» уэрэд цIэрыIуэр къызытращIыкIа усэр.

Илъэс плIыщIрэ тIурэ хъуащ си ныбжьэгъу нэхъыжьымрэ сэрэ дызэрызэрыцIыхури, абы адыгагъэу, цIыхугъэу дэслъагъур сэркIэ щапхъэфIщ, ауэ Исхьэкъ ещхь хъугъуафIэкъым, псом япэрауэ, и талантышхуэмкIэ, итIанэ – и дуней тетыкIэ дахэмкIэ. Абыхэм щIэхъуэпсын, Исхьэкъ удэплъейуэ псэун хуейуэ ари щи…

2006 гъэм Истамбыл щекIуэкIырт Дунейпсо Адыгэ Хасэм и VII Зэхуэсышхуэр. Дауи, МэшбащIэ Исхьэкъи абы кърихьэлIат. Гухэхъуэт а Лъэпкъ Хасэшхуэм литературэмкIэ игъэува саугъэт лъапIэр си ныбжьэгъу нэхъыжь МэшбащIэм и роман телъыджэхэм папщIэ къызэрыратыр плъагъуныр. Апхуэдэ гуфIэгъуэ куэд си нэгу щIигъэкIащ Адыгэ Республикэми, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Къэрэшей-Шэрджэсми я цIыхубэ тхакIуэ, РСФСР-ми СССР-ми я Къэрал саугъэтхэр зыхуагъэфэща си ныбжьэгъу нэхъыжь МэшбащIэ Исхьэкъ. Абыхэм я закъуэкъым Исхьэкъ адыгэхэр дызэригъэгуфIэр, дызэригъэгушхуэр – Хэку литературэм хуищIа хэлъхьэныгъэ инхэм папщIэ, МэшбащIэм кърататщ къэрал дамыгъэ лъапIэ куэд, Адыгэ Республикэми Краснодар куейми абы къыхуагъэфэщащ цIыхушхуэхэр зэрагъэпажэу яIэ дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэхэр.

Жылагъуэ лэжьыгъэм жыджэру зэрыхэтыр, ди къэралым щыпсэу лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр, мамырыгъэр гъэбыдэным псэемыблэжу зэрыбгъэдэтыр къалъытэри, МэшбащIэ Исхьэкъ къыхуагъэфэщащ «Мамырыгъэм щIэбэн» дыщэ медалыр, Урысей лъэпкъ фондым и «Обществэм зэригъэлъапIэ» дыщэ щIыхь нагъыщэр.

Дауи, мис а псори къалъытащ абы «Мейкъуапэ къалэм щIыхь зиIэ и цIыху» цIэр къыщыфIащми.

Дунейпсо цIыху цIэр къыпфIащыну пхуэфащэщи, ари къыплъагъэсауэ Тхьэм дигъэлъагъу, си ныбжьэгъу нэхъыжьыфI Исхьэкъ!

**ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд,**
*УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м, Адыгэ Республикэм, КъШР-м щIыхь зиIэ я журналист*

# МэшбащӀэ Исхьэкъ хужаӀахэм щыщ пычыгъуэхэр

## ЩЫХЬЭТ СЫТОХЪУЭ

УсакӀуэ псалъэр гупсысэ куу зыхэлъ Псалъэшхуэщ. Ар щӀэбгъэщӀэрэщӀэни щыӀэкъым. Ар уэри фӀыуэ уощӀэ, Исхьэкъ. Дауи, уэ езыми къыбгуроӀуэж узэрыусакӀуэр. Сэри абы щыхьэт сытохъуэ. Ауэ, сэ сыщынэхъыжькӀэ, а Псалъэм щӀызогъу: уэ уусакӀуэшхуэщ, гу губзыгъэ зи бгъэм къыщеуэ уусакӀуэ телъыджэщ. Кавказым и усакӀуэ нэхъ ин дыдэхэм уащыщщ.

**КУЛИЕВ Къайсын**
*1981*

## КЪАЛЭН ЛЪАПIЭ

МэшбащӀэ Исхьэкъ и усыгъэ тхылъхэм укъыщеджэжкӀэ уи нэгу къыщӀохьэ абы и къуажэгъу Ӏущхэм я дунейр, я псэукӀэ-щыӀэкӀэхэр, я хьэл-щэнхэр. Къыпщохъу абыхэм урахьэщӀэу, урапсэлъэгъуу. Усыгъэм и къалэн нэхъ лъапӀэу хъуар гъэзэщӀа щохъу Исхьэкъ и тхыгъэхэм – Ӏуэхур апхуэдэу щӀыщытыр си ныбжьэгъу МэшбащӀэр усакӀуэ нэсщи аращ.

**РОЖДЕСТВЕНСКИЙ Роберт**
*1981*

## АДЫГЭЛI НЭС

МэшбащӀэм и усэхэр сыт щыгъуи узыгъэпӀейтейщ. Ахэр зи ӀэдакъэщӀэкӀыр зи акъылыр тӀыса, дунейм и пӀалъэ зыщӀэ адыгэлӀ нэсщ. УсакӀуэшхуэщ. Куэдым зэрыжаӀэщи, Исхьэкъ и усыгъэхэм я тегъэщӀапӀэр и лъэпкъ тхыдэращ. А тхыдэм и пэжырщ абы и усэхэр псэ быдэ, удэзыхьэх зыщӀыр, езы усакӀуэм пщӀэрэ щӀыхьрэ къыхуэзыхьыр.

**ДАНГУЛОВ Саввэ**
*1971*

## ЗЭБГЪЭДЭПХ ХЪУНУКЪЫМ

Кавказ Ищхъэрэм и усыгъэм Гамзатов Расул иӀэмэ, МэшбащӀэ Исхьэкъ зыхуэлажьэ абы и прозэри насыпыншэкъым. Расулрэ Исхьэкърэ зэбгъэдэпх хъунукъым – тӀуми талантышхуэ ябгъэдэлъщ, къызыхэкӀа лъэпкъхэри, Урысейм и литературэри зыгъэбжьыфӀэ цӀыху цӀэрыӀуэхэщ.

**ИСАЕВ Егор**
*1981*

## ЦIЫХУР ЗЭХЪУАПСЭМ ХУЭДЭЩ

МэшбащIэ Исхьэкъ адыгэлI Iущщ, укIытэ зыхэлъщ. Гу къабзэрэ псэ дахэкIэ зыхещIэ абы Урысейми езым и лъахэми щекIуэкI псори. Литературэми жылагъуэ гъащIэми щекIуэкIыу хъуам гудзакъэ иIэу якIэлъоплъ. И тхакIуэгъухэм къащхьэщыжу хуежьакъэ – зыкIи къыпхуикIуэтынукъым. Абы и дуней тетыкIэри и лэжьэкIэри цIыхур зэхъуапсэм хуэдэщ.

Литературэ нэсым пэлъэщыр талантымрэ емышыжу лэжьэнымрэщи, а тIумкIи Алыхьыр къыхуэупсащ си ныбжьэгъу МэшбащIэ Исхьэкъ.

**БОНДАРЕВ Юрий**

## ШУ ПАШЭХЭМ ЯЩЫЩЩ

Сэ куэдрэ слъэгъуащ МэшбащIэ Исхьэкъ дэнэ щIыпIи – Якутиеми, Краснодари, Смоленски, Налшыки, Ростови – цIыхухэр гуапэу къызэрыщыIущIэр. Апхуэдэу щIыщытыр гурыIуэгъуэщ: Исхьэкъ зи тхакIуэр адыгэхэм я закъуэкъым – ар лъэпкъыбэ урысей литературэр япэкIэ зыгъэкIуатэ шу пашэхэм ящыщщ.



**СОРОКИН Валентин**
*1991*

## ЛЪАГЪУНЫГЪЭШХУЭКIЭ ГЪЭНЩIАЩ

«ТхакIуэ нэхъыфI дыдэу плъагъур хэт сымэ?» – жаIэу къыщызэупщIхэм деж япэ зи цIэ къисIуэхэм ящыщщ МэшбащIэ Исхьэкъ. Абы и творчествэр зэрыщыту гъэнщIащ тхакIуэм ди лъэпкъым хуиIэ лъагъуныгъэшхуэмкIи, нэпс къабзэу хущIигъэкIымкIи. Исхьэкъ и тхыгъэу хъуар адыгэхэм ди тхыдэм, ди гъащIэм я гъуджэщ, абы IупщIу къощ езы тхакIуэм и псэ къабзагъри, и гур зыхуэлажьэри. Иджыри куэдрэ тхурелажьэ а гумрэ псэмрэ.

**КIУВЭ Риммэ**

## СХУЭМЫГЪЭТIЫЛЪЫЖУ СЫКЪЕДЖАЩ

Тхьэр арэзы къыпхухъу, Исхьэкъ, схуэмыгъэтIылъыжу сыкъызэджа уи тхылъ телъыджэмкIэ сыбгъэгуфIащ. Уи ехъулIэныгъэхэм дяпэкIи хэбгъэхъуэну, дызыщыгуфIыкIын тхылъхэр уи Iэдакъэм къыщIэкIыу куэдрэ утхуэпсэуну си гуапэщ.

**ДЖУСОЙТЫ Нафий**

## ТХЫГЪЭ УАХЪТЫНШЭХЭР

Адыгэбзэр зыхъумэхэм, къулей зыщIхэм ящыщщ МэшбащIэ Исхьэкъ. Абы Алыхьым къыIурилъхьащ адыгэ псалъэм и дахагъри, и шэрыуагъри, и лъэщагъри. Мис а псори IэкIуэлъакIуэу къызэригъэсэбэпыращ Исхьэкъ и тхыгъэхэр уахътыншэ зыщIыр, дэнэкIэ щыIэ адыгэми я гумрэ я псэмрэ щIыдыхьэр, езы тхакIуэр зыгъэщIэрыIуэр.

**ШАЩIЭ Къазбэч**

## ПЭЖЫР И ГЪУАЗЭУ

Адыгэ тхакIуэ, усакIуэ щэджащэ, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ и къалэмыпэм къыщIэкIащ тхыгъэ купщIафIэ куэд – усыгъэ телъыджэхэр, роман гъуэзэджэхэр. Ахэр Адыгейм и литературэм и лъагапIэ хъуащ, ди лъэпкъым и цIэмрэ и пщIэмрэ жыжьэ щагъэIуащ. Исхьэкъ и усыгъэхэр гъэнщIащ гъащIэм и пэжымкIэ, уи акъылыр зыгъэлажьэ, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ къозыт гупсысэ жанхэмкIэ. ТхакIуэм и романхэм лъабжьэ яхуэхъуар адыгэ тхыдэрщ – пасэрей адыгэ дзэпщ Ридадэ деж къыщыщIэдзауэ XIX лIэщIыгъуэм къэс.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид**



## ТIУРИ ДЫЩЫУАТЭКЪЫМ

Си ныбжьэгъу адыгэ тхакIуэшхуэ МэшбащIэ Исхьэкъ сэ соцIыху щыстудента лъандэрэ. Си щхьэгъусэ, сурэтыщI Кончаловская Наталье занщIэу гу лъитат а щIалэщIэр усакIуэшхуэ зэрыхъунум. Ар икIи щыуатэкъым. СССР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хагъэхьэну абы тхылъ зэрестамкIэ сэри сыщыуатэкъым.

МэшбащIэ Исхьэкъ ящыщщ Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм нэхъ пщIэшхуэ дыдэ щызиIэхэм. Абы пщIэ хуэзымыщIрэ ар фIыуэ зымылъагъурэ яхэткъым лъэпкъыбэу зэдэлажьэ ди тхакIуэхэм. МэшбащIэм хуэфащэу пещэ и ныбжьэгъу нэхъыжьыфIхэу КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын, Гамзатов Расул, Кугультинов Давид сымэ я IуэхущIафэ дахэхэм.

**МИХАЛКОВ Сергей**
*2001*

## ШЭЧ КЪЫТЕСХЬЭРКЪЫМ

Зыми шэч къытрихьэу къыщIэкIынкъым МэшбащIэ Исхьэкъ зэчий ин зыбгъэдэлъ усакIуэшхуэу зэрыщытым. Дауи,

аращ абы псалъэ гуапэ куэд щIыхужаIэри, дяпэкIи нэхъыбэж щIыхужаIэнури. Ар адыгэ усыгъэм и зэфIэкIым зезыгъэузэщI, зыгъэбжьыфIэ усакIуэшхуэщ.

**ИВАНОВ Всеволод**
*1971*

## ФIЫЩIЭ ХУЗОЩI

Талант ин зиIэ, тхакIуэшхуэ, и лъэпкъым хуэпэж, и псэм пищIу и лъахэри Урысейри фIыуэ зылъагъу МэшбащIэ Исхьэкъ и творчествэ лъэщым щхьэкIэ гъунапкъэншэу фIыщIэ хузощI. И роман телъыджэхэмкIэ къыдит гуфIэгъуэр щэрэ минкIэ гъэбэгъуауэ езым тхьэм къыбгъэдилъхьэж.

**ПРОКУШЕВ Юрий**
*2001*

## ТХЫДЭМ И ГЪУДЖЭЩ

Сыкъеджэн щIэздзэри, схуэмыгъэтIылъыжу и кIэм сынэсыху сиIыгъащ МэшбащIэ Исхьэкъ и «Хъан-Джэрий» романым. Ар адыгэ лъэпкъ тхыдэм и гъуджэщ. Апхуэдэ романхэращ Урысей прозэр дунейпсо литературэм и фIыпIэхэм ящыщ зыщIыр. А тхыгъэм къеджэм, шэч хэмылъу, къищIэнщ адыгэхэм я хэкумрэ езы лъэпкъымрэ зищIысыр, абыхэм тхыдэшхуэ зэраIэр.

**АРХИПОВ Владимир**

МЭШБАЩIЭ Исхьэкъ

# ТIАСХЪЭЩIЭХ

*Романым щыщ пычыгъуэхэр*

1835 ГЪЭМ и гъэмахуэ хуабэвэхым хэткIухьауэ, Тифлис къалэм узэрыбэуэн жьы щыбгъуэтыркъым. Ари зыхищIэртэкъым генерал Розен, Кавказ корпусым и Iэташхьэм: и дзэлI фащэр къекъузэкIауэ, щхьэгъубжэм бгъэдэтт. Зэрыхуабэвэхри къыфIэIуэхутэкъым, къалэ бэмпIэгъуэми дэзэшыхьыртэкъым ар. Игу зэригъэфIын иIэщ: Абхъазыр урысыдзэм и IэмыщIэ къихуакIэщ. Генерал Ермоловым мафIэрэ джатэкIэ игъэсабыращ Къэбэрдей щхьэзыфIэфIыр. Хы Iуфэм Iус шэрджэсхэрщ къэзыгъэдзыхэр… Ахэр пхуеувалIэркъым Тыркумрэ Урысеймрэ илъэситху и пэкIэ Адрианополь щызэращIылIа зэгурыIуэныгъэм. ЖаIэращ: ди лъахэми урысхэмрэ тыркухэмрэ щхьэ щытепщэн хуей – игъащIэ лъандэрэ ди щIыналъэщ ар, зэттыни щыIэкъым…

Бытырбыху къикIыжрэ пэт Псыжь Iуфэм къыщрихьэлIа адыгэ шум къыжриIауэ щытар игу къэкIыжащ генералым. И нэр щIиукъуанцIэри, шур къеупщIат абы щыгъуэ:

– Езыхэм я IэмыщIэ имылъыр тыркухэм къывата щхьэкIэ ар фыфей хъун? – пыдыхьэшхыкIри, къыщIигъужащ: – Мо жыгыщхьэм фIэс бзур плъагъурэ: узот, плъэкIмэ, къэубыд. А бзум дыхуэдэщ адыгэхэр: зыми Iэрыубыд дищIыфынукъым, ди щхьэ дыхуитщ. Фи закъуэкъым ди псэм къещэр, къытпэлъэщыркъым армыхъу. Фэри фыкъытпэлъэщынукъым – ар зыгурывгъаIуэ.

Ар къыжезыIа шур и нэгу къыщыщIыхьэжым, генералыр щхьэгъубжэм къыбгъэдэкIуэтащ, и зы щIыIу итIатэри, къикIукIникIукIыу, жыхафэгум теуващ.

Генералым игу къэкIыжащ Абхъазым игъэкIуауэ щыта штабс-капитан Торнау. АдэкIэ ар тIасхъэщIэх кIуэн хуейт хы Iуфэм Iус шэрджэсхэм я деж – ауэ хузэфIэкIакъым. «Дауи ирехъуи, Кавказыр ди IэмыщIэ идубыдэн хуейщ – апхуэдэ къалэн ди пщэ къыдилъхьащ ди пащтыхь дотэм. Дызыхэмызагъэр хы Iуфэм Iус шэрджэсхэрщ, абыхэм я тIасхъапIэр тщIэн хуейщ, псом япэрауэ. Аратэкъэ Новицкэри Шаховскэри яхэдутIыпщхьауэ щIыщытар. Зыгуэрхэри яхузэфIэкIащ а офицер хахуэхэм, ауэ ар машIэщ иджы», – арат генералыр зэгупсысыр, жыхафэгур зэхикIухьурэ.

Генерал Вольховскэр пэшым къыщIыхьащ.

– Штабс-капитан Торнау и лъакъуэм и лажьэр сыт? – еупщIащ абы Розен.

– Лажьэ иIэжкъым. Къыщебджэнум поплъэ.

– Ар дэгъуэщ-тIэ. Абхъазым къыщемыхъулIаIами, дигу ебгъэркъым. Дзыхь ебгъэз хъунущ, аращ граф Бенкендорф жиIэр. Пащтыхьри къыхуэарэзыщ. Бытырбыху сыкIуауэ сыхуэзати, пащтыхьым Торнау щхьэкIэ къызжиIащ: «Шэрджэс хуэдэщ, си щхьэхъумэ шэрджэс шухэм ещхьыркъабзэщ. Псыжь адрыщI ис шэр-

джэсхэм яхэутӀыпщхьэ ар – я тӀасхъэр щӀрырех. Зыхуэныкъуэ псори ефт. Абы сэ сызэрыщыгугъыр схужеӀэж. Зыми хуэвмыгъэныкъуэ, зыхуейр хуэфщӀэ.

– КуэдыӀуэ къытпиубыдмэ-щэ?

– Ди сэбэп зыхэлъ къытхуищӀэфмэ, зыми дыщысхьынукъым».

… Гъэмахуэку мазэм Торнау Псыхуабэ кӀуащ, и уӀэгъэр абы щигъэхъужащ. ЩӀежьам нэгъуэщӀ щхьэусыгъуи иӀэт: шэшэныфэ зытригъауэу, зэрыурыс офицерыр зыщигъэгъупщэн, шэшэныцӀэм (Хьэсэн-бей) зригъэсэн хуейт. Тифлис щыдэсам шэшэныбзэм хэгъуэза хуэдэт, хуэмыгъэшэрыуащэми. Ислъам диным хэгъуэзати, нэмэз ищӀыфырт, нэмэзыбзи ищӀэрт. ЖыпӀэнурамэ, Прибалтикэм щыпсэу нэмыцэхэм къахэкӀауэ пщӀэнутэкъым – и фэкӀи и зыӀыгъыкӀэкӀи кавказ лъэпкъ къыхэкӀауэщ къызэрыпфӀэщӀынур. Бгырыс фащэри йокӀупс, и цейри, и дыжьын бгырыпхри аращ…

Прочнэ ОкопкӀэ зэджэ къэзакъ станицэр Псыжь и ижьырабгъукӀэ щысщ, Ермэлыхьэблэ верст заулкӀэ нэхъ пэмыжыжьэу. Абдеж ущежьэмэ, Ӏузэв тенджызым унэсыху губгъуэщ. Уарп псым и сэмэгурабгъур, къурш лъапэм къыщыщӀэдзауэ Псыжь нэс, мэзылъэщ: жыгейри, бжейри, пхъэхуейри, псейри, уэздыгъейри щыгъунэжщ, адэкӀэ тафэщ, Ӏуащхьэхэр хэгуэшауэ – Щхьэгуашэ уеуэлӀэху. Ар абазэхэхэм я лъахэщ.



Чырбыш унэ лъахъшэхэр щикъухьащ Прочнэ Окоп станицэм, уэрамхэм кхъуэри, къазри, мэлри, былымри дэзщ, щӀалэ цӀыкӀухэри зэхэуфӀеяуэ щызэрызохьэ. Шэрджэс шу закъуэтӀакъуи ущрохьэлӀэ къэзакъ станицэм.

Уэрамым здрикӀуэм, Торнау зыӀуплъам къигъэщтащ: цӀыхущхьэхэр фӀэӀуауэ бжэгъу яехэр уэрамыщхьэм щыхэтӀащ.

– Мыр сыт? – Торнау и нэр къихуащ.

– Шэрджэсыщхьэщ. Псыжь къызэпрыкӀ абрэджхэр абыкӀэ егъащтэ генералым, – къыжриӀащ къэзакъ шыгухум. – Щхьэр щадыгъужи къохъу. Шэрджэсхэр щхьэфӀэчми, лӀыгъэрэ ӀэщэкӀэ уащӀыхьэнукъым. МащӀэ щӀа дазэрезауэрэ, итӀани дапэлъэщыркъым.

«Я хэкум уихьауэ щызэтебукӀэкӀэ, я Ӏэ зэтедзауэ щысын, – игукӀэ жиӀащ Торнау. – Ирегъэлей Засс. Ар зышэчын щыӀэкъым…»

Засрэ Торнаурэ я закъуэ хъуа нэужь, генералым жиӀащ:

– Тхьэмахуэм щӀигъуауэ сыныппэплъащ, штабс-капитан, – жери, нэмыцэбзэкӀэ къыщӀигъужащ: – Си гуапэ хъуащ укъызэрысар. Нобэ щыщӀэдзауэ ушэшэнщ. Урысыбзи, шэрджэсыбзи, абхъазыбзи, нэмыцэбзи пщӀэркъым. Уэ ушэшэнщ, пщӀэр шэшэныбзэщ. ГурыӀуэгъуэ, штабс-капитан?

– ГурыӀуэгъуэщ, – жиӀащ Торнау. – Сыгувамэ, сэракъым зи лажьэр.

– СощӀэ, – жиӀащ генералым. – ЗыкӀи узгъэкъуаншэркъым. ДыщӀыпхуейми ущызгъэгъуэзэнщ.

– Къыстефлъхьэр си хьэлъэщ, схузэфӀэкӀ къэзгъэнэнкъым.

– Абы шэч къытесхьэркъым. Шэрджэсхэм дызэрезауэр уощӀэ. ТӀасхъэщӀэх удгъэкӀуэнущ – абы ущыгъуазэщ, дауи. Шэрджэсым уизышэн гъусэ пщӀыдгъунущ. АдэкӀэ Абхъазми фихьэнущ.

– Хэт гъусэ къысхуэфщIынур?

– Щы мэхъу: зэкъуэшитIрэ абыхэм я зы ныбжьэгъурэ. Шэрджэскъым, нэгъуейхэщ. Щыми урысыбзи, шэрджэсыбзи, абхъазыбзи ящIэ. ПщIэкIэ къэтщтауэ аращ. Фежьэн и пэ зэбгъэцIыхунщ – ухущIыхьэнущ. Иджыпсту дышхэнщи, зодгъэгъэпсэхунщ, – жиIащ Засс. – Гъусэ пхуэтщIынухэр къыщыкIуэнур жэщ ныкъуэращ.

Гъусэ къыпхуащIынур къызэрыщIидзынур дэнэ щыпщIэн? Гъуэлъыжами, абы егупсысурэ щIэх Iурихакъым Торнау. Iуриха щхьэкIэ, сыхьэтыпэщ жейм зэрыхэтар.

И щхьэм икIыркъым: нобэ щыщIэдзауэ шэшэнщ, Хьэсэн-бейщ и цIэр. Муслъымэнщ, и нэмэз уахъты блигъэкI хъунукъым, нэмэзыбзи ещIэ. Арджэныр иубгъури, нэмэз ищIащ.

Мазэгъуэ жэщщ. Псыжь адрыщIкIэ ит мэз Iувым къыхэIукI жьынду джэ макъым укъигъэщтэнкIэ зыхуэIуа щыIэкъым, езыр къэрабгъэм ящымыщми. Сыт къыщыпэплъэр Псыжь адрыщI – уи натIэм кърихтхар дэнэ щыпщIэн?

Шы лъэ макъ къэIуащ. Гъусэ къыхуащIахэр къэсауэ арат. Щы мэхъу. Ахэр Засс иригъэблэгъащ, Торнау ириджэри яригъэцIыхуащ.

– Мы щIалэр шэшэн хьэщIэщ, Хьэсэн-бейщ и цIэр. Ноби пщэдеи аращ фызэреджэнур. ФызэрыцIыху, фызэпсалъэ, фэ фызэгъусэнущ. СыкъэвмыгъэщIэхъумэ, си псалъэм сепцIыжынукъым, – яжриIащ абы Торнау гъусэ хуащIынухэм. – Фыкъызэрызгъэгугъар фхуэсщIэнущ.

Илъэс тIощIрэ тхурэ фIэкI и мыныбжьми, Торнау и нэгу щIэкIар мащIэкъым, зауэ-бани хэтащ, гъуэгу техьэрейуэ къекIуэкIащ. Ныжэбэ жэщым зауэ къыщIэмылъи хуэдэщ, итIани и натIэм кърихтхар дэнэ щищIэн, дэнэ щищIэн гъусэ къыхуэхъунухэр къызэрыхущIэкIынури – арат штабс-капитаныр хэзыгъаплъэр. Нэгъуейхэр и щыпэлъагъущ, уазэрыщыгугъауэ къыпхущIэмыкIмэ, аращ нэхъыкIэр.

Бгырыс хабзэм ипкъ иткIэ, псалъэмакъыр къыхэзыдзэр нэхъыжьырщ. Хьэсэн-бей япоплъэ, бгырыс хабзэм зэрыхищIыкIыр яригъэлъагъун щхьэкIэ. Япоплъэ, Iуэхур зытещIыхьар езыра пэтми. Гъусэ къыхуащIахэм ящыщ зы, илъэс щэ ныкъуэ хуэдиз зи ныбжь лIыр, заулкIэ щыма нэужь, къэпсэлъащ:

– Сыноплъри, Хьэсэн-бей, уи теплъэкIэ шэшэным урещхьщ. Сэ сы-Тембулэтщ, си гъусэхэм зыр Iимам Гъазийщ. Мор си шынэхъыщIэщ, Бийщ и цIэр. ЗэшиплI дыхъурти, тIур дунейм ехыжащ.

– Я хьэдрыхэ нэху ухъу, – жиIащ Iимам Гъазий. – КъэрэмырзэхэцIыху пэжщ, лIыгъэ зыхэлъщ.

Бий и нэщхъ зэхэлъ зэпытщ, бжэм деж щысщи, штабс-капитаным хущIоплъ, и шынэхъыжьыми зэзэмызэ хуоплъэкI, зэрыхуэмыарэзыщэри фэуэ тетщ. Тембулэт ищIэжыркъэ и шынэхъыщIэр зэрытэмакъкIэщIыр – къилъынкIэ тIэу еплъынукъым.

И псалъэм пищащ Тембулэт, Гъазий хуеплъэкIри:

– Тхьэразэ къыпхухъу, Iимам, ди шынэхъыжьитIыр уигу

ихуакъыми. Гъуанэдэууэ къаукIащ Къырымызэрэ Мэмукъейрэ. КъэзыукIар джаурым яхыхьа къумалщ. И псэр щыхэкIым Мэмукъей уэсят къищIащ: «Дилъ фщIэж». Аращ шэрджэсхэм я деж щтапIэ дыщIихьэжар – абыхэм дадозауэ, дилъ тщIэжыху дадэзэуэнущ. Iимамри ди гъусэщ. Уэ сыт къыджепIэн, урыс офицер?

– Сызэрыофицерыр зыщывгъэгъупщэ, – жиIащ Торнау. – Шэрджэсхэм пщIэ къызэрыфхуащIым сыщыгъуазэщ. Ауэ мызыгъуэгукIэ Iуэхутхьэбзэ къысхуэфщIэн хуейщ – генералыр къэвгъэгугъащ абыкIэ.

– Шэрджэсхэм депцIыжуи? – къилъащ Бий.

– Бий, зэ увыIэт. КъызгуроIуэ, Хьэсэн-бей. Сыт пхуэтщIэн хуейуэ укъызэрытщыгугъыр?

– Хьэмэрэ шэч къытхуэпщIрэ? – жиIащ Бий, штабс-капитаным зыщиIэжьэм.

– Хьэуэ, хьэуэ! Дэ гъуэгу дытехьэнущ, зым адрейм шэч хуищI хъунукъым. Гъуэгу шынагъуэщ къытщIэлъыр, генералым дзыхь къыщыфхуищIакIэ, сэ абы шэч къытесхьэж хъунукъым.

Псалъэмакъыр заулкIэ зэпыуащ. Тембулэтщ псалъэр къыхэзыдзэжар:

– Ди жылэри, ди мылъкури дищIри къыдитыжыну дыкъигъэгугъащ генералым. Ар къытхуэфщIэмэ, урысхэм щхьэузыхь захуэтщIынущ, я IэмыщIэ зитлъхьэнурэ игъащIэкIэ дгъэпэжынущ.

– НэгъуэщI псалъи зэхэсхыну сыхуейщ, – жиIащ Торнау. – Ди Iуэхум фызэремыпцIыжынумкIэ тхьэ къысхуэфIуэ. Дунейм ехыжа фи шынэхъыжьитIым я цIэкIэ.

И щхьэр иригъэзыхри, Тембулэт заулкIэ зиIэжьащ. ИтIанэ жиIащ:

– Тхьэ пхуэдмыIуэмэ, уи псэр дзыхь къызэрытхуумыщIыфынур къыдгуроIуэ. АбыкIэ емыкIу уиIэкъым. СэркIэ тыншкъым ар – дунейм ехыжа ди шынэхъыжьитIым я цIэкIэ тхьэ пхуэсIуэныр: ахэр къэзыукIар урысхэращ. ИтIани… Алыхьым и унафэщ уи щхьэр тхъумэн хуейуэ. УзгъэпэжынкIэ тхьэ пхузоIуэ, си псалъэм сепцIыжмэ, Алыхьыр къызэуэ.

Штабс-капитаныр Бий хуеплъэкIащ:

– Бий акъылэгъу абыкIэ?

– Си тхьэрыIуэр си шынэхъыщIэми и тхьэрыIуэщ, – жиIащ Тембулэт.

– НэхъыщIэр нэхъыжьым зэрыпэрымыуэм сыщыгъуазэщ, – жиIащ Торнау. – Ар я хабзэщ шэрджэсхэм. ИтIани езы Бий и псалъэ зэхэсхмэ, си гуапэт.

– Дэ дышэрджэскъым! – къилъащ Бий.

– Бий! – щIэгубжьащ Тембулэт и шынэхъыщIэм.

– ЕмыкIу къэсхьащ, – жери Бий и щхьэр щIигуащ. – Си шынэхъыжьым и тхьэрыIуэр сэри си тхьэрыIуэщ. Езы урыс офицерми тхьэ къытхуреIуэ, Iуэхутхьэбзэ хуэдлэжьмэ, дыкъызэрагъэгугъауэ хъуар къытхуащIэну.

Жор ищIри, Торнау зэшитIым тхьэ яхуиIуащ.

* * *

ГЕНЕРАЛ Засс и мурадым Торнау щыгъуазэ хъуауэ къыщIэкIащ.

– Дэнэ щыпщIэрэ? – игъэщIэгъуащ Засс. – Нэгъуейхэра къыбжезыIар? Арами, сигу ебгъэркъым, фIыщIэ яхуэсщI фIэкI. Тембулэтрэ Iимамымрэ абазэхэ абрэджхэм епсэлъэн щIадзащ. Бажэм хуэдэщ ахэр – яхуэсакъ, штабс-капитан, уахуэмыбэлэрыгъ.

– Ар зыщызгъэгъупщэнкъым. Бий псэлъэгъуейр сыт и уасэ! НэкIэ уешх.

– Уи нэри тумыгъэкI, – жиIащ генерал Засс. – И къуэшхэм ялъ зэрищIэжынщ ар зи ужь итыр.

– Дзыхь дауэ ебгъэза-тIэ абыхэм?

Генералыр пыдыхьэшхыкIащ:

– Уэращ зи гъусэнури, уи упщIэм и жэуапыр уэ къэгъуэтыж. Къэрэмырзэхэ я лъэпкъыр къызытекIам ущыгъуазэ? Уэрэ сэрэ дызэрынэмыцэ щылъхум дригушхуэркъым. Къэрэмырзэхэ я напщIэ телъщ къызыхэкIа лъэпкъыр зэрыцIэрыIуэм, абы ирогушхуэ. Чингисхъан и щIэблэущ зызэралъытэр, аращ зыщIыхаIэтыкIыр, адрей бгырыс лъэпкъхэм щIепэгэкIыр.

– Шэрджэсхэми епэгэкIрэ?

– Шэрджэсхэм япэ урагъэщынукъым... Къэрэмырзэ зэшитIым сагурыIуэн и пэ къэбэрдей уэркъитI сепсэлъащ. Куэдрэ тхъунщIахэм ящыщщ, я мылъкур зыIэрагъэхьэжын щхьэкIэ, сытри къысхуащIэнут, итIани дзыхь зэзгъэзар нэгъуей зэшитIырщ – ахэр нэхъ къыпхуэсакъын си гугъэщ. Къэбэрдей уэркъитIри IузгъэкIуэтакъым – хэт ищIэрэ къыпщхьэпэжынкIэ зэрыхъунур. Шэрджэсхэм сэ сазэрыхущытым ущыгъуазэщ, уэ абыхэм я хабзэр уощIэ, я пщIэр уолъытэри, ар сфIэтэмэмщ... Дэ ди пащтыхьым дризауэлIщ, ди пщэ къыдалъхьэр догъэзащIэ. Шэрджэсхэм драутIыпщащи, я щхьэр къызэредмыгъэIэтыным иужь дитщ. Жыжьэ дыхыхьауэ къысфIощI. Ди Iуэхум дыпыгъэхьэжи нэхъыфIщ. Хы Iуфэм гъуэгуищ макIуэ. Дэтхэнэ гъуэгура къыхэпхар?

– Си гъусэнухэм къызэрызжаIамкIэ, гъуэгуищри хъунущ.

– Къэрэмырзэ зэшитIым я нэхъыжьым нэхъ фIэзахуэр Абазэхэм икI гъуэгуращ, ар Абхъазым и къуэкIыпIэмкIэ макIуэ. ЩIэнэхъ фIэзахуэр пщIэрэ?

– СощIэ. Къэрэмырзэ Тембулэт Мэршан Мэфэдыкъу и къанщ, абы къигъэщIэхъунукъым. Сэри нэхъ къызощтэ а гъуэгур. Абхъазым и къуэкIыпIэ щIыналъэм нэгъабэ щыгъуазэ зыхуэсщIащ – зэхэскIухьащ, зы лъагъуи къэзгъэнакъым. Бгым ущхьэдэхмэ, шэрджэсхэм я хы Iуфэм зыщыпплъыхь хъунущ, Абхъазым уихьэху.

ЕтIуанэ махуэм нэху ща къудейуэ, генерал Зассрэ штабс-капитан Торнаурэ гъуэгу техьащ, Псыхуабэ кIуэн хуейти. Абы дзэпщыр къащыпэплъэрт. Барсуковскэ станицэм Iимам Гъазий къащыIущIэнут абыхэм, арат Хьэсэн-бей Псыжь зэпрызышынур.

Гъуэгу здытетым, Къэрэмырзей нэблэгъэху, генерал Засс Торнау иригъэдэIуащ Къэрэмырзэхэ я хъыбарым.

– Къэрэмырзэ зэшхэр Псыжь Iуфэ Iус нэгъуей жылагъуэм къыщалъхуащ. Шэрджэсхэм яхэзэгъауэ псэурт Къэрэмырзэхэ.

ХуэщIауэ псэурт. Абы тетурэ Кавказ зауэр къэхъеящ, абы хэхутащ шэрджэсхэри, шэшэнхэри, абазэхэри, нэгъуейхэри.

Нэгъуейхэращ урысхэмрэ къэзакъхэмрэ нэхъапэ екIужар. Къэрэмырзэхи яхэтащ абыхэм. Насып уимыIэмэ, махъшэм утесми, хьэ къодзакъэ. Ар къатепсыхащ Къэрэмырзэхи. Зэрыхъуар мыращ: зэгуэрым, бгыщхьэм уэшхышхуэ къыщешхри, Псыжь къиуащ, псым щхьэл кърихьэхащ. Щхьэлыр псым къыхахащ Къэрэмырзэ зэшхэм. Ар Невинномысскэ станицэм и атаманым ейуэ къыщIэкIащ. Атаманыр къедэуащ зэшхэм, суд Iуэху къарищIылIэри, щхьэлыр ятрихыжащ. Ар ягу техуакъым Къэрэмырзэ зэшхэм: шэсри, Псыжь зэпрыкIащ, шэрджэсхэм яхыхьащ, абыхэм гъусэ зыхуащIри, Iэджэрэ къыдэзэуащ.

– ИтIани Къэрэмырзэ зэшитIым дзыхь ебгъэз хъун сфIощI, – жиIащ Торнау. – Iимам Гъазии абрэджхэм щIахыхьам сыт и щхьэусыгъуэр?

– Абы и Iуэхури къызэрекIуэкIар апхуэдэ гуэрущ. И жагъуэгъум пцIы къытрилъхьэри, иригъэубыдащ. Iимамым шэрджэс абрэдж гуп Псыжь къызэпришын мурад иIэщ – бзэгу къытхуихьащ Гъазий и жагъуэгъум. Iимамыр хьэпсым иддзащ, ауэ ткIэщIэкIуэсыкIыжын хузэфIэкIащ…

Шы лъэ макъ къэIуащ: шууищ шыгум къыкIэлъеуэрт.

Генералыр зэплъэкIри дыхьэшхащ:

– Мо шууищым я зыр си хэгъэрейщ. Хьэжрэт Нэкъарэщ. ГъэщIэгъуэнракъэ: гъуэгу сытехьакъэ – сримыхьэлIэнкIэ Iэмал иIэкъым.

– Гъуэгу махуэ, генерал! – жиIащ щIалэ къамылыфэм, блэжрэ пэт. – Генерал Розен сэлам схуехыж!

– Тхьэразэ къыпхухъу, Нэкъарэ, есхыжынщ. Езыри куэдрэ къыпщIоупщIэ.

– Ар си гуапэщ. Ауэ зыщывмыгъэгъупщэ: Псыжь фызэпрыкIмэ, фыщIегъуэжынщ. Сэри си гъусэхэми – Хьэмырзокъуэ Аслъэнджэрии Тамбий Аслъэнбэчи – фIы къывэхъулIэмэ ди гуапэщ. Зы пщыхьэщхьэ сынеблэгъэнщи, дыуэршэрынщ. Сынещеблэгъэнур шэрджэсыщхьэхэр бжэгъу щхьэкIэм къыфIэпхыжа нэужьщ…

* * *

ЖЭЩЫР хэкIуэтэху Торнау Iимам Гъазий пэплъащ. Уафэр мэгъуагъуэ, щыблэ мауэ, уэшхыр кърекIых. Бжэм зыгуэр къытеуIуащ.

– Хэт ар? – щIэупщIащ Торнау бжэм бгъэдэкIуатэри.

– Сэращ, – Iимам Гъазий бжэщхьэIум къытеуващ. – Хьэзыр ухъуа?

– Сыхьэзырщ, ауэ плъагъуркъэ: дунейкъутэжщ…

– Дэ, абрэджхэр, дызыхуей дыдэщ апхуэдэ жэщыр. Шэрджэсхэри къэзакъхэри я гъуэм исщ мыпхуэдэ жэщым. НакIуэ.

Абыхэм Псыжь IуфэкIэ яунэтIащ, уэшхми щыблэми къызэтригъэувыIакъым.

– Ушууейщ уэ, Хьэсэн-бей. Дунейкъутэжми ущыщтакъым.

Iимамыр къызэрыщытхъуар и гуапэ хъуащ штабс-капитаным.

– Къэзакъхэр Псыжь и Iуфэм щощтэ. Дэ дауэ дехъулIэну пIэрэ? ЗыкъыскIэрумыгъэху, Хьэсэн-бей.

Псыжь псыхъуэ щхьэщыта уафэгъуагъуэр щхьэщыкIри, ИнжыджкIэ, УарпкIэ, ЛабэкIэ Iэпхъуащ, арыххэуи ужьыхыжащ.

Шухэр хуейм ихьэри епсыхащ.

– Уджаурми, нэмэз уощIри, ара хъунщ Тхьэм и нэфI къыщIытщыхуар, – жиIащ Iимамым, нэгъуеибзэкIэ къыщIигъужащ: – Я дэ ди Тхьэ, мыбы сызэрыдэIэпыкъум щхьэкIэ уигу къызумыгъабгъэ. ЖаIэр пэжмэ, джаур зыукIым и жэнэтыбжэр зэIухащ. Жэнэтми сыхуэпIащIэркъым иджыпсту, си унагъуэр абыхэм я IэмыщIэ ильщи. Мы си гъусэр ди диным къисшэфатэмэ, си насыптэкъэ! Хэт ищIэрэ, ари схузэфIэкIынкIэ мэхъу, уэ къабыл пщIымэ.

– Уи Тхьэм сыт узэрелъэIуар, Iимам?

– Си закъуэкъым ар зи Тхьэр, дунейм тет псоми я Тхьэщ, – жиIащ Iимамым. – УщышэшэнкIэ, уэри уи Тхьэщ. Ар уи фIэщ мыхъумэ, дыщIежьар къыдэхъулIэнукъым. Уэ, джаурыр, ди гъунэгъу шэрджэсхэм я лъахэм узэрысшэм щхьэкIэ игу къызэмыбгъэну селъэIуащ ди Тхьэм. НэгъуэщI гуэркIи селъэIуащ. Ауэ ар иужькIэщ.

– ИужькIэмэ, иреиужь, – пыдыхьэшхыкIащ Торнау. – Абы зыгуэр къыбох уэ: дзыхь къысхуэпщIыркъым, пэжкъэ?

– Апхуэдэу жумыIэ, дэ ди псалъэм депцIыжыркъым.

Нэху щыху щIэтащ мэз кIыфIым. Зы псынащхьэ нэху щауэ екIуэлIащ.

– Шыхэр тлъэхъэнкъым. Зыдгъэгъуущыжынщ, дышхэнщи, заулкIэ зыдгъэпсэхунщ – гъуэгу къытщIэлъщ иджыри, – жиIащ Iимамым. – Нэгъуейхэми дунейм зыгуэр хыдощIыкI. Шэрджэсхэр щапхъэ тхуэхъуащ, ахэращ дэ дызыдэплъейр.

Уафэгъуагъуэри уэшхри щхьэщыкIащи, мэзыр даущыншэщ. Андез ищтэри, нэмэз ищIащ Iимамым. Торнауи ищIащ нэмэз. Гъазий мафIэ зэщIигъэстащ.

– Мэз нэщI жыхуаIэращ: иджы тIэкIу дедзакъэкIэ, емыкIу диIэкъым. Ди хьэзырымкIэ дызэIурыунщ.

Iимамым мафIэм къыпэрихыжа лы гъур гъэжьамрэ кхъуей плъыжь гъэгъуамрэ Торнау и пащхьэ кърилъхьащ.

– Едзакъэ. Гъуэгу утетмэ, мыбы нэхъ шхыныфI щыIэкъым. Тембулэт къэсыжыху, ди пIэ дисынщ.

* * *

БЕСЛЪЭНЕЙМИ, Абазэхэми, КIэмыргуейми щыцIэрыIуэ абрэджхэм ящыщащ Хьэжрэт Нэкъарэ, Хьэмырзокъуэ Аслъэнджэрий, Тамбий Аслъэнбэч сымэ.

Абазэхэхэм пщы яIакъым. Беслъэнейр зи унафэм щIэтар Къанокъуэпщырщ, кIэмыргуейхэр Бэлэтокъуэпщым и IэмыщIэ илъащ. Я мылъкурэ я пщIэкIэ ахэр къахэщырт я лъэпкъэгъухэм.

Абрэджхэм, лъхукъуэлIхэмрэ уэркъхэмрэ нэмыщI, пщыи яхэтащ.

Хьэмырзокъуэ Аслъэнджэрий и адэр, Беслъэн, генерал Ермоловым Къэбэрдейр зыIэщIилъхьэн и пэ хуэкъулейуэ, и цIэр жыжьэ щыIуауэ къэгъуэгурыкIуащ. И къуэшри хуэщIат. Зэшхэм къуэ зырыз яIащ – Аслъэнджэрийрэ Адылджэрийрэ. ТIури щхьэмыгъазэт, хахуэт, Iэрыубыд пхуэщIынутэкъым. Я уни я лъапси къызэранэкIри, зэшхэр бгым ихьэжащ, Беслъэнейхэмрэ абазэхэхэмрэ я деж зыщагъэпщкIуурэ илъэсищ ирахьэкIащ, ар къащыIэщIэужагъуэм, Ермоловым хъыбар ирагъэщIащ ди унэ декIуэлIэжынущ, жари. Генералым ар яхуидакъым, ауэ Уарпрэ Инжыджрэ хэщIапIэ зыхуэхъуа къэбэрдей хьэжрэтхэм яхэтIысхьэнумэ, къазэрыпэрымыуэнур къажриIащ. Хьэмырзокъуэ Беслъэн къэбэрдей хьэжрэтхэм пщы уэлий яхуэхъуащ.

ЗэшитIым я къуэхэр, Аслъэнджэрийрэ Адылджэрийрэ, лIыфIыгъуэ зэримыгъахуэ хъуащ. Адылджэрий елъытауэ Аслъэнджэрий нэхъ бзаджэт, IэщакIуэт, абы псори щышынэрт, зыпэщIагъэхуэртэкъым, къыпакIухьмэ нэхъ къащтэрт. Адылджэрий цIыху щабэт, щэныфIэт, ар псоми фIыуэ ялъагъурт.

Къанокъуэпщым и шыпхъу дахэкIейм, Гуащэхужь, и цIэр щыIум, Аслъэнджэрийрэ Адылджэрийрэ ар зэпаубыдащ.

Псэлъыхъухэм яку дэмыхьэн щхьэкIэ, Къанокъуэ Етэч жиIащ:

– Си шыпхъум и унафэр езым ирещI, абы къыхихымкIэ сыарэзыщ.

Ар жиIа щхьэкIэ, Етэч арэзыуэ и шыпхъур Адылджэрий игъэкIуэсащ.

Аслъэнджэрий сабэр дрипхъеящ.

– КIуэсари зыгъэкIуэсари насыпыншэ хъуауэ флъагъунщ, – жиIащ абы.

Я ужь икIа хуэдэу зищIащ, ауэ и гур тIуми яхуэплъырти, Аслъэнджэрий абыхэм удын зэраридзын Iэмалхэр къиулъэпхъэщ зэпытт.

Аслъэнджэрийрэ Адылджэрийрэ зэрагъэкIужын мурад яIащ Iыхьлыхэм, ауэ ар Аслъэнджэрий и тхьэкIумэм иригъэхьакъым. Адылджэрийрэ Гуащэхужьрэ Шэшэным зыщагъэпщкIуащ. Ар игу техуакъым Аслъэнджэрий: и адэ къуэшыр, Адылджэрий и адэр, иукIащ.

Уарпрэ Инжыдж псыхъуэрэ дэс адыгэхэр лъэныкъуитI зэрищIыкIащ абы и ужькIэ – Аслъэнджэрий и телъхьэхэмрэ Адылджэрий къыдэщIхэмрэ. Хьэмырзокъуэ Аслъэнджэрийрэ Тамбий Аслъэнбэчрэ абрэджу ежьэжри абазэхэхэм яхыхьащ. ХыхьэхэкI зиIэ щIалэ бзаджэр, Аслъэнджэрий, абазэхэхэм щIэх дыдэ яхэсыхьащ, бгъэдыхьэпIэ зыхуимыгъуэтар Къанокъуэпщырт: а тIур щызэрихьэлIи къэхъурт, ауэ я гупэ зэхуагъазэртэкъым. Къанокъуэпщри иукIын къызэфIэнэнутэкъым Аслъэнджэрий, ауэ абазэхэхэмрэ беслъэнейхэмрэ ар къызэрыхуамыдэнур ищIэрти, зишыIэрт.

Аслъэнджэрий и гур зыхуэплъыпэр Къэрэмырзэ зэшхэрт – ер зи бжьэм къикIар ахэрауэ илъытэрт.

– Флъагъуркъэ а нэгъуей зэшитIыр зэрыщыкIар: шэшэн абрэджыр дэнэ хуейми яшэ, – жиIэрейт Аслъэнджэрий. – Урыс-

хэм псэхугъуэ къыдатыркъым, абы ищӀыӀужкӀэ а шэшэнри къытхаутӀыпщхьащ.

Нэкъарэ къыпхуэгъэпцӀэнт абыкӀэ! «Плъагъуркъэ ар зэщэр. Хейуэ зелъытэж езым, итӀани жэщ къэс инэрал Засс деж макӀуэ, – Нэкъарэ щыгъуазэт абы. – Къэрэмырзэхэ хэхэсущ зэрилъытэр, езыр дэнэ къыздикӀар? Къэбэрдейм къизыхуар урысхэрауэ жеӀэ. Ар пцӀыщ. КъэкӀуэсащ. Инэралым бзэгу хуихьурэ мащӀэ иригъэукӀа! Ди мыгъуагъэ псори къызыхэкӀыр дызэрызэкъуэмытыращ. Адыгэхэр лъэпкъ пщыкӀутӀ дохъури, жыг пщыкӀутӀым дыхуэдэщ, мэз дыщыхъунур тхьэм ещӀэ».

– ЛӀо, Нэкъарэ, узэгупсысыр? Зыкъысхуэбгъэгусэрэ?

– Хьэуэ. Ди Ӏуэху зыӀутыращ сызэгупсысыр: дызэкъуэткъым, дызэрыӀыгъкъым, – жиӀащ Нэкъарэ, гупсысэм къыхэкӀри. – Аращ тегушхуэгъуафӀэ дыщӀащӀар.

– Узахуэщ, – акъылэгъу хъуащ Хьэмырзокъуэр. – ИтӀани уи щхьэм фӀэкӀ укъэзымыгъэпцӀэжын слъагъуркъым. Пэжкъэ, Аслъэнбэч?

– Пэжым нэр ирещӀ, – жиӀащ Тамбийм.

– Ермоловым Къэбэрдейм кӀэ иритыху, дэ жьэгум дыдэсащ. «Ди деж къэсынукъым!» – аращ дызыщыгугъар. КъэбэрдеймкӀэ загъэнщӀын ди гугъащ. Абазэхэхэм, беслъэнейхэм, кӀэмыргуейхэм щхьэкӀэ бжьэдыгъухэмрэ шапсыгъхэмрэ жаӀэр фщӀэрэ?

– Урысхэм ящытхъумэфын я гугъэ хъунщ, – жиӀащ Тамбий Аслъэнбэч.



– Ардыдэрщ, – акъылэгъу хъуащ Хьэмырзокъуэр.

Абы Хьэжрэт Нэкъарэ дежьууащ:

– Аращ сигу щӀэныкъуэр. Къанокъуэпщми аращ жиӀэр. Шэджырей сокӀуэ, пщым деж. Гъусэ фыкъысхуэхъумэ, си гуапэщ.

– Къанокъуэпщымрэ сэрэ дызэрызэмыфӀыр уощӀэ, – жиӀащ Аслъэнджэрий. – Лей къызихащ, итӀани сигу ебгъэркъым. ФӀэхъус схуехыж.

Гуащэхужь къэкӀуэжауэ и дэлъхум, Къанокъуэпщым, и унэ зэрисыр яжриӀэн и гугъащ Нэкъарэ, аращхьэкӀэ зишыӀащ, шым елъэдэкъауэри зричащ.

– Шэшэн хьэжым дылъыгъэгъуазэ, – жиӀащ Хьэмырзокъуэм. – Дэнэ нашэсауэ пӀэрэ Къэрэмырзэ зэшхэм?..

* * *

ЖЕЙМ езэгъыртэкъыми, Торнау къэтэджыжащ, Шэрджэсым щилъэгъуар итхыжын щхьэкӀэ. СтӀолым бгъэдэтӀысхьа къудейуэ, подполковник Малышевскэр къыщӀыхьэри, конверт къыхуишияш:

– Мыр уэращ зейр, Тифлис къокӀ.

Тифлис къратхыкӀам еджэри, штабс-капитаным жиӀащ:

– Ди Ӏуэхум зехъуэж. Си унафэщӀхэр щыгъуазэкъым гъусэ сызэримыӀэжым.

– СыткӀэ сэбэп сыпхуэхъуфыну, зиусхьэн штабс-капитан?

– Гъусэ схуэхъун сыхуейщ, шэрджэсыбзэри урысыбзэри фӀыуэ ищӀэу, шэрджэсхэм дзыхьи кърагъэзу, пщӀэи къыхуащӀу.

– Апхуэдэ дгъуэтынущ.

– Хэт?

– Ло Мэмэтджэрий. Дзыхь худощI, уэ уи ныбжьынущ. Шэрджэсхэм пщIэ зыхуащI абазэ пщы лъэпкъым къыхэкIащ, урысыбзэкIэ уэрсэрщ, ТIуапсэ кIуэ гъуэгуми щыгъуазэщ.

Штабс-капитан Торнаурэ Ло Мэмэтджэрийрэ етIуанэ махуэм зэрыцIыхуащ, къащIэлъ Iуэхум тепсэлъыхьащ.

Штабс-капитаным жиIащ:

– Гъусэ дызэхуэхъун си гугъэщ.

– Ар гъуэгум къигъэлъэгъуэнщ, штабс-капитан.

– Узахуэщ, Ло и къуэ. Гъуэгуращ псори щагъэунэхур.

– Сызэрыноджэнур къызжепIамэ, си гуапэ хъунут, – пыгуфIыкIащ пщыр.

– Шэрджэсым Хьэсэн-бей хьэжыкIэ къыщызоджэ, сышэшэнущ зэращIэр. Хы Iуфэм сыщыIащ, Артокъуажэ сыкъокIыж. Ди Iуэхум тепщIыхьмэ, сэр щхьэкIэ абы нэхъыбэ пщIэну ухуейкъым – гъуэгум дыщызэрихьэлIэри дызэрыцIыхуащ. Уи гугъуехьыпщIэр зыхуэдизынур къызжеIэ.

– Подполковник Малышевскэм къызэрызжиIамкIэ, си адэ къуэшыр Вознесенскэ быдапIэращ щаIыгъыр. КъыздэIэпыкъуи, ар къысхуегъэутIыпщыж. Си адэ къуэшыр зыIыгъ къэзакъыр соцIыху: Петрусенкэ Григорийщ зэреджэр.



Торнау игу къэкIыжащ мэзым щыщIалъхьэжа къэзакъ щIалэм Петрусенкэ зэриунэцIэр.

– Вознесенскэ е Прочнэ Окоп дызэрыдыхьэ нэхъ хэлъынкъым: уи адэ къуэшыр щхьэхуит хъужынщ. Уэ ухьэзырмэ, пщэдей нэхущым дежьэнщ.

– ЗэрыжыпIэщ, Хьэсэн-бей хьэжы. Гъусэ пэж дызэхуэхъун си гугъэщ.

– Гъуэгу кIыхь къытщIэлъщ, гъуэлъыжыгъуи хъуащ. НэхулъэфI укъикI, – жиIащ Торнау.

Пщыр щIигъэкIыжа нэужь, штабс-капитаныр егупсысащ: «Дзыхь хуэпщI хъуну абы? ЩIэх дыдэ щхьэ арэзы техъуа ар а Iуэху шынагъуэм? И адэ къуэшыр хуит къищIыжын щхьэкIэ, хьэмэрэ и щхьэм и сэбэп зыпылъыр? Захуэу къыщIэкIынкIэ мэхъу тыркухэр. Я щIым и къулеигъэмрэ и дахагъэмрэ щигъэкIащи, я щхьэм зыри иралъытыркъым шэрджэсхэм – аращ тыркухэм жаIэр. Ауэ ахэр лIыгъэ зыхэлъ лъэпкъщ, лэжьэрейхэщи, зыщIрагъэхыркъым, гуащIафIэщ, я хуитыныгъэр зыми дагуэшынукъым. ЗэрыIыгъкъым – ар пэжщ, зэгурыIуэркъым. Ерыщ защIэщи, Урысейм къыпикIуэтыркъым. Абы гурыIуамэ, езыхэм дежкIэ нэхъ сэбэпт… Хэт хъуну-тIэ мы пщыр – Ло Мэмэтджэрий? Псалъэжьыр зыщумыгъэгъупщэ: дзыхь хуэщI, итIани, хуэсакъ.

Гъуэгум щедзакъэри, махуэ псом епсыхакъым Торнаурэ Ло Мэмэтджэрийрэ, хы Iуфэм Iутурэ я гъуэгур хагъэщIащ. БэIутIэIу Iууакъым. Хэт къахуэзами, Ло Мэмэтджэрий псоми къацIыхурт, щIалэ пэтми, зыкъыхуагъэщхъырт, фIэхъус кърахырти, блэкIырт, псалъэ закъуэтIакъуэ нэхъ зэпамыдзIауэ. Штабс-капитаным Ло Мэмэтджэрий пщIэ нэхъ хуищI хъууэ къыфIэщIащ.

Тырку ефэндыр, Абдулыхь, игу къэкӀыжащ штабс-капитаным.
– Абдулыхь ефэндым и хъыбар щызэхэпха фи хэкум? – еупщӀащ Торнау пщым.
– И щхьэкӀэ сцӀыхуркъым, – жиӀащ пщым, – ауэ и хъыбар куэд зэхэсхащ. Шэрджэсым щыцӀэрыӀуэщ. Уэ дэнэ щыпцӀыхурэ ар?
– Ахъчыпсоу дыщызэрыцӀыхуащ.
– Дауэ къыпщыхъуа-тӀэ?
– Ислъам диным цӀыхур зэрыхуиущийм гу лъыстащ.
– Аркъудей си гугъэкъым зи ужь итыр. Дин Ӏуэху зэрихуэ зищӀурэ, цӀыхур урысхэм яреушт.
– Уи упщӀэм уэ езым жэуап ептыжащ, – дыхьэшхащ штабс-капитаныр. – Ди псалъэ зэтохуэ: сэри аращ жысӀэр… Пшапэр зэхэмыуэ щӀыкӀэ, жэщыр щитхын егъэзыпӀэ гуэр къэгъуэтын хуейщ.
– Ар содэ. ИтӀани зы сыхьэтыпэ зыдгъэпсэхурэ гъуэгум хэдгъэщӀмэ, нэхъыфӀкъэ?
– Хьэуэ, гъуэгур махуэм ткӀумэ нэхъ къэсщтэнущ, дыздэкӀуэр слъагъун щхьэкӀэ.
– КъызгурыӀуащ, – абы къыфӀигъэкӀакъым Ло Мэмэтджэрий.
Жэщым загъэпсэхури, я гъуэгу техьэжащ штабс-капитанымрэ Ло Мэмэтджэрийрэ, ТӀуапсэ къызэранэкӀри Пшехэ и сэмэгурабгъу псы Ӏуфэм техьащ. Гъэмахуэм чэнж хъуа псым гугъу дехьакъым, абы зэпрыкӀри, Кхъужьыпс псыхъуэ къащыпэплъэ абрэджитӀым, Щоджэнымрэ Маргъуэщымрэ яӀущӀащ. Абыхэм къыжраӀащ Хьэмырзокъуэ Аслъэнджэрийрэ Тамбий Аслъэнбэчрэ Хьэмырзэхьэблэ зэрырагъэблэгъар – абы абазэхэхэр къащыпоплъэ.
Пщым и унэӀутым хьэщӀэщым гъуаплъэ тас, къубгъан, напэӀэлъэщӀ къихьри заригъэтхьэщӀащ.
– Дишхэр шы фӀэдзапӀэм бгъэдэтщ, уани трахакъым, – жиӀащ Мэмэтджэрий, щхьэгъубжэм дэплъри. – Езы Хьэмырзокъуэр щхьэ къимыхьэрэ хьэщӀэщым, адыгэ хабзэр щыгъупщэжауэ ара?
– ЗыгуэркӀэ шэч пщӀырэ?
Мэмэтджэрий псалъэ къыпидзыжыну хунэсакъым – хьэщӀэщым Тамбий Аслъэнбэч къихьащ.
– Къеблагъэ, Хьэсэн-бей! – фӀэхъус къарихащ абы. – Си пщӀыхьэпӀэ къыхэхуатэкъым мыбы дыщызэрихьэлӀэну. Си гуапэщ, Мэмэтджэрий, уэри узэрыслъэгъуар. Сытым фызэхуишауэ пӀэрэ фэ? Хы Ӏуфэм фыщызэрихьэлӀагъэнщ, дауи. Къэрэмырзэ зэшхэр Ахъчыпсо зэрыщыӀэми сыщыгъуазэщ. Си жылэм, Тамбийхьэблэ, фезгъэблэгъэн си мурадщ. Пщым и хьэщӀэщым фисшэ хъунукъым, абы абазэхэ тхьэмадэхэр щызэхэсщ, зодауэри.
– ЛӀо, щӀызэдэуэн Ӏуэху къалъыкъуэкӀа абазэхэ тхьэмадэхэм? – щӀэупщӀащ Ло Мэмэтджэрий.
– Хьэмырзокъуэмрэ сэрэ урысхэм я дежкӀэ зедгъэбэн хуэдэу зэхахащ абазэхэ тхьэмадэхэм. Ар пэжрэ пцӀырэ зэхагъэкӀын щхьэкӀэщ къыщӀэкӀуар… Си ерыскъым уелъэпауэрэ, пщы? Си хьэщӀэщ унихьэн щӀумыдэр сыт?
Мэмэтджэрий пыдыхьэшхыкӀащ, и Ӏэр иӀэтри.



3 Заказ №377

– Куэд щIащ пщым и хьэщIэщым дызэрисрэ, дызыхуагъэныкъуаи щыIэкъым, ауэ езы пщыр иджыри къэс къытлъыгъуэзакъым. ХьэщIэ зэриIэр дощIэ, дяпэ къыхуепсыхауэ, – жиIащ Мэмэтджэрий. – Мыбы дыкъищхьэрыуауэ аракъым: Хьэмырзокъуэмрэ Тамбиймрэ нытпрагъажьэри дыкърагъэблэгъащ. МыбыкIэ къыдэддзыхын мурад диIакъым.

Зыри зэхимыхауэ фэ зытригъэуащ Тамбийм:

– Адыгэ хабзэм фIы куэд хэлъщ, ауэ, дызэрыщыгъуазэщи, хьэщIэр куэдрэ щысмэ, бысымым къаIэщIоужагъуэ. ХьэщIэр шхэмэ, бжэм йоплъ жыхуаIэращ. Дышэсыжынумэ, и чэзу хъуащ. Хьэмырзокъуэр Iуэхум щыгъуазэщ, пщэдей си хьэщIэщым нихьэнущ езыр.

Тамбий Аслъэнбэч ежьэжа нэужь, штабс-капитан Торнау щIэупщIащ:

– ДыщIэгузэвэн плъагъуркъэ иджыри?

– Ди бысымхэр сигу ирихьыркъым. Абазэхэ тхьэмадэхэм щхьэкIэ Тамбийм жиIар си фIэщ хъуркъым.

– ЛIо тщIэнур? – зыкъиIэтыжащ штабс-капитаным. – НэгъуэщI гуэри къыбжиIагъэнкъэ Тамбийм?

– Сэ уэ зыри пщызбзыщIыркъым, – жиIащ пщым, Торнау зыхуигъэгусэу фэ зытригъэауэри. – БжесIэр уи фIэщ щIы.

– Сэ дзыхь пхузощI уэ. Зи ужь дит Iуэхур хэплъэгъуэщ, дыщэнауи дыIэрпхъуэри хъунукъым.

Щоджэным и щхьэр бжэ дамэдазэм къыдигъэжащ:

– Ди хьэщIэ лъапIэхэ, дыныфпоплъэ.

Тамбий Аслъэнбэчрэ и гъусэхэмрэ шэсри гъуэгу техьащ. Тамбиймрэ штабс-капитан Торнаурэ япэ итщ, абыхэм якIэлъоIэ Ломрэ Щоджэнымрэ. Шу кIашэр Маргъущырщ.

Мазэр изщ, жэщыр бзыгъэщи, узытеувэр IупщIу уолъагъу. Вагъуэхэр мэлыд.

– Шэшэн уафэри бзыгъэ хъунщ мыпхуэдэ жэщым, Хьэсэн-бей, – Тамбийр хьэщIэм хуеплъэкIащ.

– Уафэр дэни щызэхуэдэ хъунщ жэщ бзыгъэм, – къыпидзыжащ штабс-капитаным.

Чыцэм шууитI къыхэбэкъукIащ. Я гугъу къащIакъым – благъэкIащ.

– Жэщыбгым сыт мыбдей щащIэр? – жери, Тамбий Аслъэнбэч шыр къыжьэдикъуащ. – Гъуэгур дэгъэзеигъуэ задэ хъунущ иджыпсту. Шыныбэпхыр щIэткъузэнщ.

А дакъикъэм къакIэлъыса шухэм штабс-капитан Торнау уанэгум кърачащ, ираудри и Iэхэр япхащ.

И щхьэр къиIэтри, Тамбийм къыхудэплъеящ штабс-капитаныр.

– ЛIо, штабс-капитан, укъэуIэбжьа? КIэ бгъуэтащ, ди щIыр лъэ мытхьэщIкIэ бутэнкъым афIэкIа. Щоджэн, мыбы и хьэжы пыIэ нэпцIыр къыщхьэрычи, Ло Мэмэтджэрий щхьэрытIагъэ: ирепэм джаурым и пщIэнтIэпсым! Аращ къумалым хуэфащэр!

Штабс-капитаныр къыдэпсэлъеящ:

– Уи насып къыстекIуащ ныжэбэ. Уэращ къумалыр, сэракъым.

– ЗэтепӀэ уи тӀуалэр! Уэ къыпщӀэсхынуращ сэ си нэ къызыхуикӀыр. Стефхам хуэдиз къыпщӀэзмыхмэ, си напэр фӀыцӀэщ! Уи жыпым сыт илъми, къащтэ мыдэ!

– Зыри уэстынукъым. ЛӀыгъэкӀэ скӀэрыфхращ уи Ӏыхьэр.

– Къэфщ мыр! Мо къумалри къэфщ!

Торнау къащащ, и жыпхэм къранаӀакъым, чысэри дагъэкӀуащ. Тамбийм унафэ ищӀащ:

– Тамбийхьэблэ фхьы мыхэр!

ЯгъэкӀэсри, штабс-капитанымрэ Ло Мэмэтджэрийрэ ирахьэжьащ.

Шытхыр къаухауэ, Кхъужьыпс и ижьырабгъу Ӏуфэм жылэ къыщалъэгъуащ. Тамбийм и пщӀантӀэм дахьащ кӀэсхэр.

– Урысыр хьэщӀэщым фшэ, пщыр щӀыунэм ивдзэ! – унафэ хуищӀащ Тамбий Аслъэнбэч унэӀутым. – Пэшыр вгъэплъ.

Штабс-капитаныр хьэщӀэщым щӀашащ, и Ӏэр зэрыпхауэ.

Тамбийр хьэщӀэщым къихьащ.

– Ди хьэщӀэм и Ӏэр фтӀатэ, – жриӀащ пщым и унэӀутым, Бэчыр.

Торнау и Ӏэр Тамбийм хуишияш:

– ГъэпцӀагъэкӀэ сыбубыдащ, уэ тӀэтэж си Ӏэр.

– Сэ сыпщщ, уэ узикӀэсщ – ар зыщумыгъэгъупщэ. Хьэмэрэ къэхъуар иджыри къэс къыбгурымыӀуауэ ара? – ар жери, Тамбийм штабс-капитаным и Ӏэм илъ кӀапсэр къамэкӀэ зэпиупщӀащ. – Куэдрэ зыкъыспэщӀэпсэнумэ, мы къамэмкӀэ уи къурмакъейр зэпызупщӀынщ!.. Уи дзэлыфэр щхьэ къысхуэптӀрэ – сыбдэгушыӀэ уи гугъэ?

– Тамбий Аслъэнбэч адыгэ хабзэми пщы хабзэми ебэкъуэнукъым – аращ сэ уэр щхьэкӀэ зэхэсхар. Иджы сыноплъри, мыжьыкъым урещхьщ. Уи унэӀутым зэхихыу ар зэрыбжесӀэр уи щхьэм ирумыгъэажэ, – щӀэнэкӀащ штабс-капитаныр пщым.

– Бэчыр урысыбзэ къыгурыӀуэркъым, умыгузавэ. Ермоловым хабзэ къыткӀэлъызэрихьа?

– Игу къебгъэри, пащтыхьым ар Кавказым иришыжащ.

– Инэрал плъыжь Засс е Вельяминовыр абы нэхърэ нэхъ щӀагъуэ? Уи щхьэщэхужыпщӀэм и Ӏуэху зепхуамэ нэхъыфӀт.

– Иджыри бжызоӀэ, щхьэщэхужыпщӀэ зыми сщӀитынукъым сэ. Ар зыми хуэздэнукъым. Сыофицер къудейкъым сэ, уэ нэхърэ нэхъыкӀэм сыкъилъхуакъым. Сэ сыкъызэрыхъуар нэмыцэ уэркъ унагъуэщ.

– Засс урилъэпкъэгъущ жоӀэ! Уэ ущыофицеркӀэ икӀи ущыуэркъкӀэ, уаситӀ къыпщӀэсхынщ!

– Щай фӀыцӀэжьи къысщӀэпхынкъым.

– КъыпщӀэсхынщ. Сытми къыпщӀэсхын! – жиӀащ пщым, къэтэджыжри. – Бэчыр, мы джаурым пӀэ хуэщӀ. Уи нэри тумыгъэкӀ.

– Ло Мэмэтджэрий лей иумых, а зымкӀэ сынолъэӀунущ. Лажьэ иӀэкъым абы. И адэ къуэшым къылъежьауэ арат ар, – жери Торнауи къызэфӀэуващ.

– Абы щхьэкӀэ умыгузавэ. Уи щхьэращ узэгупсысынур, – жиӀащ пщым. – ДапщэкъыпщӀатынур? Тырку тутын къабзэ къыпхуезгъэхынщ, ефэ.

«ЩхьэщэхужыпщIэ къудейкъым мыбы зэрахуэр, – егупсысащ штабс-капитан Торнау, пщыр щIэкIыжа нэужь. – Пщэдей Хьэмырзокъуэм сыхуэзэмэ, ар зэзгъэщIэнщ. Къэрэмырзэ зэшхэм сащыгугъынщ, ауэ си хъыбар абыхэм щызэхахынур дапщэщ? Сэ схуэдэщ ахэри – шэрджэсхэм я хамэщ. Нэкъари, Жансити, Бэлэтокъуэми я гугъу къысхуищIащ генерал Засс, дызэригъэцIыхуакъым армыхъу. Уи бийм дзыхь яхуэпщI хъурэ? ТIасхъэщIэх сакъылъежьауэщ зэрыжаIэнур... КъысщыщIамкIэ сэращ къуаншэр. Тамбийр зыщыгугъыр си щхьэщэхужыпщIэрщ. Ари зыгуэр хъунщ, иджыпсту зэгупсысыпхъэр мыбы сызэрикIуэсыкIыжа хъуну Iэмалырщ».

* * *

ШЫКIЭПШЫНЭМ и макъым къигъэушащ штабс-капитаныр. И нэм щIэIуэтыхьри джащ:

– Бэчыр!

– Сымис. – Тасрэ къубгъанрэ къыщIихьащ Бэчыр.

– Гъуэншэджри къысхуэхьыж.

– Пщым хуит сищIмэ. Зиусхьэныр къыппоплъэ, уздигъэшхэнущ. – Торнау зихуапэри пщым деж кIуащ.

– Урыс уэркъхэм пщэдджыжьым жьыуэ заужьыркъым жаIэу зэхэсхащ. Аращ иджыри къэс ныщIозмыгъэджар, – дэгушыIащ Тамбийр хьэщIэщым къихьа штабс-капитаным. – КъэтIыс, дызэдэшхэнщ.

– Ло Мэмэтджэрий слъагъуркъыми? – щIэупщIащ Торнау.

– Пщы къумалыжьым сыткIэ дыхуэныкъуэ иджыпсту? Абы и ныбэри ягъэныкъуэнкъым. Дышхэху, ди Iуэхуми дрипсэлъэнщ.

– Ло Мэмэтджэрий пщы лъэпкъым къыхэкIащ, ар умыгъэикIэ. Зы бзэм дримыпсалъэми зы дин зедмыхьэми, щыри пщIэ зиIэ лъэпкъхэм дакъыхэкIащ.

– Узахуэщ, урыс офицер, – пыдыхьэшхыкIащ Тамбий Аслъэнбэч. – ИтIани, зыщумыгъэгъупщэ уи Iуэхур зыхуэкIуар. ДэракъымIэщэкIэ ныфлъежьар, фэращ. Iэщэм ириджэгуркъым. Ди хъым аргъей къихьащ, абы и уасэ къэкIуэнущ.

– Абы ущымыгугъ. Уи щхьэр къыумыгъэпцIэж.

– Узахуэкъым, барон. Лъыгъажэм ухэхутамэ, напэми цIыхугъэми пщIэ яIэжкъым. Уи щхьэр хэплъхьэмэ, псори къыпщIэныжащ. Ахъшэращ иджыпсту нэхъапэр.

– Иджыри бжызоIэ: сэ къысщIэпхынуIакъым. Ло Мэмэтджэрий къызбгъэдумыгъэтIысхьэмэ, уи ерыскъым сыхэIэбэнукъым.

Тамбийр Iэнэм теуIуащ, пыдыхьэшхыкIри Бэчыр хуеплъэкIащ:

– Хъунщ. Бэчыр, пщым къеджэ!

УнэIутым Ло Мэмэтджэрий къриджащ.

– Iэнэм къэтIыс, – жиIащ Тамбийм.

Мэмэтджэрий тIысын идакъым.

– Мы урыс тIасхъэщIэхым игу умыгъэныкъуэ, къэтIыс.

Заулрэ щымри, Ло Мэмэтджэрий жиIащ:

– Ди хьэщIэм игу згъэныкъуэн мурад сиIэкъым, сыхуэарэзыщ, фIыщIэ хузощI. Ауэ Тамбий Аслъэнбэч зыбгъэдэс Iэнэм сыщетIысэхынукъым, си щхьэм еспэсыркъым: хьэщIэм кIэлъызэрахьэ адыгэ хабзэр пкъутащ уэ.

– Узахуэщ, Мэмэтджэрий. Дыгъуэпшыхь сынокъуэншэкIащ. Си пщIыхьэпIэ къыхэхуакъым фызэрымыщIэу гъусэ фызэхуэхъуауэ. Куэд щIауэ зи лъэужьыр къетхуэкI урыс офицерми аращ жиIэр. Пэжщ, адыгэ хабзэм уебакъуэ хъунукъым, губгъэн къэпхьыну ухуэмеймэ. Нэхъыжьым къыбжиIэм едаIуэ. КIэс тщIа урыс офицерыр къэдгъэсэбэпынщи, быдапIэм даубыдауэ дэс уи адэ къуэшыр хуит къэтщIыжынщ. Штабс-капитанми дызыхуейм хуэдиз къыщIэтхынщ.

Торнау Мэмэтджэрий нащхьэ хуищIащ: «ЕдаIуэ».

– УкъыздэIэпыкъун мурад ущиIэкIэ, фIыщIэ пхузощI. Гъуэгум гъусэ къыщысхуэхъуам и зэран сылъыхъуэркъым сэ, къызылъежьами сыщыгъуазэкъым, – жиIащ Ло Мэмэтджэрий.

Тамбий Аслъэнбэч унафэ ищIащ:

– Уэ, штабс-капитан, кIэс узэрысщIар, си унэ узэрисыр птхынщ, птхар Ло Мэмэтджэрий Прочнэ Окоп ихьынщ. Абы щIыбгъунщ Ло Мэмэтджэрий и адэ къуэшыр Засс къиутIыпщыжын зэрыхуейр.

Пщэдджыжьышхэ нэужьым штабс-капитан Торнау тхылъитI итхащ. Зым иритхащ: «ТIуапсэ кIуэ гъуэгум абазэхэхэм сыщаубыдащ. ПщIэ къысщIумыт – аращ сызыубыдар къызэрысщыгугъыр. Си щхьэр сэр-сэру хуит къызэрысщIыжыным сыпылъынщ». ЕтIуанэм иритхащ: «Мы тхылъыр нэзыхь Ло Мэмэтджэрий и адэ къуэшыр Вознесенскэ быдапIэм щаIыгъщ. Ар хуит къэпщIыжыну сынолъэIу».

Тамбий Аслъэнбэч тхылъым къеджэфынутэкъым, итIани къеджауэ фэ зытригъэуащ, зэпиплъыхьри.

– Брагъун Мишкэ къысхуевджэ, – жиIащ Тамбийм.

Ар къыщIыхьэри, фIэхъус къарихащ:

– Фыкъеблагъэ, ди хьэщIэ лъапIэхэ. СыткIэ укъысхуей хъуа, Тамбий и къуэ?

– Дыпхуейщ. Дауэ фыпсэурэ? Уи къуэхэри уэри?

– Тхьэр фIыкIэ къыпщIэупщIэ. ДыIейкъым.

– Ди кIэсым езгъэтха тхылъхэм къысхуеджэт, Мишкэ.

Мишкэ тхылъитIми нэкIэирижэри, Тамбийм и пащхьэ ирилъхьэжащ.

– Тхьэр арэзы къыпхухъу. Уи щхьэ ухуитщ.

Ар щIэкIыжа нэужь, Тамбийм Ло Мэмэтджэрий зыхуригъэзэкIащ:

– Укъызэрызгъэгугъар пхуэсщIащ. Гъуэгу утехьэ хъунущ.

– Сыхьэзырыпсщ.

– Бэчыр, уи къуэшымрэ уэрэ Ло Мэмэтджэрий быдапIэм нэвгъэс, къэзакъ плъырхэм яIэщIэфлъхьи, къэвгъэзэж. Умыгузавэ, Ло Мэмэтджэрий и хэгъэрейщ а къэзакъхэр. Фежьэ иджыпсту.

– Ди адэм имыщIэу дауэ хъун?

– Шыдыгъу къэзакъхэм я деж е Беслъэнейм фыщыкIуэкIэ фи адэм жефIэрэ?

– Ди адэм хуит зыкъедмыгъэщIауэ хъурэ – дыадыгэкъэ дэ?

– Мэрзухъай къевджэт, – унафэ ищIащ Тамбийм.

ЛIыжь хэщIыхьа, и пащIэ-жьакIэ зэщIэтхъуауэ, къихьащ хьэщIэщым. Хабзэм ипкъ иткIэ, пщитIри къэтэджащ. Штабс-капитанми зыкъиIэтащ. ФIэхъус къарихри, Мэрзухъай щIэупщIащ:

– СыткIэ укъысхуейт?

– Iэнэм къэтIыс. СыщIыпхуейри бжесIэнщ.

«ЩIалэм зыгуэр IэщIэщIауэ пIэрэ?» – аращ лIыжьым и гур япэ здэжар:

– ЩIалэм уигу зригъэбгъа, Аслъэнбэч?

– Хьэуэ. Уи къуэм сыхуэарэзыщ. Нэмыс хэлъщ. Си Iэнэм щысхэр хьэщIэ лъапIэщ.

– Я хъыбар зэхэсхащ. СыткIэ сэбэп сыпхуэхъуфыну?

– Мыращ Iуэхур зытетыр, Мэрзухъай. Мы урыс офицерыр си унэм къызнэн мурад сщIащ. Ло Мэмэтджэрий лIыкIуэ сщIынущ, урысхэм я деж согъакIуэ. Лом гъусэ хуэсщIынут уи къуэхэр – Бэчыррэ Мыхьэмэтрэ. Уэ хуит пщIымэ.

– Дзыхь къысхуэпщIмэ, Мыхьэмэт и пIэкIэ Бэчыр сэ гъусэ сыхуэхъунт, – жиIащ Мэрзухъай, заулкIэ гупсыса нэужь.



– Дзыхь дауэ пхуэзмыщIынрэ уэ? Уи ныбжьыращ сызэплъыр армыхъу. КъохьэлъэкIынкъэ?

– Псыжь адрыщI е Шэткъалэ зекIуэ дыщыкIуэм деж си ныбжьым ущIэупщIэрэт уэ, Тамбий и къуэ? КIуэ, щIалэ, шым уанэ схутелъхьэ, – жриIащ Мэрзухъай и къуэм.

* * *

ХЪЫБАРЫМ дамэ тетщ, мэлъатэри жылэм хэз мэхъу. Штабс-капитан Торнау кIэс зэрыхъуам и хъыбар щIэх дыдэ щыIуащ Прочнэ Окопи, Шэткъали, Бжьэдыгъукъали. Хъыбарыр здынэмысар Тифлист…

Кхъужьыпс шытхым щхьэдэхри, Мейкъуапэ деж Щхьэгуащэ псым зэпрыкIащ.

Мэрзухъай лIыжьымрэ Ло Мэмэтджэрийрэ зэбгъурытщи, псалъэ закъуэтIакъуэ зэпадзыж фIэкIа, псалъэмакъ куум хыхьэркъым. А тIум я ужь итщ Бэчыр. Псым зэпрыкIа нэужь, пшапэри зэхэуэрти, епсыхащ. МафIэ ищIри, Бэчыр IукIуэтащ, хъуным хаутIыпщхьа шыхэм ялъыгъуэзэн щхьэкIэ.

Бжьыхьэ пшыхьыр хуабэт, итIани, мафIэм бгъэдэсхэм зыхащIэрт бгыщхьэмкIэ къриху жьы щIыIэтыIэр. Вагъуэхэр къитIысхьащ, мазэр жыгыщхьэм къыкъуэплъащ.

Мэзым хэс жылэм хьэ банэ макъ къыдоIукI, дыгъурыгъуури зэзэмызэ маджэ. Дыгъужьыр щыпщIэум, шыхэм я тхьэкIумэр ирасэри, хэпырхъыкI хъуащ.

– ЩIыпIэ игъуэджэщ дыщепсыхар, – жиIащ Мэрзухъай. – Илъэсищ ипэкIэ, къэзакъхэм шы зыбгъупщI къафIетхужьауэ

дыкъыздэкIуэжым, беслъэней абрэджхэм дапэщIэхуауэ щытащ. Къыдэбгъэрыкlуэн я мурадащ, ауэ Тамбий Аслъэнбэч къызэрыт-хэтыр къыщащIэм, кIэбгъу защIыжри, ди ужь икIыжащ.

– Тамбийр зэрыхахуэри лIыгъэ зэрыхэлъри зэхэсхауэ сощIэ, ауэ сэ адыгагъэ къыскIэлъызэрихьакъым, – жиIащ Ло Мэмэтджэ-рий, игу пщым зэребгъар хущIэмыхъумэу.

– Дэ, абазэхэхэм, дэнэ щытщIэн пщыхэм я шыфэлIыфэ псор … Уа, щIалэ, – и къуэм еджащ Мэрзухъай. – Шыхэм уанэ ятелъ-хьэж. Куэдщ зэрызыдгъэпсэхуар.

– Мазэгъуэ нэхущ, ди адэ. Дыгъужьми я етэгъуэщ, – жиIащ Бэчыр.

– Дыгъужьым дапэлъэщынт, дзыхь зытезмыщIэр Хуарз псы-хъуэ щызеуэ мэхъуэш абрэджхэрщ. Дысакъын хуейщ. Шыныбэп-хыр нэхъ щIэкъузэ – къэхъуну псор хэт ищIэрэ?

– ЗэрыжыпIэмкIэ, Мэрзухъай, къэхъуIамэ, щхьэж и щхьэр зэ-рыхихыфщ, – пыдыхьэшхыкIащ Мэмэтджэрий.

– Узахуэщ, тэмэму къыбгурыIуащ, – дыхьэшхащ лIыжьыр. – КъыттеуэIамэ, щхьэж и лIыгъэ къызэрихьщ… Дзыхь пхуэсщIыщэркъым уэ, итIани, Тамбийм си пщэ кърилъхьар згъэзэщIэнщ. ЗекIуэм щызгъэунэхуауэ сощIэ абы лIыгъэ зэры-хэлъыр, зэрыцIыху пэжыр.

– Езы Тамбийри апхуэдэу къыббгъэдэт? – нэхъыжьым и сэмэ-гурабгъуур иубыдащ Мэмэтджэрий, шэсыжа нэужь.

– Адрейхэм ялейуэ пщIэ къысхуимыщIатэмэ, уэ гъусэ сыпхуищIынт?

– Ари пэжщ. ИтIани, тхьэмадэ, согъэщIагъуэ уи ныбжь хэкIуэтарэ пэт абы гъусэ укъыщIысхуищIар.

– Дяпэ нищ бжесIакъэ, щIалэ! – и къуэм хуэхъущIащ Мэрзу-хъай.

Бэчыр япэ ищащ. Езы тIум я закъуэ хъуа нэужь, Мэрзухъай жиIащ:

– Ло и къуэ, урыс афицарымрэ уэрэ фяку дэлъыр сымыщIэ уи гугъэ уэ. Къэзакъхэм я деж си щIалитIыр бутIыпщын уи мура-дакъэ уэ? Уи мурадащ, аращ узэщар!

– Тхьэмадэ!..

– Си ныбжьым унэсмэ, къэпщIэнщ тхьэмадэ жыхуаIэр, – ехъурджэуащ лIыжьыр Мэмэтджэрий. – Урыс тIасхъэщIэхыр пэщIэщIэгъу пщIын хуеякъым.

– Си адэ къуэшыр хуит къэсщIыжын хуейти…

– Щыгъэт! Сыхуейкъым апхуэдэ псалъэ зэхэсхыну. Уэри уи адэри фриуасэкъым Къэлэбатэ!

– Си адэ къуэшыр пцIыхурэ уэ? – игъэщIэгъуащ Лом.

– СоцIыху! Къэзакъхэм дащытеуэкIэ Iэджэрэ гъусэ къытхуэ-хъуащ. УIэгъэ сызэрыхъу лъандэрэ дызэхуэзэжакъым. Уи адэ къуэшыр гъэр зэрыхъуар Тамбийращ къызжезыIар.

– Тамбиймрэ абырэ зэрыцIыхурэ?

– ЗекIуэм зэрэ-тIэурэ щызэрихьэлIащ, ауэ я гупэ зэхуагъэ-закъым. Уи адэр урысхэм зэракIуэгъужэгъур Тамбийм фIэфIыщэ хъункъым.

– Тамбийм игу къыщIысхуэмыфIыр арагъэнщ, – жиIащ Мэмэтджэрий. – Ауэ дэнэ щищIэрэ абы си адэмрэ си адэ къуэшымрэ урысхэм я IуэхукIэ щIызэгурымыIуэм и щхьэусыгъуэр?

– Апхуэдэу щыжыпIэкIэ, уи адэ къуэшыр хуит къэпщIыжыныр уи фIэщщ.

– Си фIэщщ, ар си пщэм къыдохуэ. Аращ гъуэгу сыщIытехьар. Тамбийм шэч къысхуещI, сызэхищIыкIыркъым.

– УзэхищIыкIынукъым, Къэбэрдейм щаIа я лъапси я мылъкуи урысхэм фIаубыдащи. Я щхьэр кърахьэжьэри, Уарп псыхъуэ къыдэтIысхьащ, абыи щагъэзэгъакъым, Абазэхэм къэкIуэн хуей хъуащ.

Мэрзухъай заулрэ щымащ, итIанэ и псалъэм пищащ:

– БжезмыIапхъи бжесIэнщи, Абазэхэми фIыуэ щалъагъуркъым ахэр, хамэущ зэралъытэр.

«ЦIыху гъэщIэгъуэнщ мы лIыжьыр, – жиIащ Мэмэтджэрий игукIэ. – Iей лъэпкъ хужиIакъым Тамбийм. Иджы жиIэм еплъ: Тамбийри Хьэмырзокъуэри Абазэхэм фIыуэ щалъагъуркъым, хамэущ зэралъытэр. Си адэ къуэшым и фIыцIэ жиIэурэ, дзыхь зыхузигъэщIын и мымураду пIэрэ? Бэчыри бзаджэ гуэр хуэдэщ: зыри къыфIэмыIуэхуу фэ зытригъэуауэ, къыткIэщIодэIухь, и нэр и адэм тригъэкIыркъым… Псоми ди псалъэр IэфIщ, дигукIэ жытIэр нэгъуэщIщ армыхъумэ. ДызэгурыIуэркъым, зыр адрейм зэхищIыкIыркъым… Мы Iуэху мыщхьэмыпэм зэ сыхэкIыжащэрэт, адэкIэ къэхъунур кърехъу…»

– УвыIэт! – шыр къыжьэдикъуащ Мэрзухъай. – Зэхэпхрэ?

Мэмэтджэрий жэуап къритыжыну хунэсакъым: мэзым шууищ къыхэлъэтащ. Шууищым я зыр къицIыхужащ Мэрзухъай: Жансит-хьэжырщ.

– Гъуэгужь апщий, Мэрзухъай! Уэра мы слъагъур?

– Ущыуакъым.

– Хэт уи гъусэр? Уздежьари дэнэ? – лIыжьым Жансит-хьэжы къыбгъэдэкIуэтащ.

– Ло Мэмэтджэрий гъусэ сыхуащIащ. БыдапIэм нэзгъэсын хуейуэ Тамбий Аслъэнбэч си пщэ кърилъхьащ.

– Сыт къэзакъхэм я деж щыпщIэнур? – Жансит-хьэжы къеупщIащ Ло Мэмэтджэрий.

– ЩытщIэнышхуи щыIэкъым, – япэ зыкъригъэщащ Мэрзухъай. – Хуарз дызэпрыкIрэ Лабэ дынэсмэ, ди Iуэхур зэфIэкIащ.

– Абы щыгъуэ фи Iуэху фIы ирикIуэ! – жери Жансит-хьэжы IуигъэзыкIыжащ.

Мэрзухъай Ло Мэмэтджэрий Лабэ нишэсащ.

* * *

ЛАБЭ зэпрыкIа щхьэкIэ, и адэ къуэшыр щаIыгъ къэзакъ станицэм дыхьакъым Ло Мэмэтджэрий, абы хуемыпIэщIэкIми ягъэ мыкIыну илъытэри. Прочнэ ОкопкIэ иунэтIащ, шэджагъуэ хъуауэ генерал Засс деж щепсыхащ.

Пщыр къызэрыхуепсыхар генералым щыжраIэм, абы и пэшым щIэсым и фэм зихъуэжащ.

– ЛIо ар? – щIэупщIащ Засс. – Ло Мэмэтджэрий уэрэ фызэбий?

– ЗэфIу лIитI ибгъуэтэн Шэрджэсым иджыпсту? – жиIащ Къэрэмырзэ Тембулэт. – Си шынэхъыжьыр зыукIахэм яхэтащ Ло Мэмэтджэрий.

– ЗыгуэркIэ къыдэкъуэншэкIахэм я лъэужьыр зетхуэн щIэддзэмэ, псори дызэрыукIыжын хуей хъунущ, – пыдыхьэшхыкIащ генералыр.

– Дауи щрети, си лъы щIыхуэ зытелъым сыхуэмызэмэ нэхъ къэсщтэнущ.

– Ло Мэмэтджэрий игу щIэныкъуэм ущыгъуазэщ уэ: дэ дэщхьщ ари.

– Сэ си Iуэхур Гагрэ щызэфIэзгъэкIащ, – жиIащ Тембулэт, къызэрытехьар ерагъмыгъуейуэ щIиуфэри. – Уэрэ сэрэ ди щIыхуэ зэтелъкъым. Сэ мыбы сыкъыщIэкIуар Торнау щхьэкIэщ. Ар хьэшхыпIэ ихуащ, уэ уи щIыб хуэбгъэзэжащи, уил щIэузыркъым.

– Узахуэкъым, Тембулэт. Сэ укъызэхъурджауэкIэ си жагъуэ хъунукъым. Сигу темыхуэнур ар урысыдзэм зэрыхужыпIэрщ, – и пIэ къикIакъым Засс.

Пэшым Ло Мэмэтджэрий къыщIашащ. Зассрэ Къэрэмырзэмрэ зыкъаIэтащ.

– Абазэхэм къыщохъулIам дыщыгъуазэщ, – жери генералым шэнт къыхуигъэкIуэтащ пщым. – IуэхукIэ укъытхуэкIуа хъунщи, къыджеIэ.

– Тамбийм сыкъиIуэхуащ, генерал. Штабс-капитан Торнау лажьэ иIэкъым, уигу иумыгъабгъэ. СыдэIэпыкъуфакъым, аращ сигу къеуэр. ХьэмырзокъуэмрэТамбиймрэ дагъэхьэщIэ защIри къыдэбзэджэкIащ.

– Дзыхь къыпхуэзыщIар гъэрыпIэм къибнэри, уэ лъэныкъуэ зебгъэзыжащ, – къегиящ пщым Тембулэт.

– Уи насыпти, уэ къыпщыщIакъым ар. Пэжыр жысIэнщи, уэ яхуэпхьа хъыбарыращ абыхэм къещхьэпар, – къилъащ Ло Мэмэтджэрий.

– Уи жьэм дауэ къекIуэрэ ар? – зыхуэшыIэжакъым Тембулэт: ари къилъащ.

– ФыздэщыIэр зыщывмыгъэгъупщэ, зиусхьэнхэ! – Iэжьэгъу хъуащ генералыр. – Мыбдей зэщыхьэпIэкъым.

– Губгъэн къысхуумыщI, генерал. – Ло Мэмэтджэрий тхылъымпIитI хуишиящ Засс. – Тамбийм къыпхузигъэхьащ.

Зы тхылъымпIэм еджэри, генералыр Къэрэмырзэм хуеплъэкIащ:

– Уи ныбжьэгъу офицерыр къэтщэхужыну укъыдолъэIу. Мис езым къитхыр: «Абазэхэхэм гъуэгум сыщаубыдащ. НэгъуэщIым ар къыщымыщIын щхьэкIэ, щхьэщэхужыпщIэ сщIэвмыт! Сэр-сэру хуит сщIыжынщ си щхьэр».

– Си фIэщ хъуркъым! – шэч къытрихьащ Къэрэмырзэ Тембулэт. – Адрей тхылъымпIэм сыт итыр?

– Абы итым дыщыгъуазэщ уэри сэри. Ло Мэмэтджэрий дыдэIэпыкъуэжыфынукъым, – жиIащ генералым. – Абы и адэ къуэшыр дунейм ехыжащ, и хьэдэр шэрджэсхэм еттыжащ дыгъуасэ.

– Сыхунэсакъым жыпIэркъэ-тIэ, – и щхьэр игъэкIэрэхъуащ Мэмэтджэрий.

– Ло Къэлэбатэ адыгэлI нэст, – жиIащ Къэрэмырзэ Тембулэт, Мэмэтджэрий и Iэр иубыдри. – Жэнэтыр унапIэ Тхьэм хуищI. Зыр зым дыпэщIэуващи, аращ а псор ди натIэ щIэхъур. Бгъэкъуэншэнури пщIэркъым.

– АбыкIэ узахуэщ, – жиIащ генералым. – Iей фIэкIа фIы къытхухэкIыркъым ди зэныкъуэкъум. Уи адэ къуэшым сидыгъуу Абазэхэм сихьын мурад иIащ, арами сигу ебгъэркъым. ЛIыгъэ зыхэлъ цIыхут ар, губзыгъэт. И гъащIэр гъэрыпIэм зэрыщиухарщ игу къеуэр. Уэри уи адэри абы фызэрыхуэмылъэIуаращ згъэщIагъуэр.

– Абыхэм я лъэпкъым зэгурыIуэ илъакъым, генерал, – зыхуэшыIакъым Къэрэмырзэм, Лохэ я Iуэхум Засс зэрыщыгъуазэм шэч къытримыхьэ пэтми. – Къэлэбатэ щахэмытыжкIэ зэгурыIуэжынкIи мэхъу…

– Псым и IуфитIыр зэнтIэIурэ? – жиIащ генерал Засс, жэуапи пэмыплъэу и псалъэм пищащ: – Шэрджэсхэм яубыда штабс-капитаным сыт хуэтщIэфынур? Iэмал гуэр къэдгъуэтыфынт, Тифлисрэ Бытырбыхурэ къазэрыщыхъунуращ дымыщIэр армыхъу.

– Дауэ къащыхъуми, зыгуэр хуэдмыщIэу хъунукъым. ЩхьэщэхужыпщIэ щIэттын имыдэ щхьэкIэ, тхузэфIэкI псори хуэтщIэн хуейуэ къыттохуэ.



– Тамбиймрэ Хьэмырзокъуэмрэ зыщыгугъыр абы къыщIахыну щхьэщэхужыпщIэрщ, – жиIащ Мэмэтджэрий.

Генералыр щхьэгъубжэм бгъэдыхьэри Абазэхэ лъэныкъуэмкIэ плъащ.

– Махуэ зыщыплI, жэщри дэкIуэу, сыхуеинущ, абы и унафэр сщIын щхьэкIэ, – жиIащ Засс.

– АфIэкIа фыкъысхуэмеймэ, сэ сежьэжынут, – къэтэджыжащ Ло Мэмэтджэрий. – Ди адэ къуэшым и кхъащхьэр зэзгъэлъагъунущ.

– Сэри сыныбдэкIуэнущ, – къэтэджыжащ Къэрэмырзэри.

– Узахуэщ, пщыр и закъуэ гъуэгу тумыгъэхьэ, – акъылэгъу хъуащ Засс. – МахуитI-щы дэкIмэ, сыфхуеинущ.

* * *

ТАМБИЙМ, Хьэмырзокъуэм, штабс-капитаным я закъуэ хъуа нэужь, Аслъэнбэч жиIащ:

– Iуэхум щыгъуазэ тщIын хуейщ ди кIэсыр. Ди бзэр къыгурыIуэрэ мыбы?

– КъыгурыIуэ сфIощI.

– УрысыбзэкIэ къызжефIэмэ, нэхъ къызгурыIуэнущ, – пыдыхьэшхыкIащ штабс-капитаныр.

– Уи дзэлыфэр къытхуумытI алейкIи. Ппэдубыдыр къытхуэпщIэмэ, уи бзэмкIи дынопсэлъэнкIэ мэхъу. Уи Iуэху зытетыр фIыуэ къыбгурыIуэрэ уэ? – жьэхэплъащ Хьэмырзокъуэр штабс-капитаным.

– ГъэпцIагъэкIэ дыщывубыда жэщым къызгурыIуащ ар.

– ТIасхъэщIэх укъихьащ ди хэкум: уи щхьэфэм Iэ дэтлъэн уи гугъэ уэ?

– IэщэкIэ фыкъытпэувамэ, лIыгъэ зефхьауэ слъытэнт.

– IэщэкIэ дыфпэувыркъэ зэуакIуэ фыкъыщежьэм деж? – жиIащ Хьэмырзокъуэм. – Уэ кIэс ущIэтщIар къэрал Iуэху уи пщэ дэтлъхьэн щхьэкIэкъым. ДыщIыпхуейр нэгъуэщIщ. Дэ псори дыуэркъщ, уэркъ хабзэ щIыпкIэлъызетхьэри пщIэ щIыпхуэтщIри аращ. Абы къыхэкIкIэ дызэгурыIуэн хуейщ. Фэ дыфхъунщIащ дэ, ди хэкур фшхащ, тфIэфшхар уэ къодгъэпшыныжынщ.

– Тамбий Аслъэнбэч дэрэ дрипсэлъащ абы, – жиIащ Торнау. – Сызэрыпшынэн мылъку збгъэдэлъкъым сэ.

– Къулыкъу зыхуэпщIэ къэралым кърепшыныж, – жиIащ Тамбий Аслъэнбэч. – Уи тхылъыр Засс деж едгъэхьащ уи IупэфIэгъум – Ло Мэмэтджэрий.

– Иджыри зэ вжызоIэ: Ло Мэмэтджэрий си IупэфIэгъукъым, гъуэгум дыщызэрихьэлIауэ аращ. Абы и пэкIэ дызэрыцIыхуууи щытыххакъым.

– Къэрэмырзэ зэшхэмрэ Iимамымрэ хуэдэущ жоIэ, – пыдыхьэшхыкIащ Хьэмырзокъуэр.

– Ахэри гъуэгуращ гъусэ къыщысхуэхъуар.

– Уи жагъуэ сщIын мурад сиIэкъым, штабс-капитан, итIани, ирикъунщ ди щхьэр зэрыбудэгуар, – тэмакъкIэщI къэхъуащ Хьэмырзокъуэр. – Къэрэмырзэ зэшхэми Ло Мэмэтджэрии яхудиIуэху щыIэкъым. Ппэдубыдыр бжетIащи, къытхуэпщIэнщ. Мазэ пIалъэ удот.



– ПIалъэ кIыхьыIуэ ибот, – мыарэзыуэ жиIащ Тамбий Аслъэнбэч. – МазэкIэ хэт ар зыгъэшхэнур?

– Унафэр уэ щIы атIэ. Ар пфIэпIалъэ кIыхьмэ, и щэхужыпщIэм егъэужьэрэкI, – жиIащ Хьэмырзокъуэм урысыбзэкIэ. – Дэ дежьэжынущ, уи жэщ фIы ухъу…

* * *

ШЭТКЪАЛЪЭ кIуэуэ генерал Вельяминовым хуэзэн мурад ищIащ Засс. Ар Кавказ Ищхъэрэм ис урысыдзэм и Iэтащхьэт, штабс-капитан Торнау Абазэхэм ягъэкIуэн идэртэкъым абы. Засс щIэгузавэр арат: Торнау шэрджэсхэм зэрырагъэубыдам щхьэкIэ къыхуэхъуащIэнкIэ шынэрт. Дзэпщым сыт иджы жриIэнур, щхьэусыгъуэ ищIынури сыт? Иужьрей илъэсхэм апхуэдэ Iуэху мыфэмыц куэдым хэхуащ Засс, къыхэкIыжыфащи, иджыпсту игу щIигъэфIыр арат. Пащтыхьым и унафэ хэмылъмэ, Iуэхур Вельяминовми Розени зэрагъэзэхуэжыфынутэкъым. Розен дзыхь хуимыщIуи аратэкъым, итIани и пIэ изэгъэжыртэкъым: дауэ къыщыхъуну абы Торнау зэрагъэхутыкъуар – арат Засс щIэгузавэр.

Гухъыринэм ису гъуэгу здытетым, Засс и щхьэм Iэджэ щызэблэурт: Псыхуабэ дыхьэмэ нэхъыфI – абы генерал Розен зыщегъэпсэху. Хьэмэрэ… Вельяминовыр къеупщIынкIэ хъунукъэ… «Си Iизын хэмылъу щхьэ ухуэза абы?» Арыншами Вельямино-

выр къыхуэарэзытэкъым абы. «Сэ дауэ къысхущытми, ар генерал губзыгъэщ, лIыгъи хэлъщ. Шэрджэсхэр «инэрал плъыжькIэ» къоджэ абы, сэ къызэрызэджэрщ нэхъеижыр: шэрджэсхэм я щхьэпылъэ. Зауэм ущыхэткIэ, Iэджэ щIокI уи нэгу, Iэджэм уIуоуэ, лей зепхьэнкIи зыхуэIуа щыIэкъым. Дызэпэувауэ дызэроупщIатэ, зым адрейм худичыхыркъым. ПцIыр сыткIэ щхьэпэ: шэрджэсхэр цIыху гуапэхэщ, хьэщIагъэкIэ уащIыхьэнукъым. Хэт ущыщми, я унэ уихьакъэ – хьэщIагъэ къуахынущ, уагъэфIэнущ, пщIэ къыпхуащIынущ. УалъихьэрэIэщэр яхуэбгъэдалъэмэ, сакъ!.. Дауэ хъууэ пIэрэ штабс-капитан Торнау иджыпсту? Тхьэм къихъумэ жыхуаIэм хуэдэщ…»

– Дэнэ дынэса? – еупщIащ Засс гущхьэIыгъым.

Псыжь Iуфэ Iус Къэрэмызей нэблэгъауэ къыщIэкIащ. Къэрэмырзэ Тембулэт игу къэкIыжри, гухъыринэр къигъэувыIащ. Гухъыринэм къикIауэ, Псыжь адрыщIкIэ къиIукI макъхэр зэхихащ генералым: нэгъуей шухэр къехъуэнырт, къецIэнырт Засс, IэштIым къыхуащIурэ зэрыгъэкIийрт, сэшхуэхэр къыхуагъэдалъэрт.

Генералым къыгурыIуакъым: «Къэрэмырзэ Тембулэт зыщIэлъэIу и жылэракъэ мор? ИфI зыкърашэжаи хуэдэщ, итIани плъагъуркъэ зыкъызэрысхуащIыр! Шэткъалэ сыкъикIыжмэ, фэ фхуэфI сыхъункъэ сэ – щхьэ фыпIащIэрэ! Чингисхъан и биийхэм ярищIэу щытаращ мыбыхэм яхуэфащэр: я щхьэр пыупщIын хуейщ».



Барсуковскэ станицэм нэмыс щIыкIэ, гухъыринэм сэмэгурабгъумкIэ дидзыхащ, ШэткъалэкIэ иунэтIащ. Генералым игу къэкIыжащ а станицэм штабс-капитан Торнау къыдинауэ зэрыщытар, Iимам Гъазий хуигъэзэн щхьэкIэ. «Куэдым дыщыгугъырт абы щыгъуэ, зэрыхъуам еплъ иджы, – жиIащ Засс игукIэ. – Штабс-капитан Торнау гъэрыпIэм къитшынщ, дауи. Игу кIуэдыркъыми, ари фIыщ. ЗэкIэ дыщыгъуазэкъым Тамбиймрэ Хьэмырзокъуэмрэ зыхуейм. Нэхъапэм зыщIэлъэIуар яфIэдубыда мылъкуращ. Тхьэ къытхуиIуа щхьэкIэ, Къэрэмырзэм къытхуищIа щыIэкъым, абы дыкъыпыкIрэ Тамбийм депсэлъылIэмэ, нэхъ захуагъэщ».

Зэрыщымыгугъэауэ и кIэн Шэткъалэ къыщикIащ Засс. Торнау Абазэхэм зэрыщаубыдам Вельяминовыр щыгъуазэу къыщIэкIащ, губжьами, Засс щрихьэлIам щыгъуэ нэхъ теужаи хуэдэт.

– Си гум жиIэрт ар къызэрыхъунур, шэч сщIырт, – иригъэблэгъащ Вельяминовым Засс. – Унафэм сэ сыхуитамэ, шэрджэсхэм я деж згъэкIуэнутэкъым ар. Зи ужь дитар къыдэхъулIакъым – ар блэкIа Iуэхущ, пIалъэ къыхэдгъэкIынкъым иджы: штабскапитаныр хуит къызэрытщIыжыным дыпылъынщ. Дауи, нэхъыфIт, езыр къакIэщIэкIуэсыкIыжыфатэмэ.

– КъызгурыIуащ, зиусхьэн генерал.

– КъимыдэкIэ: я пщэ дэтлъхьар яхузэфIэкIакъым Къэрэмырзэмрэ Ло МэмэтджэрийрэДи щIыб яхуэдгъэзэнкъым абы щхьэкIэ, гу зылъедмыгъатэурэ мы Iуэхум пэIэщIэ тщIынщ. Штабскапитаным и хъыбар щэхуу къытхуэзыхьыфын исынкIэ хъункъэ Абазэхэм?

– Исщ, зиусхьэн генерал, ауэ абы и цIэр зыщIэр си закъуэщ. Ухуеймэ, бжесIэнщ. Ар си щэхущ.

– Хьэуэ, къызжумыIэ. Уи щэхущи, хэIущIыIу умыщI.

– НобэкIэ дзыхь хузощI абы. Пщэдей къызэрыщIидзынур дэнэ щыпщIэн?

Вельяминовыр Засс бгъэдэкIуэтащ, и нэм щIэплъэри еупщIащ:

– Дзыхь зыхуумыщIым хуэфащэр пщIэркъэ? Бжэгъум фIэпIуауэ фIэлъ щхьэхэр зеям епщIаращ хуэфащэр. Сэ хуит узощI абыкIэ!

БжэщхьэIум иригъэбэкъуэжри, Вельяминовыр Засс еупщIащ:

– ЩхьэщэхужыпщIэу сыт хуэдиз шэрджэсхэм къытпаубыдыр?

– КъызэрыбгурыIуэнкIэ, зиусхьэн генерал, Къэрэмырзэ зэшхэр къызэрыдгъэгугъам хуэдиз къытпаубыдынущ Тамбиймрэ Хьэмырзокъуэмрэ. ПщIэжмэ, а тIуращ япэ зыкъизыгъэщар, дагурыIуаи хуэдэщ.

– СощIэж, аращ шэрджэсхэми, нэгъуейхэми, абазэхэми, къэрэшейхэми дзыхь щIахуэзмыщIыр.

– Кавказ лъэпкъхэм дзыхь яхуэпщI хъурэ? Ар яхуэфащэ абыхэм? – дыхьэшхыпцIащ Засс.

– Хъунукъым, динкIэ къыдгухьэ куржыхэмрэ ермэлыхэмрэ фIэкI. Азербайджанхэр тырку лъэпкъщ. Кавказым иджыпсту дызэрыхущытым дытетмэ, шэрджэсхэр игъащIэкIэ къытхуэгъэIурыщIэнукъым. Шэрджэсхэм я закъуэкъым, Шэшэнри Дагъыстанри ди IэмыщIэ идубыдэн хуейщ дэ. Иджыпсту ди къалэн нэхъыщхьэр аращ: Къэбэрдейм къыщыщIэдзауэ хы Iуфэм нэс ди IэмыщIэ итлъхьэн хуейщ – аращ Кавказым и фIыпIэр.

– Унафэ къысхуэщIи, зиусхьэн, шэрджэсхэр мазитI-щыкIэ Лабэ псыхъуэ дэзгъэкъэбзыкIынщи, Абазэхэм сихьэнщ, – жиIащ Засс.

– Тифлис дэс дзэпщыр акъылэгъу къыздэхъуатэмэ, абы хуит ухуэсщIынт.



* * *

ШТАБС-КАПИТАН Торнау и гур абазэхэхэм яхуэплъырт. «ХьэщIагъэ къызах защIщ, сагъэхутыкъуэри, саубыдащ» – арат Торнау и гур абазэхэхэм щIахуэплъыр, Шэрджэсым щIэкIуар зыщигъэгъупщауэ. Хамэ хэкум и тIасхъэ щIихын щхьэкIэщ ар Шэрджэсым щIихьар, итIани лей къытехьауэт езым зэрилъытэр – щхьэ къыкIэлъызэрамыхьэрэ хьэщIагъэ, пщIэ къыщIыхуамыщIыр сыт?

Гъуэгу шынагъуэм щхьэ техьат штабс-капитаныр? КъыхуащIа унафэр игъэзэщIэн щхьэкIэт, хьэмэрэ и цIэр игъэIун папщIэт – ар езыми къыгурыIуэж хъунтэкъым иджыпсту.

Къэрэмырзэ зэшхэмрэ Iимам Гъазийрэ къэрабгъэхэм ящыщтэкъым, щIырэ мылъкуу фIаубыдар зыIэрагъэхьэжын щхьэкIэ, зрамыкун щыIэтэкъым.

Я хэкум папщIэ гъащIэр ятыфынут Хьэмырзокъуэми, Тамбийми, Къанокъуэхи, Бэлэтокъуэхи, Щолэхъухи, Жансит-хьэжыи.

* * *

ХЬЭМЫРЗОКЪУЭМРЭ ТАМБИЙМРЭ мэз лъапэм щызэхуэзащ. Бжьыхьэ кIасэт, щIымахуэр къэблэгъат.

– Сыт уигу къеуэр, Аслъэнджэрий? – еупщIащ Тамбийр Хьэмырзокъуэм, абы и нэщхъ зэхэукIауэ ирихьэлIати. – Узыгъэнэщхъейр къызжепIэмэ, схузэфIэкIымкIэ зыпщIэзгъэкъуэнщ. Аратэкъэ дызэрызэгурыIуар?

– ДызэгурыIуат, сыкъэбгъэпэжыркъым армыхъу.

– Сыт зи гугъу пщIыр? Дапщэщ ущызмыгъэпэжар? – къэтэмакъкIэщIри, къызэфIэуващ Тамбийр.

– Умыгубжь. ТIыс, дызэпсэлъэн хуейщ. А джаурым и Iуфэлъафэр щхьэ къэбжыхьрэ? Уэрыншэми IупэфIэгъу щимащIэкъым абы Абазэхэм. ДызэрыщыгугъауэкъытхущIэкIакъым ар.

– Абы и IупэфIэгъухэм цIэрэ щхьэрэ яIэ? – жиIащ Тамбийм, Аслъэнджэрий къыхуеплъыхри.

– ЯIэщ цIэи щхьэи. ПщIэи яIэщ, акъыли къулыкъуи яIэщ, хьилэшы защIэщ. Ахэракъым иджыпсту зи гугъу тщIынур. Къэбэрдейми, Абазэхэми, Уарп псыхьуи хьэзаб мащIэ ди нэгу щыщIэкIакъым уэрэ сэрэ. Ар ощIэж уэ, умыщIэжыр нэгъуэщI узэрыхъуарщ. ГулыцI уиIэжкъым. Ар къыщыбгъэлъэгъуащ хасэм. Укъысщхьэщыжыным и пIэкIэ, си жагъуэгъухэр къысщыбгъэдыхьэшхащ.

– Аслъэнджэрий, – жиIащ Тамбий, – Хьэмырзокъуэхэ фызэрагъэкIужын я мурадти, уэ уакъыхуикIуэтакъым, аращ хасэм ягу темыхуар. Сэ дауэт сыкъызэрыбдэщIынур?

– КъызэрыщIэкIымкIэ, си къуэшым урителъхьэщ уэри.

– Зи гугъу пщIыр къызгурыIуэркъым.

– КъыбгуроIуэ. Си къуэшым себгъэпсэлъакъым. Сыбгъэбэлэрыгъри, Уарп псыхъуэ пшэжащ.

– Ар пэжщ, гъуэгу махуэ тедгъэувэжащ Адылджэрий.

– ЛIыгъэншэм хуэфащэщ ар.

– Псалъэ жагъуэ къызжепIэн щхьэкIэ дыщIызэхуэбгъэзар? Ар сигу техуэнукъым, щIэчэ!

– Куэд пхузэфIэкIынущ уэ! ЛIым уралейщ!

– Хьэмырзэ и къуэ! – къэлыбащ Тамбийр, къамэ Iэпщэм епхъуэри.

– Зы лъэбакъуэ къэчыт!

– УмытэмакъкIэщI, Аслъэнджэрий! Уэр нэхърэ сынэхъыжьщ сэ. Дэ тIур дызэрыукIыжмэ, сыт къытхужаIэнур дызыхэсым? ТIури дыщыхамэщ Абазэхэм.

– Хасэм дыщызэрагъэкIужами, Адылджэрий къызищIар игъащIэкIэ хуэзгъэгъунукъым. Минрэ си къуэшми! – жиIащ Аслъэнджэрий.

– Гуащэхужь зи гугъу пщIыр?

– Ар гурыIуэгъуэкъэ?

– Адылджэрий дауэ-тIэ уэ къыпхущытын зэрыхуейр? И псэм уощэ.

– Уи адэр зыукIам дауэ ухущытын зэрыхуейр? Апхуэдэущ… ХузэфIэкIмэ… Аракъым иджыпсту нэхъапэр. Урыс тIасхъэщIэхырщ, – жиIащ Аслъэнджэрий. – Уэ, Аслъэнбэч, худыбочыхыIуэ абы. Ар зэкIуэцIыпхауэ Iыгъын хуейщ – зэрыгъэрыр, и щхьэм зэрыхуимытыр фIыуэ зэхищIыкIын папщIэ. Ар нэхъ щIэх зэхищIыкIмэ, щхьэщэхужыпщIэри нэхъ щIэх къыщIатынущ. Засс имыщIэу, Къэрэмырзэ Тембулэт Шэткъалэ кIуэри абы и Iуэхум щIэупщIащ. КъыжраIар пщIэрэ?

– Сыт?

– Урыс пащтыхьым и инэралхэм унафэ къахуищIащ щхьэщэхужыпщIэм щымысхьын хуейуэ.

– Иджы къыбгурыIуа урыс тIасхъэщIэхым сыщIыхуэфIыр?

– Урыс пащтыхьым дзыхь хуэпщIрэ уэ? – игъэщIэгъуащ Хьэмырзокъуэм. – Ди тIасхъэ щIихын щхьэкIэ ди хэкум къихьам ущысхь хъунукъым. Ар щхьэ къыбгурымыIуэрэ? Умыгъашхэ ар, епхауэ Iыгъ!

– Узахуэ хъунщ абыкIэ. Аращ дяпэкIэ есщIэнур.

– Къыщхьэщыжын и мащIэкъым абы. Хуэсакъ.

– Хэт шэч хуэпщIрэ? Къэрэмырзэри яхэт?

– ТIасхъэщIэхыр шыгъушыпсыпIэм хэбгъэлъмэ, абы къыдэщIынумрэ къыщхьэщыжынумрэ сэтей къэхъунущ.



* * *

ТОРНАУ зыщIэс пэшыр ягъэплъ зэпытт, езыри шхын щагъащIэртэкъым.

– Уигу къыдэбгъэрэ, узыхуэныкъуэIа? – еупщIащ Торнау Тамбий Аслъэнбэч, бжэщхьэIум къебакъуэри.

– Си щхьэ сызэрыхуимытырщ сигу къеуэр, – жиIащ штабс-капитаным.

– Уи щхьэр ящэхужынумэ, и чэзу хъуакъэ? Щхьэ иумыгъэпIэщIэкIрэ? Узэжьэр сыт?

– Зы кIэпIейкIэнэфи къысщIэфхынкъым, абы фыщымыгугъ, – жиIащ Торнау.

– УкIуэсэжыну уи мурадщ-тIэ? Ар къохъулIэнукъым. – Тамбийм и зы унэIут къриджащ. – Мы джаурым Iэхъулъэхъу илъхьэ. Сэ сожьэри, зы тхьэмахуэкIэ сыкъэтынущ. Сыкъэсыжыху фытемыплъэкъукI.

– Сэ уэркъым сыкъыхэкIащ, сыофицерщ – ар къызэпщIэ хъунукъым, – жиIащ Торнау, унэIутым Iэхъулъэхъу къыщыщIихьэм.

– ЩхьэщэхужыпщIэм ебгъэужьэрэкIын щIыхуейр аращ, – жери Тамбийр щIэкIыжащ.

Торнау гупсысэм хэхуащ. «Хуит сыкъригъэщIыжын щхьэусыгъуэкIэ Засс Абазэхэм дзэ къришэмэ, Iуэхур зэIыхьэнущ, – жиIащ штабс-капитаным, и закъуэ къыщынэм. – Абазэхэхэр игъэшынэн и гугъэмэ, генералыр щоуэ. Я псэр я лъахэм щIатыфынущ шэрджэсхэм… Алъандэм сыкIуэсэжыфын хуеящ, иджы си Iэ-си лъэр пхащ, сыт схузэфIэкIыжын?»

* * *

ЗЭГУПСЫСЫН и мащIэтэкъым штабс-капитаным. Гъэр хъуауэ Шэрджэсым щыIэху, абы и нэгу щIэкIащ адыгэхэм я псэукIэр, я зэхэтыкIэр, щыгъуазэ хъуащ я хабзэхэм, я бзэми хэгъуэзащ. «Кавказым сыкъэкIуэн ипэ, Санкт-Петербург сыздыдэсым, шэрджэсхэм я хъыбар куэд зэхэсхащ, абыхэм ятеухуауэ гъуэгурыкIуэхэм къызэранэкIа тхыгъэхэм, Пушкиным и усыгъэхэм седжащ, – игу къигъэкIыжырт Торнау. – Кавказым щызэуа урыс офицерхэм я гукъэкIыжхэми щыгъуазэ сахуэхъуащ, Бестужев-Марлинскэм итха «Амалат-бек» повестми седжащ. Тифлис къыщыдэкI газетхэми традзэ шэрджэсхэм я хъыбар гъэщIэгъуэн куэд. Шэрджэсхэм я шыфэлIыфэм, я хабзэхэм щыгъуазэ захуэпщIыфынукъым куэдрэ уаримыхьэлIауэ, уахэмысауэ. Ахэр хьэкIэкхъуэкIэм пэзыщIхэр щоуэ, нэхъыбапIэм пцIы тралъхьэ. Сэ мыбы сыкъэзыгъэкIуахэр акъылэгъу къызэрыздэмыхъунур сощIэ, абыхэм яхузиIуэху щыIэкъым, си фIэщ хъур си нэкIэ слъагъумрэ си нэгу щIэкIымрэщ. Абы тесщIыхьмэ, шэч къытесхьэркъым шэрджэсхэм цIыхугъэ лъагэ зэрахэлъым, я хабзэм захуагъэр зэрилъабжьэм…»

*ЗэзыдзэкIар* **КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ**



**P.S.** *Торнау Федор (1810–1890 гъгъ.) Курляндием щыщ барон (лIакъуэлIэш) унагъуэм къыщалъхуащ, урысыдзэм къулыкъу щищIащ. Урыс дзэпщхэм я унафэкIэ, Торнау Шэрджэсым тIасхъэщIэх къэкIуауэ щытащ, 1834 – 1836 гъэхэм Абхъазымрэ Шэрджэсымрэ щэнейрэ зэпрыкIащ, ещанэ ежьэгъуэм, Абазэхэм нэсауэ, кIэс ящIри, мазэ 26-кIэ абы щаIыгъащ, и IупэфIэгъухэмрэ ныбжьэгъу къыхуэхъуа шэрджэсхэмрэ хуит къащIыжыху. Дзэм къыхэкIыжа нэужь, Австрием щыпсэуащ. Адыгэхэм я деж щилъэгъуамрэ и нэгу щыщIэкIамрэ лъабжьэ хуэхъуащ абы итхыжа «Кавказ офицерым и гукъэкIыжхэм», ахэр 1864 гъэм къыдэкIащ.*

*КIэс ящIа нэужь, илъэситIым щIигъукIэ шэрджэсхэм я гъэрами, Торнау адыгэхэм зы псалъэ Iей яхужиIакъым, я хабзэхэмрэ я зэхэтыкIэмрэ дихъэхауэ зэрыщытар къыхощ абы и «ГукъэкIыжхэм».*

*Торнау и «ГукъэкIыжхэм» я пщIэмрэ я мыхьэнэмрэ нобэр къыздэсым зыкIи нэхъ кIащхъэ хъуакъым. Шэрджэсхэм я тIасхъэ щIрагъэхын мурадкIэ кърагъэжьами (ар зыкъомкIэ къехъулIауи дощIри), нобэрей щIэблэм дежкIэ нэхъыщхъэри нэхъ лъапIэри Торнау къызэринэкIа «ГукъэкIыжхэрщ» – ахэр 19-нэ лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм я хъыбар пэжщ, шэрджэсхэм я тхыдэ пэлъытэщ.*

*Торнау щхъэгъусэ хуэхъуауэ щытащ къэбэрдеипщ цIэрыIуэ Бекович-Черкасскэхэ (Бэчмырзэхэ) япхъу Екатеринэ.*

*Усэхэр* МЭШБАЩIЭ Исхьэкъ

## АДЫГЭХЭР

Адыгэ щIыналъэм адыгэр щопсэу,
Шэрджэскlэ къеджэу мы дуней псор,
ЩыгуфIыкIыу дыгъэм, пэплъэу уэшх Iумахуэ,
Щопсэу адыгэр я адыгэ лъахэм.

Сыт уэ хэпщIыкIыр абыхэм я гъащIэм,
Я уэрэдым, я гъыбзэу къиIукIым гу лъащIэм?
Сабий цIыкIу къыдалъхуамэ хьэблэм,
Жыг хухасэ, мэгуфIэ зэрыжылэу.

Фочауэ макъкIэ щагъэIур дунейм —
Ди хэкум нобэ къыщалъхуащ сабий.
Адыгэ щIыналъэщ адыгэр щыпсэур,
Шэрджэскlэ къеджэу мы дуней псор.

ЦIыхугъэм и хьэтыркIэ худачых залымым,
Пагагъэр хэту я лъым, къэрабгъэр я Iумпэму,
Гум и Iущыгъэр, псалъэм и быдагъэр
Мы дунеишхуэм къабгъэдилъхьа тыгъэщ.

Уэзгъэлъэгъуарэт ахэм я къэфэкIэр,
Уезгъэдэlуарэт я уэрэд жыIэкIэм,
ХьэгъуэлIыгъуэм щызэхашэ джэгум,
Адыгэшыр зэрыщагъэджэгур!

Зэманыжь бзаджэ блэкIам и щэхухэр
Ноби зыхъумэ къамэ Iэпщэхухэм,
Топауэ макъым щIыр игъэзджызджу,
Зэрыщытар къатощыжыр гъуджэу.

Куэд щIауэ гынымэм и гъуэзыр
Къыщхьэщыхьэжкъым аузым,
Щыфиижкъым топышэр губгъуэм,
Къашэм нысащIэ, хъыбарегъащIэу
Фочхэр щагъауэр я хьэгъуэлIыгъуэрщ.

Адыгэ щIыналъэм адыгэр щопсэу,
ШэрджэскIэ къеджэу мы дуней псор.
ЩыгуфIыкIыу дыгъэм, пэплъэу уэшх Iумахуэ,
ЩIэблэр япIыр, трашэ гъуэгу махуэ!

## Ридадэ

Ди унэишэщ нобэ — хьэгъуэлIыгъуэщ,
Лыдыжу уафэм щызэщIонэ вагъуэр,
Уэрэдыр мэIур жыжьэ дыдэ,
Уэредэ-ридадэ!

Гур кIэлъопхъэрыр а уэрэдым,
ЛIэщIыгъуэ куэдкIэ йокIуэтыжри,
Зэманыр къыщохутэжыр и пасэрей унэм.
Щызэхыумыхт а унэм — «уэридадэ»,
Iурт уэрэд папщIэу «Ридадэ, уо, Ридадэ»…



Ридадэ, Ридадэ, ди шынэхъыжь,
КъуэкIыпIэ пшэплъым кIуэцIрокIыр лъы лъэужь,
Уи дзэр зауэм къикIыжащ хэщIыншэу,
Уи дзэр зауэм къикIыжащ уэрыншэу, Ридадэ!
Уо, Ридадэ, Ридадэ…

Лыхъужь хабзэу утеувэу щIакIуэкIапэ,
Ущызауэм уемыпцIыжу напэм,
ЩIакIуэ кIапэм теджэла уи хьэдэр
Пэплъэххакъым напэншагъэ дыдэ.

Иджы уэ зэи вагъэбдзумэр
Щумыхьыжыну гъатхэ губгъуэм,
Техьэлъэу гуауэр я унагъуэм,
Адыгэр лъахэм щыпхуэщыгъуэрт…

Пасэрей адыгэ лIыхъужь щылъху,
КIэсэгъу лъэпкъ щхьэхуитым и къуэ пажэ,
Фыплъэт: жьыми, щыгъуэурэ, зеущэху,
ЗауэлI нэсыр хьэдэу къытхуашэжыр.

Уо, Ридадэ, Ридадэ, ди шынэхъыжь,
Пщэдджыжь пшэкIэплъым пхокIыр лъы лъэужь.

Уи дзэр зауэм къикIыжащ хэщIыншэу,
Уи дзэм къытхуигъэзэжащ уэрыншэу, Ридадэ!
Уо, Ридадэ, Ридадэ…

ЩIэплъыпIэм адэкIэ Iуащхьэжьым
Зы Iуащхьэжьыр къыпоувэж, сатыру зэдекIуэкIыу.
Илъэсхэр блокI, зэманыр ирагъэкIрэ
Тщагъэгъупщэжу гъэпцIагъэм и гужьгъэжьыр.

ЛIэщIыгъуэ дапщэ блэкIа, махуэ дапщэ!
Уэрэдыжьым ноби и щIалэгъуэщ,
ГуфIэгъуэкIэ зэхишэу дауэдапщэр,
Уэридадэр щоIу ди хьэгъуэлIыгъуэм!

## УБЫХХЭР

Адыгэ лъапсэжьым и жыг къудамэбэм,
И къудамэ быдэу псэугъащ убыхыр.



Пхуэхъумакъым, си лIэщIыгъуэ, убыхыбзэр,
Иригушхуэу лъэпкъым хэлъа хабзэр.

Хы ФIыцIэ Iуфэм зэдекIуэкI къыр блынхэм
Щхьэ щымыпсэужрэ убых бынхэр?

ЛIэщIыгъуэ блэкIа, жэуап ептыфыну
КъэкIуэну лIэщIыгъуэу къыппыувэнум,

Дыгъэ уахътыншэм, дызытет щIыгум,
Мо пшэ Iэрамэу пхысыкIым уафэгум?

Уахътыншэм хухихыркъым зэи пIалъэ,
Абрэмывэм нэхърэ нэхъ быдэщ псалъэр.

Псэуахэщ убыххэр, згъуэтыжкъым лъэпкъыжьыр,
ХэкIуэдэжащ зэман бзаджэм лъэужьыр.

Бгыщхьэхэм, тафэхэм фIащауэ иреджэу
Къигъэнащ убыхым псалъэ Iэджэ.

Псалъи, пшыналъи, лIэщIыгъуэм и гъыбзи
ХэкIуэдэжащ зэман хъыжьэ гуузым и гъуэзым.

Топышэ фиям игъэIуа макъыжь дыджым,
Бгыхэм иджыри къыщеджэдыхьыр.

Къуршыжь зи щхьэр тхъуахэм я макъ щхьэукъуэжыр,
Джэрпэджэжым къегъэушыжыр.

Бзэ тIэщIахари щыхэтыр дэнэ?
Къигъуэтыжынущ ари зэманым.

Хутыкъуэу зэгуэрым джэла тхыдэр
Къэувыжынущ иджыри лъэ быдэу!

## ЦЕЙ



Адыгэ цейуэ, цей гъуапэхуу,
Къуршыщхьэ уэс чэсейр зи теплъэ,
Шууей ныбжьыщIэр уогъэгушхуэ,
Ущыгъщи, и лъыр зэщIэбгъаплъэу.

Уи кIэкъуащIитIри бзу дамэу
ШэщIащ, шыгъажэм ухыхьамэ.
Дахагъэ щапхъэм уримардэщ,
Жьы жэрми сэ ухузогъадэ.

Пщыхьэщхьэ пшэплъым, нэхущ пшэплъым
УхабзыкIауэ арагъэнщ,
ЩIэптхьэкъур хэтми, зэ къыптеплъэр,
Къохъуапсэу узыщитIэгъэн.

Хьэзыр пщыкIутIри загъэуардэу,
Щхьэж къэс иIэжу и къалэн,
Вагъуэ пщыкIутIу бгъэм щолыдыр,
Хъыбарыжь куэд хуахъумэу тхыдэм.

Уи дыпIэхэр къурш лъагъуэ хужьхэу,
ДэкIуей-къехыжу птонэхукI,
Нартыжь пэлъытэу ди лIыхъужьхэм,
Урашу гъусэу укъокIуэкI.

ЗищIысыр бгъэунэхуащ гъэрыпIэр,
ГуфIэгъуи гуауи зэбнэкIащ,
Щхьэхуитыныгъэм нэхъ бгъэлъапIэ,
ЩымыIэуи укъекIуэкIащ.

КъыщодэхащIи акъужь мащIэр,
КъыщыпкIэрихи уэ гынымэ,
КъыптелъэщIыхьурэ бын папщIэу,
Уихуакъым игу адыгэ анэм.

Адыгэ цейуэ, цей гъуапэхуу,
Къуршыщхьэ уэс чэсейр зи теплъэ,
Шууей ныбжьыщIэр уогъэгушхуэ,
Ущыгъщи, и лъыр зэщIэбгъаплъэу.

Уи кIэкъуащIитIри бзу дамэу
ШэщIащ, шыгъажэм ухыхьамэ,
Дахагъэ щапхъэм уримардэщ,
Жьы жэрми сэ ухузогъадэ.



Ди хъыбарыжьхэм, уэрэдыжьхэм
Я Iущагъ нурыр уэ къыпхопс,
Сэ усхуадами ди нэхъыжьхэм,
Кавказ лъэпкъ псоми хъуащ уекIупс.

*ЗэзыдзэкIар* **УЭРЭЗЕЙ Афликщ**

* * *

«НасыпыфIэу хэт къэплъытэр?» — жыпIэу,
Уэ укъызоупщIыр уи фIэщыпэу.

НасыпыфIэу Iэджэм Iэджэ ябжыр.
СхужыIэн сэ зым зэхимыха?
НасыпыфIэщ —
ХэткIи зи унэбжэр
Жэщи махуи хуиту зэIухар.

НасыпыфIэщ —
Итми губгъуэ нэщIым,
ХуимыщIыкIыу жьапщэм, жыг дэкIейр.

НасыпыфIэщ
Уэшхым щIы иуфэнщIыр.
НасыпыфIэщ —
ЩIым удз къыхэкIар.

Сыт хуэдэ тыншыгъуэ къыплъысами,
НасыпыфIэ нэс уэ умыхъун, —
И уанэгу шы жэр зэ уимысамэ,
ПлъэмыкIамэ ар зэ бгъэлъэхъун.

Къуршу лъагэщ цIыхум плъапIэу иIэр.
Къуршым и щхьэщыгур къабзэщ — уэсщ.
И пIэ исыр зэтедзауэ и Iэр,
И мурадым зэи лъэмыIэс.

ГугъапIэншэрщ зыри зыхуэмыщIэр.
ЦIыхукъым — зылъэмыкIыр гумэщIэн.
И гухэщI нэгъуэщIым зыхыумыщIэм,
Уэ насып жыхуаIэр умыщIэн.



* * *

ЗэрыкI уэнжакъым
Iугъуэр ихьэжкъым,
КIуэжу къуэкIыпIэм —
Дыгъэр къухьэжкъым;

Уэшхыр хыхьэжкъым,
Игъазэу пшэм.
И гъуэгу ирокIуэ
Фоч гъуазэм шэр;

ХъуаскIэу къыщIихыр
Шыхэм я лъакъуэм
Жыр нал хъужауэ
Зым илъэгъуакъым.

Ауэ си щIалэу
ДэкIам си жьэгум

Къигъэзэжыну
КъызжеIэ си гум.

Ноби ныжэби
Сыпоплъэ, сожьэ.
Шэр къытелъалъэу
Зэуащ ар, сощIэ.

Хьэуэ, ящыщкъым
Ар бийм хигъащIэм.
Си къуэр кIуэдынкъым,
Си гур хигъэщIу.

Къэрабгъэ щIыкIэу,
Гъэру зитынкъым.
ЩтапIэ ихьэжу
Къуршым итынкъым.

И текIуэныгъэр
Телъу и напщIэ,
КъысхуэкIуэжынщ ар
ШыжьэрыутIыпщу.

Илъ ищIэжауэ
И адэ хахуэм,
Ар къихьэжынщ дэ
Ди нартыжь хэкум.

Пщэдджыжь уэсэпсым
Сытхэр и гъащIэ,
Сэ си къуэ закъуэр
Псэун хуейщ гъищэ.

Щэхуу йогъыхыр
Пщащэ дахащэр.
Нысэ схуэхъунум
Сэ содэхащIэ.

Iэпсолъэпсоуэ
Си щIалэ закъуэр

КъысхуеблэгъэжкIэ
ФымыгъэщIагъуэ:

Къуэрылъху-пхъурылъхукIэ
Хуейщ къызэтэн ар,
Хуейщ бын гъэгушхуэу
ЩIылъэм тетын ар.

Ем ныIурещIэ
Ем щIэкъу ди бийр...
Унагъуэ хей къэс
Ирырес сабий!

* * *

— Уи гъунэгъур хъуащ сымаджэ...
— Хэлъкъым си Iуэху лъэпкъ.
— Къыпщогугъ уэ зи псэм еджэр!
— Хэлъкъым си Iуэху лъэпкъ.

— Уи ныбжьэгъур мэгузавэ...
— Си Iуэху лъэпкъ хэмылъ.
— Къыдэнащ ар ауз зэвым!
— Си Iуэху лъэпкъ хэмылъ.

— ЩIалэ, лажьэншэу, хаутэ...
— СыткIэ хэлъ си Iуэху?
— Пщащэ жагъуэлIым иратыр...
— СыткIэ хэлъ си Iуэху?

— Магъыр анэ гуэр гуIэжу...
— СыткIэ си Iуэху хэлъ?
— Адэ мо сабийм иIэжкъым...
— СыткIэ си Iуэху хэлъ?..

СыноупщI сэ: зыгуэр щыIэ
Уэ зыхэлъ уи Iуэху?
Ара цIыхум гуауэ щиIэм,
Уи псэм жиIэу «уэху»?

Псым уитхьэлэрт, жи, зэгуэрым,
Бэлыхьым ухэтт.
Сыщесыфми сэ псы уэрхэм,
Сыноплъу сыщытт.

Дауэ хъунут, ущылъаIуэм:
«КхъыIэ, сыкъегъэл!»,
Зэхэпхамэ сэ мыр жысIэу:
«СыткIэ си Iуэху пхэлъ?»

* * *

Махуэ къэскIэ зыгуэркIэ сэбэп
Хъуфу дунейм тетым и насыпщ.

«ЩIэи фIы, псым хэдзэ». Ар щыжаIэ
Ди лъэныкъуэм. Абы къикIри наIуэщ:

Лэжь Iуэху щхьэпэ, уемыблэжу уи псэ,
Упэмыплъэ къыпэкIуэну уаси.

ФIыуэ пщIар уэ псым хэбдзам хуредэ,
ЩIыху хьэлэлым и пщIэнтIэпсыр кIуэдкъым.

Псыр йожэхыр жылэ-жылэм дыхьэу,
Ар щымыIэ зи жьэгу ирамыхьэ.

Псы щIыIэ шынакъым пщIэуэ хуащIым
Уэ уи жумартыгъэр бдэнкъэ пащIым?!

* * *

МахуэщIэ, дыпхуэпIащIэу нэху догъэщ,
Дапщэщи фIыкIэщ дызэрыпщыгугъри.
УэфI дахэу ди пщэдейр уэ къытхуэгъэщI —
КъытхуэкIуэ къилыдыкIыу уи нэгу дыгъэ.

Ди гъащIэр дэ гуфIэгъуэ мыухыжщ,
Дунейр щыуэфIым, дунейр щымамырым.

Пщэдджыжьк Iэ ди нэ къокI хузэIутхын
Ди бжэ-щхьэгъубжэ уи дыгъэ бзий уэрым.

ПлъырекI, махуэщIэ, дигу хыумыгъэщIын,
Къыдэпхьэу уэ ди жьэгум хъыбар жагъуэ.
Уи дыгъэр пшагъуэм ухъу хэмыгъуэщэн,
Уи уэгум къремыхьэ зауэ Iугъуэ!

Дыхуэшэ уэ, махуэщIэ, ди насып,
Къыхэлъхьэ хъерыр Iуэхуу щIым щыдлэжьым.
ИгъащIэм дыгъэр мамырыгъэ ныпщ, —
Ящхьэщумых ар пщэдейр зей щIэблэщIэм.

*ЗэзыдзэкIар* **БИЦУ Анатолэщ**

*УсакIуэ Мыкъуэжь Анатолэ илъэс 60 ирокъу*





*УсакIуэ Мыкъуэжь Анатолэ Хьэбалэ и къуэр Советскэ (иджы Шэрэдж) районым щыщ Аушыджэр къуажэм 1956 гъэм июным и 21-м къыщалъхуащ. 1973 гъэм къуажэ школыр, 1978 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и филологие факультетыр къиухащ. 1979–1995 гъэхэм «Адыгэ псалъэ» газетым корреспонденту, 1995–2013 гъэхэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм художественнэ литературэмкIэ редактору, адыгэ литературэмкIэ редакцэм и унафэщIу щылэжьащ. Мы зэманым «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэщ.*

*Мыкъуэжьым и Iэдакъэ къыщIэкIащ адыгэ литературэм хэлъхьэныгъэ нэс хуэхъуа тхыгъэ купщIафIэ куэд. 1985 гъэм дунейм къытехьащ «Жьэгу пащхьэ» зыфIища и япэ тхылъыр. Абы къыкIэлъыкIуащ «Къалэ жыжьэ», «Дунеижь», «Адэжь щIэин», «Маринэ», «Лъэхъэнэ», «Къэрэгъул бжыхь» тхылъхэр. Иджыблагъэ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм зы том хъууэ къыщыдэкIащ Анатолэ и усэ нэхъыфIхэр щызэхуэхьэса «Си лIэщIыгъуэр» тхылъыр.*

*Мыкъуэжьыр 1987 гъэ лъандэрэ Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, 1991 гъэ лъандэрэ Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ. Абы къыхуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр, Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и Дипломыр.*

*Мыкъуэжь Анатолэ и усыгъэм тетхыхьащ ди республикэм и тхакIуэ, критик цIэрыIуэхэу Тхьэгъэзит Зубер, Къагъырмэс Борис, Бещтокъуэ Хьэбас, IутIыж Борис, Къэрмокъуэ Хьэмид, Къэжэр Хьэмид, Гъут Iэдэм сымэ. Псори зэхэту усакIуэм и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ теухуауэ тхыгъэ 50-м нэблагъэ дунейм къытехьащ. Абыхэм къызэрыхагъэбелджылыкIащи, «ди лъэхъэнэм и фIи и Iеи IупщIу къызэрыщ гъуджэщ» Мыкъуэжьым и IэдакъэщIэкIхэр.*

# СыгуфIэщэну сыхуейщи, аращ сэ сыщIэнэщхъейр



Къэбэрдей литературэм къикIуа гъуэгуанэм уриплъэжмэ, IупщIу къыхощхьэхукI абы нэхъ щIэгъэхуэбжьауэ зыщиужьа лъэхъэнэр – XX лIэщIыгъуэм и 50 гъэхэм къыщыщIэдзауэ 60 гъэхэм я кIэуххэм нэс. А илъэсхэм ди литературэм къыщызэщIэрыуащ абы адэкIэ зэрызиужьыну унэтIыныгъэхэр куэдкIэ зыубзыхуа усакIуэ, тхакIуэ гупышхуэ, Тхьэгъэзит Зубер деж къыщегъэжьарэ Ацкъан Руслан деж щиухыжу. Абыхэм я IэдакъэщIэкIхэмрэ зрикIуа лъагъуэхэмрэ гъуазэ яхуэхъуащ къыкIэлъыкIуэ совет нэужь лъэхъэнэм – 90 гъэхэм къыщыщIэдзауэ – литературэм къыхыхьа ныбжьыщIэхэм: Къанкъул Заур, Къаныкъуэ Заринэ, ПщыукI Латмир, Аброкъуэ Беллэ, Бэлагъы Любэ, МахуэлI Нарзан, нэгъуэщIхэми. Къэдгъэлъэгъуа лъэхъэнитIым лъэныкъуэ зырызкIэ япэщхьэхуэу, ауэ зэпыщIапIэ яхуэхъуу я зэхуаку дэуващ 70 гъэхэм я кIэуххэм къэбэрдей литературэм лъэбакъуэщIэ къыхэзыча Мыкъуэжь Анатолэ и творчествэр. Къалэнышхуэ, къалэн гугъу и пщэ къызэрыдэхуэр езыми зыхищIэу, и усэхэм ящыщ зым абы мыпхуэдэу щетх:

*Сэ зэманыжьым срикIэухщ,*
*Сэ зэманыщIэм срищIэдзапIэщ.*
*Сэ лIэщIыгъуитIым сралъэмыжщ,*
*Сэращ къэкIуэнум и кхъухь тедзапIэр.*

**(«Сэ зэманыжьым срикIэухщ...»)**

Мыкъуэжьым и усыгъэм адыгэ литературэм увыпIэ хэха щеубыд. Абы и IэдакъэщIэкIхэм езыр зыхэпсэукI зэманым и нэпкъыжьэр IупщIу къатощ, и лъэхъэнэгъухэм я гурыгъу-гурыщIэхэр художественнэ Iэзагъ хэлъу къыщыгъэлъэгъуэжащ. Анатолэ и усыгъэм и нэщэнэ нэхъыщхьэу къыхэбгъэщхьэхукI хъунущ гурыщIэ куурэ гупсысэ жанрэ зэрыщызэщIэлъыр.

Зэ еплъыгъуэкIэ Мыкъуэжьым и усыгъэр лирикэ щабэ зэфэзэщу къыпфIэщIынуми, усэхэм я купщIэр жылагъуэ, политикэ Iуэхухэм щытегъэпсыхьари мащIэкъым. БлэкIа лIэщIыгъуэм и 80–90 гъэхэм ди къэралым къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр образ щIэщыгъуэкIэ

къыщыгъэлъэгъуащ «Ди кхъухьыр» усэм. А лъэхъэнэм къэрал унафэр зыIэщIэлъахэм цIыхубэр зыхуаша насыпыншагъэхэмрэ СССР-кIэ зэджэ къэралышхуэр зэрыкъутэжамрэ усакIуэм къигъэлъэгъуащ езым и закъуэу дэсея кхъухьым и образымкIэ. ГъащIэм и толъкъунхэм зэтрагъэщэха а кхъухьыр псыхьэлъахуэу нэпкъым къытридзэжащ. Абы игъэпIейтея усакIуэм и пащхьэ къиуващ упщIэ куэд:

*Дапщэщ ди дыгъэр пшэхэм къыкъуэкIыжу*
*А псыхьэлъахуэр щигъэгъущыжынур?*
*А псыхьэлъахуэм кхъухь къыхэтщIыкIыжу,*
*Тенджызым тетхэм дащыщIыхьэжынур?*

**(«Ди кхъухьыр»)**

90 гъэхэм я пэщIэдзэхэм Совет Союзыр зэрыкъутэжам къыдэкIуащ цIыхубэм я псэукIэр куэдкIэ екIэкIуэныр, лэжьапIэ IэнатIэхэр яфIэкIуэдыныр, зи унагъуэ зыхуэмыпIыж цIыхухъухэр фадафэу уэрамым къыдэнэныр. А псом пэщIэтыфар «тахътэм ису, зи Iэнэхэр зэтету зи дунейр жэнэтхэмрэ» зи напэр мылъкукIэ зыщэжахэмрэщ. А Iуэхугъуэ гугъусыгъуэхэр Мыкъуэжьым и усэхэм уигъэпIейтейуэ къыщигъэлъэгъуэжащ.

Фадафэм и образыр гуемыIуу, гурымыхьу гъащIэм къыдокIуэкI, литературэми, хабзэ зэрыщыхъуауэ, ар персонаж мыхъумыщIэу къыхощ. И дуней тетыкIэрэ и IуэхущIафэкIэ мыгурыхь цIыхум и гущIэм щыхъэхэр зыми къыфIэIуэху хабзэкъым, дэхуэхам зыщIэзыгъэкъуэфхэри мащIэ дыдэщ. Ауэ усакIуэм и псэ пIащIэм гъащIэм и дурэшплIэрэш псори къетIэщIыф, цIыху зэхуэмыдэхэм я гущIэлъапсэм йоплъэф. «Фадафэ» зыфIища усэм Мыкъуэжьым къыщегъэлъагъуэ апхуэдэр нэрыгъ зыхуэхъуа цIыхум и гум щыщIэхэр. Ар зэгуэрым «IэщIагъэлIу», «лэжьакIуэшхуэу», «и щапхъэм щIэблэр щIапIыкIыу», «и лъэпкъи лъахи иригушхуэу», «щыхузэфIэкI-щихьэмтетыгъуэм ныбжьэгъу куэдыкIей иIэу», «гуп псо и уасэу къекIуэкIат». АрщхьэкIэ:

*ЗэхъуэкIынығъэм и псы уэрыр*
*Пэмыплъэххауэ къыщIэуащ.*
*ИгъэлъэпIари щIэпсэуари*
*IэщIихри – щIигъэмбрыуащ.*

*Зэпхъуэну шхийр къыхуэмыгъуэту*
*Бэлыхьу мащIэ ишэчар?!*
*И бампIэр фадэм ныхуиIуатэу*
*Къыдэнэжакъэ – зэфIэкIащ.*

**(«Фадафэ»)**

АдэкIэ усэм къеIуатэ фадафэм гъуэгу пхэнжкIэ дидзыхын хуей щIэхъуа щхьэусыгъуэхэр – «хуеякъым хъуну хьэкIэпыч», «хьэрычэтыщIи хъуфакъым», «зи гупкIэ исым и уэрэдым дежьууфакъым», «зыхуегъэкIуакъым зэманыщIэу зи напэр сомкIэ зыщэжам», «гъэпцIагъэм зыхуегъэсакъым». Ауэ, нэхъыщхьэращи, ар «мыбзаджащIэ», «мыдыгъуакIуэ», «мыIужажэ», «мыахьмакъ», и зэ-

ран зыми емыкIыу шхапIэм хуэзышэ лъагъуэ закъуэм тетщ. Пэжымрэ захуагъэмрэ и телъхьэ усакIуэр блэплъыкIыфыркъым апхуэдэ мыхъумыщIагъэм икIи къэралыр зыхуэкIуа псэукIэр зи Iэужьхэм нехьэкI-къехьэкI хэмылъу мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ захуегъазэ: *«... Фэ, къэрал жыпыр зыунэщIахэ, / Фыхуиткъым фщIыну ар ауан. / Фэращ цIыхубэр гугъапIэншэу / Уэрамым дэзыутIыпщхьэжар. / Фэращ къэралыр зыгъэплъакъуэу / ЩыхупIэ нэзым Iузышар».* Мыкъуэжьым и усэм дызыщрихьэлIэ фадафэр – къызэщIэзыкъуэ образщ, езы усакIуэми къызэрыхигъэщщи, «апхуэдэ дэсщ ди къалэ къэскIэ, ди къуажэ къэскIи къыдэпшынщ». Нэхъ шынагъуэжращи, апхуэдэ щIэпхъаджагъэмкIэ жэуаптакIуэу зы цIыхуи къэувыфа-къым, икIэм-икIэжым, абы къэрикIуаращи: *«Нэмысу игъуэ псэ хей минхэр, / КIакхъу щIамычауэ, яукIащ».*

УсакIуэ нэсым и IэдакъэщIэкIхэм езыр зыхэпсэукI лъэхъэнэм и сурэт наIуэ къахэщ хабзэщ, ар абы бгъэдэлъ зэчийм и зы нэщэнэу, и фIагъыу къоув. Мыкъуэжьми хузэфIэкIащ езым и лъэхъэнэм – «щысхьыншэу хейхэр хэзыутэ», «нэжэсхэм я IупэфIэгъу», «цIыху уасэр мылъкукIэ къэзылъытэ», «лыд псори дыщэу зылъагъу» зэманым – и сурэтыр и усэ сатырхэм «щигъэжын», абы щыгъуэми, и псэр къабзэу ихъумэу, «фIыр и плъапIэу къэнэжын».

ИщхьэкIэ зи гугъу тщIа усэхэм къыщыIэта Iуэхугъуэхэр нэхъ куужу, зы къэралымрэ цIыху щхьэхуэмрэ я щыIэкIэ-псэукIэм емыхьэлIауэ, атIэ гъащIэм и философиеу къыщыгъэлъэгъуащ «Шэрхъ гудзэншэу дунеижь абрагъуэр...», «Дунеижь», «ГъащIэ-мафIэгужь», «ГъащIэ-хышхуэ, хэт хьэфэ гъэпщакIэ...», «Къысхубохь гуфIэгъуи...», «АкъылкIэ сэ...», «ГъащIэм», «Ди зэманыр зэрыакъылыфIэ...», «Дунеижьым дыщэм зыхуегъэщхъ...» усэхэм, нэгъуэщIхэми.

«Дунеижь» зыфIища усэм къыхощ Мыкъуэжьым гъащIэм хилъагъуэ мыхъумыщIагъэхэр. Абы псэкIэ къищтэркъым «е-щхьэзыфIэфIыр зи жьантIэдэс», «цIыхугъэ нэсыр зи бжэкъуагъкъуэт», «акъылыфIагъэр зыфIэделагъэ», «нэмыукIытагъэр зи жьэгу щыпэкIу», «бохъшэ домбейхэм къадеуджэкI», «шатащхьэ IувкIэ щыкIар зыгъашхэ», «здэармырамкIэ еджэрэзэкIыурэ гурыгъ мелуанхэр изыгъэжа» дунеижьыр. Абы къыхэкIкIи, нэгъуэщI усэм – «Шэрхъ гудзэншэу дунеижь абрагъуэр...» жыхуиIэм – и кIэухым деж усакIуэм езы дунейр зи IэмыщIэ илъым лъэIукIэ зыхуегъазэ:

*Ди щхьэщыгум дыгъэр къизыIыгъэу,*
*Зи IэмыркIэ щIыр къекIэрэхъуэкI,*
*Пэлъэщауэ е-бзаджейм цIыхугъэр*
*ЩIы хъурейр зэгуэрым нэху къегъэкI.*

**(«Шэрхъ гудзэншэу дунеижь абрагъуэр...»)**

Мыкъуэжьым и IэдакъэщIэкI зыбжанэм къыхощ щIыр, гъащIэр, дунейр «здэармырамкIэ» еджэрэзэкIыу, абы сыт щыгъуи хабзэ пхэнж куэд къыдекIуэкIыу: *«ГъащIэ-мафIэгужьым гужьу дызэредзэ, / ГъащIэ-мафIэгужьым гущIэр зэрегъэшх, / ТфIэфI-тфIэмыфI жыхуэпIэр щайуэ къримыдзэу, / ЩхьэрыутIыпщу макIуэ,* ***пхэнжурэ егъэш»*** [«ГъащIэ-мафIэгужь»]; *«Шэрхъ гудзэншэу дунеижь*

*абрагъуэр / Зи Iэмырым къыдекIэрэхъуэкI, /* ***Хабзэ пхэнжхэу*** *мы ди гъащIэр мыгъуэ / КъытщызыщIхэр щIым щытхузэхъуэкI»* [«Шэрхъ гудзэншэу дунеижь абрагъуэр...»]; *«И* ***хабзэ пхэнжхэм*** *мы гъащIэм / Уи нэ дахитIыр дэплъызт...»* [«И хабзэ пхэнжхэм мы гъащIэм...»]; *«Дунеижьу фIыр зыхудиплъапIэр /* ***МэкIэрахъуэ пхэнжу – къэплъэнэфщ...»*** [«Дунеижьу фIыр зыхудиплъапIэр...»]. УсакIуэр апхуэдэ гупсысэхэм хуэкIуэныр нэхъыбэу къызыхэкIыр ихъуреягъкIэ и нэгу щыщIэкI зэхуэмыдэныгъэрщ, «изрэ ныкъуэрэ зэрызэрымыщIэрщ». «ГъащIэ-мафIэгужь» зыфIища усэми Мыкъуэжьым къыщигъэлъэгъуащ дунейм къыдекIуэкI хабзэ мыхъумыщIэхэр, псори зэуэ къызэщIэкъуарэ мафIэгум и образым ешэлIэжауэ. УсакIуэм гъащIэм, цIыхум и щыIэныгъэпсэуныгъэм ехьэлIауэ къиIуатэ гупсысэхэр нэхъри щIэгъэхуэбжьа, гум ежалIэ, гукъинэж мэхъу къэгъэпсэуныгъэ Iэмалыр къигъэсэбэпу гъащIэ-мафIэгум зыщыхуигъазэкIэ:

*ГъащIэ-мафIэгужьу хейхэм я щIыунэ,*
*Удэфа-сэхъуахэм я дуней жэнэт,*
*Ди зэхуэдэ унэу, уей, емынэ унэ,*
*Ди унэкIэ хъунум и жэуап къыдэт!*

**(«ГъащIэ-мафIэгужь»)**

Къэтхьа едзыгъуэми, езы усэр зэрыщыту къапщтэми, укъыщеджэ къудейкIэ абы и гъэпсыкIэ телъыджэр, и ритмикэ шэщIар макъамэу тхьэкIумэм къоIуэ. Сатырхэр макъ зэщIэжьыуэхэмкIэ къулейщ, абыхэм IуэрыIуатэм и рифмэмрэ кIэух рифмэ зэблэдзамрэ IэкIуэлъакIуэу щызэхэуухуэнащ. Едзыгъуэм и ещанэ сатырым деж «унэ» псалъэм омониму къызэрытригъэзэжым усэм щIэлъ гупсысэр ешэщI, егъэшэрыуэ, ар тхылъеджэм нэхъ зыхищIэнзэхищIыкIынымкIэ къалэн пыухыкIа егъэзащIэ «уей» жыхуиIэ междометиеми.

ГъащIэ-мафIэгум и образым КIыщокъуэ Алим и усыгъэми ущрохьэлIэ, ауэ усакIуитIым я тхыгъэхэм щIалъхьа гупсысэр зэтехуэркъым. ТIуми гъащIэр мафIэгум ирагъапщэ, абы и образымкIэ дунейм и зэхэлъыкIэр къагъэлъагъуэ, арщхьэкIэ КIыщокъуэм гъащIэ-мафIэгум ису кIуэ цIыхухэм я хьэл-щэнкIэ зэрызэхуэмыдэр ди нэгу къыщIигъэувэмэ, Мыкъуэжьым зи гугъу ищIыр «гъащIэмафIэгужьым» щызекIуэ хабзэ мыхъумыщIэхэрщ. УсакIуэм къызэрилъытэмкIэ, абы «ер щыжьантIэрыкIуэщ», «щиIутIыжщ нэфI-нейм», «щогурым тхьэмыщкIэр», «зыщатIыжыр бейм», «Iэщэ щызэрахьэ», «Iущыр щызэрахуэ», «напэ щызэIуащэ», «псэр щызэхаутэ», «мылъкум елъытауэ щащIыр зэхэгъэж», уитIысхьэн хуей хъуами, «уигу зрегъэбгъэж». Мыкъуэжьым и IэдакъэщIэкIхэм куэдрэ уащрохьэлIэ цIыхухэр мылъкурэ къулыкъукIэ зэрызэхуэмыдэм къишэ икIагъэхэм. Абы щыгъуэми, усакIуэм фIы дыдэу къыгуроIуэ «дыгъэмыхъуэр зи натIэ» ныкъуэмрэ «дыгъафIэр Тхьэ IэмыркIэ зыIэрыхьа» изымрэ щIызэрымыщIэр – «тетхэщи аращ дуней зырыз». Ар къэзыгъэуIэбжьыр нэгъуэщIщ:

*ЗэрызгъэщIэгъуэнур къысхуэмыщIэ:*
*Ныкъуэм ныкъуэр сыт щIызыхимыщIэр?*

**(«Изым ныкъуэр зэрызыхимыщIэм...»)**

Мыкъуэжьыр ящыщщ гъащIэм кууuэ икIи плъыфэбзу хуэусэ закъуэтIакъуэхэм. УсакIуэм и еплъыкIэмкIэ, гъащIэр зи лъащIэм унэмысыф, зи щэхухэр къыпхуэмытIэщI гъуэбжэгъуэщщ. Ар мыпсэхуу цIыхум и щыIэныгъэ-псэуныгъэм и мыхьэнэм лъыхъуэ зэпытщ, къыщыхуэмыгъуэткIи, и гугъэр хихыжауэ жеIэ: *«…Уи щэхухэм я щIэм / Сынэсыфкъым, гъащIэ, / Сэ содыхьэшхыр / Сымыгъыным папщIэ».* [«АкъылкIэ сэ…»]. И зэманым къыщыхъу мыхъумыщIагъэхэр и нэгу щIэкIыхукIэ усакIуэм нэхъри хьэкъ щохъу дунейр зэрынэмыщIысар. ИтIани цIыхупсэм сыт щыгъуи зы фIагъ къыдокIуэкI – гугъэн-хъуэпсэныр. Апхуэдэ гупсысэхэр лъабжьэ хуэхъуащ «ГъащIэм» жыхуиIэ усэм:

*ДымыщIэу псэху*
*ДыщIэбгъэтхьэджэр*
*Акъылым ещIэ –*
*НэкъыфIэщIщ…*
*ИтIани гум*
*Хъуэпсэн щIимычэ,*
*Телъыджэ щыIэу*
*Мэхъу и фIэщ.*

**(«ГъащIэм»)**



Псыр ипщэкIэ зэрыдэмыжейр, къэкIыгъэр зэремыкIыхыр, щIы хъурейр цIыхур здыхуей лъэныкъуэмкIэ зэремыджэрэзэкIыр, гуфIэгъуэмрэ гуауэмрэ зэрызэлъэпагъыр, емрэ фIымрэ я зэпэщIэтыныгъэ мыухыжыр дунейр къызэриухуэрэ абы щызекIуэ хабзэ ткIийхэм ящыщщ. УсакIуэми ахэр фIыуэ къыгуроIуэ, ауэ «узыхьыну псым зыдегъэзых, сыт хуэдизрэ ухуэмыхъущIэми, гъащIэр зэрыщымыт пхуэщIынукъым» къыжезыIэхэм жэуапу ретыж: *«ХущIэкъуат сищIыну ещхь езым, / Ауэ сэ дунейр къыспэлъэщакъым. / СхуэмыщIами ар зэрыщымыт, / Сызэрыщымыти зезгъэщIакъым»* [«Дунеижьым дыщэм зыхуегъэщхъ…»]. Дунейм и зэхэлъыкIэми, цIыхум и щыIэкIэ-псэукIэми, ихъуреягъкIэ и нэгу щыщIэкI къэхъугъэ псоми кууuэ хэплъа усакIуэр, икIэм-икIэжым, зыхуэкIуэр гъащIэр зэрыщытым хуэдэу лъагъунырщ, ифIри и Iейри къэщтэнырщ:

*АфIэкIа къыскъухьынкъым мы гъащIэр:*
*ЩыдимыIэкIэ дызыхэдэн,*
*И фIыр ифIу, и Iейри и Iейуэ,*
*Зэрыщытым хуэдабзэу къэсщтэнщ.*

**(«АфIэкIа къыскъухьынкъым мы гъащIэр…»)**

Мыкъуэжьыр «усакIуэ нэщхъей» цIэр зытеIукIахэм ящыщщ. Ауэ абы къикIыркъым Анатолэ и усыгъэр тхьэусыхафэ е гъыбзэ зэфэзэщу зэхэлъу. Абы къикIращи, усакIуэр кууuэ, набдзэгубдзаплъэу гъащIэм хоплъэф, абы и хужьыр хужьу, и фIыцIэр фIыцIэу – зэрыщыт дыдэм хуэдэу елъагъу. Зы лъэныкъуэкIэ уеплъмэ, нэгъуджэ щхъуэкIэплъыкIэкIэ дунейм хэплъэну хуейхэм Мыкъуэжьым и усыгъэр къагурымыIуэнри хэлъщ, ауэ, нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ, абы гъуджэу къытощ пэжыгъэр, захуагъэр, усакIуэм и гущIэлъапсэм щызэпцIа сатырхэм къапкърыкI гумащIагъэр, псэ къабзагъэр, хьэ-

лэлыгъэр – дунейр мыкъутэжу зэтезыIыгъэ хъугъуэфIыгъуэхэр. «УсакIуэ нэщхъейхэм» зэрыхалъытэм ехьэлIауи Мыкъуэжьым етх:

*«ЩIым темытыжми гуфIэгъуэ*
*Ярейуэ, щхьэ унэщхъей?» –*
*Къеджа иужькIэ си тхыгъэм,*
*Ныбжьэгъухэм къызжаIэрейщ.*
<…>
*ГуфIэгъуэщ, сэ фIыуэ сощIэ,*
*КъыщIигъэщIар мы дунейр…*
*СыгуфIэщэну сыхуейщи,*
*Аращ сэ сыщIэнэщхъейр.*

**(«ЩIым темытыжми гуфIэгъуэ...»)**

Мыкъуэжьым и усэхэм я нэхъыбэр фIым къыхуеджэн, цIыхубэм я гъащIэр ефIэкIуэн, щIэблэм къэкIуэну дахэ яIэн, лъэпкъым зиузэщIын гугъэхэмкIэ псыхьащ. «Хъуапсэ и псэ кIуэдыркъым» зэрыжаIэу, усакIуэми и гугъэ хихыжыркъым дунейр зэгуэрым нэщIыса зэрыхъунум, абы цIыхугъэр, гуапагъэр, гумащIагъэр, пэжыгъэр тепщэ зэрыщыхъунум. Аращ ар «гуфIэгъуэм теухуауэ», «захуагъэр щигъэлъапIэу», едаIуэм «гуфIэ нэпс къыфIыщIигъэкIыу» уэрэд зэхилъхьэну щIыщIэхъуэпсыр: «Узэджэр къокIуэ» – жиIэгъащ псалъэжьым, / ГуфIэгъуэм хуэзгъэпсынщ сэ зы уэрэд» [«Сыхуейт сэ зэхэслъхьэну Iэджэ щIауэ...»]. УсакIуэр езы ажал дыдэми, гугъэр и Iэщэу, пэщIэтыфщ: «Ажал, / Уэ сэркIэ ущыIэжкъым – / Си гугъэхэмкIэ / УзукIащ» [«Ажал»].

Мыкъуэжьым и усыгъэм щIыпIэ щхьэхуэ щаубыд лIэныгъэм ехьэлIа гупсысэхэм. И усэхэм языхэзым: «Аращ и хабзэр дунеижьым: / Къытохьэ зыр, адрейр токIыж», – щетх усакIуэм. АдэкIэ къыхегъэщ ажалыр гъащIэм зэридауэгъуэр, арщхьэкIэ цIыхур гуауэ архъуанэм кърихыжу къыдогъуэгурыкIуэ гугъэр:

*ЩызэхокIыжри пшэр ди уэгум,*
*Ди нэгум дыгъэр къредзэж.*
*Адэжь щIэинщи гугъэ тIэкIур –*
*Гугъэн аргуэру щIыдодзэж.*

**(«Аращ и хабзэр дунеижьым...»)**

Дэтхэнэ усакIуэ нэсми хуэдэу, Мыкъуэжьыр дунейм и щытыкIэми, ихъуреягъкIэ къыщекIуэкI къэхъукъащIэхэми, зыхэпсэукI зэманми хуэнабдзэгубдзаплъэщ. А псоми къадэкIуэу, абы псэкIэ зэрегъэзахуэ, зэпелъыт цIыхухэм щэху е нахуэу яхэлъ хьэл-щэнхэр, я гущIэм и кууагъ-чэнжагъыр. Абы щыгъуэми, усакIуэм нэхъыбэрэ къыхегъэщхьэхукI хьэлым я нэхъ мыгъуэу цIыхухэм ядилъагъухэр – пцIы упсыныр, Iужажэныр, фыгъуэнижэныр, фэрыщIыныр, нэгъуэщIхэри.

ЦIыхум и пщIэр бгъэдэлъ мылъкумкIэ къыщалъытэ иджырей зэманым «дунейм и ныбжьыр и ныбжьу», «жып щэхукIэ кърахьэкIыу», «щыкIахэр зэкIэрызышхэу» абыхэм я «шхахуэм хейхэр хэзыгъэшхыкI» Iулъхьэр щытепщэщ. Ар зезыхьэхэм яфIокIыжри, усакIуэм гъэщIэгъуэну езы Iулъхьэм зыхуегъазэ:



5 Заказ №377

*«Жэнэтым хейхэр допщIыхь – / Щытыншыжынщ псэ бэмпIар… / Ахърэтми ущызэрахьэу / КъыщIэкIмэ, дыунэхъупащ»* [«Iулъхьэ»].

ЦIыхухэм ядилъагъу мыхъумыщIагъэхэм Мыкъуэжыр хэхауэ къащIытеувыIэм щхьэусыгъуитI иIэщ: япэрауэ, апхуэдэ хьэл-щэнхэр усакIуэм и зэхэщIыкI-гупсысэм къызэримытIасэрщ, псэуныгъэм хуиIэ гукъыдэжымрэ и дуней тетыкIэмрэ ахэр зэремызэгъырщ; етIуанэрауэ, гъащIэм зыщрихьэлIэ цIыху мыгъасэхэм, гу щIыIэхэм къатрищIыкIа образ гуемыIу къигъэщIкIэрэ зытрищIыкIахэм закъригъэщIэжын, зыщIигъэгупсысыжын, Iэмал гуэр иIэжыххэмэ, пэжыгъэмрэ захуагъэмрэ я гъуэгум тригъэувэжын мурад зэриIэрщ. А псом къадэкIуэуи, щIэблэр щIэпIпIыкIын и лъэныкъуэкIэ апхуэдэ усэхэм я гъэсэныгъэ-ущиинычгъэ мыхьэнэр лъагэщ. «Дунейр уи Iэпэм къыдеджэрэзэкIыу…» усэм Мыкъуэжьым къыщегъэлъагъуэ цIыхугъэр къызэрапщ пщалъэ нэхъыщхьэхэр:

*Уи зэхэщIыкIыр*
*ФIым хуэмыпсыхьамэ,*
*Дахагъэ уи гум*
*Къыщымыушамэ,*
*УцIыхукъым,*
*Хуеймэ, уэ урепащтыхь.*
*УзырикIщ,*
*УфIэфIыху зыгъэалыхь!*

**(«Дунейр уи Iэпэм къыдеджэрэзэкIыу…»)**



Гуапагъэр, гумащIагъэр, гулъытэр гъадэщIыдэм къыхэзынэу, мылъкур, пцIыр, фэрыщIагъыр тепщэ щыхъуа зэманым усакIуэр псэкIэ гугъу щохь: *«Дэтлъагъумэ цIыхум гумащIагъэ, / ДгъэщIагъуэу сыт дыкъыщIэнар?!»* [«И IитIыр хьэлъэм иришэхыу…»], – щIоупщIэ ар. ЦIыхум я нэхъыбэм дахагъэр ямылъагъужу, дунейм и телъыджагъым хуэгунэфу къызэрынари усакIуэм егъэщIагъуэ: *«Бгъэдэлъщи / МыкIуэщIыж дахагъэ, / Мы дунеишхуэр / СогъэщIагъуэ. / А псори цIыху / ЗымыгъэщIагъуэ / ЩIым зэрытетыр / СогъэщIагъуэ»* [«СогъэщIагъуэ»].

Мыкъуэжь Анатолэ и усыгъэм и къыщхьэщыкIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ зы усэм и кIуэцIкIэ мыхьэнэ зэпэщIэуэ къызэрыкI гурыIуэныгъэхэр щызэхьэлIэныр, щызэгъэпщэныр. Апхуэдэхэр тIурытIурэ зэдзылIауэ усэхэм къыщокIуэ: *гуфIэгъуэ – гуауэ* («Сыхуейт сэ зэхэслъхьэну Iэджэ щIауэ…», «ЩIым гуфIэгъуэм…», «ЗыпщигъэнщIкъым цIыхупсэм…», «Пщэдджыжьыпэм дыгъэр къыкъуэкIамэ…», «ГуфIэгъуэ защIэу уэрэд…»), *гъащIэ – ажал* («АкъылкIэ сэ…», «Ажалым», «Аращ и хабзэр дунеижьым…», «– Удз гъэгъахэр…», «Аушыджэр джабэм кIэрыт кхъэжьым…»), *пэж – пцIы* («Зеиншэу Пэжыр къыдэнащ уэрамым…»), *зауэ – мамырыгъэ* («Дунеишхуэ…», «Хуейщ дыгъэр бзийкIэ гуэшэну…», «Макъхэр», «Iугъуэ», «Сыхьэт закъуи и IитIыр мыпсэхуу…»), *зэман акъылыфIэ – зэман акъылыншэ* («Ди зэманыр зэрыакъылыфIэ…»). А гурыIуэныгъэхэр щызэпэщIэгъэува усэхэм философие гупсысэ куу ящIэлъщ.

ГуфIэгъуэмрэ гуауэмрэ, гъащIэмрэ ажалымрэ, зауэмрэ мамырыгъэмрэ я зэпэщIэтыныгъэ мыухыжхэм Мыкъуэжьым и усы-

гъэм щIыпIэ щхьэхуэ щаубыд. Ауэ зы усакIуи зэрыхузэфIэмыкIауэ щIэщыгъуэу, художественнэ Iэзагъ хэлъу Мыкъуэжьым зэрихьэлIащ анэмрэ фIыуэ илъагъу пщащэмрэ яхуиIэ лъагъуныгъэр, абы щыгъуэми, зыр зым примыдзыхыу, «зэрытемыгъакIуэу», а цIыхуитIым усакIуэпсэм щаубыд увыпIэр къыигъэлъэгъуэфащ. Анэмрэ псэм и щIасэ пщащэмрэ я лъагъуныгъэр лIэужьыгъуитIу къэогъуэгурыкIуэ, ауэ усакIуэм и гур абыхэм зэхуэдитI яхурищIыкIащ. Усэм и пэщIэдзэм деж Мыкъуэжьым къыхегъэщ «егъэлеяуэ мы щIылъэм фIыуэ цIыхуитI зэрыщилъэгъуар», ар абыхэм сыт щыгъуи «яхуэныкъуэщ», «яхуосакъ». УсакIуэм зи гугъу ищI цIыхуитIыр усэм и кIэух едзыгъуэм наIуэ щохъу:

*Зыр –*
*Си анэ дыщэ гумащIэрщ,*
*ФIыуэ слъагъу пщащэрщ*
*Адрейр,*
*ТIуми яхуэсщIэр*
*СфIэмащIэщ:*
*Зым къызитащ сэ си гъащIэр,*
*Хуитщ къыпищэнум адрейм.*

**(«Егъэлеяуэ мы щIылъэм...»)**

УсакIуэр и псэм щыщ Iыхьэкlэ нэхъыбэрэ гуэшэхукIэ, абы къыщыщIэж усыгъэ-псынэр икIуэщIыкIыркъым, атIэ кIуэ пэтми нэхъ уэр, къабзэ мэхъу. И интервьюхэм языхэзым Мыкъуэжь Анатолэ щыжиIэгъащ: «УсакIуэ нэсым и дежкIэ щыIэкъым щхьэ закъуэ насып. Абы и насыпыр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ щIым цIыхуу тетым я насыпым, бэм я насыпым. ИкIи езым и гум къыщрихьэкI дуней хьэрэмыгъэншэм ещхь хъуауэ мы дызытет дунейр илъагъунырщ абы и хъуэпсапIэ нэхъыщхьэр». Мы псалъэхэри усакIуэм и IэдакъэщIэкI дэтхэнэ усэри щыхьэт тохъуэ абы и лъэпкъ зэхэщIыкIыр зэрылъагэм, адэж щIыналъэм хуиIэ гурыщIэ къабзэм и кууагъым. Мыкъуэжьым и усэхэм щызэхэжыхьащ хэку лъагъуныгъэри, лъэпкъым и тхыдэри, IуэрыIуатэм и хъугъуэфIыгъуэхэри, анэдэлъхубзэм и къулеягъ-шэрыуагъри. Адыгэм и блэкIа гуузым куэдрэ хуэмыусэми, XIX лIэщIыгъуэм икухэм ди лъэпкъэгъухэм хэкур зэрырагъэбгынар, пшахъуэ налъэ зырызурэ хамэщIхэм зэрыщикъухьар сыт щыгъуи усакIуэм и гукъеуэщ, «шэпхъыу и гум хэпхъащ»: *«Залымыгъэу залымыгъэ бзаджэт. / Схуегъэхкъым тэмакъым ар: / Сабийхэр балигъхэм еджэу, / Балигъхэр макъкIэ зэщыджэу / Я лъахэм зэрырашар»* [«Си нанэу си нанэ дыщэ...»]. Мы зы усэм къыщыгъэлъэгъуащ адыгэм и гупсысэкIэри, и хьэл-щэнри, и лIыгъэри, и бэшэчагъри *(«Бий куэдым куэдрэ яфыщIми, / И лIыгъэм яхухэмыщIу, / И джатэ Iэпщэр ихузт»),* Хэкум и дахагъри *(«Си Хэку и дыгъэр гуапащэщ...»),* анэдэлъхубзэм и IэфIагъри *(«КIуэдыжмэ си адыгэбзэр, / ХэкIынущ си адыгэпсэр»).* Мыкъуэжьым и бзэр фIыуэ илъагъу къудейм къыщынэркъым, атIэ ар анэм, анэкъилъхум пещI: *«Си анэм и гукъеуэр къызэрысхуиIуатэ / Бзэм нэхъ лъапIэ теткъым сэркIэ мы дунейм»* – жеIэ, абы къыщымынэуи, усакIуэр бзэм и хъумакIуэу, и къыщыжакIуэу къоув:

*Си бзэм сэрэ дызэтIолъхуэныкъуэу*
*Зы адыгэ анэ дыкъилъхуащ…*
*Здэнукъым сыкъэзылъхуар хаутэу,*
*Здэнукъым хаутэу къыздалъхуар!*

**(«Си бзэм сэрэ дызэтIолъхуэныкъуэу…»)**

«Адыгэ гимн» зыфIища усэм щIилъхьа ритмикэ хэIэтыкIамкIэ Мыкъуэжьым егъэлъапIэ къызыхэкIа «нартыжь лъэпкъ уардэу зи тхыдэжьыр къетхъухыпар», лъэпкъ хабзэ дахэхэр, Хэкур, адыгэу дунейм тетым гъуазэ яхуэхъуу псори зэгуэрым щызэхуэсыжынкIэ зыщыгугъ Iуащхьэмахуэ. Зи гугъу тщIы усэхэри нэгъуэщIхэри щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, усакIуэм и гукъыдэж-дэрэжэгъуэр и Хэку насыпым къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ, и щIыналъэм и гуфIэгъуи и гуауи дигуэшыну хьэзырщ:

*Гур дэгуфIэу уи гуфIэгъуэм,*
*ДэткIуу ар уи гузэвэгъуэм –*
*Сыпсэуным нэхъ насып сэ,*
*Си Хэку лъапIэ,*
*Сыхуэмей.*

**(«Гур дэгуфIэу уи гуфIэгъуэм…»)**



Мыкъуэжьым и усыгъэм зы Iыхьэшхуэу хоувэ фIыуэ илъагъу цIыхухэм – адэ-анэм, къуэшым, шыпхъум, щхьэгъусэм, бынхэм, ныбжьэгъухэм – яхуитха усэхэр. Псом хуэмыдэжу гуапэщ анэм хуигъэпса тхыгъэхэр, а образри нэсу усакIуэм къехъулIащ. Абы къыхегъэщхьэхукI анэм и хьэл-щэн нэхъыщхьэхэр, и псэ зэхэлъыкIэр: анэм и «гъащIэр ехь и быным тегужьеикIауэ», «химыгъэхьэу жэщым», «химыгъэхьэу щIыIэм», псоми зыгуэр къращIэн фIэщIу. УсакIуэм анэмрэ дыгъэмрэ зэрызэригъапщэр адыгэ литературэм щыщIэщыгъуэщ – а тIур я хуабагъкIэ гуапагъэкIэ зэхуегъадэ. «Псалъэ жагъуэ» зыфIища усэм лъабжьэ хуэхъуар анэм и гумащIагъырщ, и псэ махагъырщ. Быным и псалъэ гуауэм абы зыри пидзыжакъым, и нэпс къекIуар и Iэлъэщ I кIапэм кIуэцIигъэпщкIуа фIэкIа.

Анэм теухуа темэм зригъэубгъуу, «Сэ ухэту щытми узмыцIыху…» усэм Мыкъуэжьым къыщегъэлъагъуэ зи бын хыфIэзыдза бзылъхугъэм и образ. Усэр зы бзылъхугъэм и дуней тетыкIэм хуэгъэзами, ар къызэщIэзыкъуэ образщ:

*Сэ ухэту щытми узмыцIыху,*
*Ауэ, сощIэ, шэч къытезмыхьэжу,*
*ПщIам иужькIэ, уигу щIэмыузыжу,*
*Пхуэмыфащэ пхужаIэну «цIыхущ».*
*<…>*
*Быну тетым я цIэкIэ дунейм,*
*Анэу щыIэм ягу сыкъипсэлъыкIыу,*
*Сэ узох нэлатым я нэхъ Iейр,*
*ЗэрысхузэфIэкIкIэ узгъэикIэу.*

**(«Сэ ухэту щытми узмыцIыху...»)**

Мыкъуэжь Анатолэ и усыгъэм щIыпIэ ин дыдэ щеубыд лъагъуныгъэ лирикэм. УсакIуэм а темэм къыхуегъуэтыф езым и бгъэдыхьэкIэ щIэщыгъуэ. Псом хуэмыдэу ар нэрылъагъу щохъу игъуэ нэмысу дунейм ехыжа и щхьэгъусэ Мыкъуэжь-Хьэмыкъуэ Маринэ теухуа «Си уэрэд мыух, си гъыбзэ кIэншэ» поэмэ-элегием. Ар къэплъытэ хъунущ, езы усакIуэм и лъагъуныгъэ лирикэм и мызакъуэу, адыгэ лирикэм и фIыпIэу.

Зи гугъу тщIа поэмэм хыхьа дэтхэнэ усэри и щапхъэщ дунейр къызэригъэщIрэ зэтезыIыгъэ гурыщIэ иным, нэхум, къабзэм. ЦIыхур сыт щыгъуи щIохъуэпс гуапагъэм, IэфIыгъэм, дахагъэм. Ауэ ахэр нэсу щызыхэпщIэфынур псэкIэ ппэгъунэгъу цIыху ущиIэм дежщ:

*ГъащIэ лъащIэм*
*ЩIэгъэпщкIуащ IэфIагъ,*
*ЕлъэпIэкIыу дунейм тетым*
*ФIыгъуэу.*
*ЗыхэфщIэнум*
*И кIэм нэсу ар,*
*ИгъэфIэну фи псэр*
*Псэ къэфлъыхъуэ.*
*<...>*
*ПщIыгъумэ*
*ПсэкIэ уи гъунэгъуу цIыху,*
*Ажал дыдэр, уеблэм,*
*Мышынагъуэ.*
*КъывэмыпцIыжыну*
*Фыпсэуху,*
*ПсэкIэ фи гъунэгъуу*
*ЦIыху къэфлъыхъуэ.*

**(«Мылъкури щIыхьри...»)**

Къэтхьынщ нэгъуэщI зы щапхъи. Мыбдеж усакIуэм фIыуэ илъагъу пщащэм и сурэт наIуэ псалъэкIэ щещI: *«ФэрыщIагъыу / Зы мэскъал пхэмылъ: / Уодыхьэшх / Уи макъыр зэрылъэлъу. / Урещхьщ / Сабий цIыкIум, / Удз гъэгъам, / Псынэ къабзэм, / Гъатхэ уэшх хьэлэлым»* [«ФэрыщIагъыу…»]. Апхуэдэ дахагъэр къэзылъагъуфыр, псэ къабзагъэр зыхэзыщIэфыр, дауи, цIыху гу пцIанэрщ, усакIуэ нэсырщ.

КъытеувыIапхъэщ Анатолэ «Гущэкъу уэрэд» зыфIища усэми. Ар хуабжьу цIэрыIуэ хъуащ Жылау Арсен макъамэ щIилъхьэу, КъБР-м и цIыхубэ артист Нэхущ Чэрим жиIэу дунейм къытехьа нэужь. А уэрэдыр гуимыхуж зыщIар абы ди литературэм щыщIэщыгъуэ образ куэд узэрыщрихьэлIэрщ, ахэр усакIуэм бзэм и Iэмал гъэщIэгъуэнхэмкIэ къызэриIуатэрщ:

*Мазэ тхьэгъу лъэныкъуэр*
*Уафэм кIэрыщIащ.*
*Вагъуэ цIыкIухэр щыгъэу*
*Зэбгрыщэщащ…*
*Жэщыр пщIыхь дахащэу*

*Iупхъуэм къызэпхощ,*
*Уэри мыщIэ цIыкIуу*
*Гущэм укъыхощ.*

**(«Гущэкъу уэрэд»)**

Мыбы къыхэщ зэгъэпщэныгъэхэр езы усакIуэм и дунейр къызыпкърыщщ. Къапщтэмэ, адыгэ усыгъэм зэи дыщрихьэлIакъым мазэр тхьэгъу лъэныкъуэм, сабийр мыщIэ цIыкIум егъэпщэным. Ахэр щыхьэт тохъуэ Мыкъуэжьым и «Гущэкъу уэрэдыр» лъэпкъ усыгъэм и мызакъуэу, адыгэ щэнхабзэми гъуазджэми хэлъхьэныгъэфI зэрыхуэхъуам.

Мыкъуэжь Анатолэ езым и дуней къэзыгъэщIыжа, зыми емыщхь хъэтI зиIэж усакIуэщ. Аращ абы и усэхэм языхэзым мыпхуэдэу щIыщитхри: *«…А си дунейр емыщхь адрейхэм… / Усыгъэ щыгухэм ящыщ зым / Си нып, тедзауэ си дамыгъэ, / ЩыхэстIэжакъэ сэ езым»* [«Уэ умы-Блок, умы-Есенин…»]. Мыкъуэжьым и творчествэм и пщIэр ягъэлъэхъшэн мурадкIэ, зыгуэрхэм «уэ умы-Блок, умы-Есенин» къыщыжраIэкIэ, усакIуэм абыхэми жэуап екIу яретыжыф, езыми и усыгъэм и мыхьэнэмрэ и псалъэм и лъэщагъымрэ а жэуапымкIэ щIигъэбыдэу:

*Пэжщ, сымы-Блок сэ, сымы-Байрон,*
*Сымы-КIыщокъуэ, сынэгъуэщIщ.*
*СокIуж си гъуэгу, си гъуэгущ сэ скIужыр, –*
*Сэ сы-Мыкъуэжьщ, сэ сы-Мыкъуэжьщ.*

**(«Уэ умы-Блок, умы-Есенин…»)**



Мыкъуэжьым и усыгъэм щIыпIэ хэха щеубыд усакIуэм и образым:

*ЦIыху мелуанхэм я гуауэр*
*Згъэвыну къысхуиухащ.*
*ЛIэщIыгъуэ минхэм я хьэлъэм*
*Мы си плIэр къысфIиухуащ.*

**(«УсакIуэ»)**

Дэтхэнэ усакIуэ нэсми хуэдэу, ар зэIухауэ, пэжыр и гъуазэу, и щхьэр зыми хуимыгъэщхъыу матхэ:

*Пащтыхь симыIэ. СиIэкъым Iужажэ.*
*Сыхуиту си щхьэ щIылъэм сыщопсэу.*
*СиIэжщ си фIыгъуэ, ар – си Iэужь тIэкIурщ,*
*Срокъу си закъуэ сэ зы дуней псо.*

**(«Пащтыхь симыIэ. СиIэкъым Iужажэ…»)**

Мыкъуэжь Анатолэ ящыщщ «Дахагъэр зи Тхьэу, Пэжыр зи КъурIэн» усакIуэхэм. Ар зэрыпсэум хуэдэу мэусэ, зэрыусэм хуэдэу мэпсэу.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*

# СТЕМЫТУ ДАМЭ ЩХЬЭ СЫКЪЭБГЪЭЩIА?

Иужьрей илъэс тIощIым ди къэралым къыщекIуэкIам, къыщыхъуам сыщегупсыскIэ, сигу къихьэжу зы усэфI гуэр хэтщ ди нобэрей усыгъэм. «Ди кхъухьыр» – аращ усэм фIэщыгъэцIэ хуищIар ар зи IэдакъэщIэкI Мыкъуэжь Анатолэ.

Горбачёв и перестройкэмрэ Ельцин и революцэмрэ цIыхубэр «зэрагъэуна насыпым» мыгъуагъэу хэлъымрэ ткIыбжьу щIэлъымрэ мы усэм нэхърэ нэхъыфIу къэзыIуатэ тхыгъэ (ди литературэм хэту) сэ сыщыгъуазэкъым. Мис абы щыщ пычыгъуэ:

*Толъкъунхэр зэрыхуейуэ ирикъухьу,*
*ЕзыхьэкIыну зи гугъа ди кхъухьыр,*
*Иджы тенджызым къызыхидзыжауэ,*
*И Iуфэм Iулъкъэ зэтещэхэжауэ...*

*Дапщэщ ди дыгъэр пшэхэм къыкъуэкIыжу,*
*А псыхьэлъахуэр щигъэгъущыжынур?*
*А псыхьэлъахуэм кхъухь къыхэтщIыкIыжу*
*Тенджызым тетхэм дащыщIыхьэжынур?!*

«Гражданственность – талант не лёгкий», – жиIэгъащ урыс усакIуэ гуэрым. А «гражданственностыр» – цIыхубэм, къэралым я Iуэху зытетым уи гур хуэмыгъуэу, ар уи творчествэми къыпкърыщу усэ птхыныр – икъукIэ гугъущ. Абы щыгъуэми политикэмкIэ, риторикэ жыхуаIэмкIэ уримыхьэкIыу. 

Мы къэсхьа усэр зы метафорэшхуэ къуэпсыбэу зэрыIыгъщи, абы хэткIухьауэ (къыхэмыщу) тхыди, экономики, уеблэмэ социологие гуэри хэлъщ. Нэхъ кIэщIу жыпIэмэ, советскэ империер зэрызэхэщэщамрэ абы и хьэлъэр зи плIэм дэхуауэ ноби зыкъэзымыIэтыжыф цIыхубэмрэ ятеухуа мы усэ кIэщIыр и псэмкIи, и къуэпсхэмкIи зыщыщыр «лирикэ» жыхуаIэжыр аращ. АбыкIэ фIыщIэр зейри сатырхэм яхэлъ гууз-лыуэзымрэ едзыгъуэхэм я шэрыуагъэмрэщ.

Властымрэ политикэмрэ япэIэщIэ, ахэр зытещIэ цIыхубэм я гъащIэр сыт хуэдэ? А упщIэр и щхьэм икIыркъым усакIуэм, и псэм бэлыхь тригъэлъщ, жытIэми дыщыуэнукъым.

*Е-щхьэзыфIэфIыр зи жьантIэдэсу,*
*Уей, дунеижь!*
*ЦIыхугъэ нэсыр зи бжэкъуагъкъуэту,*
*Уей, дунеижь!*
*<…>*
*НэмыукIытагъэр зи жьэгу щыпэкIуу,*
*Уей, дунеижь!*
*<…>*
*Бохъшэ домбейхэм къадеуджэкIыу,*
*Уей, дунеижь!*
*<…>*
*Шатащхьэ IувкIэ щыкIар зыгъашхэу,*
*Уей, дунеижь!*

*Бэр зи кIэкъинэм хэзыгъэшхыкIыу,*
*Уей, дунеижь!*

УсакIуэм мыпхуэдэ сатырхэр зыхуигъэпсын щапхъэхэр гъунэжу хэтакъэ иужьрей илъэс 15–20-м етхьэкIа гъащIэм? ТIэкIу куэдыIуэу хэтащ, ди жагъуэ зэрыхъущи.

*Сыхуейт сэ зэхэслъхьэну Iэджэ щIауэ*
*ГуфIэгъуэм теухуауэ уэрэд нэс.*
*АрщхьэкIэ гъуэгу къызитыркъым цIыху гуауэм,*
*Зыплъыхьыт – дэнэкIи щыщIагъэкIыр нэпс.*

*ЩIегъэкIыр нэпс, зи бын зыхуэмыпIыжу*
*Уэрамым лэжьапIэншэу къыдэнам.*
*ЩIегъэкIыр нэпс, лъакъуитI зыпымытыжу*
*ЩIэлъэIуу сом, гъуэгущхьэIум къытенам.*
<…>
*Нэщхъейщ сабийр, щхьэщIэгупсысщ балигъыр, –*
*Тхьэ закъуэрщ псоми плъапIэу къытхуэнар.*
*Пшэ Iувым къыпхыпсыжыркъым ди дыгъэр –*
*Гъуазэншэ къабзэу дыкъызэхэнащ...*

Мыкъуэжьым и тхыгъэхэм къыщеIэт, критик цIэрыIуэ В. Г. Белинскэми зэрыжиIауэ, «зэгупсысыпхъэ икIи жэуап зэтыпхъэ» Iуэхугъуэ куэд. ИщхьэкIэ къэтхьа усэр абы и зы щапхъэщ.



ЦIыхубэм, лей зытехьэм, дэкъузам къыщыжыныр адыгэ усыгъэм къыдэгъуэгурыкIуэ хабзэщ. Апхуэдэ къыщыжакIуэ, гущIэгъулы къалэныр зыIэт усэхэр я мащIэкъым Агънокъуэ Лаши, ПащIэ Бэчмырзи, ЩоджэнцIыкIу Алии.

Нобэрей ди литературэм а хабзэр Мыкъуэжь Анатолэ хуэдэу щызыукъуэдииф къэгъуэтыгъуафIэкъым. Къалэн мытынш и пщэ къызэрыдэхуар къыгуроIуэж езы усакIуэми:

*Згъэбзэнущ усэр маисэу, –*
*Сраучэлщ сэ цIыху хейм.*

Залымыгъэу дунейм щызекIуэр, хьэгъэщагъэу хьэкIэпычхэм зэрахьэр КъытщхьэщытыIм сыт щIидэр? УсакIуэр и гуныкъуэгъуэм апхуэдэ упщIэхэм ирегъэувалIэ.

*Алыхь лъапIэ, мэхъу си фIэщ шэчыншэу –*
*ЩIыр дахагъэщ къызыхуэбгъэщIар.*
*УзэплъэкIыу укъеплъэкIыжыхукIэ,*
*Еплъ Iиблис мыбы щызэIищIам.*

* * *

*Алыхь лъапIэ, цIыху къызэрыбгъэщIрэ,*
*ЩIым зы илъэс минкъым щекIуэкIар.*
*ЩIиIэр сыт-тIэ нобэ къэс дагъуищэ? –*
*ЩIагъуэ хъункъым къызыхэпщIыкIар.*

Мыпхуэдэ усэхэр утыку къиплъхьэн щхьэкIэ, ахэр куэдрэ уи гум щыжьауэ, уи «акъылым лIыгъэ хэлъу» щытын хуейщ.

*Дунеижьу фIыр зыхудиплъапIэр*
*МэкIэрахъуэ пхэнжу – къэплъэнэфщ.*
*Щхьэщыхуат куэд щIауэ ар щыхупIэм,*
*Зи псэр нэхухэм хуамыщIам гулъэф.*

«МэкIэрахъуэ пхэнжу» жыхуиIэм, ухуэмыхьэзырмэ, укъигъэуIэбжьынкIэ хъунущ. АтIэми, дигу къэдвгъэгъэкIыжыт дызыщыгъуазэ тхыдэм къриубыдэу щIыгум зауэу мини 5-м щIигъу зэрыщекIуэкIар, абыхэм ящыщу Япэ, ЕтIуанэ дунейпсо зауэхэр, ди лъэпкъым къулейсызыгъэшхуэ къыхуэзыхьа Урыс-Кавказ зауэжьыр.

«Поэзие» жыхуэтIэм, псом нэхърэ нэхъ щабэу икIи нэхъ дахэу къалъытэм, хуумыгъэфэщэну зы хьэл ткIий хэлъщ: узэрепцIыжу – укъыщIегъэщ, убэлэрыгъмэ, уи напэр трихынущ. НэгъуэщIу жысIэнщи, усыгъэм япэ ибгъэщар (уусакIуэмэ) уи творчествэм Iэ щIыIэкIэ къыхоIэбэ – ар ирекъулыкъу, ирефадэ е мылъку зыхуэлъэфэсыныр арауэ щIы.

ИщхьэкIи къызэрыщыхэзгъэщащи, Анатолэ поэзием хуэпэжу, и псэмрэ и гупсысэмрэ хуитыжу дунейм тет цIыхущ. ИкIи, шэч зыхэмылъыжращи, абыхэм уахэцIантхъуэу, уахэпщэфIыхьу къыпхуидэнукъым.

НэгъуэщI хэтыкIэкIи нобэрей дунейм талант щыпхуэхъумэнукъым. А нобэрей дунейкIэ дызэджэм и хьэуар Мыкъуэжьым хуэдэу кууэ езышэхыфауэ ди литературэм хэтри закъуэтIакъуэщ. Ар тIэкIу кууIуэу иришэхыу усакIуэм и псэм къытемыхьэлъауэ пIэрэ жозыгъэIэ едзыгъуэхэри и мащIэкъым Анатолэ.

Гурыхь дыдэу щымыт а «хьэуам» имыгъэундэрэщхъуэн папщIэ, усэхэм хэт лирическэ персонажым гугъэм, гугъапIэм, хъуэпсапIэм я лъахэ узэщIам куэдрэ зыщеплъыхь, гугъу ехь ди цIыхубэм я гурыгъугурыщIэхэр пэжу, фэрыщIыгъэ лъэпкъ хэмылъу къиIуатэу.

*ГъащIэ-мафIэгужьым, гугъэр ди пIэщхьагъыу,*
*Жэщ къэсыху насыпым бэр дыщыщIохъуэпс.*
*Ди нахуапIэр пщIыхьу, ди пщIыхьыр нахуэу*
*Зыхъуэжыну махуэр зикI къытхуэмыгъэс.*

* * *

*Пщэдейрей ныбгъуэм*
*Сыщумыгъэгугъыу,*
*Къызэт гуфIэгъуэ*
*Нобэ... иджыпсту!*

* * *

*... ЩIыр псэупIэ схуэпщIри*
*Къиплъхьа гугъэр си гум*
*Вагъуэ жыжьэу аддэ*
*Дэпхьеякъэ уэгум.*

«Гугъэр – адэжь щIэинщ» псалъэжьым пэджэж сатыр куэд ущрохьэлIэ Мыкъуэжьым и тхыгъэхэм.

*Гукъеуэу пхузиIэнщ сыпсэухункIэ,*
*Апхуэдэу, гъащIэ, сыт къыщIызэпщIар:*
*Си гугъэр пIэту уафэм нэсыхункIэ,*
*Стемыту дамэ щхьэ сыкъэбгъэщIа?!*

ЦIыху мин Iэджэм игъащIэ лъандэрэ къадэгъуэгурыкIуэ хъуэпсапIэщ ар. Мыпхуэдэ усэ къабзабзэ абы къыхэзыщIыкIыфри усакIуэфIхэм я псэ хэIэтыкIарщ.

Гугъэм, хъуэпсапIэм я закъуэкъым усакIуэм и тхыгъэхэм къыхэтэджыкI лирическэ персонажым и псэм и щIэгъэкъуэныр. Абы и дежкIэ щIэгъэкъуэнышхуэщ лъагъуныгъэ къабзэр, пэжыр.

Мыкъуэжьым лъагъуныгъэ темэр зэриукъуэдий щIыкIэми тебгъэчыныхьу утепсэлъыхь хъунущ. УсакIуэр усакIуэфIмэ, къиIэт темэхэр псори лъагъуныгъэм зэIыхьлы ещI: анэм, хэкум, и гур зытхьэкъуа бзылъхугъэм хуищI лъагъуныгъэм. Ар щынэрылъагъущ Мыкъуэжьым и тхыгъэхэм.

*Егъэлеяуэ мы щIылъэм*
*ФIыуэ цIыхуитI щыслъэгъуащ...*
*Зыр – си анэ дыщэ гумащIэрщ,*
*ФIыуэ слъагъу пщащэрщ адрейр.*
*ТIуми яхуэсщIэр сфIэмащIэщ:*
*Зым къызитащ сэ си гъащIэр,*
*Хуитщ къыпищэнум адрейм...*



* * *

*Мылъкури щIыхьри –*
*Псори щхьэгъэпцIэжщ.*
*ПсэкIэ фи гъунэгъуу*
*ЦIыху къэфлъыхъуэ.*

* * *

ФэрыщIагъыу зы мэскъал пхэмылъ...
Егъэнэхури си псэр уи гухэлъым:
Сахуоусэ сабийм, удз гъэгъам,
Псынэ къабзэм, гъатхэ уэшх хьэлэлым.

Апхуэдэ щыпкъагъэрэ гуапагъэрэ хэлъу лъагъуныгъэ къабзэм тотхыхь усакIуэр.

Мы тхыгъэ кIэщIым дэ зыубгъуауэ дыщытепсэлъыхьыфакъым Мыкъуэжь Анатолэ и творчествэ псом. Абы хэлъ нэщэнэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыбжанэ къыхэдгъэщхьэхукIауэ аркъудейщ.

Нобэрей цIыхубэм ди гугъуехьыр, гъащIэ зэIумыбзыр зыгъэв, ираудыхам, Iыхьэншэ ящIам я щыжакIуэу псэкIэ, усэкIэ иувыкI, лъагъуныгъэ къабзэм хуэфэщэн уэрэд дахэ зыгъэIу, и напэмрэ и творчествэмрэ хуэсакъ зэпыту зи хьэлъэр зыхь ди усакIуэ гъуэзэджэм сохъуэхъу иджыри илъэс куэдкIэ литературэм ехъулIэныгъэкIэ хуэлэжьэну.

**БЕЩТОКЪУЭ Хьэбас,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым*
*и цIыхубэ усакIуэ*
*2006*

# УЗДЫНЭСАМКIЭ УКЪЭУВЫIIЭНУ УЭ КЪОМЫКIУХХЭ

«УсакIуэр жыпхъэ гуэрым пхуигъэувэнукъым, ар псэ къудейкIэщ зэрыпсэур», – къыджеIэ Мыкъуэжь Анатолэ. Ар пэжщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ а къэхъугъэм «тхьэ Iэмыр», щэху хэлъщ. Арагъэнщ цIыху цIыкIум щIыхузэфIэмыкIыр «псэ лъахэм» и къэухьыр къызэрапщ пщалъэ къиигупсысын. ИтIани, къалэмыр зи гъащIэ гъусэхэм я хъэтIыр зыр адрейм кърыхагъэщхьэхукIын щхьэкIэ, IэщIагъэлIхэм къагъэсэбэпын хуей мэхъу бзэ, литературэ щIэныгъэхэм я хабзэхэр, поэтикэм и Iэмалхэр. Ауэ ахэри щыхьэт зытехъуэфыр усакIуэм и Iэзагъырщ, и гупсысэм и куагъырщ. Абы и псэм и пIащIагъри, и къабзагъри щIэныгъэр зыпэмылъэщ къэгъэщIыныгъэ телъыджэщ. ИкIи «бегъымбарым ехьэехуэу мы дунейм къытехьа» езы усакIуэрщ и пщэрылъыр зыубзыхужыфыр – Мыкъуэжьыр «езыр зыс мафIэм цIыхухэр игъэхуабэм, ибжынущ къехъулIауэ и хъуэпсапIэр».

Мис а и хъуэпсапIэмкIэщ Анатолэ адрей усакIуэхэм къазэрыщхьэщыкIыр. «УсакIуэ мыромантик щыIэ!» – жиIэу, къэуIэбжьыни щыIэнкIэ хъунщ, ауэ сэ Анатолэ зэрыстудент лъандэрэ соцIыхури, и хьэл-щэнкIи, и дуней тетыкIэкIи ар романтикыу щытауэ къысхуэщIэжыркъым. ФIэщщIыгъуейщ дуней хьэлэмэтыщэ къэзыгъэщI усакIуэр къызэрыгуэкI цIыхуу щытыну, ауэ апхуэдэщ Мыкъуэжьыр. И гур унагъуэм, къыдалъхуахэм, ныбжьэгъухэм, лэжьэгъухэм, лъэпкъ псом я «щыблэIушу», и псэр я мэIухуущ абы и гъащIэр зэрырихьэкIыр. И художественнэ дунейм щытепщэри аращ. А дунейм ущыхуэзэнукъым псалъэ тафэтелэхэм, егъэлеиныгъэ фэрыщIхэм. УсакIуэм и псалъэр «цIыху хейм хуохъу уэчыл», «лъэпкъ мащIэм къэрэгъул бжыхь».

Мыкъуэжьым и лирическэ лIыхъужьыр цIыхупсэм и хъумакIуэщ. «ЦIыху мелуанхэм я гуауэр игъэвыну къыхуиухащи», мы дунеижьым щызекIуэ мыхъумыщIагъэ псоми шапэIудз захуищIыну, «ем езэуэну» хьэзырщ. Ауэ «лIэщIыгъуэ минхэм я хьэлъэм» усакIуэр егъэхыщIэ, цIыху цIыкIур бэкIэ къыщагъэгугъэурэ щагъэжакъуэ дунеймкIи арэзыкъым: ар «екIакIуэу къыфIощI», тебгэжауэ и дыгъуасэм. Арагъэнщ усакIуэм и художественнэ лъахэм куэдрэ ущIыщрихьэлIэр «нэкIу фэрыщIхэм, цIыху мыгъасэхэм», «къэнжал зи напэм тебзахэм», «Iимани дини зымыIэхэм» я образхэм. Апхуэдэхэм и лъэпкъэгъу, и хэкуэгъу минхэр ярыщихъумэну усакIуэм иIэр и «усэ-маисэращи», ар мыубзэщхъуу хуегъабзэ а къалэным.

УсакIуэм дежкIэ лъэхъэнэ тынш щыIэн хуэмейуэ жыхуаIэм пэж гуэри хэлъу къыщIэкIынщ, ауэ ар сэ си фIэщ хъуркъым. Зыужьыныгъэшхуэ зыгъуэта лъэпкъхэм я тхыдэм уриплъэжмэ, абыхэм я щэнхабзэм, я литературэм и «дыщэ лъэхъэнэу» ялъытэхэм къахэгъуэтэгъуейщ зыхуей

имыгъуэту псэуа тхакӀуэ-усакӀуэ. Мыкъуэжь Анатолэ усэн щригъэжьа махуэхэм къыщыщӀэдзауэ зэи тыншауэ сэ къысхуэщӀэжыркъым. Аращ абы жезыгъэӀэр:

*Си лъэхъэнэр мылъэхъэнэ гуапэт:*
*Мывэ пэт, и нэпс кърихъэкӀуащ…*

Еджапӏэ нэхъыщхьэр къыщыдухам – 70 гъэхэм я кӀэуххэм – дуней мылъкуу дэ дбгъэдэлъар щӀалэгъуэ ныбжьымрэ хъуэпсапӀэ лъагэхэмрэт. УсэбзэкӀэ жыпӀэмэ, «литературэ дунейм» дыкъыхэбэкъукӀри, «гъащӀэ реализм» ткӀийм, «социалистическэри» зыщӀыгъужым, дыкъыхыхьат:

*Есыхт адрейхэр, дыдэсейрт ди закъуэ,*
*Ерыщу толъкъуныдзэм деӀэпщакӀуэу.*

Ауэ а дунейми хабзэ гуэрхэр щызекӀуэрт, и фӀыгъэ гуэрхэри зыгуэрхэм екӀырт, дэ къытлъымыс щхьэкӀэ. Зыгуэр житӀэну дыщыхуежьэкӀэ, занщӀэу къытӀурагуэжырт: «Фэ иджыри фыщӀалэщ, фи чэзури къэсынщ», – жаӀэрти. «Ди чэзури» къэмысурэ, социализмэм и дагъэри къыттемыткӀуэурэ дунейр къэукъубийри, къэралри жылагъуэ зэхэтыкӀэри къутэжащ. Абы лъандэрэ – 80 гъэхэм икухэм къыщыщӀэдзауэ нобэр къыздэсым – реформэхэмрэ контрреформэхэмрэ дыхэмыкӀыу допсэу. Допсэу, ди псэр дзапэкӀэ тӀыгъыу. Езы усакӀуэм зэритхащи, илъэс минищым дыхэбэкъуами, «гъыбзэр нэхъыбэу илъщ ди хъуржыным».

Ди лъэхъэнэр «ем щымысхьами», «фӀыр къыпигъэткӀуами», сыт хуэдизу цӀыхупсэр «илъэхъэну» хэмытами, усакӀуэр «фӀыр и плъапӀэу къэнэжащ». КӀэщӀ дыдэу зи гугъу тщӀа социальнэ усыгъэм укъыфӀэкӀмэ, Мыкъуэжьым и художественнэ дунейм увыпӀэ щхьэхуэ щеубыд мис а «фӀым къиигъэщӀа» лирикэм, «дунеижьым фӀыкӀэ ущызыгъэгугъ» лъагъуныгъэм. Ауэ усакӀуэ куэдым къащхьэщыкӀыу, Мыкъуэжьым и лирикэ лӀыхъужьыр «гуфӀэгъуэ тӀуащӀи, насып щащӀи» лъыхъуэркъым, «мыухыж гъащӀэкӀи къыхуэупсэну лъаӀуэркъым». Ар гъащӀэм Ӏущ ищӀа цӀыхущ, зэманым и кӀуэкӀэми фӀыуэ щыгъуазэщ. ФӀым щагъэгугъыурэ, ауэ къалъымысурэ гугъэ защӀэкӀэ ягъэпсэуащ ди адэжьхэри, ди адэхэри. Дэри аращ ди натӀэ хъуар. Аращ пщэдейрей махуэм «щыхуагъэтӀыгъуэ тыгъэм» ежьэн усакӀуэм щӀимыдэр:

*Пщэдейрей ныбгъуэм*
*Сыщумыгъэгугъыу,*
*Къызэт гуфӀэгъуэ*
*Нобэ… иджыпсту!*

Дэ дызэреплъымкӀэ, нобэрей махуэм къалъигъэсыну гуфӀэгъуэрщ ди щӀалэгъуалэри нэхъ зыщӀэхъуэпсыр. Мыкъуэжьми ар къыгуроӀуэ,

абы и лирикэ лIыхъужьми ныбжьыщIэ ныбжьым щита илъэсхэм игъэунэхуакIэщ «гъащIэм а и хабзэ пхэнжхэр»:

*Къысхубохь гуфIэгъуи,*
*IэфI къыщысIурыхъуэм,*
*СIэщIохыжыр, гъащIэ,*
*Щхьэ укъыздэджэгурэ?*

Иджы дызыхэпсэукI дунейр нэгъуэщIщ, зэманри нэхъ псынщIэу йокIэрэхъуэкI, щIэблэм яфIэфIхэми, я хъуэпсапIэхэми захъуэжащ. Ауэ сыт хуэдэ лъэхъэнэми зыдимыхъуэжу щыIэр гурыщIэрщ. Абы лъэIэсыфа, а гурыщIэ телъыджэр щIалэгъуалэм зыхезыгъэщIэфа усакIуэрщ ипэжыпIэкIэ усакIуэ нэсыр. Мыкъуэжьым ар къехъулIащ. Апхуэдэу жыдэзыгъэIэр мыращ. Илъэс зыбжанэ хъуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэр къэзыуххэм къэрал экзамен къызэрыIах билетым ит упщIэхэм иджыри зы дыщIагъуж адыгэ усакIуэ гуэрым и усэ е прозаикым и тхыгъэм щыщ пычыгъуэ къеджэну. Мыр къыхэзыхыр студентхэрщ, къыхахри, зэрыгурыIуэгъуэщи, езыхэр нэхъ зыгъэпIейтей, я псэм нэхъ ехуэбылIэ тхыгъэхэрщ. «Адыгэ литературэм и тхыдэ» курсымкIэ Мыкъуэжь Анатолэ и творчествэр мызэкIэ щхьэхуэу студентхэм ямыджми, экзаменым и деж нэхъыбэрэ зи усэ къеджэр а усакIуэрщ. Мыкъуэжьым и социальнэ, лъагъуныгъэ лирикэм теухуа диплом лэжьыгъэхэри ятх икIи ехъулIэныгъэкIэ пхагъэкI. НэгъуэщIу жыпIэмэ усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм щIэупщIэ яIэщ, дихьэхыу йоджэ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэр цIыхубэм я лъагъуныгъэращи, апхуэдэ гулъытэр Мыкъуэжьым мычэму зыхещIэ. Езы усакIуэри щыхьэт зэрытехъуэщи:

*Мы гъащIэм сыткIи и фэгъуу*
*ПхужыIэрщ хъур уэрэд нэс.*

ИпэжыпIэкIэ уэрэд нэс, лъэпкъ пшыналъэ дахэ хъуащ Мыкъуэжьым и усыгъэр. Ди гугъэщ а пшыналъэм дяпэкIи зишэщIыну. ГуIэфIтещIэжкIэ «мы дунеижьыр» къыхуэупсэжыну усакIуэр щогугъри, дэри абыкIэ дыхуохъуахъуэ. Езыр зэрызыхуэупсэжа рубаимкIэ духынуи дыхуейт мы тхыгъэ кIэщIыр:

*Уи бгыр щIэкъузи, бгым дэкI ерыщу, укъэмыдзыхэ, Мыкъуэжь!*
*Iуащхьэ цIыкIуфэкIукIэ укъэувыIэну уэ къомыкIуххэ, Мыкъуэжь!*
*Уигу лъагъуныгъэу, гуапагъэу илъыр щIым дыщэ щыкъуейуэ щикъухь.*
*А псом иужькIэ и ней ажалым, хуейм, къыпщрехуэ, Мыкъуэжь!*

**ТIЫМЫЖЬ Хьэмыщэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*





*Щысхэр:* тхакӀуэхэу Мэзыхьэ Борис, Къамбий Зуфар; *щытхэр:* усакӀуэ Мыкъуэжь Анатолэ, тхакӀуэ Хьэх Сэфарбий сымэ. 1990



*СэмэгумкӀэ къыщыщӀэдзауэ:* Мыкъуэжь Анатолэ, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом адыгэбзэкӀэ ягъэхьэзыр нэтынхэм я редактор нэхъыщхьэ Тэтрокъуэ Астемыр, ЩоджэнцӀыкӀу Алий и цӀэкӀэ щыӀэ ФӀыщӀэ фондым и унафэщӀ ЩоджэнцӀыкӀу Леонид сымэ.



Филологие щIэныгъэхэм я доктор БищIо Борисрэ Мыкъуэжь Анатолэрэ.





Филологие щIэныгъэхэм я доктор ТIымыжь Хьэмыщэрэ Мыкъуэжь Анатолэрэ.

# Мыкъуэжь Анатолэ хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр

## ЗЫМИ ХЭБГЪЭГЪУЭЩЭНУКЪЫМ

Псоми зы дыгъэщ диIэр, ауэ усакIуэ нэсхэм дыгъэ зырыз яIэжщ: а дыгъэхэм я теплъэр зы щхьэкIэ, абыхэм къапих бзийхэр, а бзийхэм ящIэлъ хуабагъэр усакIуэ къэс я усыгъэхэм щызэхуэдэкъым. Зи тхыгъэ щIэбджыкI усакIуэхэр зэрызэщхьыр хэбгъэкIрэ зэрызэщхьэщыкI гуэрхэр къыпхуэнэмэ, поэзие хъужри щIэщыгъуэу уи гум къинарщ.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, усэм и жыпхъэ гуэрым игъэзэгъа псалъэмакъ къыдэзыщIылIэхэр щэ бжыгъэмэ, гумрэ псэмрэ сыт щыгъуи зыхуэныкъуэ псалъэщIэ гуэр къыбжезыIэфыр пщIы бжыгъэщ. А пщIы бжыгъэм ящыщу сэ къызолъытэ усакIуэ Мыкъуэжь Анатолэ. Абы и IэдакъэщIэкIхэр – я гупсысэкIи, я гурыщIэкIи, усэхэм я фащэкIи – лIыпIэ иува усакIуэм «къызэригъэщIар» нэрылъагъущ.

И лъахэм, и лъэпкъым я тхыдэм кууэ щыхэплъэ усэ и мащIэкъым Мыкъуэжьым, ауэ абы и Iэпэр къытрихыркъым нобэрей махуэм и лъынтхуэми: ар хущIокъу зыхэт зэманым и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр къыхиубыдыкIыну. «ХущIокъу» жысIа щхьэкIэ, а псалъэр мыбдеж щытэмэму къыщIэкIынукъым: апхуэдэм хущIэмыкъуу тхэ щыIэ? Нэхъ пыухыкIауэ жысIэнщи, и гугъапIэм и Iэр тезыгъахуэ усакIуэщ Мыкъуэжь Анатолэ.

**ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ*

## ПСАЛЪЭМ И ТЕПЩЭ

Мыкъуэжь Анатолэ и тхыгъэхэр быдэу епхащ нобэрей гъащIэм, иджырей цIыхухэм я гурыщIэ-гупсысэхэм, ахэр зыгъэгуфIэм, зыгъэпIейтейм, зыгъэгузавэм. Абыхэм яхэлъщ усэр Усыгъэ нэс зыщI хьэл-щэнхэр: псэ къабзагъэ, хьэлэлыгъэ, гупсысэ лъагэ, нэхугъэ.

Мыкъуэжьым и творчествэм куэдрэ къыхощ «гъуэгу», «гъуэгуанэ» псалъэхэр. «Жьэгу пащхьэм» (Анатолэ и япэ тхылъым) къыщожьэри, а гъуэгуанэр хуокIуэ «Къалэ жыжьэм». «Къалэ жыжьэр» – ар мурадхэм, гугъапIэ лъагэхэм, хъуэпсапIэ нэхухэм я къалэщ. «А гъуэгуанэр зэпысчыху си нэгум щIэкI псори усэбзэкIэ стхыжыным сыхущIэкъунущ», – жеIэ усакIуэм. Ар мурадышхуэщ, мурад гугъущ. Ауэ сытым щыгъуэ усакIуэ нэсым гъуэгу тынш къыщыхихыр?! «Покой нам только снится», – жиIэгъащ Блок Александр.

Анатолэ щIохъуэпс «хабзэ пхэнжу мы ди гъащIэр мыгъуэ къытщызыщIхэр» щымыгъэIэным, залымыгъэр, нэмысыншагъэр дунейм тегъэкъэбзыкIыным, хейр мысэм хэутэн имыщIыным, зи щIалэгъуэу гъащIэм зи хыхьэгъуэр «ем и жьапщэм иримыщIыкIыным».

Мыкъуэжьым усэ куэд тритхыхьащ ди зэман ткIийм, ди гъащIэм къыхыхьэ, ди лъэпкъ хабзэхэм къемызэгъ Iуэхугъуэхэм. Ар и псэр, и акъылыр зыгъэпIейтей псоми усэбзэкIэ поджэж.

Сытым темытхыхьми, Мыкъуэжьым иIэщ жиIэн. Ар къызыхэкIыр гъащIэр кууур зэрызыхищIэрщ, абы и лъэныкъуэ псоми гу лъитэну зэрыхущIэкъурщ. Аращ абы и усэхэр гупсысэ жанхэмкIэ щIэкъулейр, ирехъу ар лъагъуныгъэм, ныбжьэгъугъэм, пэжыгъэм, философскэ Iуэхугъуэхэм ятеухуа усэхэу – а псоми абы щыжеIэф езым и псалъэ.

УсакIуэ гъуэзэджэ Светлов Михаил гушыIэу жиIэу щытащ усэ птхыну «зэрымыгугъур». «Зы мащIэ дыдэщ абы щхьэкIэ узыхуейр, – жиIэрт абы, – усэм хэтын хуей псалъэхэр къэгъуэтауэ ахэр здэщытыпхъэм деж щыгъэувын хуейуэ аращ». Мыкъуэжьым а къалэнитIри хъарзынэу зрегъэхъулIэф. Абы къикIыр ар псалъэм и тепщэ зэрыхъуарщ.

**КЪАГЪЫРМЭС Борис,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ*
*2005*

## УСАКIУЭМ И ЛЪАГАПIЭХЭР

Мыкъуэжь Анатолэ и усыгъэхэм хэтщ гъащIэр гурыфIыгъуэ зэфэзэщу цIыхум къыщыщыхъу ныбжьым щита илъэсхэм итхахэр. Ахэр щIалэгъуэм и нурхэмкIэ гъэнщIащ. Пэжыныгъэ нэсым, лъагъуныгъэ къабзэм, гурыщIэ IэфIым хуэусэ тхыгъэхэщ.

ЕтIуанэ гупу Мыкъуэжьым и усыгъэхэм къахэбгъэщхьэхукI хъунущ, и IуплъапIэ дахэм блишу, и плIанэпэхэм щекIуэкIхэри гъащIэм къыхузэIуихыу щIидза нэужь, усакIуэм итхахэр. Абыхэм ухагъэгупсысыхь, узыгъэгуфIэхэм нэмыщI, уригумэщI хъуну гъащIэм куэд дыдэ зэрыхэтыр нэрылъагъу къыпщащI. Зэм-зэми уогупсыс: «Ярэби, дидактикэр, жьэ нахуэ жыIэкIэр нэхъ мэщIамэ, мынэхъыфIу пIэрэт?» Уэр-уэрурэ жэуапи зотыж: «Хьэуэ, апхуэдэ жыIэкIэхэмрэ апхуэдэ Iуэху еплъыкIэхэмрэ ауэ сытми къежьэркъым. ГъащIэм и щытыкIэм литературэр зэрыпэджэж нэщэнэу аращ апхуэдэхэр. Щхьэтечу жыIэн хуейхэр щымащIэ езыр мы ди гъащIэм? Зыгуэрхэм я дежкIэ гъащIэу, нэгъуэщIхэм я дежкIэ мащэм?..»

Мыкъуэжьым и усыгъэм IупщIу хэплъагъуэ ещанэ лъагапIэщ «философие лирикэкIэ» узэджэ хъуну усыгъэ гупыр. Псом ящхьэращи, хамэщIэплъ лъагъуэкIэ хуэмыкIуэу, езым гурэ псэкIэ хишыжа лъагъуэм тету а ещанэ лъагапIэм зэрыхуэкIуар IупщI къыпщащI Мыкъуэжь Толэ и усэ зи гугъу тщIыхэм... ГъащIэм зыри пщIэншэу къуэзэримытым и щыхьэтщ мы къыжытIэнур: абы и нэщIэбжьэ ин щилъэгъуа, и гъэунэхупIэ гугъу дыдэм къыщихута гъэхэрауэ къысщохъу Мыкъуэжьым и философие лирикэм нэхъ зыщиубгъуар.

**IУТIЫЖ Борис,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ*
*2006*

## И ШЫ ТЕСЫКIЭ ИIЭЖЩ

Мыкъуэжь Анатолэ езым и поэтическэ дуней къигъэщIыжащ. А дунейр сатыррэ хьэрфкIэ зэгъэпщIакъым. Абы мы дызытет щIы хъурейм ещхьу, дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ цIыхумрэ къуэпс быдэкIэ щызэпыщIащ, гуауэмрэ гуфIэгъуэмрэ щызэлъэпагъщ, емрэ фIымрэ



6 Заказ №377

щызэпэщIэтщ. А псоми усакIуэм и гур я нащэнэуапIэщ. Ар зэм мэгуфIэ, зэм мэщэIу, зэм мэгупсысэ, гъащIэм и зэхэлъыкIэр и акъылкIэ изу; зэм гурыщIэ къабзэм ирехьэжьэри, кхъуафэжьейуэ, кърехьэкI. А къомыр зи гум щызэзыгъэзахуэ усакIуэр ехьэкI хэмылъу, гу зэIухакIэ бэм емыпсэлъатэмэ, абы зэрепсэлъэн гушхуэрэ таучэлрэ, зэхэщIыкIрэ щIэныгъэрэ имыIатэмэ, бзэ шэрыуэ Iурымылъатэмэ, езым къигъэщI поэтическэ дунейр, сабийм псы Iуфэм щищIа пшахъуэ унэу, щэщэжат. Ауэ Мыкъуэжьыр фэрыщIкъым, абы и гумрэ и псэмрэ зэIухащ. Ар жьэнахуэу, Iэдэбу, щэныфIэу, образнэу тхылъеджэм йопсэлъылIэ. Ущие гъуще хэмылъу, гъащIэм и мыхьэнэм, дунейм и зэхэлъыкIэм, цIыхухэм я зэхэтыкIэм, нэгъуэщI куэдми уезыгъэгупсыс Iуэхугъуэхэр зэпкърех. Философскэ поэзием дихьэх Мыкъуэжьым и усэ куэдым гупсысэ куу къыщеIуатэ.

Урыс тхакIуэшхуэ А. С. Пушкиным езым и лъэхъэнэгъу, усакIуэшхуэ, цIыху Iущ Баратынскэм щхьэкIэ жиIауэ щытащ мы псалъэ хьэлэмэтхэр: «Абы хуэдэ щыIэкъым, сыту жыпIэмэ, ар мэгупсысэ». УсакIуэ нэсым и зы дэтхэнэ усэми гупсысэ нэху гуэрым укъыхуегъэуш, уи гурыщIэр къызэщIегъэлыдэри, уэри гупсысэм и дамэ къыптрегъакIэ. Гупсысэмрэ гурыщIэмрэ щызэхэшыпсыхьащ Мыкъуэжьым и усэхэм. А псоми къагъэлъагъуэ абы и поэзиер, гъащIэми ещхьу, и плъыфэкIи къыщыхъу-къыщыщIэкIи зэрыкъуэпсыбэр.



Тхыдэмрэ нобэрей гъащIэмрэ зумыпхыфмэ, ди зэманымрэ къэкIуэнумрэ гурыщIэ къабзэкIэ зэпумыгъэджэжыфмэ, абыхэм я кум нэрымылъагъуу дэлъ зэпыщIэныгъэр уи псэм къимыхутэфмэ, уи лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ зэримыIэнур фIыуэ къызыгурыIуэ усакIуэщ Мыкъуэжьыр.

Къыдалъхуа псэ къабзагъэр, гумащIагъэр зыхъумэф усакIуэрщ цIыхум и гуауэри и гуфIэгъуэри кууэ зыхэзыщIэфыр, дунейм и фIи и Iеи зэзыгъэзахуэу абыхэм гурыщIэ нэхукIэ псыхьа сатыр купщIафIэхэмкIэ пэджэжыфыр. Апхуэдэхэм ящыщщ Мыкъуэжьыр.

Поэзием и гъуэгур гъунапкъэншэщ. Мыкъуэжь Анатолэ а гъуэгуанэм тетщ езым и шы тесыкIэ иIэжу, гъащIэм и плъыфэ псори щызэхэлъ лэгъупыкъур уафэ джабэм къыщыхуэнэхурэ гъуэгум пкIэлъей езыдз уэрэдхэмкIэ абы пэджэжу.

**КIЭЩТ Мухьэз,**
*усакIуэ*
*2000*

## БЭМ Я ГУРЫЛЪЫР ЖЫЗЫIЭФ

Адыгэ усыгъэм и жьантIэр зыгъэбжьыфIэ усакIуэхэм ящыщщ Мыкъуэжь Анатолэ. Абы шэч къытепхьэркъым, усакIуэм и къалэмыпэм къыщIэкIа тхылъхэм щыгъуазэ уахуэхъуа нэужь. Мыкъуэжьым и дэтхэнэ псалъэри усэ сатырри щIэщыгъуэщ. Зыми хэбгъэгъуэщэнукъым Анатолэ и гущIэм къиIукIа усэхэр, абыхэм ящыщ дэтхэнэми телъщ зи гур жан, зи гупсысэр куу усакIуэм и дамыгъэрэ и нэпкъыжьэрэ.

ЦIыхум и гущIэлъапсэм нэплъысыф, абы и гурыгъу-гурыщIэхэр къыщIэзыгъэлъэф, и фэм дэкIымрэ и псэр зыгъэхыщIэмрэ псалъэ купщIафIэхэмкIэ къэзыIуэтэф усакIуэ набдзэгубдзаплъэщ Мыкъуэжьыр. Аращ абы и тхыгъэхэр адыгэ усыгъэм и лъагапIэхэм ящыщ зы щIэхъуар.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид,**
*тхакIуэ, критик*

## ГЪАЩIЭМ И ЩЭХУХЭР КЪЕТIЭЩI

УсакIуэ нэсхэр закъуэтIакъуэххэщ. А закъуэтIакъуэм ящыщщ Мыкъуэжь Анатолэ.

Абы хьэкъыу пхыкIащ: «щIыр щIыщыIэр – сабий къыщалъхунырщ», «щIыр щIыщыIэр – къыщыкIынырщ гуэдз», къэхъугъэри, махуэл имыIэу, зыхуэлажьэр фIырщ, дахагъэрщ, угъурлыгъэрщ: «хуейщ дыгъэр бзийкIэ гуэшэну, щIым гуапэу къедэхэщIэну»; «хуейщ бзухэр уэгум итыну, хуиту уэрэд кърашыну»; «удз дахэр хуейщ къэгъэгъэну, еплъ псоми ягу хигъэхъуэну»; «гуфIэгъуэщ, сэ фIыуэ сощIэ, къыщIигъэщIар мы дунейр».

АрщхьэкIэ «ди лIэщIыгъуэр гуапагъэ хуэныкъуэщ, гумащIагъэ абы къомэщIэкI».

Ауэ щыхъукIэ, усакIуэм сыт къыхуэнэжыр? Iейр къызыхэкI щхьэусыгъуэхэр къыщIигъэщынырщ, абыхэм ерыщу япэувынырщ. А къалэныращ «ем езэуэныр зи натIэу» «хейм я уэчылу» къэув Мыкъуэжь Анатолэ и къалэмыр зыхуигъэлъащэр.

УсакIуэм и лирикэм ущрохьэлIэ ди лъахэм и теплъэр щIэщыгъуэу уэзыгъэлъагъу усэ пкъыфIэхэми, мамырыгъэм тегъэпсыхьа сатырхэми, къэзылъхуа анэм хуэгъэза псалъэ щабэхэми, лъагъуныгъэм, ныбжьэгъугъэм, гъащIэм и къэхъукъащIэ зэмылIэужьыгъуэхэм, лIэныгъэм теухуа тхыгъэхэми. Сыт хуэдэ Iуэхугъуэ темытхыхьми, Мыкъуэжь Анатолэ и Iэужьым нэпкъыжьэ хуэхъу нэщэнэ зызымыхъуэжхэри щыIэщ: Захуагъэр, ЦIыхугъэр, Дахагъэр. ИкIи а усакIуэм и лирикэм хуэкIуэн эпитет езым и сатырхэм къыхэсхыну къысхуихуатэмэ, мы сатыритIым тезубыдэнт:

*ЩIым лъагъуныгъэр, гуапагъэр*
*СщIыну и тет сыщIохъуэпс.*

Нэмыцэ тхакIуэ Брехт Бертольд зэгуэр жиIэгъащ: «Укъызытехьа дунейм елъытауэ дуней узытекIыжыр, нэгъуэщI мыхъуми, зы мэскъалкIэ зэребгъэфIэкIуэнум уи гъащIэр тегъэпсыхьауэщ узэрыпсэун хуейр».

Мыкъуэжьым и Iэужьхэм къыбжаIэ ар апхуэдэ гугъапIэ лъагэм хьэлэлу зэрыхуэлажьэр икIи абы и лъэныкъуэкIэ куэд зэрыхузэфIэкIар.

**КЪЭЖЭР Хьэмид,**
*усакIуэ, критик*

УСАКIУЭПСЭ

Мыкъуэжь Анатолэ и усэ тхылъыр гурыгъуазэу къызэгуэпхынщи, мыпхуэдэ сатырхэм уи нэр хуэзэнщ:

*Сыхуейт сэ Iэджэ щIауэ зэхэслъхьэну*
*ГуфIэгъуэм теухуауэ уэрэд нэс.*
*Захуагъэр сэ абы щызгъэлъэпIэнут,*
*КъедаIуэм къыфIыщIэкIыу гуфIэ нэпс.*
*ТIутыхукIэ псэ – а зырщ дэ къытхуэнэжыр –*
*НэхъыфIым хэтхыжынкъым ди мурад.*
*«Узэджэр къокIуэ», – жиIэгъащ псалъэжьым,*
*ГуфIэгъуэм хуэзгъэпсынщ сэ зы уэрэд.*

Псалъэхэм я щыпкъагъэм, макъ зэпэджэж дахэм, гупсысэ хьэлэмэтым уи гур къызэрагъэгъуэтыжри, уи пкъым гуащIэ къыщIохьэжри, уафэр зэрыкъащхъуэр уолъагъуж. Адыгэбзэм и IэфIыр хуэмурэ къыппкърохьэж. УзэщIэзыIулIауэ щыта мыгъуагъэхэр токIуэт, гуауэм зи плIэр иухуахэми зы нэплъэжыгъуэ ягъуэтыж, лей зытехьам къыщыщIахэр щымыгъупщэжми, гугъэр гуауэм трегъакIуэ. КIэщIу жыпIэмэ, мы усэм хуэдэхэрщ цIыху къызэрыгуэкIым лIыгъэ къыхэзылъхьэр, къыщIыхилъхьэфри зыщ: гугъуехьым къыхэмыкIа гухэхъуэм пщIэ иIэкъым, гуауэ зымыщIэм гуфIэгъуэм и пщIэри зыхищIэркъым. Мыпхуэдэ усэ зэрымыщIэкIэ IэщIэтхыхьынукъым зи дунейр гъащIэ хъыринэм ещIэу зыгъакIуэм. Абы игъэунэхуауэ щытын хуейщ мис мыпхуэдэ псалъэхэр гум къизыш хьэзаб:



*ЩIым гуфIэгъуэм*
*Лъэсу къыщекIухьыр –*
*ПIащIэу ди бжэр*
*Абы къыIуимых.*
*Гуауэр щхъэкIуэ шущ*
*Сэ нэхъ зэзгъэщхьыр –*
*ДымыщIэххэу*
*Ди жьэгу къыщопсых...*
*... Шым мэшэсри,*
*Мэбзэхыж гуфIэгъуэр,*
*Гуауэр лъэсу*
*Ди пщIантIэм докIыж.*

Сыт и мыIэзагъми, мыпхуэдэ псалъэхэр бзэр джэгуалъэ зыщIым хужыIэнукъым, ахэр зигу къэкIынур гъащIэм и удынри зылъыса, и IэфIри псэкIэ зыхэзыщIэращ. Апхуэдэм и псалъэхэри, а псалъэхэм я зэхэлъыкIэри, гум нахьэс гупсысэхэри езы гъащIэм къыхокI. Аращ Мыкъуэжьым и усыгъэм и тегъэщIапIэ нэхъыщхьэр.

Iэзагъэшхуэ зыхэмылъми щыхуэус щыIэщ зы уэрэд закъуэ. Ауэ а зым деж и псынащхьэр щыгъуэжмэ, уэрэд иусами, ар усакIуэкъым. Мыкъуэжь Анатолэ и псэр езыр усакIуэпсэщи, сытым хуэмыусэми, и зэ-

чийр къегъэнаIуэ. ИтIанэми, усэным зы щэху гуэр хэлъщ, езы усакIуэми нэсу къыгурымыIуэжу, ауэ Тхьэ лъапIэм абы щэхуу къыхилъхьауэ. Армыратэмэ, цIыху къызэрыгуэкIым дэнэ кърихынт мыпхуэдэ псалъэхэр:

*Жей, си IэфI, си фIыгъуэ,*
*Жей, си гурыфIыгъуэ,*
*Си къудамэ цIыкIуу*
*Къыдэжа!*
*Жей, си нэху, си дыгъэ,*
*Жей, си насып щыгъэ,*
*Си удз гъэгъа цIыкIуу*
*Къыхэжа!*

Анатолэ нобэ и къару илъыгъуэщ, акъыл жанрэ зэчий хьэлэмэтрэ зэпигъэшачэу. И мурадхэр Тхьэм къригъэхъулIэ.

**ГЪУТ Iэдэм,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*

АКЪУЖЬ ГУАКIУЭ

И адэжь жьэгур, щапIа и лъахэр, къызыхэкIа лъэпкъым и гурыгъугурыщIэхэр, зэманым и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр – аращ Мыкъуэжь Анатолэ и усэхэм лъабжьи джэлэси яхуэхъур. А усэхэм цIыхугъэ къарум, лъагъуныгъэ нэхум я акъужь гуакIуэ къахеху.



**УЭРЭЗЕЙ Афлик,**
*усакIуэ*

ДЕРС КЪЫЗЫХЭПХЫНЩ

Къару щэху гуэрым и IэмыркIэ дунеижьым къытохьэ усакIуэ гу пцIанэр. Сыт хуэдэ ныбжьым итми дерс къызыхахын, дэрэжэгъуэ къезытын, гъащIэ мытыншыр щIэщыгъуэ къащызыщIын, гурыщIэ къабзэкIэ, акъыл жанкIэ дунейм хэзыгъэплъэн усыгъэщ Мыкъуэжь Анатолэ и IэрыкIыр.

**БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий,**
*тхакIуэ, тхыдэдж*

ПСАЛЪЭР И IЭЩЭУ

Мыкъуэжь Анатолэ и усыгъэм набдзэгубдзаплъэу упхрыплъмэ, абы хужыпIэ хъунущ:

– дунейм и макъамэ зэщIэжьыуэхэм дежьууэрэ лIэщIыгъуэ IэджэкIэ лъэпкъым зэригъэпэща и псалъэ кIадэм къыхих дэтхэнэ зы псалъэри усакIуэпсэмкIэ зэщIиузадэурэ тхылъеджэм и пащхьэ изылъхьэф усакIуэу;

– псэм псалъэр зэриIэщэр пасэу къызыгурыIуа, псэм зегъэужьыным, псалъэм зегъэузэщIыным зэпымыууэ телажьэ тхакIуэу;

– «Хейр мысэм хиутэу, сабийм фоч ирагъапщэу, губзыгъэр зэхэщIыкIыншэм иригъаджэу, дин Iуэхухэм Iимансызыр тепсэлъыхьу, дахагъэр зи Iэужьхэр фаджэлыджэу, нэхугъэ къэзыгъэщIхэр кIыфIым хэсу» щилъагъукIэ, апхуэдэ мыхъумыщIагъэхэм псалъэ-мэIухур япэщIэзыдз къыщхьэщыжакIуэу.

Мыкъуэжьыр бзэ узэщIа зыIурылъ, псалъэм хуэсакъ, езыр зи щхьэм пщIэ хуэзыщIыж усакIуэщ. Дунейм щекIуэкI псори псэкIэ зыз усакIуэм, шэч хэмылъу, ехъулIэныгъэ инхэр къыпоплъэ.

**БИЩIО Борис,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*

## УАХЪТЫНШАГЪЭР ЗИ ПЩАЛЪЭ

... Мыкъуэжь Анатолэ и IэдакъэщIэкIхэм адыгэ усыгъэ нэсыр пщалъэу зэрагъуэтам шэч къытозымыгъэхьэщ езым и лъагъуныгъэ мыухыжыр псоми зэдай лъагъуныгъэшхуэу цIыхухэм я гурыщIэм щигъэлыдын зэрыхузэфIэкIар. Уахътыншагъэр нагъыщэу ятелъщ абы и усэ куэдым. Апхуэдэщ пасэу дунейм ехыжа и щхьэгъусэ Маринэ фэеплъ хуищIа «Си уэрэд мыух, си гъыбзэ кIэншэ» поэмэри. Шэч хэлъкъым мы тхыгъэр адыгэ лирикэм и фIыпIэм зэрыхыхьам.



**БЖЭНЫКIЭ Мухьэб,**
*публицист, филологие*
*щIэныгъэхэм я кандидат*

## НЭ ЛЕЙКIЭ УЗРЕГЪЭПЛЪ

Мыкъуэжь Анатолэ щыусэкIэ уафэм дэIэбейркъым, е пшэхэм хэту здахьымкIэ кIуэркъым, е залымыгъэкIэ усэ стхынщ жиIэу и IитIымкIэ и щхьэр икъузу стIолым бгъэдэскъым. АтIэ и нэкIэ илъагъу, махуэ къэс зыхэт, и нэгу щIэкI, псэкIэ зыхищIэ гъащIэрщ абы и усыгъэхэм я къигъэхъуапIэр. ГъащIэм и теплъэгъуэхэр къритхэкI къудей мыхъуу, абы хузэфIокI плъыфабэу зэхэлъ мы дунейм и дэтхэнэ къэхъукъащIэри усыгъэм и жыпхъэм Iэзэу къригъэзэгъэн.

Къэралхэм, лъэпкъхэм, унагъуэхэм яку мамырыгъэ, лъагъуныгъэ, гущIэгъу дэлъыныр Анатолэ зэрихъуэпсапIэр усэбзэ шэрыуэкIэ къыщиIуатэкIэ, нэ лейкIэ узрегъэплъ, плъэмыкIыу гур щабэ ещI, «зэзакъуэ нэхъ мыхъуми сыт дэ цIыхум и жагъуэ щIэтщIыр» жыуегъэIэ.

ЦIыхубэм я гум къызэришхыдыкIыфым щыхьэт техъуэ усэ купщIафэхэр и мащIэкъым Мыкъуэжьым. Абы и IэдакъэщIэкIхэм яхэтщ къэкIуэну зэманыр и нэгум щIэкIауэ къыпщызыгъэхъухэри.

**ШЫБЗЫХЪУЭ Мухьэдин,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ*
*щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ*
*1997*

## УИ НАСЫПЩ!

Анатолэ, уи тхыгъэхэр ди унагъуэ Iэнэгум зэи текIыркъым, деджащ жытIэуи IудгъэкIуэтыжыркъым.

«Дунеижь» зыфIэпща уи тхылъ тыгъэ къысхуэпщIам сэ мызэмытIэу седжащ, и напэкIуэцI зыбжанэм я кIапэхэри щIэзупщIащ. «Си насыпт...» – аращ а тхылъ гъуэзэджэм и кIэух усэм фIэпщар.

*НэхъыфIу схэлъыр*
*Уэрэд гуапэу,*
*Къысхуэгъэнамэ –*
*Си насыпт...*

Си шынэхъыщIэ! Куэд щIащ сэ а псалъэ цIыкIуитIыр дызэрыт зэманым изгъэувэу хэIэтыкIа нагъыщи зэрыпызгъэувэжрэ... Уэ уи насыпщ, Анатолэ! Уи насыпщ, уи хъуэпсапIэ инхэм я нэхъыбэр къохъулIащи! Уи насыпщ, тхыгъэ, усыгъэ, уэрэд дахэ куэд тыгъэ къытхуэпщIыну ухунэсащи! Уи насыпщ, къолыжу цIыхугъэ, адыгагъэ, нэмыс, гулъытэ пхэлъщи! Уи насыпщ, дыгъуасэ узэхъуапсэу, зи лъэрыгъыпсыр бубыду щыта усакIуэ нэхъ пажэхэм нобэ уэри ухабжэ хъуащи! Уи насыпщ, уи тхыгъэхэр дэтхэнэ зы утыкуми щыбгъэIу хъунущи!..

ЩыIэщ зы усэ е пьесэ закъуэ фIэкIа имытхауэ дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа. «Дунеижь» зыфIэпща усэ закъуэм фIэкIа умытхауэ щытами, уэ фIыщIэшхуэ пхуэфащэт.

Зэман быркъуэшыркъуэм зэщиуда уи хэкуэгъухэм я упщIэ куэдым жэуап ептыфащи, икъукIэ гуапэщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, адыгэ усыгъэ дызэрыпагэр мывэ сэрейм даубыда нэхъей, нэм къыфIэнэн усакIуэ къызэрыхэмыхьэжым гуныкъуэгъуэ къыдитырт. А гуныкъуэгъуэр уэ тщхьэщыпхащ, гугъэ дахэ къыдэптыжащи, афэрым!

Илъэс зыбжанэ ипэкIэ уэ пхужысIа си псалъэхэмкIэ сухыну сыхуейт си тхыгъэ кIэщIыр:

*Узыщытхъужу куэдрэ*
*Ину умыкIийми,*
*Уи тхыбзэм егъэзагъэ*
*ГущIэлъапсэр...*
*Залымыгъэм ди гур*
*ЩигъэгуIэ къэхъуми,*
*Хубогъэпсыжыр*
*Лъагъуныгъэм ди псэр!*

**МЫСОСТЫШХУЭ Пщызэбий,**
*Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ*
*щIыхь зиIэ я артист*
*2006*



## ЗИ УСЭКIЭР ЩIЭЩЫГЪУЭ

... ЖызыIэ щыIэщ усэм и пIалъэр икIауэ. Ар щыуагъэшхуэщ. Тэмэму гъэпса усэр цIыхум зэи яужэгъунукъым. Мыкъуэжь Анатолэ и

ІэдакъэщІэкІхэм гурыщІэ куумрэ гупсысэ жанымрэ щызэхэжыхьащ. Ахэр куэдым уезыгъэгупсысщ, псэр зыгъэнэхущ, Іуэхугъуэщіэхэм укъыхуезыджэщ, щІэщыгъуэу, шэрыуэу гъэпсащ. Аращ утезашэу бгъэтІылъыж щІахэмытыр. Ар къызэхъулІэр закъуэтІакъуэххэщ.

**МОЛЭ СулътІан,**
*егъэджакІуэ*
*1994*

## ГУКІЭ СОЩІЭ

Мыкъуэжь, дызэрыщІалэ цІыкІу лъандэрэ уи усэщІэхэм укъысхуеджэу дыкъызэдокІуэкІ. Уи ІэдакъэщІэкІхэр, къанэ щІагъуэ щымыІэу, гукІэ сощІэ: щІэптхари щыптха щІыпІэри бжесІэжыфынущ.

Уи усэщІэхэр газетым къытехуауэ си ныбжьэгъухэм мызэ-мытІэу баз къафІэсхьащ, гурыхуагъэкІэ дызэпевгъауэ, зэ фІэкІа сыкъемыджэу жысІэжынщ, жысІэурэ. ГукІэ щыпщІэкІэ, жыпІэжыфынтэкъэ!

Адыгэхэм я мызакъуэу, усакІуэ нэхъ пажэ дыдэу щыІэхэм ящыщ зыуэ укъызолъытэ. Уи усэхэм теухуауэ тхылъ псо схуэтхынуи сыкъегъэгугъэ. Тхьэм къыдигъэхъулІэ!

*Ныбжьэгъу, сэ фІыкІэ сигу укъокІри,*
*Уи гъуэгу кІыхь хъуну сынохъуэхъу!*



**ЩОДЖЭНЦІЫКІУ Леонид,**
*ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэкІэ щыІэ*
*ФІыщІэ фондым и унафэщІ*

## МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ

### УСАКIУЭ

I

ЦIыху мелуанхэм я гуауэр
Згъэвыну къысхуиухащ.
ЛIэщIыгъуэ минхэм я хьэлъэм
Мы си плIэр къысфIиухуащ.

Ем езэуэныр си натIэу
Сыкъытехьащ мы дунейм.
Згъэбзэнущ усэр маисэу, –
Сраузчылщ сэ цIыху хейм.

II

Езыр зыс мафIэм цIыхухэр игъэхуабэм,
Ибжынущ къехъулIауэ и хъуэпсапIэр.
УсакIуэр делэгъуафIэщ икIи Iущщ,
УсакIуэм и гур щIым и щыблэIушщ.

### ДУНЕИЖЬ

Е-щхьэзыфIэфIыр зи жьантIэдэсу,
Уей, дунеижь!
ЦIыхугъэ нэсыр зи бжэкъуагъкъуэту,
Уей, дунеижь!
АкъылыфIагъэр зыфIэделагъэу,
Уей, дунеижь!
ФэжIужь делагъэр зыхуэхъужауэ,
Уей, дунеижь!
НэмыукIытагъэр зи жьэгу щыпэкIуу,
Уей, дунеижь!
ЕмыкIур екIум хэзыгъэгъуащэу,
Уей, дунеижь!
Бохъшэ домбейхэм къадеуджэкIыу,
Уей, дунеижь!
Хейр уэчылыншэу щыхаутапэу,
Уей, дунеижь!
Шатащхьэ IувкIэ щыкIар зыгъашхэу,
Уей, дунеижь!
Бэр зи кIэкъинэм хэзыгъэшхыкIыу,
Уей, дунеижь!

Зауэ-зэдауэр зи зэштегъэууэ,
Уей, дунеижь!
Псэ хей гуIэжхэм яхуэгунэфу,
Уей, дунеижь!
ЦIыху уасэр мылъкукIэ къыщапщ-щалъытэу,
Уей, дунеижь!
Гухэлъ уэрэдхэр щафIэауану,
Уей, дунеижь!
ЗдэармырамкIэ еджэрэзэкIыу,
Уей, дунеижь!
ЩыхупIэ нэзым IукIэрэхъухьу,
Уей, дунеижь!
Уи нэ щыпхахэр зэ къэптIэтэжу,
Уей, дунеижь!
Гъуэгу захуэ нэхум дынытепшэжкъэ,
Уей, дунеижь!
Гугъэн-хъуэпсэнкIэ дезыгъэшауэ,
Уей, дунеижь!
Гурыгъ мелуанхэр изыгъэжауэ,
Уей, дунеижь!
Шы дахэ жэркIэ сыпщыгугъами,
Уей, дунеижь!
Шы гъуабжэ мыжэу укъысхущIэкIти,
Уей, дунеижь!



## ГЪАЩIЭ-МАФIЭГУЖЬ

*Си къуэш Арсен хузотх*

ГъащIэ-мафIэгужьым гужьу дызэредзэ,
ГъащIэ-мафIэгужьым гущIэр зэрегъэшх,
ТфIэфI-тфIэмыфI жыхуэпIэр щайуэ къримыдзэу,
ЩхьэрыутIыпщу макIуэ, пхэнжурэ егъэш.

ГъащIэ-мафIэгужьым ер щыжьантIэрыкIуэщ,
ГъащIэ-мафIэгужьым щиIутIыжщ нэфI-нейм:
И тIысыпIэ гъурхэм щогурым тхьэмыщкIэр,
И купе лыдыжхэм зыщатIыжыр бейм.

ГъащIэ-мафIэгужьым хабзэ щыземыкIуэ,
И тезырыр мысэм щрагъэхьыр хейм.
Бейм дэщIыгъущ судыщIэр – гущIэгъу лъэпкъ ямыIэу –
Я губгъэн къэзыхьыр къыщрадз здыхуеймм.

ГъащIэ-мафIэгужьым Iэщэ щызэрахьэ,
Сабий гущэ пэтрэ щащI зэхэзедзэн.

Iуэху хьэдэгъуэдахэу, пцIыуэ щызэрахъэм
Гу лъыптэнщи – зэуэ узыIурадзэнщ.

ГъащIэ-мафIэгужьым Iущыр щызэрахуэ,
Уи гуращэр нэхумэ, дзы къыщыпфIащынщ.
Узэчийуэ къащIэм, упыкIащ уи гъащIэм,
Я дзэлыфэ пхуатIу, щхъухь пхузэхащIэнщ.

ГъащIэ-мафIэгужьым напэ щызэIуащэ,
ЦIэрэ щхьэрэ жыпкIэ щызэрагъэпэщ.
ГъащIэ-мафIэгужьым и къэхыпэщ гъэпщкIуахэм
Хъыджэбз цIыкIу къэжэпхъхэм зыщрагъэтIэщI.

ГъащIэ-мафIэгужьым псэр щызэхаутэ,
Елъытауэ мылъкум щащIыр зэхэгъэж.
НэхъыфIати, жыпIэу, сыкъимытIысхьатэм,
ГъащIэ-мафIэгужьым уигу зрегъэбгъэж.

ГъащIэ-мафIэгужьу хейхэм я щIыунэ,
Удэфа-сэхъуахэм я дуней жэнэт,
Ди зэхуэдэ унэу, уей, емынэ унэ,
Ди унэкIэ хъунум и жэуап къыдэт!

ГъащIэ-мафIэгужьым, гугъэр ди пIэщхьагъыу,
Жэщ къэсыху насыпым бэр дыщыщIохъуэпс.
Ди нахуапIэр пщIыхьу, ди пщIыхьэпIэр нахуэу
Зыхъуэжыну махуэр зикI къытхуэмыгъэс!

* * *

Шэрхъ гудзэншэу дунеижь абрагъуэр
Зи Iэмырым къыдекIэрэхъуэкI,
Хабзэ пхэнжхэу мы ди гъащIэр мыгъуэ
КъытщызыщIхэр щIым щытхузэхъуэкI.

Зи гущIэгъур ин! Дунейм и шхуэIур
Залымыгъэм къытхуIэщIэгъэкI.
Нэмысыншэм цIыху гъэсам и нэкIур
ЩIихулыкIыу хуумыдэ афIэкI.

Хейм и фащэр мысэм щебгъэтIагъэу,
ЩIэпхъаджащIэм хуумыгъэхъу уэчыл.
ИумыгъэщI пэжщIэкъур щIэнэкIалъэ,
Былымаблэм и нэгур гъэджыл.

ЦIыху щэджащэм дзы къыхуебгъэлъыхъуэу,
Iимансызыр щихъыу умыгъэIу.
АкъылыфIэр, и щхьэр игъэлъахъшэу,
Тумыгъэт ахьмакъхэм я бжэщхьэIу.

КъыумыгъэкI и кIэныр нэжэсыгъэм,
ЩIым делагъэм зыщумыгъэубгъу.
ДжэдыгуибгъукIэ зы лIым ухуэупсэу,
Къыумыгъанэ джэдыгуншэу лIибгъу.

Уи гулъытэ хэбну зыхуэфащэр,
Джэгу щIыхьыншэм ирумыгъэщIэкI.
Зи щIалэгъуэу зи хыхьэгъуэр гъащIэм
Ем и жьапщэм ирумыгъэщIыкI.

… ЩекIуэкI псори ди щIыгушхуэм плъагъуу,
ЕпхьэкIар уэ мыилъэс мелуан,
«А уи лъэIухэм хэлъкъым зы щIэщыгъуэ», –
КъысхужыпIэу, сыкъыумыщI ауан.



Ди щхьэщыгум дыгъэр къизыIыгъэу,
Зи IэмыркIэ щIыр къекIэрэхъуэкI,
Пэлъэщауэ е-бзаджейм цIыхугъэр
ЩIы хъурейр зэгуэрым нэху къегъэкI.

* * *

Дунеижьым дыщэм зыхуегъэщхъ,
И щхъыщхъ макъыр фIощI макъамэ гуакIуэу.
Дахагъ нэпцIым итщи и Iумэт,
Уэрэд нэсхэм и хущхьэн къагъакIуэ.

Дыгъуж хабзэр ноби къыдокIуэкI,
Псэ хей минхэр зэтрегъэгуIэ.
А хьэл мыгъуэр – уэзсэр сэгъейщ, –
Зыхинэнуи мурад лъэпкъ имыIэ.

КъыхэкIынкIи хъунт дунейм зыгуэр, –
Iиблис щылъхухэм зрагъэужьакъым.
ЛIы Iущ Iэджэ итами и ужь,
Дунеижьым захуегъэхъуэжакъым.

Уэрэд Iэджэ сэри хуэзгъэпсат
Дунеижьу ди гугъапIэ закъуэм.

Къыхуезджами зэрыслъэкӀкӀэ фӀым,
Зы мэскъалкӀи къысхуэгъэдэӀуакъым.

Си чэнджэщхэр щымыхъуа гунэс,
СигъэикӀэу къысфӀищащ дзы Ӏэджэ.
Си уэрэдым къыхиӀуащ шэрэз,
Блащхъуэ щӀыкӀэу зэӀурыдзэсыкӀри.

ХущӀэкъуат сищӀыну ещхь езым,
Ауэ сэ дунейр къыспэлъэщакъым.
СхуэмыщӀами ар зэрыщымыт,
СызэрыщымытИ зезгъэщӀакъым.

## ДИ КХЪУХЬЫР

Ди кхъухьыр уардэт, хуэдэ тенджызышхуэм
Темыт тфӀэщӀыжу, исхэр дригушхуэрт.
Есыхт адрейхэр, дыдэсейрт ди закъуэ,
Ерыщу толъкъуныдзэм деӀэпщакӀуэрт.

Тенджызым хабзэ ткӀийуэ къыдекӀуэкӀхэр
Къыдмыдзэт, есых псоми дащӀэнакӀэрт.
Дыхэтт дблэсыкӀхэр тлъэкӀым едгъэплъыну,
Зэрытенджызу зыдэдгъэплъеину.

АрщхьэкӀэ тенджызышхуэр бэшэчами,
Ди ерыщагъыр куэдрэ хуэшэчакъым:
БорэнкӀэ дыкъищӀащ натӀэрыуапӀэ,
Зэхикъутащ ди кхъухьыр хьэбэсабэу.

Толъкъунхэр зэрыхуейуэ ирикъухьу
ЕзыхьэкӀыну зи гугъа ди кхъухьыр
Иджы тенджызым къызыхидзыжауэ
И Ӏуфэм Ӏулъкъэ зэтещэхэжауэ…

Дапщэщ ди дыгъэр пшэхэм къыкъуэкӀыжу
А псыхьэлъахуэр щигъэгъущыжынур?
А псыхьэлъахуэм кхъухь къыхэтщӀыкӀыжу,
Тенджызым тетхэм дащыщӀыхьэжынур?!

## СИ ЛЪЭПКЪЭГЪУХЭМ Я ДЕЖ

Адэжьхэм напэр я гъащӀэ гъуазэу,
ЛӀэщӀыгъуэ гугъухэр къызэпачащ.
Бий гуартэ я щӀым къыщизэрыгуэм,
Дунейр я лӀыгъэм игъэзджызджащ.

Адэжь щIэиныр гугъэм и закъуэ?!
ДэщIыгъущ а гугъэм беигъэ нэс:
Ди хабзэ екIухэр дыщэзэрылэщ,
Ди псалъэжь Iущхэр налкъутналмэсщ.

А хъугъуэфIыгъуэр ныбжькIэрэ тыгъэ
Къытхуэзыщlахэм уралIэужьщ,
Адэжьхэм я псэр щыгуфIыкIыну
Къытенэ щIылъэм уэри лъэужь.

Ди лъэпкъ щэджащэм и дыщэ пхъуантэм
Къыдумынэфми тыгъэ бэлыхь,
А пхъуантэдэлъхэр щIэблэм хуэхъумэ,
Хуэхъу ди лъэпкъ мащIэм къэрэгъул бжыхь.

Ныбэизыгъэм зэщхьэщихуауэ,
КъытхокI лъэпкъ напэр къиизымыдзэж,
Анэдэлъхубзэр, шхахуэ пэлъытэу,
ПхъэнкIий идзыпIэм ныхэзыдзэж.

Къуэпсыбэу щIылъэм хэмыкIа жыгыр
Къыкъуэумэ жьапщэ – тыншу къреч.
ГукъуэпскIэ лъэпкъым пымыщIа цIыхур,
Жьуджалэм ещхьу, жьым кърехьэкI.

Щэнхабзэр, тхыдэр, анэдэлъхубзэр –
Лъэпкъ ЖыгкIэ зэджэм и къудамищщ.
Зытес къудамэр пызыупщIыжыр
Тхьэр зытебгахэм мэхъур ящыщ.

Теплъэ къудейкIэ фIэкI уадыгэу
УкъамыщIэжмэ – сыт урищIыс?
Зи лIэужьыгъуэр мыгурыIуэгъуэ
Жыг кумылэншэм урещхьыркъэпсщ.

Адыгэу щыIэр кхъузанэ тIуащIэ
Хуейщ мы зэманым дэ щIэдгъэкIын,
КуэнсапIэу къинэр – лъэпкъ жылэ хъункъым,
Апхуэдэм хуейщ дэ дакъыпыкIын.

И лъэпкъым папщIэ зы щай и уасэ
Зымылэжьахэм захузогъазэ:
Адэжь и щIыхьым фримыуэркъ,
А щIыхьым хэлъкъым фи фIыщIэ лъэпкъ.

* * *

ГъащIэ-хышхуэ, хэт хьэфэ гъэпщакIэ,
Хэт кхъуафэжьей цIыкIукIэ, хэт кхъухь инкIэ –

Дытехьащи, щхьэж зэрыхуэщIакIэ –
Дэ дыщосыр псори уи толъкъунхэм.

Демызэшу къунтххэр зэфIыдощIэ,
Идодзыхыр хъыхэр уэ уи лъащIэм.

Дожьэ махуэ ди кIэн къыщикIынум –
Ди насып-бдзэжьейр къыщыкъуэкIынум.

Ди мурадым дылъэIэс щытфIэщIым, –
Зэтрекъутэж псори уи жьапщэм.

ДокI зэмани, ифI зыкъыбошэжри,
Гугъэ нэпцIхэм псэр зыщIогъэшэжыр.

Кхъухьым исым джейр хуощIыжыр плъапIэ,
Адрейхэм – щхьэж езым фIэлъапIэр.

Апхуэдэххэу дыбогъэхь ди гъащIэр
ДыщIэтIысыкIыхукIэ уи хы лъащIэм.

… ФIыуэ слъагъурат, насыпу слъытэу,
Си дыщэ бдзэжьейуэ си пщIыхь хэтыр.

Ауэ кхъунтхкIэ ар къысхуэубыдакъым,
Хъы зыIыгъхэм сэ сыхиубыдакъым.

* * *

*Маринэ деж*

Мылъкури щIыхьри –
Псори щхьэгъэпцIэжщ,
ПсэкIэ фи гъунэгъуу
ЦIыху къэфлъыхъуэ.
Фи псэр пIыщIэу
Къыщыфхуихуэм деж
Фигъэхуэбэфыну
Псэ къэфлъыхъуэ.

ГъащIэ лъащIэм
ЩIэгъэпщкIуащ IэфIагъ,

ЕлъэпIэкIыу дунейм тетым
ФIыгъуэу.
ЗыхэфщIэнум
И кIэм нэсу ар,
ИгъэфIэну фи псэр
Псэ къэфлъыхъуэ.

КъыфхуэгумэщIэну
Гуауэм деж,
Фыкъригъэлыну
Закъуэныгъэм,
Щэхуу псэр
ЩыффIэнэщхъейм и деж
ФызыхищIэфыну
Псэ къэфлъыхъуэ.

НэгъуэщIыпсэм
И хуабагъ-гуапагъщ
МафIэ щэхукIэ
Ди псэр тхуэзыгъаблэр,
Къытхилъхьэжу
Мыух жыджэрагъ,
Гукъыдэжхэр
Арщ къытхуезыгъэблыр.

ПщIыгъумэ
ПсэкIэ уи гъунэгъуу цIыху,
Ажал дыдэр, уеблэм,
Мышынагъуэ.
КъывэмыпцIыжыну
Фыпсэуху
ПсэкIэ фи гъунэгъуу
ЦIыху къэфлъыхъуэ.

Мылъкури щIыхьри
ЩхьэгъэпцIэжщи, псэр
Зыхуэныкъуэ псэ фIэкIа
ЩымыIэ...
Нобэ къэскIэ,
СфIигъэдийуэ псэр,
Уэ узмыгъуэтыжу
Схудеху щIыIэ...

* * *

Егъэлеяуэ мы щIылъэм
ФIыуэ цIыхуитI щыслъэгъуащ,
А тIуми
Сахуэмыныкъуэу,
А тIуми
Сахуэмысакъыу
Сыщыпсэуа къэмыхъуа.

Сэ гуауэм сигу щыхигъэщIым
СыздэкIуэр
Ахэм я дежщ.
Си щхьэр иралъхьэм
Я куэщIым,
Я Iэр къыздалъэм –
Сохъуж…

Зыр –
Си анэ дыщэ гумащIэрщ,
ФIыуэ слъагъу пщащэрщ
Адрейр,
ТIуми яхуэсщIэр
СфIэмащIэщ:
Зым къызитащ сэ си гъащIэр,
Хуитщ къыпищэнум
Адрейм…

* * *

Дунеишхуэ, умыIэуэлъауэ.
Дунеишхуэ, сынолъэIу, зыущэху.
Топ зыщIыпIи зэрыщамыгъауэр
Хьэкъ къысщыщIи, мы си гур гъэпсэху.

Дунеишхуэ, умыдаущыншэ,
Ущыбзэншэм псэншэ ухъу къысфIощI:
Сабий макъкIэ дыхьэшх уэ щIумычэу,
Бзу уэрэдхэр уемызэшу шэщI.

Гъэщхъыщхъ пщIащэр, псыхэри гъэушэ,
Iэуэлъауэ, гъахъэ, щIэ уи Iуэху:



7 Заказ №377

Гъащӏэр щӏым зэрыщекӏуэкӏыр кӏэншэу
Зыхэзгъащӏи, мы си гур гъэпсэху.

* * *

Хуейщ дыгъэр бзийкӏэ гуэшэну,
Щӏым гуапэу къедэхэщӏэну.
Зауэм и ӏугъуэм щӏиуфэм –
Дыгъэм и лажьэр сыт?

Хуейщ бзухэр уэгум итыну,
Хуиту уэрэд къэрашыну.
Шэм и фий макъым игъащтэм –
Бзухэм я лажьэр сыт?

Удз дахэр хуейщ къэгъэгъэну,
Еплъ псоми ягу хигъэхъуэну.
Ем къыщӏэхутэм и лъэгум –
Гъэгъам и лажьэр сыт?

Хуейщ сабий цӏыкӏухэр джэгуну,
Щӏым гуфӏэу къыщажыхьыну.
Балигъхэр зэгурымыӏуэм,
Сабийм я лажьэр сыт?

УПЩӀЭ

Дыздэкӏуэм дызэгъусэу къалэ жыжьэ,
Сэ упщӏэ къызитащ си шынэхъыщӏэм:
Машинэр жэуэ щытмэ къэмыувыӏэу,
Дэ дыздишэнур дэнэми къызжеӏэт?

Гуфӏэжу си къуэш цӏыкӏур сэ къызэплъырт.
Си нэгур зэхэуауэ сэ сыхэплъэрт.
Жесӏащ – щӏыр къэткӏухьынурэ хъурейуэ,
Ди деж аргуэру дыкъекӏуэлӏэжынущ.

… А цӏыкӏум дауэт сэ зэрыжесӏэнур
Гъуэгум щыхупӏэ дыщрихьэлӏэну?!

* * *

Аращ и хабзэр дунеижьым:
Къытохьэ зыр, адрейр токӏыж.
Къытщхьэщытыжкъым ди нэхъыжьхэр,
Нэхъыщӏэ куэди тхэмытыж.

ЦӀыхупсэр махэми, цӀыхугум
Къарууэ хэлъкъэ ямылей.
НэщӀыбзэ хъунти мы ди щӀыгур,
Зыр лӀэм зилӀэжтэмэ адрейм.

Гуауэ архъуанэм дыщрихьэм,
Ныбжьэгъухэр псынщӀэу къытлъоӀэс,
Я гу хуабагъкӀэ псэм къыдыхьэу,
Я псалъэр тхуэхъуу хущхъуэ нэс.

ЩызэхокӀыжри пшэр ди уэгум,
Ди нэгум дыгъэр къредзэж.
Адэжь щӀэинщи гугъэ тӀэкӀур –
Гугъэн аргуэру щӀыдодзэж.

Ауэ ди махуэм я нэхъ уэфӀми
Ди лӀахэм – арщ и хьэлыр псэм –
Я гушыӀэкӀи я псэлъафи
Дигу къэдгъэкӀыжурэ допсэу.

Ажалыр гъащӀэм и дауэгъуми,
ГуфӀэгъуэм гуауэр къуэш ищӀащ.
ЩӀым ехыжахэр дымылъагъуми,
ГукъэкӀыж къуэпскӀэ дапыщӀащ.

Сыхуейщ сыхъуну сэ гъащӀафӀэ,
ЩӀым тетщи фӀыуэ слъагъу цӀыху куэд.
Ажалми хъунщ нэхъ ӀущӀэгъуафӀэ,
ЩӀым щӀэлъщи фӀыуэ слъагъу цӀыху куэд.

* * *

Хьэл-щэну схэлъхэм, налкъут мыщӀэу,
КъахолыдыкӀыр зы хьэл-щэн:
Си хадэм мывэ къърадзакӀэ,
Сежажьэу сщӀакъым сымыщӀэн.

Си тэмакъ щхьэпсыр зэпычыным
Сыщынагъэси къысхуихуащ.
Къайгъэ итӀани къэсӀэтакъым,
Щыдэсчыхыпхъэм дэсчыхащ.

СфӀэмыфӀ зэхэсхкӀэ, сыкъэлыбу,
Зыгуэрхэм ещхьу, сыкъимылъ.

Сахуэмыхъущlэ сызыубхэм,
Гужьгъэжьи си гум измыгъэлъ.

Сэ Iэджэм Iэджэ яхуэзгъэгъуу
СыкъыщIекIуэкIым хэлъщ зы щэху:
Си адэ-анэм къысхалъхьауэ,
СызэрыцIыкIурэ схэлъщ гущIэгъу.

ГущIэгъур лIыгъэм пэслъытащи,
А хьэлым сыкъытемыкIын.
АрщхьэкIэ щыIэщ сыпсэухукIэ
Зы цIыхуми сэ хуэзмышэчын:

Си цIыхухъу щIыхьыр сфIыхэбутэу,
Зэгуэрым уэ укъысщишэнщ.
Уэхьийуэ уафэм укъехами,
Сэ щIакIуэкIапэ утесшэнщ.

* * *

Къэхъуакъым цIыхум сыщефыгъуэ,
Зым си зэран езмыгъэкIа.
АтIэ, сыщIэуэу я нэм бжэгъуу,
Жагъуэгъу сэ дэнэ къысхуикIа?

Псалъэ дыгъэлхэм сахэплъыхьрэ
Къахэзгъуэтамэ зы налкъут, –
Яхуемыгъэхыу я тэмакъым,
А псалъэ закъуэр сфIагъэпуд.

Аращ игъащIэми адыгэр, –
Фыгъуэ-ижэным егъэкIуэд.
Си лажьэр сыт сэ, си жагъуэгъухэм
ЕфIэкIыу жысIэмэ уэрэд?!

ПхъэнкIийм хэпкухькIэ дыщэ кIанэм
И зэхэлъыкIэр фIэмыкIуэд.
Уэшх къызэрешхыу, къыщIощыжри,
Аргуэру дыгъэм ныполыд.

Сэ зыслъытэжкъым къурш абрагъуэу,
Уи дыгъи мази зезмылъыт.
АрщхьэкIэ, Тхьэм къызипэсауэ,
Сащыщкъэ зиIэхэм хэлъэт!

Шууейм хуаубыдми лъэрыгъыпсыр,
Шыдшум хуамыщI апхуэдэ щIыхь.

Сэ шу зыбжанэ итщи си япэ, –
ЗахуэсщIыфынущ щхьэузыхь.

Шыгъажэм мызэу сыщыIащ сэ, –
ВжесIэнщ гухэхъуэу зыхэсщIар:
КъатежыхункIэ адыгэшыр,
Тежар сэрауэ къысфIэщIащ.

Къэхъуакъым цIыхум сыщефыгъуэ,
Зым си зэран езмыгъэкIа.
АтIэ, сыщIэуэу я нэм бжэгъуу,
Жагъуэгъу сэ дэнэ къысхуикIа?!

* * *

*Нет, я не Байрон, я другой…*
***М. Лермонтов***

«Уэ умы-Блок, умы-Есенин,
Умы-КIыщокъуэ, умы-КIуащ», –
СигъэикIэну зыфIэфI гуэрым
Апхуэдэу сэ къызжиIэгъащ.

Абы и псалъэр, къысфIэIуэхуу,
Сэ щхьэрыгъажэ сымыщIа.
Лъэхъэнэ ябгэм и гурыгъухэрщ
Псэхугъуэ сэзымыгъэщIар.

ЗэщIэзгъэзджызджэу дунеижьыр
СымыщIэфами ямылей,
Си адыгэпсэр къызэпхыпсу,
КъэзгъэщIыжащ сэ си дуней.

А си дунейр емыщхь адрейхэм…
Усыгъэ щыгухэм ящыщ зым
Си нып, тедзауэ си дамыгъэ,
ЩыхэстIэжакъэ сэ езым.

Узэрыщытым нэхъ нэхъ лъагэу
Зыплъагъужыныр – уз мыхъужщ.
Ар къызэфыкIхэм я нэхъыбэм
И бынжэу щIым закъыщохъуж.

Вагъуэбэ жэщым ухэплъамэ,
МэпщIыпщIыр зыр, адрейр мэлыд.
Къапихми нурыр зэхуэмыдэу,
Мывагъуэ ахэм яхэмыт.

ЦIугъэнэ нэпцIхэм сыдахьэхыу,
Зэман сэ сымыгъэкIуэда,
ГурыщIэ иным и мафIэсым
Ер хезгъэсхьэну сыхэтащ.

ЖызмыIэфам и гурыгъузхэм
Жэщыбгхэм сэ сыкъагъэуш:
Зэхэпхрэ, даIуэт, мес аргуэру
Усыгъэм къоIур и тхьэгъуш.

ЗыгуэркIэ дыгъэр ебгъунлъэкIмэ,
Нэхугъэр хъунущ пшэм я къуагъ.
Зы шэху уэздыгъэ нэхъ нэхъ мыхъуми,
Къыфхуэзгъэнэнур си нэрыгъщ.

Пэжщ, сымы-Блок сэ, сымы-Байрон,
Сымы-КIыщокъуэ – сынэгъуэщIщ.
СокIуж си гъуэгу, си гъуэгущ сэ скIужыр, –
Сэ сы-Мыкъуэжьщ, сэ сы-Мыкъуэжьщ.

* * *

*Си шыпхъу Людэ деж*



Шопен къевгъауэ, Моцарт севгъэдаIуэ,
Бетховен и сонатэр зэхэзвгъэх.
Макъамэ лъагэм и дуней телъыджэм
ЗыщызвгъэIэжьи – тIэкIу зызвгъэгъэпсэху.

ТэлайкIэ зызвгъэIэти уафэ лъащIэм,
Вагъуэ нэхутхьэхухэм садэвгъэуэршэр.
Хъыринэ толъкъун сыджхэм сыщевгъащIэ, –
Хуэныкъуэщ си псэр дэрэжэгъуэ гуэр.

Макъамэм сэрэ дыкъызэхуэвгъани,
Насыпым и хьэуакIэ зызвгъэгъэнщI.
ГущIэгъуншагъэм зэщIищта ди щIыгум
ПэIэщIэ зы дакъикъэкIэ зызвгъэщI.

ИтIанэ сэри сыныфхыхьэжынщи,
Ди зэрызехьэ кIэншэм пытщэжынщ.
Iуэху жыгъейхэм, ахъшэ-бохъшэм я бэлыхьым
Аргуэру си псэр къысфIилъэхъэжынщ.

Ауэ мызэкIэ, си хьэтыр къэфлъагъуи,
Си гугъу къэвмыщIу, тIэкIу зызвгъэгъэпсэху.
Шопен къевгъауэ, Моцарт севгъэдаIуэ,
Бетховен и сонатэр зэхэзвгъэх.



Ахъмэт МуIэед

# Адыгэ амазонкэхэр

## Роман



Геракл и дзэм зэрезэуа лъандэрэ, ПэтIей нэгъуэщI зыгуэр хъуат, быдапIэм дэс амазонкэхэм арауэ къахуэмыцIыхужу. Зыми зэхихыжтэкъым ар гушыIэу, ялъагъужтэкъым и еIуящIагъэхэм ящыщ гуэри. Абы щIэх-щIэхыурэ зигъэбзэхырти, и закъуэ дыдэу нэщхъейуэ хы Iуфэм Iуст, уафэмрэ хымрэ я зэпылъыпIэм и нэхэр тедияуэ. Ар сыт щыгъуи щымт, мыпсэлъэну тхьэ иIуами ярейуэ. Тесей и гъусэу ежьэжа и ныбжьэгъум зыгуэркIэ къыщхьэщыжыным ущIытепсэлъыхьыххэни щыIэтэкъым.

Зэхэуэр щагъэувыIа пщыхьэщхьэм и пщэдджыжьым, амазонкэхэм хы ныджэ пшахъуэм лъэужьхэр къыхалъагъукIащ, икIи къагурыIуащ я шыпхъур залымыгъэкIэ, езым фIэмыфIу, зыми зэрыримышэжьар. Ипполитэ а тIур щызэзауэми гу лъитат, Антеипхъу, Тесей иукIын дэнэ къэна, зыгуэркIэ шэ хьэулей къытехуэ хъумэ жиIэу абы зэрыхуэсакъым. А псори Ипполитэ щиIуэтэжащ я быдапIэм щекIуэкIа хасащхьэ зэIущIэм. Хасэм хэт псори зэакъылэгъут амазонкэ къэралыгъуэм и щэхухэр хэIущIыIу хъункIэ шынагъэшхуэ зэрыщыIэмкIэ. Зи акъылыр Тесей зэтрихуа амазонкэ ныбжьыщIэм шыхэр, хьэхэр, бгъэхэр, сабийхэр зэрагъасэм я щэхухэр алыджхэм яIэригъэхьэныр зыхуэIуа щыIэтэкъым. Арыншами, Аттикэри, Фракиери, Спартэри, Лидиери, адрей хытIыгу пщыгъуэхэри – псори зы къаруурэ зэгухьэну хьэзырт. Ахэр зэгухьэрэ амазонкэхэм я щэхухэр яIэрыхьэжмэ, шэч хэмылъу, амазонкэ къэралыгъуэм куэд ихьыжынутэкъым.

Абы ипкъ иткIэ, хасэм унафэ ткIий къищтащ: икIэщIыпIэкIэ кхъухьхэр зэгъэпэщауэ Аттикэм кIуэн, щIэпхъуэжар къэгъуэтауэ и псэр гъэнын, а Iуэхум зэран къыхуэхъумэ, езы Аттикэри, зы цIыху закъуи къэмынэу, зэтеукIэн!

ЕтIуанэ махуэм амазонкэхэм Ахынрэ Меотидэрэ я Iуфэхэм екIуэкIыу зыIуагуэшащ. Тхьэмахуэ зытIущ нэхъ дэмыкIыу, абыхэм я быдапIэхэр зыIут хы Iуфэм къекIуалIэу хуежьащ кхъухь

*КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр 1-нэ, 2-нэ номерхэм итщ.*

зэмылIэужьыгъуэхэр. Ахэр къызытраха лъэпкъхэр зэрызэмыщхьым хуэдэу, езы кхъухьхэри я щIыкIэрэ теплъэкIэ зэщхьтэкъым. Яхэтт хышхуэм щызекIуэфхэри, зауэм хуэщIа кхъухьышхуэхэри, псыежэхым хуэщIахэри, бдзэжьеящэ кхъухьхэри. Хьэнцэкъу зыIыгъ гъэрхэм ящыщу япэу щхьэхуит ящIыр хьэт пщылIхэрт. Абыхэм я пIэкIэ ягъэтIысырт кхъухьхэр зи Iэмыщ1э илъахэм ящыщ щIалэ къарууфIэхэр.

Хы Iуфэ хьэтхэми кхъухь я мащIэтэкъым. Iэмалыншэ хъумэ, ахэр къэбгъэсэбэп хъунут зауэ IуэхукIэ. А кхъухьхэр зэрыщыту хьэтхэм амазонкэхэм къратащ. МазитIым къриубыдэу амазонкэхэм зэрагъэпэщащ зекIуэ зэрыкIуэ хъун кхъухь куэд, икIи хым щызекIуэным, щызэуэным хэлъ Iэмалхэм я фIэщу зыхуагъасэу щIадзащ.

Хурсанэрэ Саусэрэ лъэныкъуэ зрагъэзащ, щэхуу зэпсэлъэн щхьэкIэ.

– Саусэ, – къопсалъэ Хурсанэ гузавэу, – Дахэзилэрэ сэрэ дзэпщ дащIащ, амазонкэу мин щырыщрэ ныкъуэ-ныкъуэрэ ди унафэм къыщIагъэувэри. Куэд дэмыкIыуи зы илъэс ныкъуэ гъуэгу дытеувэнущ. Уэ укъонэ уи къуэм уригъусэу, фи закъуэу. Фэ фызэрызэрыгъуэтыжрэ илъэсищ дэкIащ, Тхьэзэплъ и къуажэхэми заужьащ, и цIыхухэри тIукIэ бэгъуащ. Ауэ иджыри зы илъэс тIощI хуэдиз хуейщ, адыгэхэм заужьу амазонкэ къэралыгъуэм зэрапэувын къару зэрагъэпэщыфын папщIэ. Дэ тIуми къэдмыгъэзэжынкIэ зэрыхъунуми егупсыс. Абы къыхэкIыу, уэ ухъун хуейщ щыкIэ нэхъ Iущ, нэхъ сакъ, нэхъ губзыгъэ, нэхъ хьилэшы. Пэжщ, Тхьэзэплъ щIалэ губзыгъэщ, акъылыфIэщ, ауэ, щIалэIуэщи, иджыри куэдрэ удэлэжьэн хуейщ, махуаем деж, шу мин зыщыплI мыхъуу, зыри зыпэмылъэщын дзэшхуэ къигъэувыфын щхьэкIэ. Ахэр хуэIэкIуэлъакIуэ хъун хуейщ зауэ Iуэхум, къащIэн хуейщ абы ехьэлIа ди щэху псори.

Амазонкэ быдапIэхэм я къалэгуащэ куэдым я фейдэ хэлът зекIуэм, ауэ абыхэм я нэхъыбэм ныбжь яIэт, Дыщэни хуэдэу. Ахэр езыхэр зекIуэ ежьэртэкъым, атIэ амазонкэ ныбжьыщIэ нэхъ лъэрызехьэхэр дзэпщ ящIырти, яутIыпщырт. Апхуэдэу ящIкIэрэ, япэрауэ, зауэ Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI, я лъэдакъэпэм къытеувэну хьэзыр щIалэгъуалэр ямылъагъуу загъэпсэхурт. ЕтIуанэрауэ, езыхэм зекIуэм къыщамыгъэлъэгъуэжыфынкIэ хъунут япэм яхэлъа жыджэрагъри набдзэгубдзаплъагъри, уеблэмэ зауэм щыуагъэ гуэр щаIэщIэкIыу, абы и зэранкIэ бийр къатекIуэнкIэ хъунут, зыри зытемыкIуэж амазонкэхэм я цIэр ягъэулъийуэ. Абы нэмыщI, амазонкэ ныбжьыщIэхэр зекIуэм къимыкIыжынри Iуэхум хэлът: е хэкIуадэу, е, Антеипхъу ещхьу, бийхэм ящыщ щIалэщIэ гуэрым егуакIуэу абы и гъусэу щIэпхъуэжу.

Дыщэнэ куэд щIауэ зыхищIэрт абы и гуащэ шордакъыр къагъэтIэсхъэну Хурсанэрэ Дахэзилэрэ зэрыхэтыр. Апхуэдэ дыдэуи ищIэжырт, и щIалэгъуэми, и ныбжь нэхъ щыхэкIуэтами, езыр зыкIи Дахэзилэ пэхъуу зэрыщымытари. Дапхуэдизрэ емыгупсысами, Дыщэнэ къыхуэщIэртэкъым а цIыхубз дахэ дыдэм апхуэдэ акъылрэ IэкIуэлъакIуагъэрэ, набдзэгубдзаплъагъэрэ гъэсэныгъэрэ къыздрихар.

Ауэ ар нэхъ къэзыгъэгузавэр Хурсанэт. Абы зыгуэр къытекIуэныр щыгъэтауэ, ауи къыпэхъун иджыри къэс хуэзакъым!

Iэбамэ лъэмыIэсыжу хущIегъуэжат, шым я нэхъыфIыр къыхухихыу, Хурсанэ нэхъри нэхъ лъэщыж зэрищIам. Зэхихыжат чынт зауэм щыгъуэ зыри зыпэмылъэщу япэ иту къакIуэ чынт пелуаным ар и сэшхуэмкIэ емыуэу, Iэ сэмэгумкIэ джатэ абрагъуэр къыIэщIитхъыу, абыкIэ ар, и таж щыгум къыщыщIэдзауэ уанэгум нэсыху, тIууэ зэгуигъэхуауэ зэрыщытар. Апхуэдэ Iэпщэ къарум, апхуэдэ цIыхубз дахагъэм, апхуэдэ акъыл жанагъым сытыт Дыщэнэ пигъэувыфынур?! «Уоу, тхьэхэ! Апхуэдиз зэфIэкIкIэ ухуэупсэ хъунт абы и закъуэ?! Санэ тхьэмыщкIэ, ар шабзауэ Iэзэ къудейт, ауэ а зымкIи игъэIуфащ и цIэр, игъащIэкIи ящымыгъупщэжыну. Ныбжьэгъугъэ пэжкIэ быдэу зэпха а амазонкитIым япэувкIэ зэрапэмылъэщынур къызыгурыIуэ Дыщэнэ хэкIыпIэ къегъуэт: дзэпщ ищIахэу, зекIуэ еутIыпщ. Ар егупсысырт нэхъри нэхъ цIэрыIуэж хъуауэ абыхэм къагъэзэжынкIэ зэрыхъунум. Ауэ, зекIуэр зы махуэ-махуитIкIэ зэфIэкIыну Iуэхутэкъыми, абы зыгуэр щаукIынкIэ е щыхэкIуэдэнкIэ хъунут. Аттикэм и пащтыхь Тесей лIыхъужьыгъэшхуэ зыхэлъ зауэлI цIэрыIуэт. Хэт ищIэрэ, абы IэщIэкIуэдэнкIи хъунщ Дахэзилэрэ Хурсанэрэ. Ауэ а алыдж лIыхъужьыр япэлъэщыну амазонкэ къимыкIуэтыжхэм?!

Языныкъуэ амазонкэ ныбжьыщIэхэр куэдкIэ щыгугъырт а зекIуэм. Хэти гугъэрт, Антеипхъу хуэдэу, зауэлI лъэрызехьэ гуэрым «гъэр» хуэхъункIэ, хэти и мурадт, зауэ зэрыхьзэрийр къигъэсэбэпу, зигъэбзэхыну, иджыри къэс къигъэщIа гъащIэр зыщигъэгъупщэжу, цIыху къызэрыгуэкIхэм я псэукIэу мамыру псэуну, псэгъу къигъуэту, лъхуэ-пIэуэ цIыхухэм яхэтIысхьэжыну. Апхуэди къызэрыхъу хабзэр амазонкэхэм ящIэрт. Мызэ-мытIэу я нэгу щIэкIат, къуажэ гуэрхэм щатеуэкIэ, амазонкэу щыта унэгуащэхэр къахэлъадэурэ Iисраф къызэрызэтращIэр.

Ауэ амазонкэхэм я нэхъыбапIэм ящIэртэкъым, ящIэнуи хуейтэкъым, быдапIэм удэсу, амазонкэ къэралыгъуэм и хабзэхэмкIэ упсэуным къищынэмыщIа нэгъуэщI зы псэукIэ гуэри дунейм тету. Сыт хуэдэ нэгъуэщI псэукIэри пхэнжу, мыхьэнэ лъэпкъ зимыIэу къалъытэрт апхуэдэ амазонкэхэм. Абыхэм апхуэдизу яфIэIэфI я гъащIэр нэхъри нэхъ хьэлэмэтыж, нэхъ тыншыж хъунут, зэфIэкIышхуэ яIэу зыкъагъэлъагъуэмэ. Ар къащехъулIэнур зауэрати, арат я гъащIэ псом емышу зызыхуагъэхьэзырыр. Зауэ гуащIэм лIыхъужьыгъэ къыщагъэлъагъуэрэ, ягу ирихьа бий зауэлIыр гъэр къащIыфмэ, ар щIасэу хуеиху къагъэсэбэп хъунут, хуэмеиж нэужьым, абыи гъунэжу Iэмал иIэт. Щхьэхуит пщIыжа гъэрыр, и хэку кIуэжын имыдэу, гухэлъ къыпхуищIауэ къыпкIэрыпщIапэми, щхьэцыр зэрызэрагъэубыд къупщхьэ Iунэ къудейкIи пхуэукIынут, нэхъ IэфIыгъуэшхуэу щыIэм зэщIищтауэ, щыбэлэрыгъа дыдэм деж.

Щхьэр зыгъэуназэ лъагъуныгъэ гуащIэрэ хэкIыпIэ зимыIэ насыпыншагъэрэ зэгъусэу зыхозыгъэщIэф амазонкэхэм къищынэмыщIа, быдапIэм щыпсэурт зи гур иуда, унагъуэ псэукIэр зымыдэ нэгъуэщI цIыхубз насыпыншэхэри. Амазонкэхэм къызэрамылъхуам къыхэкIыу, апхуэдэхэм «хамэ щIыпIэ къикIа» цIыхукIэт зэреджэр.

Хуитыныгъэр зыфIэфI амазонкэхэр гуапэу хущытт НысащIэкIэ зэджэ цIыхубзым. Абы и цIэ дыдэр зэры-Тинэр зыми ищIэртэкъым. Зи IэлъэщIыр зытезыхыу таж къекIу цIыкIур зыщхьэрызытIэгъа

НысащIэ зыкIи къытехьэлъэртэкъым амазонкэхэм я гъащIэр, езыр зыхэса унагъуэм апхуэдикIэ гъащIэ хьэлъэ щиIати. Ар хъыджэбз щIалэ дыдэу къызэрыгуэкI нарт унагъуэ ихуат, ауэ, куэд дэмыкIыу, и щхьэгъусэр дунейм ехыжащ, яхуэмыгъэхъуж узыфэ къеуалIэри. ЕтIуанэу Тинэ зыдагъэкIуэжар мыхьэнэншэ гуэру къыщIэкIащ: щхьэхынэу, зэхэщIыкI имыIэу, акъылыншэу. И лIым и унагъуэм исхэри зэрыщыту апхуэдэт. Махуэ псом ахэр Iэнэм пэрысыфынут, жьэгъуашхэу. Зэзэмызэ ягу къэкIыжырти, нысащIэм щытхъухэрт, «фIыуэ мэпщафIэ, мэжьыщIэ, унэр зэлъыIуех, ешрэ увыIэрэ имыIэу Iуэху ещIэ, жэщи махуи унагъуэр зэрехьэ, ищIэр куэдщ, ишхыр мащIэщ, езыри дахэщ, гуапэщ», жаIэурэ. Я гъунэгъу нысащIэхэр щхьэхынэхэу, IэфIейлъэфIейхэу, ныбаблэхэу зэрыщытри дыщIагъужырт. Ауэ зы цIыхуми игу къэкIыртэкъым нысащIэм зымащIэкIи дэIэпыкъун хуейуэ, зыми къыфIэIуэхутэкъым абы и гугъуехьыр, лей къытехьэр. Нэхумыщым щыщIэдзауэ жэщыбг фIэкIыху ар кIэлъыплъырт Iэщми, хадэми, пщIантIэми, унэми, псыр къихьырт, жьыщIэрт, пщафIэрт. А тхьэмыщкIэр шхэнуи хущIыхьэртэкъым. И Iуэху псори зэфIигъэкIауэ, «иджы тIэкIу зызгъэпсэхунщ» щыжиIэ дыдэм, унагъуэм я Iыхьлы куэдым ящыщ гуп къатеуэрти, ахэр игъэхьэщIэн хуей хъурт. ХьэщIэхэри ефэ-ешхэу, нысащIэм къыщытхъуу нэху щыху щысыфынут.

Тинэ, хуэмыхыжыххэ щыхъум, и щхьэгъусэм епсэлъылIащ, ауэ абы зыри къыгурыIуакъым. ИужькIэ мурад ищIащ иджыри жьы дыдэ мыхъуа и гуащэм елъэIуну. ЯпэщIыкIэ къыщыхъуащ абы къыгурыIуэ, гущIэгъу къыхуищI хуэдэу, ауэ къыдэIэпыкъуну зэрелъэIур зэхимыхуэдэт. Тинэ къытригъэзэжу и гуащэм щелъэIум, абы къыжреIэ апхуэдизу нысэфIу и гугъар, апхуэдизу иIэту зыщытхъуар нэгъуэщI зыгуэру къыщIэкIыжмэ, икъукIэ и жагъуэ зэрыхъунур.

Апхуэдэу щыхъум, нэгъуэщI Iэмал зимыIыж Тинэ лъэпкъ къызыхэкIам елъэIуащ, тIэкIу къыщхьэщыжынхэу. Ауэ абыхэми къазэрыфIэIуэхуа щыIэкъым абы и тхьэусыхафэр. И адэмрэ и адэ къуэшхэмрэ зэчэнджэщыжри къыжраIащ:

– Мыр уи япэ лIы дэкIуэгъуэкъым. УкъикIыжмэ, дэнэ уздэкIуэнур? Хэт узыгъэшхэнур? Зыхуэгъэшэч, уесэжынщ.

Тинэ зэрыхъур илъэс пщыкIуий къудейт! Дауэт ар зэресэжынур сыхьэтитI фIэкIа мыжейуэ, адрей къэна сыхьэт тIощIрэ тIум и Iэр имыгъэувыIэу зэрылажьэм?! Ауэ щыхъукIи, къызыгурыIуэни къыдэIэпыкъуни щымыIэу. Апхуэдэурэ зы махуэм адрей махуэр кIэлъыкIуэу...

Зы пщэдджыжьыпэ гуэрым Тинэ, зэрихабзэу, псынэм псыхьэ кIуащ. Гуэгуэным псы из ищIри, къиIэтыну щыхуежьэм, къыхуэIэтакъым, апхуэдизкIэ къаруунш хъуати. И нэпс къекIуахэр ирикъухри, етIысэхащ, гупсысэу. Иджыпсту апхуэдэу къарууншэмэ, дяпэкIэ дауэ ар зэрыхъунур? Тинэ ищIэнур ищIэртэкъым, ауэ хьэкъыу пхыкIат афIэкIа и фэм зыри зэрыдэмыхуэжынур, къаруипсэруи къызэрыхуэмынэжар. Лъагъумыхъуныгъэу унагъуэм яхуиIэр апхуэдизкIэ инти, и щхьэм гупсысэ делагъэ къихьэрт: амазонкэхэм я быдапIэм кIуэну. Губжьым и нэр къыщхьэрипхъуати, ар хьэзырт, игъэзэжу, унэм щIэсхэм я щхьэр джыдэкIэ пиупщIу, иужькIэ ахэр амазонкэхэм яхуихьыну. Нэхъ псынщIэу зыхашэну

пIэрэт итIанэ? Апхуэдэ гупсысэ хьэлъэхэр и щхьэм щыкIэрахъуэурэ, Тинэ псыр ирикIутри, гуэгуэн нэщIыр иIыгъыу, амазонкэхэм я быдапIэм хуэзанщIэу мэзым пхыкIыу ежьащ.

ХьэкIэкхъуэкIэхэм ящышынэу щытами, нобэ ари къыфIэ-Iуэхужтэкъым, и Iуэхур иджыпсту зэрыщытым нэхърэ нэхъ Iей зыщIыфын мы дунейм темыту къыщыхъурти. Хуэму, лъэмакъын-шэу здэкIуэм, Тинэ къелъагъу мэз бжэн гуп, бажэ, дакъэжь лъаб-жьэм зиудыгъуауэ кIэщIэс тхьэкIумэкIыхьыр, пIейтейуэ кIэбгъу зызыщIыжа щомыщ анэу шыриплI зи ужьым итыр. И гуэгуэныр и бгъэм кIэрикъузауэ, ар щэху цIыкIуу яблэкIырт абыхэм.

ПщыхьэщхьэхуэкIуэ хъуауэ, къару лъэпкъ имыIэжу, ар къыщыувыIащ Iуащхьэ щыгум тет жыг закъуэм деж, абы и лъабжьэм нэху къыщекIын мурад иIэу. И щIыбыр жыг лъэдийм егъэщIауэ етIысэхри, апхуэдизкIэ ешати, занщIэу Iурихащ, къэмыушыжми, и хьэдэр куэдрэ зэрамыгъуэтынум, уеблэмэ и хьэдэ лъыхъуэ зыри къызэремыжьэнум егупсысурэ.

Е зэрыщIыIэтыIэрат, е зэрешыIуарат, сытми Тинэ и жейр тыншакъым, къызэщыу-хилъэфэжурэ нэху игъэщащ. ЯпэщIыкIэ зыхищIащ зыгуэр къеIусэ хуэдэу, жейбащхъуэти, и лIыр ара и гугъэри, зигъэзащ абы и дежкIэ... ИужькIэ, къызыхэкIар имыщIэу къыщызэщIэплъэм, и бгъэгум телъ щIакIуэр тридзри зэгъэ-жащ. Пщэдджыжьым Тинэ къэушащ, жейкIэ ирикъуауэ, уеблэмэ куэдыIуэрэ жеяуэ къыщыхъуу. И нэхэм фIыуэ щIэIуэтыхьа нэ-ужь къелъагъу, щIакIуэм хуабэу кIуэцIышыхьауэ, тхьэмпэ гъуа-хэм щабэу зэрыхэлъыр, дыгъуэпшыхь щыукIурия жыг щIагъми пэIэщIэу, щIы нэхъ захуэм  тыншу зэрытелъыр. И Iэпкълъэпкъым ешыр хэмыкIыпами, зигъэпсэхуат. Ауэ и щхьэр мащIэу уназэрти, ар куэдрэ зэрымэжэлIам хуихьащ. Тинэ егупсысыххакъым: «Мы щIакIуэри дэнэ къикIа? Хэти хъуну мыпхуэдизу къызэлIэлIар?» жиIэу.

Хэтми, зы псэ хьэлэл гуэр къыхуэзэри, мэхауэ жей тхьэмыщкIэм гущIэгъу къыхуищIри, къегуэпэкIат. КъызэрыщIэкIымкIэ, ап-хуэдэ цIыху гущIэгъулыи дунейм тетт. А гупсысэхэр щызэры-зехьэ и щхьэр нэхъри къэунэзащ, цIыхубз мэжэлIам лы жьэрымэ къыщыщIихьэм. Iугъуэр къыздикI лъэныкъуэмкIэ зыщигъазэм къилъэгъуащ мафIэм пэрыс цIыхумрэ хьэ зыбжанэрэ. Еплъыпэмэ, Iугъуэ мащIэм къыхелъагъукI амазонкэ гуэр. Абы игъэжьат губгъуэ джэд цIыкIу, губгъуэрыс пщэфIэкIэ хабзэкIэ: имыфыщIу и кIуэцIыр кърихщ, ишыущ, бжьын, шыбжийхэмкIэ икудэщ, кIэтIийкIэ зэгуи-дэжщ, ятIагъуэкIэ зэщIиежри, дэпкIэ щIиуфэжат. Иджы ар дэпым къыщIихыжауэ, и Iэпэхэм епщэурэ, джэдым тежьыхьа ятIагъуэр къытречыж. ЯтIагъуэм хэжьыхьа къауцхэр «ятIэ джанэм» и гъусэу къытокIри, уи гурыIупсыр къэзыгъажэ мэ IэфIым узэщIещтэ.

– Зэгуэр мыпхуэдэу япщэфIа пшха уэ? – зыкъызэкъуехри къоп-салъэ амазонкэр.

– Сыщысабийм си адэщхуэм сигъэшхауэ щытащ мэз адакъэ, мыпхуэдэу гъэжьауэ.

– Ар мэз адакъэщ, мыр губгъуэ джэд цIыкIущ, мыбы и лыр нэхъ IэфIщ адрей бзухэм я лым нэхърэ.

Амазонкэм Тинэ и гуэгуэныр иIубщ, абы тхьэрыкъуэф тхьэмпэ триубгъуэри къытрилъхьащ егъэлеяуэ мэ IэфI къызыхих джэдылыр.

– Едзакъэт, НысащIэ! – жеIэри, езым куэ цIыкIур къыпеч, бгъэлыгубэ лыфIэр Тинэ къыхуеший.

Тинэ шхэн щIедзэ, зэрымыпIэщIэным хущIэкъуу.

– Мэ, къащтэ мы ху щIакхъуэ цIыкIури, егъэлеяуэ IэфIщ, – жеIэ амазонкэм. – Мо яжьэ щIагъым иджыри зы тхьэрыкъуэ мажьэри щIэлъщ. Шхэ умыпIащIэу, сэ нэхущым деж зэ зыкъэсплъыхьынщи сыкъэкIуэжынщ. Сэ сыплъырщ, къалэн си пщэ дэлъщ.

Мэз Iувым и тхьэмпэхэм, къамэ папцIэм хуэдэу, адэкIэ-мыдэкIэ къахэпыджыкI пщэдджыжь дыгъэ бзийхэм хэбзэхащ амазонкэр.

Тинэ зигъэнщIа и ужькIэ, джэд къупщхьэхэр хуидзащ амазонкэм мыбдеж къыщигъэна и хъумакIуэхьэхэм ящыщ зым. Хьэр занщIэу шхыным епхъуакъым, япэщIыкIэ къупщхьэхэр зэпиплъыхьащ, иужькIэ ар къезытам къеплъащ. Ар гъэщIэгъуэн щыхъури, Тинэ къыпыгуфIыкIащ. Адрейми, мыпIащIэурэ, къупщхьэ IэфIхэр и дзэ жанхэмкIэ зэхикъутэу щIидзащ.

Тинэ яжьэм хэжьыхьа губгъуэ тхьэрыкъуэр къыхихыжщ, тIэкIу игъэупщIыIури, баш къабзэ цIыкIуитIкIэ къауцымрэ ятIагъуэ кIэрыжьыхьамрэ кIэригъэкIащ. ИужькIэ, тхьэрыкъуэф тхьэмпэ къабзэм кIуэцIишыхьри, гуэгуэн Iубам и лъабжьэм щIилъхьащ. Зи ныбэ изу шха Тинэ къещхьэукъуэхыу щыщIидзэм, щIакIуэм тегъуалъхьэри Iурихащ. КъэрэгъулыпIэм къикIыжа амазонкэм и макъым къызэщигъэужащ Тинэ. Ар къыщылъэтщ, гуэгуэн щIагъым щIэлъ тхьэрыкъуэл упщIыIужар къыщIихри, тхьэрыкъуэф Iэнэ къиузэдащ.

Шхэуэ здэщысхэм, Тинэ егъэщIагъуэ, е «уздэкIуэр дэнэ?», е «уи Iуэхур зыIутыр сыт?», е «узыщыщыр дэнэ?» жиIэу амазонкэр къызэремыупщIыр. И Iуэхур зыIутри къехъулIа псори ищIэ хуэдэт и цIыхугъэщIэм. Амазонкэр щыму еплъырт Тинэ и Iэ пхъашэхэм, и нагъуитIым, жей хуэныкъуэныы щIигъэуа и нэщIащэхэм. Тинэ тхьэмыщкIэ къыщыхъурт уеблэмэ хьэ дыдэри зэхъуэпсэн езым и гъащIэм хэмылъу.

– СызэреплъымкIэ, уэ ди деж унэкIуэн мурадкIэ укъежьащ, – къопсалъэ амазонкэр, Тинэ зэгупсысыр къищIа хуэдэ. – Ярэби, апхуэдизу хьэлъэ цIыху къызэрыгуэкIхэм я гъащIэр?

– Хьэуэ, псоми я гъащIэр гугъукъым. Нэхъыбэр тэмэму мэпсэу, цIыху гъащIэм и хабзэхэм тету. Сэ сызрихьэлIахэр псэущхьэ гуэрхэщ, я теплъэ къудейкIэ фIэкIа цIыхухэм емыщхьу... – жеIэ НысащIэм, нэщхъей дыдэу.

– Псынэм укъызэрыдыхьэрэ сыпкIэлъоплъ, – къыпещэ амазонкэм. – Мыбы укъэсыфын си гугъакъым, укъарууншэ дыдэти. Абы къищынэмыщIа, уэ, насып уиIэти, а мэзым узыщрихьэлIа щомыщ анэм уи гугъу къищIакъым.

– Сыт абы къикIыр?

– Ар уэсылъэ къырхэм къехри, къурш лъапэ мэз хуабэм щылъхуащ, шыриплIи щIэсщ, быртIымыфI хъуахэу. И шырхэм апхуэдэу гъунэгъуу ябгъэдыхьар абы псэууэ къелынутэкъым, а пщыхьэщхьэм зэрыса гъуэр ябгынауэ къуршым Iэпхъуэжу щымытамэ.

– Уоу, тхьэхэ! Сыту куэд пщIэн хуей, мэзым ущыпсэун папщIэ! Сыт уэ «а пщыхьэщхьэм» щIыжыпIэр? Дыгъуасэтэкъэ ар къыщыхъуар?

– Хьэуэ. Уэ жэщитIрэ зы махуэкIэ ужеящ. Дыгъуасэ уи Iыхьлыхэр къыплъыхъуащ. Ауэ нышэдибэ зыри уи лъыхъуакIуэ мэзым къэкIуакъым. А къэкIуахэми къабжыр нэхъыбэт, къызэрыплъыхъуэм нэхърэ. Мэзым дыгъужь щIэсу жаIэри, къыхыхьэну ирамыкуу, жылэм ягъэзэжащ. Пэж дыдэу, мыбы зы дыгъужь анэ щIэсщ, и шырхэр щIыгъуу, ауэ ар щыщакIуэр мэзым кууэ хыхьа нэужьщ. Ар цIыхухэм еIусэнукъым, зэрымыщIэкIэ уIууами, кIэбгъу зищIынущ, и гъуэм уимыхьэ закъуэмэ. Уихьэпэми, япэщIыкIэ къыбжьэхэлъэу уIуигъэщтыну хэтынущ. Къозэуэнукъым, езым зыгуэр къыщыщIмэ, и шырхэр зэрызэтелIэнур ещIэри. Ауэ и шырхэр къэжэпхъыу, абыхэм дзыгъуэ, тхьэкIумэкIыхь къаубыдыф хъуа нэужь, зыпэщIумыгъахуэ, гущIэгъунши мышынэжи мэхъури.

– Сыту гъэщIэгъуэн куэд пщIэрэ уэ! Зэпымычу сынодэIуэнт!

– Хъунщ иджы, куэди сызэрыIурвэрар! Ди деж унэкIуэну зэрыжыпIам ухущIегъуэжамэ, псынэм нэс усшэжынщ, «хьэуэ» жыпIэрэ, накIуэ быдапIэм, сэри щхьэхуит сыхъужащ, си плъырыгъуэр сухри. БыдапIэм дынэсмэ, си ныбжьэгъум селъэIунщ дэрбзэрхэм уахигъэхьэну. Уэ уодэф, пэжкъэ? А пщыгъ псори IэкIуэлъакIуэу зэрыдам сэ гу лъыстащ.

Тинэ епIэщIэкIыу и гуэгуэныр къищтэжри, амазонкэм и ужь иуващ, къыкIэрыхункIэ гузавэу.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ дэрбзэр Тинэ-НысащIэ къыдэхутащ амазонкэ быдапIэм. Иджы, адрейхэми хуэдэу, ари лъаIуэрт зекIуэ ежьэхэм хагъэхьэну. IэщакIуагъэкIэ хузэфIэкI щымыIэми, амазонкэхэм къатхьэкъу къуентхъхэр зэгъэзэхуэн, хэщIыныгъэ ямыIэу ахэр быдапIэхэм къэгъэсын хуей щыхъум деж, НысащIэм хуэдэхэри зэрысэбэпышхуэр псоми ящIэрт.

Амазонкэхэм яхэтт IэщакIуэ хъыжьэ куэд, шыни къикIуэти ямыщIэу, зауэм и гуащIапIэ дыдэм хуеIэу. Псом хуэмыдэу джатэпэрыжэхэрат зекIуэ щежьэну зэманыр къызыхуэмыгъэсу пэплъэр. Гъуэгуанэ жыжьэхэм я сабаер, зэхэуэм и лъымэ бахъэр, щхьэмыгъазэу бийм ебгъэрыкIуэным и Iэуэлъауэр, зекIуэ мафIэм и Iугъуэмэр – ахэр псори, зыпащI щымыIэу, абыхэм я хъуэпсапIэт. Ягури я псэри апхуэдэхэм къызэщIаIэтэрт, гухэхъуэ ин кърату. ЗекIуэ хъыбар гуэр я тхьэкIумэ къызэрицырхъэу, занщIэу щIадзэрт я Iэщэфащэхэр ягъэцIууэ, зэуэным хуэщIа бгъэхэмрэ хьэхэмрэ ягъэхьэзыру. Абыхэм я жыджэрагъым адрейхэри къызэщIигъэстырти, Щхьэгуащи хасэшхуэми я унафэ пэмыплъэу, зыр адрейм игъэпIэщIэжу зэрызехьэу щIадзэрт. Уеблэмэ хьэхэми, зэпымыууэ банэу, тепыIэншэу быдапIэ кIуэцIыр къызэхажыхьырт, апхуэдэ щIыкIэкIэ амазонкэхэр шыхэм шэсын зэрыхуейр кърагъащIэу...

Утепсэлъыхьын къудейри гущыкIыгъуэу, хьэл Iей зиIэ нэгъуэщI амазонкэхэри дэст быдапIэм. ЦIыхухъуми, сабийми, къызэрыгуэкI гурыфIыгъуэу цIыху гъащIэм хэлъын хуейхэми зэрапэIэщIэм ахэр ищIат гущIэгъуи гууз-лыузи зимыIэ, лъы гъэжэнрэ псэ хэхынкIэ иримыкъуж псэущхьэ шынагъуэ. И гъащIэр ихъумэжыну Iэмал лъэпкъ зимыIэж цIыху гужьеяр и псэм еджэу щалъагъукIэ, абы

иригуфIэу, абджым хуэдэу зыхэщIэншэ хъуа я нэхэр тедияуэ, ахэр еплъырт зэщIэкIэзызэу щыт а тхьэмыщкIэм. ИужькIэ гущIэгъуншэу яукIырт, гъащIэм и лъэужь лъэпкъ къыхэмынэжыху теджэгухьхэурэ. Ар бийм и гур зэрырауд зы Iэмалти, нэхъыжьхэри апхуэдэ амазонкэхэм ящытхъу фIэкIа, хабзэншагъи хьэкIэкхъуэкIагъи халъагъуэртэкъым а я щытыкIэм. Амазонкэ ныбжьыщIэхэм мащIэмащIэурэ хьэкъ щащIырт ахэр къызэрыгуэкI цIыху псэ щабэхэм нэхърэ нэхъ лъагэу, тхьэхэм нэхъ япэгъунэгъуу, уеблэмэ тхьэпэлъытэу. А амазонкэхэр апхуэдэу ягъэсэн папщIэ, нэхъыжьхэм Iэмал куэд къагъэсэбэпырт, бийм и лъым щыщ ирафынри е и гур кърахыу яшхынри хэту. Бзылъхугъэм и гур еми фIыми нэхъ хузэIухащи, нэхъ тыншу къещтэ сыт хуэдэ гъэсэныгъэри. И акъылри нэхъ гурыщхъуэншэщ, и гупсысэри нэхъ къабзэщи, тыншу и пIэ къипшыфынущ, узыхуей дыдэри къыхэпщIыкIыфынущ. Апхуэдэ IэщакIуэхэу зэхэт дзэр IэубыдыпIэншэт. Аращ иджыри къэскIэ, «нэжьгъущIыдзэр (амазонкэхэр) къыттеуащ» жыхуаIэ псэлъафэр, «лъапсэрыхыр къытхуокIуэ» мыхьэнэр къикIыу, къыщIагъэсэбэпыр. Мис апхуэдэдзэр, къэпщIын хьэзыру, къызэщIэвауэ быдапIэхэм дэмыхуэжу къеIэрт, псыдзэ толъкъуным хуэдэу къыдэуууэ, къыпэщIэхуэр ирихрэ и лъапсэм псы иригъэжыхьыжу, дунейм щIэуэну.

Амазонкэхэм къагурыIуэрт Чынтым е Индием утеуэныр узыщымыгугъа гугъуехь куэд зыпыщIа зекIуэ хьэлъэу къызэрыщIэкIынкIэ хъунур. Аттикэр абыхэм хуэдэтэкъым: и цIыхури нэхъ мащIэт, и къулеигъэри утемыукIытыхьыну зэпэщт. Абы къищынэмыщIауэ, Антеипхъуи, амазонкэхэм я хабзэм епцIыжри, унагъуэ ихьауэ Афинэ къалэм дэсти, абы и пэри, Iэмал имыIэу, щIым хущыхуэн хуейт. Аттикэм кIуэ гъуэгур, ар хы гъуэгу е щIы гъуэгу ирехъу, амазонкэхэм я нэIуасэт, а къуэкIыпIэ благъэм щымащIэтэкъым адыгэбзэкIэ узэпсэлъэни, зекIуэм здепшэжьэни, дарэгъу къэпщIыни.



* * *

БыдапIэм зы уди дэсыжтэкъым, Алдыщ уд и ныбжьыр здынэсар ищIэжу. Дыщэнэ езыр илъэс щэ никъуэм щIигъуами, абы зэрыжиIэмкIэ, Алдыщ уд игъащIэ лъандэрэ а иджыпсту зэрыщытым хуэдэт, и теплъэм зимыхъуэжауэ: гъур кIыхьрэ и тхыр къыдэшауэ, и нэгум сыт щыгъуи губжь иту, и нэхэр утхъуарэ плъыфэншэу, ауэ къаруушхуи бгъэдэлърэ и акъылри бзыгъэу.

Амазонкэхэм хъыбар куэд яIуэтэжырт, Алдыщ уд игъэхъа IэщакIуагъэм, хузэфIэкIыу щытахэм теухуауэ. ЖаIэрт ар зауэшхуэ куэдым хэтауэ, бийуэ хигъэщIари щэ бжыгъэкIэрэ къыубжыфыну, абы щыгъуэми, зыхищIэн хуэдэу, езыр зэи уIэгъэ мыхъуауэ. Зауэм, IэщакIуэным теухуауэ амазонкэ къэралыгъуэм илъэс мин бжыгъэкIэ зэхуихьэса икIи сакъыу ихъумэ и щэхухэм яхэттэкъым Алдыщ уд зыщымыгъуазэрэ, хуей хъумэ, къимыгъэсэбэпыфрэ. Ауэ ар куэд щIауэ зыми епсалъэртэкъым, амазонкэ ныбжьыщIэ гъэсэни иIэтэкъым, и Iэзагъэмрэ бгъэдэлъ щIэныгъэмрэ щIипIыкIын хуэдэу.

Илъэс зыкъом и пэкIэ, амазонкэ къэралыгъуэм и хабзэм тету, Алдыщ уд и унэ бжэIупэм къыщыувыIат жьы хъуа амазонкэхэр Щэунащхьэ зыгъэIэпхъуэж выгужьыр. Гум щIыгъуу къыIухьа гу-

пым я нэхъыжьым фызыжьым унафэ къыхуещI, и Iэщэ-фащэхэри и Iэпслъэпсхэри итыжу, выгум итIысхьэу, жьыкIэфэкIэхэм я хэщIапIэм Iэпхъуэну. АдэкIи къыпещэ, уасэ зиIэу зы хьэпшыпи къэмынэу, къэрал хъумапIэм етыжын зэрыхуейр. Ауэ амазонкэр хунэсакъым кIыхьу иришэжьа и псалъэр и кIэм нигъэсыну. Алдыщ уд уафэхъуэпскIым хуэдэу лъэщ, амазонкэр шым къриудыхщ, и фызыжь баш папцIэр абы и къурмакъейм трикъузэри, губжь къызыщIих и нитIымкIэ пыджэурэ жиIащ:

– НыкъуэлIэхэм я жылэм сыIэпхъуэн зэрыхуейр си фIэщ зыщIыфын къэфлъхурэ вгъасэмэ, къысхуэвгъакIуэ. Алдыщ уд зыщыхуигъазэкIэ, и шым къепсыхын зэрыхуейри жефIэ, къысхуеплъыхыу къызэмыпсэлъэн хуэдэу!

Зигухэр иуда амазонкэхэм, зи псэм щымыгугъыжа я ныбжьэгъур къаIэтыжри, уд фызыжьым и бжэIупэр епIэщIэкIыу къабгынэ.

А махуэм и ужькIэ зыми ирикужакъым Алдыщ уд Щэунащхьэ игъэIэпхъуэну. Езы удхэри къыщышынэрт а фызыжьым, «псэхэх дыдэри бгъэдыхьэфыркъым Алдыщ уд, щошынэри, аращ апхуэдизрэ щIэпсэури» жаIэрти. ШхыIэн гуэр къешэкIарэ фэкъуу икIа и щхьэ гъурыр цIуужу, удыжьыр щIэст игу ирихьа жыг жьауэм, и бгъэ закъуэр, зэран къыхуэмыхъун папщIэ, и щIыбымкIэ щхьэпрыдзауэ. Ар щыст, и гупсысэхэм зэщIаубыдарэ и нэ утхъуахэр плъызу.

Абы и мащIэтэкъым игу къигъэкIыжын! Зи псэ игъэна цIыхухэм я иужьрей плъэкIэр, къанжэ унэм зыщыхуэза лэгъунакIуэ щауэхэр, абыхэм кърагъэлъхуа сабий плIыщIым нэблагъэр. Ауэ, пэжт, ар и зы сабии Iуплъатэкъым, ищIэртэкъым амазонкэ къэралыгъуэм хъыджэбз цIыкIу дапщэ иритами. Лъхуэрт, ауэ, амазонкэхэм я хабзэм тету, лейуэ зыми щIэупщIэртэкъым икIи тепсэлъыхьыртэкъым. Амазонкэ гъащIэр апхуэдэут зэрыщытыр: чэзууэ абы щызэкIэлъыкIуэрт зауэр, къанжэ унэр, IэщакIуагъэм хэгъэхъуэныр, лъхуэныр. А Iуэхугъуэхэм ящыщ гуэри Iэпэдэгъэлэл пщIы хъунутэкъыми, Iэзагъэшхуэ хэлъу, а псори абы игъэзащIэрт.

Алдыщ уд фIы дыдэу къыгурыIуэрт я жылэм езым нэхърэ нэхъыжь зэрыдэмысыжыр, ауэ ибгынэну хуейтэкъым и чы-бжэгъу унэри, апхуэдиз илъэс бжыгъэкIэ тыншыпIэрэ зыплъыхьыпIэрэ хуэхъуа жыг щIагъри, абы и лъабжьэм щIэлъ мывэшхуэри. Дунеишхуэр зыхуримыкъуу къэгъуэгурыкIуам иджы мырат къыхуэнэжар.

Амазонкэ къэралыгъуэм лIэщIыгъуэ псокIэ хьэлэлу хуэлэжьа фызыжьым хуэфэщэн пщIэи къыхуащIырт. IэщакIуэным хэмызэгъахэм ящыщ амазонкэ ныбжьыщIэ къыкIэлъыплъырт, и унэ лэжьыгъэхэр дихыу, хуэпщафIэу е шхын хьэзыр къыхуихьу. Алдыщ уд абыи зыхуигъазэу зэи епсалъэртэкъым, хъыджэбзыр и чэзум хуэзэу къакIуэрт, къыхуащIа унафэр игъэзащIэрти, щIэкIыжырт.

Къалэ унафэр зыIэщIэлъ хасащхьэм хэтт Алдыщ уд. Языныкъуэхэм деж зэхуэсым кIуэрти, псалъэр зауэ Iуэхум темыухуамэ, зыри жимыIэу зыкъомрэ щысырти, къэкIуэжырт. Ауэ зауэ Iуэху гуэр щытепсэлъыхьхэм деж, абы и псалъэм пщIэшхуэ иIэт, и жыIэми псори къедаIуэрт.

Пщэдджыжь дыгъэр къызэрыдэкIуэтейуэ, и мывэм къытетIысхьэрт фызыжьри, жэщ хъуху тест, зымащIэкIи зигъэхьейуэ къыпхуэмыщIэу, и нэхэр плъызу. Бадзэуэгъуэ дыдэм деж джанэ быхъу щыгът, адрей гъэ псом шхыIэн къешэкIат. БыдапIэм

дэсхэр абы и щысыкIэм есэжауэ, еплъурэ гушыIэхэрт: «Алдыщ уд япэщIыкIэ хьэмбыIуу тIысри, иужькIэ кхъужьей жыгышхуэри мывэ джафэшхуэри къыкIэщIэкIэжащ, и фызыжь Iэпкълъэпкъ гъурым и IушэкIэм зыдащIу, тыншу къыкIэщIэувэу», – жаIэурэ.

Алдыщ уд зыкъыщигъэхъейр быдапIэм бий гуэр къыщекIуалIэм дежт. Абдежым, и афэр къыщитIагъэрти, чий дэкIуеипIэ кIыргъымкIэ блыным дэпщейрт, къызэрытехьэлъэр нэрылъагъуу, и лъэхэр ерагъкIэ зэщIихыф къудейуэ. Ауэ, блыныщхьэм нэсу, бийм зэрахэплъэу, къыздикIар къыпхуэмыщIэу, и Iэпкълъэпкъ зэфIэскъыскъэм къару къыхыхьэжырти, и нэхэр къэлыдыжырт. И Iэпкълъэпкъым, гъэтIылъыгъэжьхэр къигъуэтыжа нэхъей, зыкъызэщIищтэжырти, и шэ мыуэщхъухэр зэкIэлъхьэужьу бийм иридзын щIидзэрт, зылъагъухэм яфIэтелъыджэу. Езы фызыжьми дуней гуфIэгъуэр зэрихьэрт. И зэфIэкIыр игъэщIэгъуэжу, иджыри и зэманыгъуэр зэримыухыпам ирипагэу, и шэ псэрыхьхэр Iэрыхуэу иутIыпщырт. КъызэрыщIэкIымкIэ, япэхэми хуэдэу, абы иджыри сэбэпынагъ къыхуехьыф и гъащIэ псор щхьэузыхь зыхуищIа къэралыгъуэм...

Хьэлэбэлыкъыр зэрызэфIэкIыу, зэрихабзэу, ар и жыг жьауэм щIэтIысхьэжырти щIэст, и нэхэр дияуэ жыжьэ плъэуэ, махуэм мазэр кIэлъыкIуэу, абы илъэсхэр дэкIуэжу, цIыхуи, зэмани, ажали зэрыщыIэр имыщIэжу, мыдрейхэми ар иджыри зэрыпсэур ящыгъупщэжауэ.



Зы махуэ гуэрым Алдыщ уд и гупсысэхэр зэпиудащ къыздикIари къыздихуари имыщIэу и пащхьэм къиува хъыджэбз щхьэ баринэ цIыкIум. Сабийм илъэситхум иту фэ тетт. Зы псалъи жимыIэу, ар фызыжьым къыбгъэдыхьэри и пащхьэм хуэму щетIысэхащ. Зы махуэ плIанэ нэскIэ щысащ, зимыгъэхъейуэ. Апхуэдиз шыIэныгъэ сабийм зэрыхэлъыр игъэщIагъуэу, Алдыщ уд зэпиплъыхьу щIидзащ хъыджэбз цIыкIур. Гу къызэрылъатам щыгуфIыкIыу, ар къэтэджщ, фызыжьым бгъэдэкIуатэщ, и Iэ цIыкIухэр удыжьым и лъэгуажьэ гъурхэм трилъхьэри, гуапэ дыдэу и нэхэм щIэплъащ.

– Уэ хэт ухъуну? – щIоупщIэ Алдыщ уд.

– СщIэркъым, – и дамэхэр дрешейри, и Iэгу цIыкIухэр дэгъэзеяуэ, и фIэщу жэуап къет хъыджэбз цIыкIум.

– ЦIэ къыпфIащакъэ иджыри къэс?

– Хьэуэ! Псори НэфIыцIэкIэ къызоджэ, ауэ ар цIэкъым, атIэ нэхэм я плъыфэщ. Мыбы щыIэ хъыджэбз цIыкIухэм я нэхъыбапIэм я нэхэр фIыцIэщ.

– Пэж дыдэщ, ар дауэ цIэ?! – мэхъущIэ фызыжьыр.

– Уэ уи цIэр кIыхь? – къоупщI сабийр.

– Хьым… Урикъунщ си цIэм и кIыхьагъми и инагъми.

– АтIэ, дызэгъэхъуажэ! Сэ уэ уэстынщ зы телъыджэлажьэ гуэр, уэ уи цIэм щыщ зы Iыхьэ цIыкIу къызэт! Хъункъэ?

– ХъуэжыкIэ щIагъуи мы зи гугъу пщIыр… Сыт уэ телъыджэлажьэу къызэптынур?

– Абы псэ хэтщ. Ар сэ кхъуэщын цIыкIум исү зызохьэ, си уэншэку щIагъым щIэзгъэпщкIуауэ. Ар зыкIэ хьэлэмэтщи! ГъэщIэгъуэну кхъуэщын лъащIэр хъурейуэ къызэхежыхьри исщ, щIакхъуэ

щыкъуейкIэ согъашхэ, IэпхъуалъэкIэ псы изогъафэ, мис мыпхуэдэу!

Хъыджэбз цIыкIум, зегъэщхъри, кърригъэлъагъуу щIедзэ кхъуэщыным къимыкIыфу ис псэущхьэм и щытыкIэр, и зыщIыкIэр.

Удыжьым гъэщIэгъуэн щыхъуащ сабийм и набдзэгубдзаплъагъэр, ещхьыркъабзэу дзыгъуэм зэрызыпищIыжыр. Фызыжьым къыгурыIуащ псэущхьэхэм я щытыкIэр къэзыгъэсэбэпыф зэуакIуэ Iэзэ мы хъыджэбз цIыкIум къызэрыхэпщIыкIыфынур.

– Уэ сыт хуэдэ зэуэкIэм ухуагъэсэрэ? – щIоупщIэ Алдыщ уд.

Сабийм, зыри жимыIэу и кIэр дреIэтейри, кърегъэлъагъу и куэ зэхуакум щиIыгъ пхъэшыкур. Ар шууеигъэрт зыхуагъэсэр.

– Уи цIэм щыщ зы Iыхьэ цIыкIу къызэпхъуэжыну ухьэзыр? – щIоупщIэ хъыджэбз цIыкIур, еIуящIэ плъэкIэу фызыжьым еплъурэ. – Сэ езыр иджыри сыцIыкIунитIэщ, ауэ сыхэхъуэхукIэ си цIэри нэхъ ин хъууэрэ кIуэнущ. Ин сыхъурэ, си цIэм уд псалъэр къыпыувэжмэ, цIэ тэмэм сиIэнущ.

«Хьым, мыр зыщIэлъэIур фIыуэ къыгуроIуэ!» – йогупсыс фызыжьыр.

– Сэ си цIэм и зы Iыхьэ цIыкIум ухуэфащэу ущытыфыну уэ? – нэхъ ткIийуэ щIоупщIэ Алдыщ уд.

– Сэ зыми сыщышынэнукъым, уеблэмэ ажал дыдэми! – пIащIэу къыжьэдолъэт НэфIыцIэ, фызыжьыр щIегъуэжынкIэ къэшынауэ. – Сэ си къарум себлэжынкъым, абы сыхуэфащэу сыщытын папщIэ.

«Егъэлеяуэ сабий Iущщ мыр!» – игукIэ егъэщIагъуэ удыжьми, хъыджэбз цIыкIум зыхуегъазэ:

– Ей, си сабий тхьэмыщкIэ цIыкIу, уэ пщIащэрэт си цIэм и зы дэтхэнэ Iыхьэ цIыкIуми лы узрэ гуIэгъуэу, гугъуехьрэ пщIэнтIэпсу пэувыр! ПщIамэ, укъызэхъуэжэнтэкъым.

– Хьэуэ! Сэ абыхэм щхьэкIэ сыкъикIуэткъым. Сэ зезгъэсащ си фэм куэд дэзгъэхуэфу. Ди гъэсакIуэхэр къыщызэуэкIэ, зыми гу къыслъамытэу, сэ хьэдэм хуэдэу зызощIри, схуэмыхьын хуэдэу сил узкъым. Псори зыхуэзгъэшэчыфынущ, ауэ сэ икъукIэ сыхуэныкъуэщ цIэ тэмэм! ЦIэ зимыIэм зыри къыщысхьыркъым, зыми гущIэгъуи пщIэи къыхуищIыркъым.

– Хъунщ, дызэгурыIуащ! Жэ, уи хьэлэмэтлажьэр къысхуэхь, сэри къыпхуэзгъэхьэзырынщ си цIэм щыщу Iыхьэ нэхъыфIыр. Уоу, ди тхьэхэ, сэ си цIэм и Iыхьэ къэс гъэнщIащ гуэныхькIэ! Уэ абы сыткIэ ухуей?

– Гуэныхьыр зыми илъагъукъым, цIэ дахэр псоми зэхах! – нэжэгужэу жэуап къетри, хъыджэбз цIыкIур дэлъей-дэпкIейуэ щIопхъуэж.

Алдыщ уд и гуапэу кIэлъоплъ, зи пхъэшыкур зыкIи зэран къызыхуэмыхъуу, щыхь шырым хуэдэу жэ сабийм. ИмыщIэжуи къыпогуфIыкI.

НэфIыцIэ зэ зы жыг къуагъым, зэм къуацэ къуагъым, зэми къандзэгум закъуигъапщкIуэурэ, бгъэдыхьащ быдапIэм и ещанэ куэбжэм – амазонкэ ныбжьыщIэ псэлъэреитIым яхъумэм. Гу къылъамытэу, Альд (фызыжьым и цIэм и япэ Iыхьэр сабийм фIищакIэт) абы дыхьэн хуейт. И Iуащхьэ цIыкIум къыздеплъыхым, Алдыщ уд елъагъу: хъыджэбз цIыкIум, удзым хогъуалъхьэри, шындырхъуо «зещI», и



8 Заказ №377

лъакъуэ цIыкIухэр псынщIэ дыдэу зэблихыу, и щхьэ цIыкIур удзым къыхигъэпIиикIрэ напIэ IэтыгъуэкIэ зиплъыхьу, хъумакIуитIым я теплъэкъукIыгъуэ мащIэхэм деж зричрэ занщIэу зиудыгъужу.

Куэбжэр сабийм къыщызэринэкIым, фызыжьым, и гур псэхужауэ, жиIащ:

– Афэрым, Альд! Афэрым!

Алдыщ уд щытт, куэбжэ Iухам и нэр тедияуэ. Абы и плъэкIэм, къыздикIар къыхуэмыщIэу, къыхыхьащ куэд щIауэ зыщыужа гуапагъэрэ хуабагъэрэ. Езым игъэщIэгъуэжу, гу лъетэ мывэм зэрытемысыжым, атIэ къикIукI-никIукIыу, и баш гъурымкIэ шыпсыранэхэр ириуду, удзыпцIэ кIырым зэрыхэтым. «Ярэби, куэбжэм адэкIэ къыщыт хъумакIуэхэм япэщIэхуауэ пIэрэ си хъыджэбзыр?» – щIыIэщIыIэу игу къокI Алдыщ уд. Ауэ «узэджэр къокIуэ» жыхуаIэр игу къэкIыжри, а гупсысэр и щхьэм иригъэхужащ. ПщIантIэшхуэмкIэ зы Iэуэлъауи къиIукIыртэкъым. Алдыщ уд ищIэжырт амазонкэхэм хьэргъэшыргъэ къамыIэту зы Iуэхуи зэрызэфIамыгъэкIыр. Псори щымт, абы къикIыр зыри къэмыхъуауэ арат.

«Хъыджэбз цIыкIур сабий унэм зэрынэсыжу яубыдыжыфынущ, ар куэдрэ къызэрытам гъэсакIуэхэр къигъэгубжьамэ. А сэ слъэгъуам игъэзэшу къыщIэкIынукъым и гъэсакIуэхэри, апхуэдизу Iэзэу дэтхэнэ зы хьэкIэкхъуэкIэми и фэ щызытригъэуэфкIэ. Хэт ищIэрэ, иджыпсту Альд, «хьэдэ цIыкIу» зищIауэ, удын ихьу щытынкIэ хъунущ. Хьэуэ! Ар сэ здэнкIэ Iэмал иIэкъым! Арат иджы къэнэжар, сэ си цIэм и зы Iыхьэ зезыхьэр къаубыдрэ яубэрэжьу! Догуэ, сыту пIэрэ нобэ мыпхуэдизу сыкъэзыгъэгумэщIар? Жьы сыхъуу арауэ пIэрэ?!.. Сыту фIыт мы си гупсысэхэр зыми зэрызэхимыхыр!

Пэжщ, укъэзыгъэгумэщIэнкIэ ирикъуу, сабий гъэщIэгъуэныщэщ а хъыджэбз цIыкIур. И ныбжьым емылъытауэ Iущщ, зэфIэкI иIэщ, и нэ фIыцIэ къабзэ цIыкIухэмкIэ зэ къыпIуплъамэ, куэд пщегъэгъупщэф... Ди тхьэшхуэхэ! Абы и плъэкIэр!.. Сэ фызыжь делэм, ар зэрыслъагъуу, занщIэу щхьэ къызгурымыIуарэ апхуэдизу сызыщIэзышэу а плъэкIэм хэлъыр? Дунейм нэхъ лъапIэ дыдэу щызиIа си ныбжьэгъу Гуащэзилэ мыгъуэм и нитIым къыпачауэ ещхьщ а сабийм и нэхэр! Нэхэм я мызакъуэу, и напIи, и набдзи ещхьщ. Гуащэзилэ тхьэIухудыр къэтэджыжа хуэдэщ. Догуэ, илъэс дапщэ дэкIа абы лъандэрэ? Гуащэзилэ зэрыщымыIэжрэ, сэ сесэжат си гур нэщIу, си псэр зэш зэпыту къызэрынам. Иджы, си дуней ехыжыгъуэм, тхьэхэм яухат а плъэкIэм срихьэлIэжыну…»

Алдыщ уд и нэгу къыщIэувэжу щIидзащ Гуащэзилэ я дзэпщэу здэщыIа зекIуэм и теплъэ телъыджэхэр…

Ар къыщыхъуар Елэунэ пэгъунэгъуут. Алыджхэм я дзэм илъэс зыбжанэ хъуауэ къатIысыхьауэ яIыгът Троер. Къагъэгузэвапэ щыхъум, ахэр хьэтхэм елъэIуащ къахъумэну. Абыхэм я дэIэпыкъуэгъуу, хьэтхэм я тетым дзэшхуэ игъэкIуащ, езым и къуэ дахэкIейр дзэпщу я гъусэу. Гуащэзилэ а щIалэм гухэлъышхуэ зэрыхуиIэрэ куэд щIат, ауэ абы зыри щыгъуазэтэкъым, и ныбжьэгъу пэж Алдыщ уд фIэкIа. Куэд дэмыкIыу, Элладэм и лIыхъужьхэм къыхагъэщIащ хьэтхэм я дзэпщ ныбжьыщIэр. Хьэтхэм хьэдэр ящтэжри, Троер ябгынащ. Абы и ужькIэ Троем дэсхэм я Iуэхур нэхъри нэхъ хэплъэгъуэ хъуащ, замыхъумэжыфынкIэ шынагъэ къалъысащ.

Амазонкэ дзэпщхэр Щхьэгуащэ куэдрэ елъэIуащ, я лъэпкъэгъу хьэт щIалэм илъ ящIэжыну хуит ищIынхэу. ИкIэм-икIэжым Щхьэгуащэ арэзы хъуащ. Хэплъыхьа защIэу дзэшхуэ зэрагъэпэщри, гъуэгу техьахэщ. ЗекIуэ къиинт, гъуэгуанэ жыжьэт ар. Амазонкэдзэр Ахын хы Iуфэм декIуэкIщ, финикийхэм, ассирийхэм, Урартэм ящIхэр зэпаупщIри, гъунэгъуу екIуэлIащ бий щIыналъэм. ТIасхъэщIэххэм нэхърэ куэдкIэ нэхъ псынщIэу кIуэрт амазонкэдзэр, шы зэхъуэкIхэр къагъэсэбэпурэ. Алыджхэм я плъакIуэ-дэIуакIуэхэм Iэмал ягъуэтакъым бийр гъунэгъу къызэрыхъуар я лъэпкъэгъухэм ирагъэщIэну. Алыджхэм гу лъамытэурэ, амазонкэдзэр гъунэгъубзэу екIуэлIащ Троем и блынхэм. Я зекIуэшхэр хуарэ Iэдэжхэмкiэ зэрахъуэкIри, пщэдджыжь нэхущым амазонкэхэр ятеуащ алыджхэм...

«Ди тхьэшхуэхэ! Сыту зауэ дахэIуэ етщIылIат дэ мы алыджхэм! – мэIущащэ Алдыщ уд. – Хы къащхъуэр щабэу Iуфэ пшахъуэм къедэхащIэу, дыгъэ лыдым, гур пхуигъэдахэу, уафэ къабзэм зыкъыщиIэту, ди шыпхъухэм я афэ нэхъыфIхэр, дыгъэм и дыщэ бзийхэм дэджэгуу, ящылыдыкIыу, ди шы щхьэмыгъазэхэм, нэр темыпыIэрэ хъыжьэу, бий къэгузэвар лъакъуащхьэкIэ хаутэу... Ди сэшхуэ лантIэхэр уафэхъуэпскIыу лыдурэ, алыдж лIыхъу гуащIафIэ Iэчлъэчхэр, зыр адрейм кIэлъыкIуэу, хэдгъащIэрт. Зауэр щекIуэкIа губгъуэм щхьэщытт уIэгъэ хъуахэм я гыз макъыр. Ауэ ар хэкIуэдэжырт амазонкэхэм я «маржэ!» макъ лъэщу зэдэIумрэ ди сэшхуэхэм я жьгъыру макъымрэ. Гуащэзилэ, къыфIэмыIуэхущэурэ, алыджхэм тхьэм хуагъадэ я лIыхъу Махаон щыхигъащIэм, бийр, и гур кIуэдауэ, здэжэри ищIэри имыщIэжу къэнащ. Я афэ хьэлъэхэр зыщадзурэ, псы Iуфэ чэнжыр лъыпскIэ ираIэу, я кхъухьхэм есылIэжыну хым хэлъэрт я нэхъыбэр, я псэр амазонкэ къызэщIэплъахэм IэщIахын фIэкIа нэгъуэщI плъапIэ ямыIэжу. Елэунэ дэс зауэлIхэри къыдэжауэ сатыру иувыкIырт, зауэм хэлъадэу, я къуентхь Iыхьэ къыхахыным хуепIэщIэкIыу. Ауэ алыджхэм я дыгъэм и къухьэгъуэр къэсауэ тхьэхэм яухауэ къыщIэкIынтэкъыми, зы шабзэшэ закъуэм псори кърigъэлащ... Зи лIыгъэм хъыбарышхуэ иIэ алыдж зауэлI Ахилл къидза а шабзэшэр Гуащэзилэ и лIапIэ дыдэм техуащ...»

Алдыщ уд иджыри къэс и нэгум щIэкIыжыркъым Гуащэзилэ и иужьрей плъэкIэр. Ар и ныбжьэгъу пэжым къеплъырт, и нэ дахэ фIыцIитIыр къытриубыдауэ. Абыхэм щIэгъэпщкIуат гуауэ куу: апхуэдизу фIыуэ щIэзыдза зауэр езым и зэранкIэ и кIэм нэмысу зэрызэпыуамкIэ зигъэкъуэншэж хуэдэт Гуащэзилэ.

«ГъащIэр апхуэдизкIэ пасэу икIи псынщIэу абы и Iэпкълъэпкъ дахэм хэкIати, ар ди гум щIыхьауэ, ди Iэщэхэр етхьэхщ, зауэр зэпыдгъэури, ди пIэм дижыхьауэ дыкъэнащ, – бжьэ къэпщIауэ щызэрызохьэ гукъэкIыжхэр Алдыщ уд и щхьэм. – Езы Ахилл лIыхъужьыр хьэдэм къыбгъэдохьэ, йоплъри, абы и дахагъэм хуэдэ зэи зымылъэгъуа лIыхъужьыр и пIэм йожыхь. И Iэщэхэр IэщIоху, и дыщэ тажыр щхьэрехри, и щхьэр хуегъэщхъ. Алыдж дзэшхуищми, я дзэпщым зрагъэщхьу, Iэщэхэр ягъэтIылъри, я тажхэр щхьэрах. Ахилл щыму еплъу куэдрэ бгъэдэтащ Гуащэзилэ и хьэдэм, иужькIэ, хуэмурэ сыкъыIуигъэкIуэтщ, зригъэзыхри Гуащэзилэ и хьэдэр къищтащ. Ар и IэплIэм зэрилъым хуэдэу, Ахилл игъэзащ ди зекIуэшхэмрэ

хьэпшып лейхэмрэ къыщыднамкӀэ. Алыдж зауэлӀхэри абы и ужьым иуващ, зауэм хэкӀуэда ди шыпхъу пщыкӀутӀым я хьэдэхэр яӀыгъыу, езыхэм я зауэлӀ хьэдэ куэдым ебакъуэу. Зауэр щекӀуэкӀа щӀыпӀэм фӀыуэ пэжыжьэу щызэхэт дишхэм я деж щынэсхэм, алыджхэм хьэдэхэр щӀым ягъэтӀылъщ, щхьэпцӀэ защӀри щхьэщэкӀэ къагъэлъэгъуащ амазонкэхэм я зэфӀэкӀым пщӀэшхуэ зэрыхуащӀыр. ИужькӀэ ахэр ӀукӀыжащ, я хьэдэхэмрэ уӀэгъэхэмрэ зыхуей хуагъэзэну. Дэри, зауэм хэкӀуэда амазонкэхэм я хьэдэхэр зэдгъэзахуэри, ди гъуэгу дыкъытеувэжащ, насыпыншагъэ къытхуэзыхьа Троер къэдбгынэу.

Дауэ мыхъуми, Гуащэзилэ насыпыфӀэу щытащ! И гъащӀэр кӀэщӀми, дыгъэ нурым хуэдэу нэхут, абы зыхищӀат лъагъуныгъэшхуэ, езыри фӀыуэ къалъэгъуат. И лъагъуныгъэм и лъыр дахэу ищӀэжри, и гъащӀэри ункӀыфӀыжат, вагъуэижым хуэдэу...»

Уд фызыжьыр, и нэхэр дияуэ, куэдрэ щысащ, и гукъэкӀыжхэм къамыутӀыпщу. ИужькӀэ, жей кӀыхьым хэтам хуэдэу къызэщыужри, куэбжэмкӀэ плъащ. Хъыджэбз цӀыкӀур къыщыӀэщӀэмылъагъуэм, иджы и фӀэщу къэгузэващ. АдэкӀэ зыхуэмышыӀэжу тэджри куэбжэмкӀэ иунэтӀащ. Куэбжэхъумэхэм къахуэкӀуэр щалъагъум, къэпӀейтеяуэ, я щытыпӀэхэри я Ӏэщэ-фащэхэри Ӏэрпхъуэру къапщытащ. Мывэм хуэдэу зимыгъэхъейуэ щысу фӀэкӀа ямылъэгъуа фызыжьыр къызэрежьари быдапӀэм дыхьэн мурад зэриӀэри ягъэщӀэгъуащ. Фызыжьыр гъунэгъу къащыхуэхъум, хъумакӀуэхэм я нэхъыжьым зыгуэрхэр жиӀэну кърагъэжьат, арщхьэкӀэ Алдыщ уд абы и псалъэр зэпиудри, макъ губжьакӀэ щӀэнэкӀащ:

– Хьэлэмэтщ фэ тӀур иджыри къэс хьэкӀэкхъуэкӀэхэм фызэрамышхар! – жиӀэри яблэкӀащ.

Зи бзэр иубыда амазонкэ ныбжьыщӀэхэм къагурыӀуащ фызыжьыр къызэрагъэгубжьар, ауэ абы игу иримыхьар сытми къахуэщӀакъым. Зэчэнджэщыжхэри, зэпсалъэу куэдыӀуэрэ зэрыщытам удыжьым гу лъитауэ шэч ящӀащ.



Алдыщ уд, и занщӀэр и гъуэгуу, пщӀантӀэшхуэ къэхухьам дэт сабий унэмкӀэ кӀуэрт. Набжэр лъакъуэкӀэ Ӏуиуду пщӀантӀэм щыдыхьэм, гъэсакӀуэхэр зэхэзежэ хъуащ, икӀи, пӀащӀэ-тхъытхъыу, сатыру иувыкӀащ, хэт и щыгъыныр зэригъэзэхуэжу, хэти и Ӏупэм кӀэрыпщӀа шхын щыкъуейхэр илъэщӀыжу. Я жьэр Ӏурыхуауэ псори йоплъ апхуэдизу зи хъыбар Ӏуа, ауэ зэи ямылъэгъуа уд фызыжьым. Пэжт, гъунэгъуу уеплъынкӀэ шынагъуэт апхуэдиз къэзыгъэщӀа уд фызыжьыр: гъур тхышэрэ нэ утхъуауэ, набдзи нэбжьыци имыӀэжу, щхьэ джафэу, и нэкӀу зэлъэжа фагъуэ плъыфэншэм лъынтхуэ зэхэзэрыхьахэр къыхэуфӀыцӀыкӀыу.

Алдыщ уд къызэтеувыӀэщ, гъэсакӀуэхэм я нэхъыщхьэр зэ плъэгъуэкӀэ щыуагъэншэу къихутэри, абы зыхуигъэзащ унафэ зыщӀу еса макъ ткӀийкӀэ:

– Дэнэ щыӀэ Альд?! Фэ НэфӀыцӀэкӀэ фызэджэ хъыджэбз цӀыкӀуращ жыхуэсӀэр. Абы си деж нэкӀуэну сыкъигъэгугъати, нигъэзэжакъым! Махуэ ныкъуэкӀэ сежьэу сыщысащ! Ара сэ пщӀэуэ къэзлэжьыр?!

– АӀей, сылӀа мыгъуэщэрэт! Тхьэуэ щыӀэмкӀэ сынолъэӀу къытхуэбгъэгъуну! – хъумакӀуэхэм я нэхъыщхьэм зигъэзэхуэжу кригъэжьащ. – Тхьэ дыдэ, псори къыджиӀэжа мыгъуэтэмэ, ауэ ди фӀэщ

хъуатэкъым, зэрихабзэу, къигупсыса ди гугъащ. АIIей, хэт и гугъэнт а сабиймрэ зи пщIэр апхуэдизу лъагэ Алдыщ удрэ ныбжьэгъугъэ гуэркIэ зэпхауэ?! Тезыр тетлъхьэн хуей хъуащ, зигъэбзэхыу апхуэдизрэ къызэрытам щхьэкIэ.

– Дэнэ ар иджыпсту здэщыIэр?! – жырым хуэдэ макъ быдэкIэ щIоупщIэ фызыжьыр, и губжьыр ерагъкIэ зэрызэтриIыгъэр къапщIэу.

– Ар… ар… банэIуэм идубыдауэ исщ.

Фызыжьым зеплъыхьри къелъагъу банэкIэ къэхухьауэ пщIантIэ плIанэпэм дэт Iуэ цIыкIур. Алдыщ уд и цIэмкIэ зыдэгуэша сабийр, зэман кIэщIым апхуэдизу дэзыхьэха хъыджэбз телъыджэ цIыкIур, Iэщым хуэдэу Iуэ зэвым ирадзат! Фызыжьым сабий хьэпсымкIэ еунэтI. ГъэсакIуэхэри абы и ужьым иту макIуэ, и нэщIыбагъкIэ зыхузэкIэщIашурэ. Абыхэм шэч къытрахьэртэкъым ящIар зэрыпэжым, ситу жыпIэмэ, амазонкэ къэралыгъуэм и хабзэмкIэ, зыри хуиттэкъым сабийхэм я гъэсэныгъэм хэIэбэнуи гъэсакIуэхэм я унафэр икъутэнуи. «Куэду фIыщ! Сыт-тIэ амазонкэ къэралыгъуэм апхуэдизрэ ухуэзэуа щхьэкIэ? – егупсысырт гъэсакIуэхэм я унафэщIыр. – Сыт хуэбгъэхъами, хабзэр зыщ псом я дежкIи, уебэкъуэнуи ухуиткъым, минрэ унэхъыжьми  унэхъ цIэрыIуэми. Уигу зыгуэр темыхуэмэ, Щэунащхьэ зегъаши дэс улIэжыхукIэ, уи мыIуэху зумыхуэу!»

Iуэм гъунэгъуу бгъэдыхьэрэ иплъэмэ, Алдыщ уд къелъагъу и ныбжьэгъущIэм и Iуэхур зэрымыщIагъуэр. Хьэхэм дурэшым даубыда псэущхьэ цIыкIум ещхьт ар иджыпсту, и Iэпкълъэпкъ тIэкIур зэхуишарэ зэрыцIыкIум нэхърэ нэхъ цIыкIуж хъуауэ. Хъыджэбз цIыкIум и щхьэр хуэмурэ къиIэтри Алдыщ уд и нитIым къыщIэплъащ. А плъэкIэм къыхигъэдзэкъыкIащ фызыжьым игу куэд щIауэ зыри зыхэзымыщIэжар: зи къуаншагъэр къызыгурыIуэжа сабийм и нэ фIыцIэ пIащэхэр егъэлеяуэ нэщхъейт. Фызыжьыр апхуэдиз бэлыхь зэрыхидзар къыхуигъэгъуну къелъэIу хуэдэт. Ди тхьэшхуэхэ! А плъэкIэр фIыуэ и нэIуасэт Алдыщ уд! Апхуэдизу быдэу псыхьа удыжьым ар зэрызыхуигъэшэчын къару иIэтэкъым…

Уд фызыжь тхышэм хуэмурэ зыкъиузэхури, и щхьэ фэкъур лъагэу къиIэтащ... Пхъэ цIыч макъ къэIури, амазонкэхэм къалъэгъуащ удыжьым и хьэмкIутIей баш гъурым, джатэкIэ паупщIам хуэдэу, Iуэр къызэрыхухьа хьэцыбанэ гъурхэр зэрызэпигъэщэщыр. КIэлъыIэбэри, банэ пиупщIахэр а баш дыдэмкIэ гъэсакIуэхэм къажьэхидзащ. Зыри жимыIэу хъыджэбз цIыкIум и Iэр иубыдщ, иришажьэри ежьэжащ Алдыщ уд.

Фызыжьыр къаруушэ зи гугъа гъэсакIуэхэр къаскIэри IукIуэтащ. Иджы ахэр щытт, банэм зэхифыщIарэ загъэхъеинуи дзыхь ямыщIу, баш къызэрыгуэкIри, IэщакIуэжь цIэрыIуэм IэщIэлъмэ, Iэщэ шынагъуэ зэрыхъур къалъагъури я псэр IукIауэ.

Фызыжьыр набжэм щынэсым, зэуэ къызэплъэкIри зыкъимыгъэзапэу ткIийуэ жиIащ:

– Мыбы и хьэпшыпхэр зэщIэфкъуи нэфхь, Альд и уэншэку щIагъым щиIыгъ дзыгъуэ цIыкIури зыщцывмыгъэгъупщэ! ДяпэкIэ сэращ ар зыгъэсэнур.

Фызыжьымрэ сабиймрэ пщIантIэм дэкIыу умылъагъуж хъуа нэужьыщ гъэсакIуэхэм банэхэр зыхачыжын щыщIадзар.

Абы и ужькIэ, хэт хасэм кIуэуэ мытхьэусыхами, Дыщэнэ дапхуэдизрэ емылъэIуахэми, зыми ирикуакъым Алдыщ уд деж кIуэуэ апхуэдэу пщIэ зэрымыхъунур гуригъэIуэну. Езы Дыщэнэ сабиймрэ удыжьымрэ щэхуу якIэлъыплъа, гъэсакIуэхэм япкърыупщIыхьа нэужь къыгурыIуащ закъуэныгъэм иригъэша пситI зэрыгъуэтар зэкъуэпч зэрымыхъунур. Абы фIыуэ ищIэрт, Алдыщ уд яужь ихьэмэ, езым сыткIи хуэфащэ, утекIуэнкIи Iэмал зимыIэ IэщакIуэ лъэщ зы илъэс зыбгъупщIым а хъыджэбз цIыкIум къызэрыхищIыкIыфынур. Хасэри хъущIэщ-хъущIэри сабырыжащ.

Япэ пщэдджыжьым фызыжьым сабийр и пащхьэм иригъэувэри жриIащ:

– Альд, уэ лы узкIи гугъуехькIи укъимыкIуэту IэщакIуэным зыхуэбгъэсэну ухуейуэ жыпIащи, ущIемыгъуэжамэ, щIэддзэнщ. Ауэ зэгъащIэ сэ щысхьи гущIэгъуи зэрыпхузимыIэнур.

Мис абдежым щегъэжьауэ илъэситху фIэкIа зи мыныбжь Альд цIыкIу щIидзащ IэщакIуэным пыщIа гугъуехьхэр игъэунэхуу. Шууеигъэм нэгъэсауэ Iэзэ хуэхъун папщIэ, Альд махуэ къэс зэманым и ныкъуэр тригъэкIуэдэн хуейт пкъо лъагэ зеуалэм дэпщеин-къепщыхыжыным. ЯпэщIыкIэ зригъэсащ дэпщейрэ, мышынэж хъуху, лъагапIэм тесу, иужькIэ псынщIэу дэжейрэ и IэхэмкIэ емыIусэу пкъоущхьэм тету. Абы щыгъуэми, пхъэшыкур зэи имыутIыпщу. Ари кIуэ пэтми нэхъ хьэлъэ, нэхъ ин ящI зэпытт. И Iэпкълъэпкъыр нэр темыпыIэу псынщIэу зэрихьэ хъун папщIэ, ар япхыжын хуейт пкъо сатырхэм джэрэзу фIэлъ жыг пыхахуэ къуабэбжьабэхэм. Фызыжьым кIуэ пэтми нэхъ псынщIэу игъэджэрэз а жыг пыхахуэхэм я зы къудами къылъэмыIэсу шэм хуэдэу пхылъэту есэн хуейт Альд. Джатэр, сэшхуэр, уэщыр, аркъэныр, бжыр, шабзэр, сэр Iэрыхуэу дзыным къыдэкIуэу, фызыжьым иджыри нэгъуэщI зы Iуэхум хуигъасэрт хъыджэбз цIыкIур. Алдыщ удрэ Альдрэ мэзыкум хыхьэрти зыхагъапщкIуэрт, заудыгъурти хьэкIэкхъуэкIэхэм якIэлъыплъырт, унэм къэкIуэжа и ужькIэ, Альд илъэгъуа мыщэм, дыгъужьым, щомыщым, дзыдзэм, мэз джэдум, щыхьым, бажэм запищIыжырт, и IэзагъэмкIэ удыжьым и гур ину хигъахъуэу. Ягъасэ сабийхэр кIэлъагъэплъын папщIэ амазонкэхэм, Iуэ хъархэм иту, быдапIэхэм щаIыгът хьэкIэкхъуэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр.

Альд цIыкIу, и псалъэр игъэпэжу, зэ къыхэщэIукIыртэкъым, и Iупэ цIыкIухэр зэтрикъузэрти, и нэпсыр къыхущIэзыху узыр ишэчырт. Удыжьым кърыгъэлъагъу, къыжриIэ псори напIэзыпIэм къипхъуатэрти, и гум ириубыдэрт. КIуэ пэтми, сабиймрэ фызыжьымрэ я гур нэхъ зэкIэрыпщIэрт, зэхуэныкъуэ дыдэу зэрызэрихьэлIар IупщI ящыхъурт. Алдыщ уди, зы илъэс щэ ныкъуэ зыкIэригъэхуам хуэдэу, къэбэдзэуэжат, нэхъыфIуи шхэ хъуат, пхъэхьым хуэдэу къэгъэшауэ щыта ибгми зиузэхужат. КъызэрыщIэкIымкIэ, илъэс бжыгъэкIэ зимыгъэхъейуэ кхъужьей лъабжьэм щыщIэсам щыгъуэ абы апхуэдизкIэ къару куэд зэхуихьэсати, махуэ къэс къэщIэрэщIэжурэ кIуэрт. Пэжщ, ар нэхъ псэлъэрей хъуатэкъым, ауэ и нэ текIыжахэм хуабагъэ гуэр къащIэуват. ЩIэрыщIэу къалъхужа фIэкIа умыщIэну,

жыджэрти, езым Іэзагъэу бгъэдэлъыр хъыджэбз цІыкІум хилъхьэну хэтт.

* * *

Илъэситху дэкІа нэужь, хасэм хэтхэм я лъэІукІэ, Алдыщ уд арэзы хъуащ и гъэсэныр утыку иришэу, и зэфІэкІыр здынэсар амазонкэхэм я пащхьэм щигъэлъэгъуэну. Ар трагъэхуат зи бгъэр къыхэкІыу хуежьа хъыджэбз цІыкІухэм я бгъэ ижьыр щыщІагъэжьыкІ махуэм ирихьэлІэу ирагъэкІуэкІыну зэхьэзэхуэхэм.

БыдапІэм амазонкэу дэсыр сатыру щызэхэуват шу иувыкІыпІэ тафэм. И Іэпкълъэпкъым къекъузэкІауэ, Альд щыгът шылэ джанэгъуэншэдж фІыцІэ. Къызэхуэсахэм фІэхъус ярихыу, и щхьэр яхуигъэщхъри, абы къриджащ ныбжьыщІэхэм ящыщу псэущхьэхэм я зэзэуэкІэкІэ къезэуэну хэт гукъыдэж иІэми къыдэкІыну. Илъэс пщыкІутху ирикъуауэ фэ зытет зы амазонкэ ныбжьыщІэ пІащэ, мыщэ кІуэкІэу, къихьащ утыкум. Ар езыр, пэж дыдэу, мыщэм ещхьт, и ІэпкълъэпкъкІи, и нэкІу зэхэлъыкІэ дыдэмкІи. Альд къыпэувар езым нэхърэ куэдкІэ нэхъ щхьэпэлъагэт, хуэдищкІи нэхъ хьэлъэу фэ тетт, жыжьаплъэу мыщэ анэмрэ мыщэ шырымрэ хуэдэу уаІуплъэу.

Псори поплъэ зэпэщІэувахэм ящІэнум. Зыми шэч къытрихьэркъым «мыщэм» и бийр ирихужьэу, ар мэхыу джэлэху къызэрырихуэкІынум е занщІэу къиубыду зэрызэкІуэцІипІытІэнум. Ауэ, зэрамыгугъауэ, псори апхуэдизкІэ псынщІэу зэфІэкІати, языныкъуэхэм ялъагъуххакъым а зэзауэм нэхъыщхьэу хэлъар. Зызэрадзыну хуит къызэращІыххэу, Альд, хьэлъакъуиплІу уври, гъэщІэгъуэну зишэщІащ, нэр темыпыІэу «мыщэм» и хъуреягъыр къижыхьри, и бийм и пщэ гъумыр игъэкІэрахъуэу зыкъигъэзэну хунэмыс щІыкІэ, напІэзыпІэм и щІыбымкІэ къыщыдэжейри, и пщэ лъынтхуэр дзэкІэ иубыдащ. «Мыщэм», и псэфылъэм къепхъуар зэхипІытІэн мурад иІэу, щІым хьэлъэу зыщытридзэм, Альд дзэкІэ иубыдар имыутІыпщу, лантІэу зиІуантІэу зыщхьэпридзри, щІым щынэс дыдэм и гущІыІу зыкъищІащ. И псэр хэзыхым зыри зэрыхуемыщІэнур къызыгурыІуа «мыщэр» гъуахъуэу къэлъэІуащ, «сумыукІ, зызот», жиІэу. Альд и бийм гущІэгъу хуищІри иутІыпщыжащ. И пщэр кІыхьу хишу, и щхьэр къиІэт-ирихьэхыжурэ, псынщІэ дыдэу хьэлъакъуиплІу утыкум ижыжри, и гъэсакІуэ Алдыщ уд бгъэдэувэжащ.

Ялъэгъуар яфІэтелъыджэу, псоми я бзэр иубыдауэ зэхэтт. Дыщэнэ Альд зыкъыхуегъазэри къоупщІ:

– Альд, а псэущхьэ дыбгъэлъэгъуар щомыщми джэдуми ещхькъым. Пэжкъэ?

– Узахуэщ, ди гуащэ лъапІэ! Щомыщми джэдуми мыщэр яхуэукІынукъым, ар зыхузэфІэкІынур «уафэхъуэпскІ фІыцІэрщ» – къундузырщ, ар цІыхум хуэдэу гупсысэфмэ. Сэ къундуз-цІыху зысщІауэ аращ...

Абы и ужькІэ быдапІэм куэдрэ къыщрахьэкІащ Алдыщ уд и гъэсэным хузэфІэкІым и хъыбарыр. Ар псоми къацІыхуащ.

Иджыри илъэситху дэкIыжри, быдапIэм дэсхэр Альд къыщцышынэ хъуащ. Абыхэм яхэттэкъым а хъыджэбз цIыкIум и Iэпкълъэпкъым зэфIэкIыу иIэм и куэдагъри, IэщакIуагъэрэ шууеигъэкIэ къигъэлъэгъуэфхэри зымыгъэщIагъуэ. Сыт хуэдэ зэхьэзэхуэ къэмыхъуами, зыми ирикуртэкъым Альд пэувыну.

БалигъыпIэ иува амазонкэхэм Iэщэ-фащэрэ шырэ къыщрат махуэм ирагъэкIуэкIа еплъыныгъэм Альд псом нэхърэ нэхъыфIу зыкъыщигъэлъэгъуащ. ЦIыху теплъэ зиIэу хуэпа хъыдан гуащэ сатыритIым я кум шууэ щыдэжым, абы далъэгъуа хъыжьагъэр гъэщIэгъуэн ящыхъуащ куэд зи нэгу щIэкIа уд фызыжьхэми. Альд зы гуащи къимыгъанэу зэхибзыхьат, нэм къимыубыду псынщIэу зэкIэлъыуэурэ.

Чынтхэр быдапIэм къыщебгъэрыкIуам щыгъуэ, икIуэт бийхэм якIэлъыпхъэра шуудзэм Альд хэтат. Алдыщ уд, быдапIэ блыным здытетым, и гур хэхъуэу кIэлъыплъырт, хьэдэлъэмыж зэтрищIэу, чынтыдзэм Альд зэрыпхыкIым.

А зауэм и ужькIэ, Альд и цIэм къыпагъэуващ куэдрэ зыщIэхъуэпса «уд» цIэр. Иджы ар Альд уд хъуащ. Ауэ, мащIэу жыIэгъуей зэрыхъуам щхьэкIэ, псори АлътудкIэ къеджэу щIадзащ. «Щыблэ фIыцIэ» и цIэ лейри къыхуэнэжащ. Алътуд сыткIи хуэфащэт а цIэми, Алдыщ уд и цIэм щыщ Iыхьэу къритами.

И гъэсэным, къанэ щымыIэу, езым и Iэзагъэмрэ и зэфIэкIымрэ зэрыритар, адэкIэ ар зыхуигъэсэн зэрыщымыIэжыр къызыгурыIуа Алдыщ уд, игу зэгъати, и тIысыпIэжьым тетIысхьэжащ, и Iуэху зыхилъхьэж щымыIэу. Ауэ зы пщэдджыжь гуэрым ар и унэ цIыкIум къыщIэкIакъым. Ишхэмрэ и псэущхьэхэмрэ я пщэдджыжь гъэсэныр зэфIэзыгъэкIауэ къэкIуэж Алътуд къэуIэбжьащ, фызыжьыр жыг лъабжьэм щыщIимылъагъуэм...

Алдыщ уд зэрыхуэфащэкIэ ягъэлъапIэу щIалъхьэжащ. Амазонкэ къэралыгъуэм хуилэжьам папщIэ и кхъащхьэм Iуащхьэшхуи тращIыхьыжащ. Алътуд жэщищ-махуищкIэ тесащ фызыжьым и мывэм, къыщхьэщыжын зимыIа хъыджэбз цIыкIур зришалIэу псалъэIэфI къызэрыжриIари, зыхуэфI-зыхуэIэзэ псори къызэрыригъэщIари, гъащIэу къыхуэнэжар къызэрытригъэкIуэдари, уеблэмэ и цIэ дыдэр тыгъэ къызэрыхуищIари игу къигъэкIыжу.

Уд цIэрыIуэм и кхъащхьэм бгъэдэувэри, Алътуд жиIащ:

– Къысхуэгъэгъу си зэранкIэ узыхэзгъэта гугъуехь псори! Сэр мыхъуамэ, сэ къыстебгъэкIуэда илъэсипщIыр мыхъуамэ, уэ иджыри илъэс куэдкIэ утесынут мы мывэм. Ауэ уэ нэхъ къэпщтащ, зыри къызыхуумыгъанэу, псори сэ къызэптмэ… Сэ сыхуэпэжынщ уи пщIэми, уи нэмысми. Дуней тетыкIэ хабзэу уиIари, уи удыгъэри, уи пэжыгъэри къикIуэт симыIэу схъумэну тхьэ соIуэ! Сэ схузэфIэкI къэзгъэнэнкъым, уэ щIэблэхэм уащымыгъупщэн папщIэ. Тхьэхэм гъащIэ кIыхь къысхуагъэфащэмэ, уэ уи цIэр естынщ ар къэзылэжь хъыджэбз цIыкIум, уи Iуэхур адэкIэ игъэкIуэтэн хуэдэу. Ирехъу апхуэдэу!

Алътуд къехьэкI-нехьэкI зимыIэ амазонкэ ябгэт. Алдыщ уд ар игъэсат, и зэфIэкIымрэ и цIэмрэ ирипагэу. Амазонкэ сабийхэм япэIэщIэу къызэрыхъуам и Iэужьу, Алътуд, псэлъэгъуи, ныбжьэгъуи, и дзыхь зригъэзи, зыдэгушыIи имыIэу, и щхьэ закъуэт. Адрей

хъыджэбзхэм ар яхыхьэртэкъым, я зэхэтыкIэр игу ирихьыртэкъыми, икIи зэи яхэпсэлъыхьыртэкъым. Фызыжьым абы къыхищIыкIат и къэралыгъуэм папщIэ лъы зыгъэжэну сыт щыгъуи хьэзыр амазонкэ. Зыми илъэгъуатэкъым абы дзапэ уэрэд жиIэу е ину дыхьэшхыу. Илъэс бжыгъэкIэ зиущэхуауэ хьэкIэкхъуэкIэхэм якIэлъыплъа Алътуд хьэкъыу пхыкIат гъащIэм и мыхьэнэр зыхэлъэгъуэн хуейр уэ езыр узэрыщыт дыдэр наIуэ къэзыщI Iуэху блэжьыныр зэрыарар. Ари зыхуэгъэзауэ щытын хуейр уэ пхуэдэм и псэукIэм зегъэужьынырт, егъэфIэкIуэнырт.

Алътуд япэу къанжэ унэм щыщIыхьам щыгъуи, уджми джэгуми зэман тригъэкIуэдакъым. ЛэгъунакIуэ къафэхэм зытэлайкIэ набдзэгубдзаплъэу яхэплъа нэужь, и нэ къыфIэна щауэм и Iэблэр иубыдри, лэгъунэмкIэ иришэжьащ, щIалэм и Iэпэгъур утыкум кърина нэри. Абы къыщыщIэдзауэ, Алътуд сыт щыгъуи апхуэдэут зэрищIыр. Къанжэ унэми щIэкIуэр къэралыгъуэм сабий куэд къыхуалъхуну амазонкэхэм зэракъалэнырт, армыхъумэ нэгъуэщI гурыщIэ гуэрхэм ираджэу аратэкъым. Алдыщ уд езым и гум куэд щIауэ щыужьыхыжа гухэлъым хуэхейуэ къигъэхъуат и гъэсэнри. Апхуэдиз IэщакIуагъэ Iэзагъэр зыгъуэта хъыджэбзыр гу щIыIэ-псэ щIыIэт. Ар хъуат цIыху зэраукI Iэмэпсымэ гущIэгъуншэ. Арат амазонкэ къэралыгъуэри и щIэблэм зэрыщыгугъыр.

Амазонкэхэм яхэтт абы хуэдэ куэд, ауэ Алътуд псоми къащхьэщыкIырт жырым хуэдэу псыхьа и хьэл ткIиймкIэ. Езыми, и щхьэр лъагэу илъагъужу, тхьэхэм щэхуу фIыщIэ яхуищIырт, амазонкэу къызэрагъэщIамкIэ. Сыт щыгъуи и напщIэм телът зэрыамазонкэр. И фIэщ хъурт езыхэм я псэукIэм нэхърэ нэхъ пэжрэ нэхъ лъапIэрэ щымыIэу. Алътуд и лъэкIыныгъэмрэ быдапIэм пщIэшхуэ зэрыщиIэмрэ хуитыныгъэ кърататат амазонкэ ныбжьыщIэхэм унафэ яхуищIынуи, а Iэмалыр егъэлеяуэ щысхьыншэу къигъэсэбэпырт, псори игъэтхьэусыхэу, зы мэскъал хуэдиз щыуагъэ зыIэщIэкIар хьэзабышхуэ хигъэту.

Апхуэдэ гупсысэ зиIэ куэд амазонкэхэм яхэтми, быдапIэм щекIуэкI гъащIэр гъэнщIат уэрэдхэмкIэ, гушыIэ жанхэмкIэ, гуапагъи, гущIэгъуи, ныбжьэгъугъэ пэжи щыбгъуэтырт. Сыт хуэдизу хабзэ ткIий быдапIэм щыземыкIуэми, цIыхум къыдалъху хьэлыфIхэр кьанэ щымыIэу хэутэн щахуэщIыртэкъым мыбы. Языныкъуэ амазонкэхэм IэщакIуэным, зэуэным гупсэхугъуэ нэс къаритми, я нэхъыбапIэм ягу ирихьырт зы цIыхухъум епхауэ, абы хуэпщылIу я гъащIэр ягъэкIуэн хуейуэ зэрыщымытыр, атIэ хэт егуакIуэми IущIэну, дапхуэдизрэ хуейми я лэгъунакIуэхэр яхъуэжыну зэрыхуитыр.

Мылъкурэ шхынкIэ амазонкэхэр зыхуей хуэзэрт, сыту жыпIэмэ быдапIэхэм я хъуреягъкIэ нэхъыфIу, нэхъ IэфIу сыт къыщыкIми япэу зылъысыр ахэрат. Абыхэм фIы дыдэу къагурыIуэрт я къэралыгъуэр нэхъ лъэрызехьэ хъун папщIэ ахэр уиIэныр зэрыIэмалыншэр. Нарт жылэхэм дэс унагъуэхэм я гъащIэ псом щхьэкъэIэт ямыIэу къалэжь ерыскъыр загъэнщIыху яшхыну зэрамыгъуэтыжыр зылъагъу амазонкэхэр, езыхэм я псэукIэр абыхэм ейм ирагъапщэурэ, гупсысэ пыухыкIахэм хуэкIуэрт. Жылэхэри къалэхэри уэгъумрэ гъаемрэ

зэрихьыр зи нэгу щIэкI амазонкэхэм я зэкъуэтыныгъэр нэхъри быдэрт, я къэралыгъуэр хъумэн зэрыхуейри нэхъри япкърыхьэрт.

А псом ищIыIужкIэ, амазонкэхэм забжыжырт адрей цIыхухэм сыт и лъэныкъуэкIи ефIэкIыу, абыхэм елъытауэ, езыхэр тхьэпэлъытэу. Амазонкэхэм шэч лъэпкъ къытрахьэртэкъым къахуэди, зыгуэркIэ къайфIэкIи зэрыщымыIэм. Апхуэдэ еплъыкIэми ахэр нэхъри нэхъ зэкъуэт ищIырт.

Пагагъэри «езыхэм хуэмыдэхэм» хуаIэ лъагъумыхъуныгъэри ижь-ижьыж лъандэрэ цIыхухэм къадекIуэкI узыфэщ. Нэхъ лъагэу зи пэр дэзыIэтея лъэпкъхэм я гъащIэр нэхъ лъэужьыншэу зэрыкIуэдыжым щыхьэт техъуэ щапхъэ и куэдщ тхыдэм. Ауэ а узыфэжьыр ди нобэми щыIэщ, зэманми тхыдэм и дерсхэми яхуэмыгъэхъуэжауэ…

Амазонкэхэм я къэралыгъуэр, а зи гугъу тщIахэм къищынэмыщIа, зэкъуэт зыщI нэгъуэщI зы Iуэхугъуи щыIащ: абыхэм фIыуэ къагурыIуэрт, я къэралыгъуэр зы щхьэусыгъуэ гуэркIэ махуае ихуэрэ къэтIасхъэмэ, зыми гущIэгъу къызэрыхуимыщIынур, цIыхум хамыбжэу, дакъузэурэ къекIуэкIа псори къежэу хьэкIэлъыкIэр къызэрыхалъхьэнур.

* * *

Дызэрыт эрэм и пэкIэ 1226 гъэм и щIымахуэ псом амазонкэхэм зыхуагъэхьэзыращ, гъэ техьэмэ, зекIуэ зэрежьэнум. А зэманым къриубыдэу зэхэмыкIыу зэхэсащ хасащхьэм хэтхэр. Щхьэгуащэ и деж къекIуалIэрт италийхэм, фракийхэм, дорийхэм, Iэхейхэм, Сирием и къалэхэу КIадэшрэ Хьэлыпэрэ япэгъунэгъу щIыналъэхэм щыщ тIасхъэщIэххэр. Абыхэм яубзыхурт амазонкэхэр зрикIуэну гъуэгухэр. КIуэ пэтми нэхъ къэнаIуэрт зытеуэну я мурад алыджхэм къаруушхуэ зэрабгъэдэлъыр, абы къыхэкIыуи зекIуэ тынш къазэрыпэмыплъэр. Алыдж хылIхэм я кхъухьхэм дэнэ щIыпIи уащыхуэзэрт, амазонкэ къэралыгъуэм и хы Iуфэхэри абы хэту.

Алыдж хэкум ягъакIуэ тIасхъэщIэххэм къалэн щащIащ гъэмахуэ дызыхуэкIуэм Ахын Iуфэ хъуэж-щэж жармыкIэшхуэ щызэхэтын хуэдэу хъыбар ягъэIуну. Удхэм я фIэщ хъущэртэкъым алыджхэр апхуэдэ шыпсэкIэ къыпхуэгъэпцIэну, ауэ, дауэ мыхъуми, унафэ къащтащ, хыр нэхъ сабыр щыхъу зэманым ирихьэлIэу, абы и Iуфэм дзэ ирашэлIэну.

Псом япэ ежьащ минипщI хъу амазонкэ шуудзэр, КIадэшрэ Хьэлыпэрэ хуэкIуэу. Абыхэм я мурадт Сирием щыпсэу хьэтхэр гъусэ къащIу, ахейхэм е алыджхэм я кхъухьхэр къытрахыну.

Шу мин тIощIым и дзэпщ Ипполитэ Сирием щыIэу хъыбар къыIэрыхьащ, хы Iуфэм Iут хьэт къалэм деж жыпэум алыдж кхъухь куэд къызэрыщыувыIамкIэ. Дзэр тIу ирищIыкIри, абы псынщIэу игъэзащ кхъухьхэр здэщыIэ лъэныкъуэмкIэ, ауэ шыхэри, хьэхэри, къуалэбзу Iэлхэри щIымыгъуу. МахуитIкIэ щэхуу алыджхэм якIэлъыплъа нэужь, ещанэ махуэм жэз джатэ фIэкIа зыIэщIэмылъ, минитхум нэблагъэ амазонкэдзэр хы Iуфэм щыIущIащ алыджхэм. Зэзауэу щIадзащ, ауэ абы зауэкIи уеджэ хъунутэкъым. Амазонкэхэм я щытыкIэр хьэлэмэтт. Алыдж хылI Iэчлъэч бжьыфIэхэр

хы Iуфэм къыщытехьэм, хуэмей-хуэмейурэ щIадзащ абыхэм езауэу. Алыджхэм зыкъомрэ къагурыIуакъым ахэр зэрыцIыхубзыр. Ауэ, лъэпэрапэ хуэдэурэ, псы Iуфэ чэнжым зыхэзыгъахуэ биихэм къыщIагъэщ лъакъуэ дахэхэр къыщалъагъум къагурыIуащ Iуэхур зытетыр. Алыджхэм зэуэныр ящыгъупщэжри, цIыхубзхэр къаубыду щIадзащ. Адрей алыдж кхъухьхэм ис хылIхэм гу лъатащ псы Iуфэм щекIуэкI тхъэгъуэм. Нэхъ гъунэгъуу къыщекIуалIэм къалъэгъуащ пшахъуэ арыкъхэм къыкъуэкIа, ипэкIэ зыIущIахэм нэхърэ хуэдитIкIэ нэхъыбэ амазонкэ гупыр. Абыхэм Iэщэ-фащэ якIэрылъштэкъым, езыхэри ныкъуэпцIанэт. Нэрылъагъут зэуэн мурад зэрамыIэр. Мазэ бжыгъэкIэ цIыхубз зымылъагъуу хым тетахэр зыхуеиххэти, мин тIощIым зэрынэхьэс тхьэIухудхэр «яубыдащ». Зыри зэран къахуэмыхъун папщIэ, кхъухьхэм епIэщIэкIыу псы Iуфэм пэжыжьэ защIри, хы хуитым щызэхэуващ, хъурзэхэр ядзри…

Ауэ алыджхэр куэдрэ иригуфIакъым тыншу къаIэрыхьа текIуэныгъэм. Щымыгугъауэ, абы щIатын хуей хъуащ уасэшхуэ: тхъэжыгъуэ жэщыр зэриухыу, ахэр къыхэхутащ хы толъкъунхэм, кхъухьи, Iэщи, фащи ямыIэжу… ЦIыхубз бзаджэхэм зыIэрагъэхьа кхъухьыр ежьащ, лидийхэм я псы Iуфэм хуэкIуэу.

Алыджхэм я кхъухьхэр къатехыныр езы Ипполитэ и унафэм щIэту екIуэкIащ. А тхьэIухудым, Iэзагъэшхуэ хэлъу, фэ зытригъэуат псори щыгъупщэжауэ, лIыгъуэ-фызыгъуэм и IэфIыгъэм делэ ирихъуарэ нэгъуэщI гупсысэ лъэпкъ и щхьэм имылъыж хуэдэу. Мыдрей амазонкэхэми, я гуащэм зыкIи зыкъыкIэрамыгъэхуу, ягъэзащIэрт алыджхэм яIущIэн ипэ къихуэу яубзыхуа унафэм къахуигъэув къалэнхэр. Амазонкэхэм фэ зытрагъэауэрт зыри къагурымыIуэ икIи зыри ямыщIэж хуэдэу. Я Iэщэ-фащэхэр хыфIадзарэ я щыгъынхэр псори зыщадзауэ, амазонкэхэм, унафэ къыхуащIам тету, бийм къыщагъэхъурт лIыгъуэ-фызыгъуэ Iуэхум фIэкIа зыри хуэмей хуэдэу. Апхуэдэ щIыкIэкIэ амазонкэхэм къалъыхъуэрт алыдж хылIхэр зэрагъэбэлэрыгъын, зэрытрагъэплъэкъукIын Iэмалхэр. Алыджхэм зыри ялъагъужыртэкъым, пэрыхьэту къаIэрыхьа тхьэIухуд дэгъуэкIейхэм фIэкIа. Мазэ бжыгъэкIэ цIыхубз щIэбгыу хым тетахэм затIыжырт, цIыху Iэпкълъэпкъым и зэфIэкIым, цIыхухъум и къарум къихь лъэпкъ къамыгъанэу, нэгъуэщI зыри я щхьэм имытыжу.

Ауэ амазонкэхэм, сыт хуэдэу замыщIми, зы дакъикъи зыщагъэгъупщэртэкъым сакъын зэрыхуейр. Я хасэм зэриубзыхуам тету псори екIуэкIырт. ЯщIэрт цIыху гупышхуэр, зэрыгъэшынэжауэ, Iэщ хъушэм хуэдэу щызэрехьэжьам деж, зэрыпIытIыж къахэкIми, цIыхум къаруушхуэ къызэрылъыкъуэкIыр икIи, абы къыхэкIыу, ящыщ куэди къызэрелыр. Ауэ цIыху хъушэр, зыр зым къызэщIигъэстыжурэ, къызэрыгъэплърэ ежажьэмэ, я акъылыр мэутхъуэ, я къарур щIокIри, зэрызахъумэжын Iэмали къахуэнэжыркъым.

Хасэм хэт, ныбжьышхуэ зиIэ IэфIауэ уд зэрыжиIэмкIэ, етIуанэ жэщым и нэхущым деж лIыгъуэ-фызыгъуэ Iуэхур къэхъеяуэ, цIыхухъухэм я къарур щиухым ирихьэлIэу, Ипполитэ и щIасэлIыр, дэджэгу хуэдэурэ, кхъухьым къридзу псым хидзэн хуейщ. Абы псори хуэхьэзыру щытыпхъэщ. Ипполитэ и щIасэлIыр псым нэмыс щIыкIэ, амазонкэхэм кхъухь псоми зэрыгъэкIиишхуэ къыщаIэту,

щхьэж и гъусэ цIыхухъур кхъухьыбгъум иришалIэу псым хидзэн хуейщ, Ипполитэ яригъэлъэгъуа щапхъэм тету.

Iуэхур зэраубзыхуам хуэдэу екIуэкIырт. Ауэ зы алыдж хылI ныбжьыщIэм къигъэгузавэ хъуащ Ипполитэ. И зекIуэкIэкIи, и макъкIи ар цIыхубзым нэхъ ещхьт, цIыхухъум нэхърэ. А зым, и жэз афэ хьэлъэри щимыхауэ, и Iэщэхэри зыкIэримыхауэ, кхъухь кIуэцIыр къызэхикIухьырт, амазонкэхэм сыт ямыщIэми къахудэмыхьэхауэ. ЗимыбзыщIыххэу, лъагъумыхъуныгъэшхуэ зыщIэт и нитIымкIэ ар Ипполитэ и нэхэм къыщIэплъэрт. А щауэ гурымыхьыр кхъухь тхьэмадэм бгъэдыхьауэ хигъэзыхьыпэу зыгуэрхэр жриIэрт. Ауэ мыдрейм ар къыфIэIуэхутэкъым. Алыдж щIалэм жиIэхэм тхьэмадэр емыдаIуэу къеIунщIри, кхъухь утыкум къихуэу къыхыфIихуащ. Ар джэлащ, щIыбкIэ техуэу. Абы зы хылI игъэлъэпэрэпати, ар лъакъуэкIэ къыкIуэцIыуэри блэкIащ. Псори зэщIэдыхьэшхащ. Тхьэмадэм и ныбжьэгъу щIалэр хылIхэм фIыуэ къызэрамылъагъур нэрылъагъут.

А щIалэщIэр къыхэкIиикIыурэ, зэкIэлъигъэпIащIэу зыгуэрхэр жиIэу щIидзащ. Ипполитэ, алыджыбзэ имыщIэми, къыгурыIуащ, шынагъэ зэрыщыIэр тхьэмадэм хуиIуэтэну ар зэрыхэтыр. Абы къищIауэ фэ тетт амазонкэхэм я мурадыр. Ипполитэ къыгурыIуащ адэкIэ зыпIэжьэ зэрымыхъунур: мы щIалэм жиIэр алыджхэм я фIэщ мыхъуми, абыхэм я гум сакъыныгъэр къыщигъэушыжмэ, шынагъэшхуэ къэхъунут. Алыджхэм амазонкэ Iэщэншэхэр къызэхаупщIатэу, кхъухьхэм кърадзыжыныр зыхуэIуа щыIэтэкъым.

Ипполитэ къежьэри, джэду зекIуэкIэу щабэу бакъуэурэ, щIалэщIэ мыхъумыбзым дежкIэ кIуатэу щIидзащ, зигъэтIейуэ, узримыгъэплъу дэгъуэ и шхужьхэр игъэкIэрахъуэу. Макъ гуакIуэкIэ убзэрабзэурэ кIуатэрт ар. Ауэ абы алыдж щIалэм щабэу жриIэ псалъэхэр амазонкэхэм къазэрыгурыIуэр «Псори хьэзыру фыщыт!» унафэут.

Гурыщхъуэ лъэпкъи зымыщI алыджхэр захуэмыубыдыжу дыхьэшхырт, цIыхубз хуэмей щIалэщIэр къыдихьэхыну амазонкэр зэрыхущIэкъум еплъурэ. А дыхьэшх макъым хэкIуэдэжащ Iуэхур зытетыр и лъэпкъэгъухэм къагурызыгъэIуэну хэт щIалэщIэм и псалъэхэр. Ар икIуэтырт, къебгъэрыкIуэ амазонкэ тхьэIухудым пэIэщIэ зищIу. Ауэ, куэд дэмыкIыу, Ипполитэ щIалэр кIэриубыдащ кхъухь къэухьым, икIи, едэхащIэурэ, зитIэщI хуэдэу зищIащ. Алыдж щIалэр Iэщэ-фащэкIэ екIуу зэщIэузэдат. Абы ба хуищIыну хуей фIэкIа умыщIэну, Ипполитэ зишият, ауэ щIалэщIэм и нэхэм щыщIэплъэм къэуIэбжьащ. Езым зызэригъэфэрыщIыр къызэрыгурыIуэри амазонкэхэм я мурадым щыуагъэншэу гу зэрылъитари щIэплъагъуэрт абыхэм. Алыджыр епхъуэу, Ипполитэ къэухьым щридзых дыдэм, езыри амазонкэм и IэплIэм къихутэри, тIури щхьэпрыхуащ, толъкъунхэм хэхуэу. Щехуэххэм, щIалэм и джатэ кIэщIыр къигъэIэгъуат, ауэ Ипполитэ ар къилъагъури, алыджым и Iэщэр псынщIэу къыIэщIиудащ. АтIэми, езыр щIыбагъкIэ абы хуэгъэза щыхъум, щIалэм ар зэуэ зэщIиубыдащ. Ипполитэ занщIэу къыгурыIуащ абы къызэрыIэщIэмыкIыфынур, икIи, псым хэхуэмэ, а щIалэм гъуаплъэрэ жэзу кIэрылъым хы лъащIэм зэрыралъэфэхынур. ЩIалэм зыкъригъэлын Iуэхуи зэрихуэртэкъым,

сыту жыпIэмэ къыдэплъейри къилъэгъуат псым къыхэщащэ и лъэпкъэгъухэр. Набдзэгубдзаплъэу псори къиплъыхьу, зы цIыхубзи псым щыхимылъагъуэм, къыIэрыхьар нэхъ быдэжу зэщIиубыдэри псы лъащIэм здрихьэхащ.

ЗэрыкIуэдыр къыгурыIуэми, Ипполитэ щIэгузавэр аратэкъым, атIэ мыпхуэдэ мыхъумыбзым и IэплIэм илъу ажалым зэрыIущIэрт. Ар фIэукIытэгъуэти, абы иризэгуэпырт. Ауэ езым и акъылым, и Iущагъым пщIэ лей зэрыхуэфащэм егупсысщ, и гур тепыIэжри, и IэфракIэм нэс и IитIыр зэрыхуитыр къигъэсэбэпурэ, нэхъ псынщIэу тIури зэрыщIэтIысыкIыным хуеIэу щIидзащ. Ипполитэ ажалми апхуэдизу щышынэжыртэкъым, амазонкэхэм я мурадыр къазэрехъулIамрэ абы езым и удыгъэ зэрыхэлъымкIэ и гур зэгъати. Абы псыр щитхъурт, кIуэ пэтми ар нэхъ кIыфI, нэхъ щIыIэ хъууэрэ, бэуапIэ къримытыжу и бгъэр къызэрикъузыр зыхищIэу.

Псы щIыIумкIэ амазонкэхэм я Iуэхур щаухати, хэкIуэдахэр къалъытэжри, я дзэпщ гуащэри хэту, амазонкэ щэщIым нэс къабжащ. Ахэр куэдрэ пэплъащ Ипполитэ къыдэсеижыным, ауэ я гугъэр щыхахыжым, кхъухьхэм зыкърагъэгъазэри, хьэнцэхэмкIэ щIатхъуурэ яунэтIащ лидийхэмрэ хьэтхэмрэ зыIус хы IуфэмкIэ. Амазонкэхэм я лъагъуныгъэр зыхэзыщIа алыдж мин тIощIыр толькъунхэм къыхэнащ…

* * *



Лидиемрэ Хьэт къэралыгъуэмрэ я гъунапкъэм деж щызэхэтт амазонкэдзэр, Iэщэ-фащэкIэ зэщIэузэдарэ зекIуэм хуэхьэзыру. Куэдрэ замыIэжьэу псоми кхъухьхэм зрагъэзэгъа нэужь, амазонкэхэм хьэнцэлI гъэрхэр къагъэгугъащ, икIэщIыпIэкIэ Аттикэм нагъэсмэ, къыщагъэзэжкIэ ахэр тыгъэ лъапIэхэмрэ езыхэм я гулъытэрэ щамыгъэщIэну. Тхьэмахуэ и пэкIэ кхъухьхэм щекIуэкIа псори зи нэгу щIэкIа хьэнцэлI гъэрхэр, илъэс бжыгъэкIэ гъущI церпкIэ епхауэ щытахэр, къэлъэIуэрт апхуэдэу куэдрэ зрамыгъэжьэнхэу.

Зи насып къихьу, уд Iэзэхэм зэпаплъыхьу хуит ящIахэм я хьэтыр ялъэгъуащ, хьэнцэхэм зэрепхауэ.

... Зы тхьэмахуэ дэкIауэ, амазонкэхэр тезэрыгуащ зауэлI нэхъыфIхэу мин тIощI зы жэщым зыфIэкIуэда Аттикэм. Амазонкэхэр мыбы къыщIэкIуар я гуащэ Ипполитэ илъ ящIэжыну арат. Ахэр зауэрт, я дзэпщыщIэ Хурсанэ я пашэу. Щысхьи къикIуэти зимыIэ амазонкэр ирикIуэрт IэфIынэ къалэм и мывэ гъуэгу джафэхэу хьэдэкIэ гъэнщIахэм, Аттикэм и лIыхъужьхэм я псэр яхуIуихыу, къыпэувыр напIэзыпIэм хигъащIэу. Абы къызэрыкIэрыху щIагъуэ щымыIэу зауэрт нурыр къызыщхьэщих Дахэзили. Джатэпэрыжэхэм яхэтт Елэныпэ иныжьри. Ар кIуэрт, токъмакъ абрагъуэр игъэджэгуу, лъэныкъуитIымкIи щызэхиупIэщIа тажхэм ирикъутыхьа щхьэхэмрэ къупщхьэ зэхигъэщэщахэмрэ ебакъуэу. Абы и зы уэгъуэм къызэтригъауэрт илъэсищэ зи ныбжь мывэ блынхэр, и макъ лъэщ шынагъуэр, джэрпэджэжым хуэдэу, дэнэ щIыпIэкIи къыщыIурт, зауэм и зэрыгъэкIий макъыр пщигъэгъупщэу. Ар Геракл еджэрт, абы ирезэуэн щхьэкIэ щIэуэ хуагъэва гъуаплъэм къыхащIыкIа

мэIу хьэлъэр игъэдалъэурэ. Ауэ игъуэтакъым гужьгъэжь зыхуиIэ и бийр…

Аттикэр къэзджызджащ, афIэкIа хуэмышэчыжу.

Тесей зы шуудзэ гъэпщкIуа иIэжт, куэдкIэ щыгугъыу. Ахэр къэсын хуейт, амазонкэхэр Афиным и блынхэм гъунэгъу къахуэмыхъу щIыкIэ. ЩIыр зэгуэхуу абы къыдэкIа фIэкIа умыщIэну, амазонкэхэм я пащхьэм шуудзэр къихутащ, адэкIэ кIуапIэ кърамыту. Ауэ зыри къызытемыкIуэж амазонкэхэр егупсысауэ къыщIэкIащ апхуэдэу къэхъункIэ зэрыхъунуми. Абыхэм яутIыпщащ зауэ Iуэхум хуэгъэхьэзыра бгъэхэр. Алыджхэм къагурыIуакъым, уафэм къехуэхам хуэдэу, къызэрыкъуэха бгъэхэр зищIысыр. КъафIэщIащ ахэр амазонкэхэр зэрыхэкIуэдам и хъыбар гуузыр хэкум зыхьыж пощтзехьэ тхьэрыкъуэхэу. Алыдж шуудзэр, бгы къыгуэуам хуэдэу, бийм зэуэ къытезэрыгуащ. Ауэ къыкIэлъыкIуэ дакъикъэхэм бгъэхэм алыдж шухэм кърашIар ноби ящыгъупщэркъым я щIэблэм. Япэ шу сатырыр бгъэхэм щIым хаутэжащ, иужь итхэр, сабэм зыри яримыгъэлъагъуу, япэ итахэм ятелъадэурэ, щызэтеукIуриежым, амазонкэ шабзауэхэм зэман кIэщIым къриубыдэу алыдж псори щIым траIулIащ…

IэфIынэ и къалэм и гупсэм екIуалIэ гъуэгур хуитт иджы. Ауэ абдеж зыри зыщымыгугъа къэхъуащ.

Къалэ блын лъагэм къытехьащ Антеипхъу дахэкIейр, Тесей и Iэпэгъуу. Дахэзилэрэ Хурсанэрэ хуэгъэзауэ абы ину жиIа псалъэхэр псоми зэхахащ:

– Си шыпхъухэ! ГущIэгъу къыхуэфщI си щхьэми, си лъагъуныгъэми! Дэ къуаншагъэу дбгъэдэлъыр зэ Iуплъэгъуэм гухэлъ гуащIэ ди яку къызэрыдэхъуа къудейрщ. Иджы сэ Аттикэм срипащтыхь гуащэщ. Абы къыхэкIыу сынywолъэIу си къалэр зэтевмыкъутэну! Си шыпхъухэ, фэ текIуэныгъэр къэфхьащ, лIыхъужьыгъэ нэс къэвгъэлъэгъуащ, ауэ Iэмалыншэу щыткъым мы къалэхэр зэтевмыгъэсхьэныр, мыбы щыпсэухэр зэтевмыукIэныр. Феплъыт мы цIыхухэм я гуащIэдэкIым и инагъым, мыбыхэм я IэкIэ зэрагъэпэщыфа дахагъэм! Сэращ иджы а псоми я гуащэр, сэращ а псори зейр. Сэ сыкъызэрахьам хуэфэщэн жэуап фэ ефтащ, абыкIи фи къалэныр вгъэзэщIащ, зыми фимыгъэкъуэншэжыфын хуэдэу. Апхуэдиз гухэлъ зыхуэсщIа щIалэр ди хабзэкIэ сэ схуэукIакъым, сыту жыпIэмэ ар мыпсэужмэ, си гъащIэм мыхьэнэ иIэжынутэкъыми. А псори IэщIыб сщIыуэ, фи гъусэу сынэкIуэжынри схузэфIэкIынукъым. Ар спэIэщIэу зы махуи сыпсэуфынукъым! ИгъащIэ лъандэрэ цIыхухэм я псэр зыщIэкъу, ягухэр зыхуэусэ лъагъуныгъэм щыщ зы Iыхьэ мащIэ дэри зидгъэIэну, абы и IэфI зыхэтщIэну хуит дыкъэфщI! Аттикэм и хъумапIэшхуэхэм мылъкурэ хъугъуэфIыгъуэу куэд щIэлъщи, фи нэм къыфIэнэр къафщтэ, фхуэшэр фшэ, ди лъагъуныгъэм и щхьэщэхужу. СынывoлъэIу сывмыгъэщIэхъуну!

Хурсанэ зэуэ лъэщ, Антеипхъу хуэзанщIэу блын лъагэм къытехутэри, псоми зэхахын хуэдэу жиIащ:

– Си шыпхъу амазонкэхэ! Зауэ нэужьым дэ, зэрыдихабзэу, мылъкурэ лъагъуныгъэу дызыхуейм хуэдиз зыIэрыдогъэхьэ! Иджыпстуи Iыхьэншэ дыхъуакъым! ЖысIэр пэжкъэ, зыри къызыпэмылъэщ си ныбжьэгъухэ?!

– Пэжщ! – зыжьэу жэуап къат амазонкэхэм.

– АтIэ, иджы дэ къытхуэнэжар мылъкуу къытлъысыр кхъухьхэм идгъэзэгъэнырщ. ФынакIуи дахэвгъаплъэт Аттикэм и хъугъуэфIыгъуэхэм. ДыщэхэкIыу зыри къэвмыгъанэ, текIуэныгъэм и тхьэ IэфIынэ ди шыпхъум и фэеплъым щыгъ дыщэ бостейм фIэкIа. Алыджхэми ирыращIэ: абы ди бостейщ щыгъыр, ситу жыпIэмэ дэ дыхуейуэ ар абы къыхудогъанэри! НэгъуэщI еплъыкIэ зиIэ къыфхэтмэ, фымыбзыщI!

Амазонкэдзэм Алътуд къахокIуэтыкIри, макъ губжьакIэ къопсалъэ:

– Антеипхъу, сэ дыщэхьэ сыкъэкIуакъым! Сэ сыкъызытекIухьар уэ уи гъащIэр аращи, си гъащIэр абы ныпызогъэув! КъызбгъэдэкIуатэ!

И гуащэр мы зэзауэм къемылынкIэ зэрыхъунур Тесей къыщыгурыIуэм, ар кIуэри амазонкэ зэпэщIэувахэм я кум дыхьащ. Ауэ Антеипхъу ар къыIуигъэкIуэтащ. Абы фIы дыдэу къыгурыIуэрт, и псэм хуэдэу илъагъу Тесей, хьэщхьэвылъэ шынагъуэр хэзыгъэщIауэ Аттикэм и лIыхъужь нэхъ лъэщ дыдэуябжыр, Алътуд «щыблэ фIыцIэм» пэщIэувэкIэ зэрытемыкIуэнур.

Тесей иджыри зэ щIэплъащ и щхьэгъусэм и нэхэм, ауэ ерыщагъ фIэкIа зыри щыщIимылъагъуэм жиIащ:

– Мыри Герэ ябгэ и Iэужьщ! Амазонкэ сэфэтым ихьауэ, уэ усфIиукIыну хэтщ ар. Хуит сыкъэщI абы сезэуэну! Уэ зыгуэр къыпщыщIмэ, сэ абы сыкъелынукъым!

– Хьэуэ, Тесей! Ар Герэкъым, атIэ амазонкэ Алътудщ! Ар уэ къозэуэнукъым, зыхуейр сэ си гъащIэращи! Уэ иджыпсту, сыт щыгъуи хуэмыдэжу, алыджхэр къыпхуэныкъуэщ. Дапхуэдиз хьэзабрэ гугъуехьрэ яшэча абыхэм, дэ ди лъагъуныгъэм, ди насыпым папщIэ?! Тхьэхэм дэ тIур ажалкIэ дызэкъуачыну мурад ящIамэ, сэ гъащIэм сыхэкIыжмэ нэхъыфIщ, Аттикэм и пащтыхьыр укъанэу. Псалъэ къызэт Афиныр щIэрыщIэу бухуэжыну, абы и бынхэу зи щIыхуэ уэрэ сэрэ ттелъхэм упсэуху фIы яхуэблэжьыну. НэгъуэщI зы лъэIуи пхузиIэщ, яужь дыдэ лъэIуу: уемыплъ ди зэхэуэм. Сэ сыкъыумылъагъуу сщIэмэ, нэхъ утIыпщауэ сызэуэнущ.

Тесей къыIуокI, и щхьэр къыхуэмыIэту. Абы и фIэщ хуэщIыртэкъым апхуэдиз гухэлъ зэхуэзыIуэта нэхэр иужь дыдэу зэIуплъэжу. АрщхьэкIэ и гум къыжриIэр нэгъуэщIт… Къару имыIэжу, зы бжэщхьэIу гуэрым тетIысхьауэ ар тхьэхэм елъэIурт Антеипхъу къыхуахъумэну, къигъэгугъэрт лъыпэ къахуригъэкIыну, тхьэ щелъэIу унэшхуэхэр яхуиухуэну.

Пшагъуэ къытехьа фIэкIа умыщIэну, и акъылыр зэхэтхъуами, абы зыхищIэрт зэхэуэр зэрекIуэкI щIыкIэр. Зауэм и тхьэгуащитI зэпэщIэувахэм я дэтхэнэ уэгъуэми, жьыр пхибзыкIыу, фий макъ щIэтт. Абыхэм якIэлъыплъ амазонкэхэри алыджхэри а уэгъуэхэм къадыхэкIиикIырт. Ауэ макъ къэIухэр зэуэ щыужьыхым, Тесей къыгурыIуащ фIыуэ илъагъу и щхьэгъусэр зэрыщымыIэжыр.

ГуIэгъуэ иIэу, Тесей и щхьэр къиIэтмэ, къелъагъу и Антеипхъу тхьэIухудыр мыбэуэжу щIым зэрыщылъыр, алыджхэми, зэрыщыгъуэр къагъэлъагъуэу, я тажхэр зэрыщхьэрахыр.

Антеипхъу амазонкэхэми алыджхэми зэгъусэу щIалъхьэжащ. Амазонкэхэм ягъэлъапIэрт къэрал гуащэ хъуа я шыпхъум и пщIэр, алыджхэми ябзыщIыртэкъым зэман кIэщIым фIыуэ ялъэгъуа, узримыгъэплъу дахэ, хьэл щабэрэ IущыгъэкIэ псоми ятекIуэжа я гуащэр зэрыхэкIуэдар гущIыхьэ зэращыхъуар.

* * *

Зы тхьэмахуэ дэкIри, амазонкэхэм Аттикэр ябгынащ, яубыда кхъухьхэм яхуэшэным хуэдиз мылъку ирагъэзагъэри. Аттикэм псалъэ итащ абыхэм якIэлъымыпхъэрыну, икIи лъапсэрых амазонкэдзэм и Iэужь уIэгъэхэр гъэхъужыным и ужь ихьащ. АрщхьэкIэ Iэхейхэмрэ алыджхэмрэ къахуэнэжа кхъухьхэм ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ ягъэзащ, фракийхэм ягухьэжу, АхынкIэ зыунэтIа амазонкэхэм къапэувын мурадкIэ. Абыхэм зыщагъэпщкIуат Пропонтидэ хым и дэкIыпIэ зэвым. Ауэ куэд зи нэгу щIэкIа уд фызыжьхэр абыкIэ къыпхуэгъэпцIэнутэкъым. Пропонтидэ химкIэ ягъазэ хуэдэу защIа щхьэкIэ, кIэщIу ягъэшри, ипщэкIэ яунэтIащ, Италием хуэкIуэу. Кхъухьхэм ис гъэр хьэнцэлIхэм куэд яхэтт Италием щыпсэу унагъуэ цIэрыIуэхэм къахэкIауэ. Ахэр лъэпкъкIэ этрусхэм, лыгъурхэм, умбырхэм, апулэхэм, луканхэм ящыщт. Абыхэм къищынэмыщIауэ, гъэрхэм гъунэжу яхэтт къуэкIыпIэ къалэхэм къыдэкIа хьэтхэри.



Ищхъэрэжьыр къадэIэпыкъури, кхъухьхэр куэд дэмыкIыу нэсащ Италием и къалэ Локрэ, алыдж  кхъухь зекIуапIэхэм пэIэщIэу хы Iуфэм Iутым. Ауэ абы нэсыхукIэ иджыри алыдж кхъухь зытхух къахуэзэурэ, зыIэщIалъхьащ, амазонкэхэр здынэсар абыхэм хэIущIыIу ирамыгъэщIын щхьэкIэ. Умысакъми, зыри шынагъэ щыIэнутэкъым, дэнэкIи къыщыкъуэху финикийхэм я кхъухь закъуэтIакъуэхэм къищынэмыщIа.

Италием щыщу гъэру алыджхэм яIэщIэлъахэр, Хурсанэрэ Дахэзилэрэ я унафэкIэ, щхьэхуит ящIыжащ, тыгъэ гуэрхэр IэщIалъхьэри. Ар и щхьэусыгъуэу, Италием гуфIэгъуэшхуэ къихъуати, амазонкэхэм я хьэщIэгъуэр ефэ-ешхэ зэпыт хъуащ. Зэгуэрым, гуфIэгъуэ Iэнэм здыпэрысхэм, хэгъэрейхэр къэлъэIуащ амазонкэхэм я дзэхэм ящыщ зы, мыин дыдэми, мы щIыпIэм къыщагъэнэну. ЖаIэрт абыхэм папщIэ этрус ухуакIуэхэм быдапIэхэр ирагъэухуэну, щIы, псы, IэщIэвыщIэ и лъэныкъуэкIи зыхуей щамыгъэщIэну. Хурсанэрэ Дахэзилэрэ ахэр къагъэгугъащ а Iуэхум егупсысыну. Мы псалъэмакъыр къыщыхьеям, амазонкэ куэдым я нэхэм къыщIэлыдыкIа гугъэ нурым зэныбжьэгъуитIым гу лъамытэу къэнакъым. Ауэ зыми зыкърагъэщIакъым.

Абыхэм лъэныкъуэ зрагъэзащ, а Iуэхум тепсэлъыхьын папщIэ. Япэрауэ, быдапIэхэм къыдаша амазонкэдзэм минищэ хъуни хэщIатэкъым, етIуанэрауэ, мыбдеж езыхэм я быдапIэ щаухуэмэ, мы щIыпIэм исхэм иджыри куэдрэ ящыгъупщэнукъым я хуитыныгъэр къахуэзыхьар, абы къыдэкIуэуи мамыру зыIэрагъэхьэфынут щIыщIэхэр. Дахэзилэрэ Хурсанэрэ мы Iуэхум трашIыхьа унафэм лъэныкъуитIми я сэбэп хэлът: амазонкэхэр хуэзэ хъунут Италием я цIыхухъу нэхъ дахэхэмрэ этрусхэмрэ; иужьрейхэм, цIыхубз

хуитхэм нэмыщI, къаIэрыхьэрт сыт щыгъуи къэзыхъумэфын дзэ жыджэр, лъэрызехьэ.

Хурсанэрэ Дахэзилэрэ яхузэфIэкIащ я унафэр зекIуэ хасэм щыпхагъэкIыну: амазонкэ минитI хъу дзэ Италием кънанэну. Шэч хэмылъу, сэбэп хъуащ а зэныбжьэгъуитIым пщIэшхуэ зэраIэр.

ЕтIуанэ махуэм къыхахын щIадзащ Италием къэнэну гукъыдэж зиIэхэр. Амазонкэхэм я нэхъыбапIэр, зекIуэ къызэрежьэрэ уэндэгъу хъуати, хы гъуэгу кIыхь къапэщылъым и гугъуехьыр яхуэмыхьынкIэ зэрыхъунур къалъытэри, къэнэну хуит ящIахэм хатхащ. Нэхъ кхъухь тэмэму пщыкIутху къыхуагъэнащ абыхэм, мылъкурэ гъавэхэкIыу зыхэпсэукIын хуэдизи иратащ.

Хурсанэрэ Дахэзилэрэ зы кхъухьым исущ къежьэжащ, зыри зэран къахуэмыхъуу, зэчэнджэщын, дяпэкIэ ящIэн хуейуэ къапэщылъхэм тепсэлъыхьын папщIэ.

Махуэхэм ящыщ зым кхъухьхэр екIуэлIащ хытIыгу щхъуантIэ гуэрым, узэфэ хъун псы щагъуэтмэ, кърагъэхъуэну. Бжэнхэм, губгъуэ джэдхэм, блэ лIэужьыгъуэ гуэрхэм къищынэмыщIа, ахэр зыми щыIущIакъым хытIыгум. ЩIыпIэ-щIыпIэхэм щыплъагъурт щIымахуэм хуэщIа щакIуэ пщыIэхэмрэ яжьэ щызэтетхъуа бгъуэнщIагъэхэмрэ. Шэч хэмылъу, цIыхухэр мэз бжэн ещэкIуэну щIэх-щIэхыурэ мыбы къакIуэу къыщIэкIынут. Хурсанэрэ Дахэзилэрэ я цIыхухэр хуит ящIащ, хытIыгум техьэу загъэпсэхуну. Кхъухьхэр жыпэум дагъэувэри, амазонкэхэр икIащ, заплъыхьыну, ауэ унафэ къыхуащIащ сакъынхэу, псы кърагъахъуэу, бжэн къащэкIуу, жэщ мыхъу щIыкIэ къагъэзэжынхэу. Куэд мыщIэу Хурсанэ бзэгу къыхуахьащ, языныкъуэ амазонкэхэр, хьэпшыпу къащтэфыр яIыгъыу, тIурытI защIауэ хытIыгум зэрытехьамкIэ. Хурсанэрэ Дахэзилэрэ зыри жаIакъым, ауэ пщыхьэщхьэхуэкIуэу, зрикъун хуэдиз псы къабзэкIэ зызэрагъэпэща нэужь, псынщIэу унафэ ящIщ, хъурзэхэр къаIэтыжри, жыпэур ябгынащ, мыхъумыбз насыпыншэхэр хытIыгум къытранэри.

Амазонкэ къэралыгъуэм и хабзэхэмкIэ, гукъыдэж зиIэ псори хуиттэкъым къанжэ унэхэм кIуэну. ЛэгъунакIуэ цIыхухъухэр хэплъыхьауэ къызэрыхахым ещхьыркъабзэу, лъхуэну хуит ящI хурхэри, узыншэрэ теплъэ дахэ зиIэхэу, къыхащыпыкIырт. Апхуэдэ гущIэгъуншагъэм къишэрт амазонкэхэм мыхъумыбзхэр къахэкIыныр. Амазонкэ къэралыгъуэм дежкIэ нэхъыщхьэр лIыгъуэфызыгъуэ Iуэхур аратэкъым, атIэ езыхэм хуэдэ къащIэхъуэжынырт.

Арами, Хурсанэрэ Дахэзилэрэ я унафэкIэ, хытIыгум и жыпэум къыданащ кхъухьиплI, амазонкэ щIэпхъуэжахэр щIым зэрелэжьын, бдзэжьей зэрещэн Iэмэпсымэхэмрэ хасэн жылапхъэхэмрэ илъу. Хэт ищIэрэ, зэгуэр мы хытIыгу щхъуантIэми хьэт ныпыр щаIэтынщи, дэри хьэщIэу дакъыхуеблэгъэнщ. ГъащIэм къыщымыхъу щыIэкъым – гухэр зэпызыщIэ лъэмыжхэр бгъэс хъунукъым.

Ар и щIыкIэу, иджыри амазонкэ щитху щхьэхуиту псэуну ягъэтIысщ, зэрыкIуэфкIэ псынщIэу зрачри, кхъухьхэр Кипр хытIыгум блэкIащ, зыми гу къылъамытэу, икIи мыгувэу есылIащ хьэт къалэ Эблэ пэгъунэгъу хы Iуфэм. Мыбдеж амазонкэхэм кхъухь зыкъом шыгурэ махъшэкIэ щахъуэжри, Эблэ нэс дэлъ махуитI гъуэгур зэпачу а къалэм дыхьэну ежьахэщ. Нэхъ шэгъуафIэ хъун

папщIэ, хьэпшып хьэлъэхэр абы дыщэкIэ щахъуэжын я гугъэт. Абы къыдэкIуэу, амазонкэхэм я мурадт езыхэр щIы гъуэгукIэ я хэкум кIуэжыну загъэхьэзыр хуэдэу хъыбар ягъэIуну.

Дахэзилэрэ Хурсанэрэ амазонкэдзэр зэхуэдитIу ягуэшри, Хурсанэ и мин пщыкIутхур иришэжьащ Щхьэлыпсыр хым щыхэхуэжым хуишэу. Абыхэм я мурадт псым зэпрыкIыу, хьэт къалэ Къаннысэ дыхьэнхэу. «Амазонкэхэр щIы гъуэгукIэ я хэку кIуэжыну ежьащи, фракий кхъухьхэр Босфор деж абыхэм къапэплъэу щыткIэ мыхьэнэ иIэкъым» хъыбарыр Фракиемрэ Аттикэмрэ я тIасхъэщIэххэм зэрырахьэжьар амазонкэхэм лъагъэIэсыжащ хьэт дзэпщхэм. Ар зэрызэхихыу, Дахэзилэ и дзэм зричыжщ, зы жэщ-зы махуэм Хурсанэ IущIэжри, псори бгъэдыхьэжащ хы Iуфэм къащежьэ кхъухьхэм. Хьэпшып хъуэжым фIыуэ игъэпсынщIа кхъухьхэр жыджэру зэдэкIуэурэ, Киклад хытIыгухэм нэсащ. Кхъухьхэр апхуэдизкIэ псынщIэу кIуэрти, хамэ кхъухьхэм ялъэщIыхьэурэ яубыдырт. Езыхэм къахуэкIуэу зыIущIэхэри, дадзыхыну Iэмал ирамыту, зэрапхъуэрт.

Апхуэдэурэ, хэхъуэ зэпыт фIэкIа хэщI ямыIэу, Пропонтидэ и дыхьэпIэм нэсахэщ. Нэхъ кхъухь быдэу, бгъэрыуэным хуэщIауэ, зытхух зэбгъурыту япэ ирагъэуващ, Дахэзилэ и унафэкIэ. Абыхэм я мурадт, я кхъухь уэздыгъэхэр ягъэункIыфIу, гу къылъамытэу фракий кхъухьхэм теуэну. Амазонкэдзэр щIы гъуэгукIэ зэрежьэжам и хъыбарыр зи фIэщ мыхъуа бий куэд, я кхъухьхэр зыр зым егъэкъуарэ я мэIухэмкIэ зыщIахъумауэ, дыхьэпIэ зэвым Iуву щызэхэтт. НэгъуэщIу жыпIэмэ, зыплъыхьыпIи зыгъэзапIи яIэжтэкъыми, къатеуэIакIи ялъагъунутэкъым, ялъагъупэми, заужьу абыхэм къапэувыфынутэкъым.

Амазонкэхэр бзаджагъэ хуекIуащ: я щIакIуэхэр фэдэнкIэ зэгуадэри, шатыру кхъухьхэм къытраубгъуащ, хьэнцэ лейхэмрэ я бжыкIхэмрэ бгыкъу хуащIри. Алыджхэм я псэр IукIат, кIыфIым къыхэкIыурэ къахуэкIуэ фIыцIагъэ абрагъуэхэр зищIысыр къагурымыIуэу. ЩIакIуэ псыфхэм зы шабзэши япхыкIыртэкъым: къызэрыгуэкI шабзэшэхэр хэнэрт, мафIэ зыпылъхэр ягъэункIыфIырт. Амазонкэхэм, щIакIуэ кIапэхэр траIэтыкIырти, мафIэ зыпылъ шабзэшэхэр къапхъырт. МэIухэри сэбэп зэрыхъу щыIэтэкъым, амазонкэхэм шэхэр уафэмкIэ къехуэхыу къадзырти.

Тепхъуэ фIыцIэхэр токIуэтри, бгъэрыуэ кхъухьхэр къыщIощ. Япэ уэгъуэм бийм и кхъухь зыбжанэ зэхекъутэ. Бгъэрыуэхэм я щIыбагъ къыдэт адрей кхъухьхэр къызэрыкъуохри, фракийхэр зэтракъутэн щIадзэ.

Жэщ зэхэуэр къызэрыщIидзам хуэдэу псынщIэуи мэужьыхыж. Нэхущым ирихьэлIэу зы фракий кхъухьи псоууэ ихъуреягъым щыплъагъужыртэкъым. Босфор дыхьэпIэм къыщыщIэдзауэ Ахын Iуфэм нэс амазонкэхэм иджы зыри къащыпэувыфынутэкъым.

*КъыкIэлъыкIуэнущ*





*Сэхъурокъуэ Хъэутий Хъэзрит и къуэр Аруан районым хыхьэ Старэ Шэрэдж (Дохъушыкъуей) къуажэм 1951 гъэм накъыгъэм и 27-м къыщалъхуащ. Абы къиухащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр, ВИГИС-м и аспирантурэр (Москва). Ар ветеринар щIэныгъэхэм я кандидатщ, экономикэ щIэныгъэхэм я докторщ, профессорщ, ЩIДАА-м и академикщ.*

*Сэхъурокъуэр къэрал IэнатIэ иIыгъыу къекIуэкIащ. Ар щытащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэу – мэкъумэш хозяйствэмкIэ министру, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министру.*

*2011 гъэм щыщIэдзауэ «Ветеринар, фитосанитар кIэлъыплъыныгъэмкIэ Федеральнэ IуэхущIапIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр референт центр» федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и унафэщIщ.*

*2015 гъэм ар етIуанэу Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхъэмадэу хахыжащ.*

*Сэхъурокъуэ Хъэутий къыхуагъэфэщащ Зэныбжьэгъугъэм и орденыр, медалхэр. Абы кърадащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр. Апхуэдэуи КъБР-м цIыхухэм Iуэхутхъэбзэ яхуэзыщIэ IэнатIэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ. КъБР-м и социально-экономикэ зыужьыныгъэмрэ абы и къэралыгъуэр зэфIэгъэувэнымрэ куэд зэрыхищIыхьам икIи жылагъуэ лэжьыгъэм жыджэру зэрыхэтым папщIэ Хъэутий иджыблагъэ къыхуагъэфэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр.*

# Гъуэгу техьэ тенэркъым

***ЦIыхухэр фIыуэ плъагъун хуейщ, уэ зыкъебгъэлъагъунумэ, абыхэм пщIэ яхуэпщIын хуейщ, уэ зыхуебгъэщIынумэ – мис апхуэдэ хабзэ къызэрыгуэкIым, ауэ укъэзымыгъэпцIэнум тету мэпсэу иджыблагъэ зи ныбжьыр илъэс 65-рэ ирикъуа Сэхъурокъуэ Хьэутий.***

Дэ ди зэкъуэш зэныбжьэгъугъэр 1977 гъэм Москва къыщежьащ. Абы щыгъуэм ар гельминтологиемкIэ союзпсо институтым, Скрябин К. И. и цIэр зезыхьэм, и аспирантт, сэ Ломоносов М. В. и цIэр зезыхьэ Москва къэрал университетым журналистикэмкIэ и факультетым сристудентт. Сэ сфIэтелъыджэу сигу къинэжащ дызэхуэзэхукIэ ар псом япэу и анэ Лаушэ зэрытепсэлъыхьыр.

– Ди адэр пасэу дунейм ехыжащ, дэ, быниплIыр, дыкъэзыгъэтэджар, гъуэгу дытезыгъэхьар ди анэрщ, – игу къигъэкIыжырт Хьэутий. – Ди сабиигъуэр, зэрыгурыIуэгъуэщи, тыншу щытакъым. Ди адэр зэрылIар ди анэм хуабжьу къытехьэлъащ икIи сымаджэ ирихъукIащ. АрщхьэкIэ къызэфIэщIакъым: и бынхэр дипIащ, дыдэзыхьэх IэщIагъэ дигъэгъуэтащ. Аращи, сэ си дежкIэ нэхъ лъапIэ дыдэр си анэрщ.

**– Хьэутий, гъащIэм уехъулIэн папщIэ цIыхуфIхэм уахуэзэн, абыхэм зыкъыпщIагъэкъуэн хуейуэ жаIэ. А псалъэхэр уэ сыт хуэдизкIэ уэхьэлIа?**

– Абы и лъэныкъуэкIэ сэ сынасыпыфIэу къыщIэкIынущ. Дауи, гъащIэр матэщIэдзакъым. Ауэ гугъуехьхэм цIыхур япсыхь. Абыхэм дыхуагъасэ фIым фIыкIэ дыпэджэжу. Япэ дыдэу сэ нэхъ цIыхуфIу икIи Iущу сызыхуэзар Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ КъБКъУ-м и ректор Лъостэн Владимирщ. Университетыр диплом плъыжькIэ къэзуха иужь, абы аспирантурэр къысхуигъэлъэгъуащ. АрщхьэкIэ ди унагъуэр гугъуехьхэм хэтти, а зэманым сэ Москва сыкIуэфакъым. Хуабжьу си жагъуэ хъуат а Iэмалыр къызэрысхуэмыгъэсэбэпар. ИлъэсиплI дэкIри, Лъостэныр аргуэру къыздэIэпыкъуащ аспирантурэм сыкIуэнымкIэ, абы кандидат диссертацэри щыпхызгъэкIащ.

**– Абы щыгъуэ, сощIэж, уэ Iэмал уиIащ Москва укъэнэну, ауэ ари къыумыгъэсэбэпу ди университетым егъэджакIуэу къэбгъэзэжащ.**

– Апхуэдэу нэхъ къищтащ Лъостэн Владимир, абы къыхэкIыу фIыщIэшхуэ хузощI. ИужькIи сэ сыт щыгъуи

а цIыху Iущым сечэнджэщащ. Абы къыздиIыгъащ республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм, 1986 гъэр къэсыху сызыщылэжьам, сызэрыкIуэри.

**– Сэ фIыуэ сцIыхуу щытащ уэ хуабжьу щIэгъэкъуэн къыпхуэхъуа нэгъуэщIи. Ар Черкесов Георгийщ.**

– «Птицепром» объединенэм и Iэтащхьэу щыта Черкесовым сэ унафэщIу сигъэкIуат «Налшык» джэдкъаз фабрикэм. Илъэсищ дэкIри, абы и фIыгъэкIэ сагъэуващ а зэманым республикэм щынэхъ лъэщу щыта «Къэбэрдей-Балъкъэр» джэдкъаз фабрикэм, Нарткъалэ щыIэм, и унафэщIу.

**– Уэ уздагъэкIуа а IуэхущIапIитIми а зэманым я Iуэху щIагъуэтэкъым. Къыуагъэза дзыхьыр умыгъэпэжыфынкIэ ушынакъэ? ИтIанэ къулыкъу зэи къуатыжынутэкъым...**

– Пэжым ухуеймэ, а зэманым къоупщIыртэкъым уфIэфIуфIэмыфIкIэ – «кIуэ» жаIамэ зэфIэкIат. Уэ узахуэщ: къызэрысщыгугъхэм хуэдэу сыкъыщIэмыкIамэ, занщIэу сыкъагъэлъеинут. Ауэ Тхьэм къысхилъхьащ си къалэнхэм сазэрыпэлъэщын къару.

*Дэ псоми дощIэж Сэхъурокъуэм и Iуэхухэр иужькIэ къызэрекIуэкIар. ЦIыхубэ депутатхэм я Аруан район Советым и унафэщIу 1991 гъэм хахри, ар къэрал лэжьакIуэ хъуащ, илъэс нэхъ дэмыкIыуи КъБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ Валерий и фIэфIынығъэкIэ республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэу – мэкъумэш хозяйствэмкIэ министру ягъэуващ. А къулыкъур Хьэутий зэрихьащ 2005 гъэр къэсыху, псэуныгъэ, егъэджэныгъэ, щIэныгъэ IэнатIэхэри зэригъакIуэу.*



– Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ Президент КIуэкIуэ Валерий си гъащIэм мыхьэнэшхуэ щиIащ, – жеIэ Сэхъурокъуэм. – Хуабжьу сыщогуфIыкI икIи срогушхуэ абы и гупым сыхэту республикэм къыхуэщхьэпэн Iуэхухэм сызэрелэжьам. Шэч хэлъкъым КIуэкIуэ Валерий президенту щыщыта илъэс 15-р ди республикэм и тхыдэм лъэужь дахэу къызэрыхэнам.

КъыкIэлъыкIуэ илъэситхум Сэхъурокъуэр ветеринар, фитосанитар кIэлъыплъыныгъэмкIэ федеральнэ IэнатIэм и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и унафэщIу лэжьащ. 2010 гъэм ар аргуэру ягъэуващ КъБР-м и Премьерминистрым идеологие IуэхухэмкIэ и къуэдзэу. Зы гъэ дэкIри, и ныбжьыр илъэс 60 щрикъу махуэм пенсэм кIуащ.

И лэжьыгъэфIым къыпэкIуэу Хьэутий къыхуагъэфэщащ къэралым и дамыгъэ лъапIэ куэд: орденхэр, медалхэр, ЩIыхь тхылъхэр.

Мы зэманым Сэхъурокъуэр ветеринар, фитосанитар кIэлъыплъыныгъэмкIэ федеральнэ IэнатIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр референт центрым и унафэщIщ. Ноби жыджэру хэтщ жылагъуэ лэжьыгъэм. Нэгъабэ и фокIадэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм и президенту етIуанэ пIалъэкIэ хахыжащ.

**– Уэ сыт щыгъуи цIыху жыджэру, псори зэпэзылъытыфу икIи жыжьэ уплъэу ущытащ. Старэ Шэрэдж щыщ щIалэ къызэрыгуэкIым къэрал къулыкъуми жылагъуэ лэжьыгъэми и Iуэху къыщикIащ. Сохъуапсэ уэ уи къару мыкIуэщIым, цIыхухэр къызэрыдэпхьэхыфым. Сыт абыхэм я хэкIыпIэ нэхъыщхьэр?**

– Ар щэхукъым: а псори сэ гъащIэм къыхэсха дерсщ, ди нэхъыжьхэм, си ныбжьэгъухэм сагъэлъэгъуа щапхъэщ. ЛIы Iущ гуэрым зэрыжиIащи, уи гъащIэми ухуэсакъын хуейщ, уи узыншагъэм хуэдэ дыдэу.

**– Уэ сэ узоцIыху зэи къызэфIэмыщIэ, зи мурадхэр сыт щыгъуи пхызыгъэкIыф цIыхуу. Ар къыбдалъхуа хьэл, хьэмэ уэ езым гъащIэм къыщыхэпха гъуэгу?**



– Сэ хуабжьу сигу ирохь «Зэманым декIур лIыфIщ» адыгэ псалъэжьыр. Абы ущехъумэ пIэщIэкIынкIэ хъуну щыуагъэхэм. Ауэ уубзэ къудейуэ дунейм утетынир ахъшэ нэпцI уиIэным хуэдэщ – куэдрэ зекIуэнукъым. ЦIыхухэм седэIуэфу, жаIэр зэхэсхыу, абы иужькIэ унафэ къасщтэу сэ зыщезгъэсар КIуэкIуэ Валерий дежщ.

**– Иджыри зы упщIэ: сыт уэ уи хъуэпсапIэ нэхъ ин дыдэр?**

– Си къуэрылъхум и хьэгъуэлIыгъуэм лезгинкэ сыкъыщыфэнырщ. ИкIи, зэрыгурыIуэгъуэщи, цIыхухэм сэбэп сахуэхъунырщ.

**– Сынохъуэхъу укъыщалъхуа махуэмкIэ – Тхьэм узыншагъэ, насып, фIыгъуэ къуит!**

ДызэбгъэдэкIыжа иужь, сэ къэсщIащ илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ Сэхъурокъуэ Хьэутий Урысейм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Ткачев Александр и унафэкIэ «Урысейм и агропромышленнэ комплексым щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр къызэрыфIащар.

*Епсэлъар* **БЭРБЭЧ Борисщ**

# Лъэпкъ зэхэщIыкIым куэд елъытащ

Сэ адыгэм и лъэпкъ Iуэхум сыпэжыжьэу сыщытауэ зэи схужыIэнукъым. 1990 гъэхэм къулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэм сыпэрыту Къэбэрдей Хасэм и лэжьыгъэм сыхэтащ, лъэпкъми, адыгэгу зыкIуэцIылъхэми сащымыщу зэи зызбжакъым. Адыгэ Iуэху зепхуэн щхьэкIэ, Iэмал имыIэу Хасэм ухэтын хуейуэ аракъым, атIэ узыпэрыт къулыкъу, лэжьыгъэ, IэнатIэ елъытауэ дэIэпыкъуэгъу ухъуфынращ нэхъыщхьэр.

Ноби си пщэм дэлъ къалэным пылъ жэуаплыныгъэр къызгуроIуэ, ауэ сщIэн хуейхэр жаIэурэ лъэныкъуэкIэ еувэкIыжхэм сахуейкъым, къызбгъурыувэу къыздэлэжьэнщ сызыхуэныкъуэр. Абы папщIэ къэрал, хэгъуэгу зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр къытхэтщ. Шэч хэмылъу, Iуэхур къыщежьэр гуращэрщ, мурадырщ, псалъэрщ. Ауэ апхуэдиз бэлыхь зытелъа лъэпкъым и лIыгъэр къызыкъуихыу Iуэхум иужь ихьэну игъуэ хъуащ. АбыкIэ сэбэп къытхуэхъунущ ди республикэм и Iэтащхьэри.

ИрагъэкIуэкI политикэкIи, экономикэкIи, щэнхабзэкIи, ди лъэпкъэгъухэм къазэрыхущыткIи зэщхьу зы къэрал зэрыщымыIэр дощIэ. А псори къэлъытауэ, а къэралхэм я лIыкIуэу ГъэзэщIакIуэ гупым хэтхэм быдэу ядэлэжьапхъэщ. Зы щIыналъэ, зы бзэ, зы хэку, зы хабзэ диIэжу дыпсэунрат нэхъыфIыр, ауэ тхузэфIэкIыр зэдгъэхъулIэурэ дыбэкъуэнщ, ДАХ-р хэхэс псори зэрыгушхуэ зэгухьэныгъэу щыдгъэIэнщ.





*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* Иорданием щылажьэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ Къардэн Самир, Амман и мэрием и унафэщI Бельтаджи Акель, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий сымэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм теухуауэ жыпIэмэ, иджы пIалъэ етIуанэр йокIуэкI сэ абы и тхьэмадэу сызэрылажьэрэ. А лъэхъэнэм кърииубыдэу ДАХ-р къэрал къулыкъущIапIэхэм, лъэпкъ щэнхабзэ центрхэм, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм ядэлажьэурэ адыгэ Iуэхур игъэкIуэтащ.

Къэбгъэлъагъуэмэ, ДАХ-м и Уставым зэритщи, нэхъыщхьэу зи ужь дитыпхъэхэм ящыщщ адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ди къарухэр зэдгъэуIуу лъэпкъым и псэкупсэ, щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм зедгъэужьыныр, тхыдэр зэфIэгъэувэжыныр. Абы ехьэлIауэ тхылъ къыдыдогъэкI, фестивалхэр идогъэкIуэкI, лъэпкъылI нэсу къытхэтахэм я фэеплъ пшыхьхэр къызыдогъэпэщ.

Ди лIыкIуэхэр хэтщ Урысеймрэ нэгъуэщI къэралхэмрэ адыгэм теухуауэ щекIуэкI зэIущIэхэм, конференцхэм, пшыхьхэм, апхуэдэуи, Дипломатие зэIухам зегъэужьынымкIэ фондыр, Горчаковым и цIэр зезыхьэр, ди щIэгъэкъуэну, Налшык къалэ дунейпсо жылагъуэ-щэнхабзэ зэIущIэ зыбжанэ къыщызэдгъэпэщащ, Фондым Москва щригъэкIуэкIа зэхуэсми дыхэтащ.



ДАХ-м и гуащIэ хелъхьэ хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм пыщIэныгъэ яхудиIэным, хэкум къэIэпхъуэжхэр лъахэм щекIуэкI гъащIэм хэгъэзэгъэжыным, хэхэсхэм я бзэмрэ я хабзэмрэ яхъумэжыным теухуауэ республикэм щекIуэкI лэжьыгъэм. Дунейпсо Адыгэ Хасэм хэтхэр жэуаплыныгъэ ин пылъу зыпэрыт Iуэхухэм ящыщщ нобэ адыгэбзэм и Iуэху зыIутыр, абы и зыужьыкIэ хъунур, зыуэ щыт литературэбзэ къызэгъэпэщыным ехьэлIахэр. Лъэпкъыр щызыгъэIэж, хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэу абы бгъэдэлъ бзэр хъумэным, ар адэкIи зэредгъэфIэкIуэным теухуа зэIущIэ, щIэныгъэ конференц куэд екIуэкIащ блэкIа илъэсхэм. А Iуэхухэм иджыри къыпыдощэ, къищынэмыщIауэ, ДАХ-р хэтщ республикэм къыщызэрагъэпэщ «Си бзэ – си псэ, си дуней» фестивальзэпеуэми, и нэIэ щIэтщ хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэ щIэблэм я анэдэлъхубзэр егъэджа зэрыхъури. Къапщтэмэ, иджыпсту къэрал 50-м щIигъум щыпсэу ди лъэпкъыр зэпызыщIэ лъэмыжщ ди щIалэгъуалэр. Ахэр Урысейм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм щегъэджэным, хамэ щIыналъэхэм щыпсэу школакIуэхэм адыгэбзэр зэраджын тхылъхэр яхуегъэхьыным, хэхэс сабийхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщегъэгъэпсэхуным, нэгъуэщIхэми ди къарурэ зэфIэкIрэ етхьэлIэ зэпытщ.

Адыгэ Iуэхум сигу нэхъ зэрыгъуу хэлъыр «ди лъэпкъэгъухэр къедгъэлынущ», – жаIэу, зимыIуэху зезыхуэхэм фIыщIэм и пIэкIэ емыкIу къызэрытхуахьырщ. ИкIи, къызэрысщыхъумкIэ, ахэр зыгуэрым къызэщIегъэст, къа-

ру гуэрым трегъэгушхуэ. Ауэ абыхэм къагурымыIуэр зыщ: дэ нэгъуэщIым зыкъедгъэгъэсэбэп хъунукъым. Псом япэ ди лъэпкъ, ди щхьэ, ди напэ зэрытхъумэжыным иужь дитыпхъэщ.

Сыадыгэщ жызыIэм, псом нэхърэ нэхъыщхьэу хабзэ, адыгагъэ зэрихьэн хуейщ. Абы япэ дыдэу хиубыдэхэр нэхъыжьым и жыIэ щIэтынырщ, зышыIэ пхэлъынырщ, чэнджэщ ущIэдэIунырщ, шыIэныгъэ къыпкъуэкIынырщ. «Гупсыси псалъэ, зыплъыхьи тIыс», – жиIащ адыгэм. Сэ фIы дыдэу къызгуроIуэ нобэрей щIалэгъуалэм я гур зэрыузыр, къэхъукъащIэхэм зэрагъэпIейтейр, псэ къабзагъэм, гу щабагъэм къыхахыу псалъэу зэрыарар. Ауэ мы Iуэхум иужь итхэр щыщыIэкIэ, абыхэм япэплъэн хуейщ. ЩIалэгъуалэращ дэ псори щIэтщIэжыр.

Къэрал куэдым щыхэхэс адыгэхэр щызэхыхьэ, щызэчэнджэщ Хасэхэр мэлажьэ. Ауэ а псори зэпхыжар Дунейпсо Адыгэ Хасэращи, абы ищI унафэращ зытетыпхъэр. Абы ебакъуэм фIы къытхуихьыну си фIэщ хъуркъым.





*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* ДАХ-м и Советымрэ ГъэзэщIакIуэ гупымрэ хэтхэу Шыбзыхъуэ Юрий, Мэкэр Ведат, Бырс Реджаи, Хэкужь Мухьэмэд, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, МэшбащIэ Исхьэкъ, Урым Баки-Сами, Сэхъурокъуэ Хьэутий сымэ.

Ди деж къыщызэхуэсхэм нэмыщI, адыгэ щыпсэу щIыналъэхэр, хэгъуэгухэр, къэралхэр зэпыщIэныр, зэлъэгъэIэсыныр ди пщэрылъщ. А мурадыр диIэу дэ зыбжанэрэ дыщыIащ Ставрополь краймрэ Осетие Ищхъэрэ – Аланиемрэ

щыпсэу мэздэгу адыгэхэм, хы ФIыцIэ Iуфэм Iус шапсыгъхэм я деж. ДАХ-м и зэхуэсхэр щедгъэкIуэкIащ адыгэ нэхъыбэ зэрыс хэгъуэгухэм – Адыгеймрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ. Дэ зыщыдгъэгъупщэркъым ди лъэпкъым и процент 90-р хамэ щIыпIэхэм ипхъауэ зэрыщытыр, пыщIэныгъэхэр яхудиIэщ адыгэ щыпсэу къэрал псоми, хасэ къудамэхэр щолажьэ ди къуэш нэхъыбэ щыхэхэс щIыпIэхэм. Абыхэм къызэрагъэпэщ Iуэхухэми жыджэру дыхэтщ, адыгэ хабзэр, щэнхабзэр зэрахъумэм дыщогуфIыкI, дрогушхуэ ди лъэпкъыцIэр фIыкIэ зыгъэIу цIыху цIэрыIуэхэм.

Апхуэдэу нэгъабэ ДАХ-м и лIыкIуэхэр Тыркум, Иорданием, Израилым дыщыIащ. Сэ си гъусащ зи щхьэм пщIэ къыхуащI, зи IэдакъэщIэкIхэр ялъытэ, зи цIэр фIыуэ ящIэ, УФ-м и ТхакIуэхэм я союзым и унафэщIым и къуэдзэ, Адыгэ Республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ тхакIуэ, СССР-мрэ УФ-мрэ я Къэрал саугъэтхэм я лауреат МэшбащIэ Исхьэкъ, зи тхылъхэмкIэ, IуэхущIафэхэмкIэ, лъэпкъым хуилэжьхэмкIэ къэрал куэдым къыщацIыху, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд сымэ.



Ди лъэпкъэгъу хэхэсхэм дащыхыхьам сэ къызгурыIуар зыщ: хамэ къэрал куэдым ипхъауэ псэу адыгэ лъэпкъыр тэмэму зэрыщIэркъым, дуней псор зэпызыщIэ хъыхэр къагупсыса щхьэкIэ, дэ иджыри къэдгъэсэбэпу десакъым. КъищынэмыщIауэ, а псори ди бийхэм нэхъ Iэрыхуэу къагъэсэбэп, дэ къытхэтщ ди зэпыщIэныгъэм кIэ езытыну хуейхэр, Iуэху фIей зезыхьэхэм я жьауэм щIалэгъуалэр щIашэну зи гуращэхэр. Ар къэдгъэхъу мыхъун Iуэхущ, гузэвэгъуэ куэд зи нэгу щIэкIа ди лъэпкъыр аргуэру лъыгъажэмрэ залымыгъэмрэ щIыхуэтшэн щыIэкъым. Дыхуейкъым дэ зэгурымыIуэныгъи зауи. Ар ди щIалэгъуалэм къагурыIуэну сыхуейт.

Пэжыр жыпIэмэ, абыхэм сахэта нэужь къызгурыIуащ захуагъэр зи гъуазэ, акъыл зыбгъэдэлъ тхьэмадэфIхэр дызэриIэр. Я бзэр, хабзэр, тхыдэр хъумэным иIэ мыхьэнэр, адэжь хэку я щIыбагъ къызэрыдэтыр зыхэзыщIэ, лъэпкъ Iуэхум зэран къыхуэмыхъуIауэ ипэкIэ гъэкIуэтэным и телъхьэ нэхъыжьыфIхэм сагъэгушхуащ.

Къапщтэмэ, къэрал псоми дэ щызэхэтхащ ДАХ-м иригъэкIуэкI лэжьыгъэр лъэпкъым ифI зыхэлъ защIэу къызэралъытэр. КIэщIу жыпIэмэ, лъэныкъуитIри псалъэмакъ лей хэмылъу дызэгурыIуауэ жыпIэ хъунущ. ЗэкIэлъыкIуэныр Iэмал зимыIэщ, ар быдэу хьэкъ сщыхъуащ ди лъэпкъэгъухэм

сахыхьа нэужь. Зы закъуэщ лъэпощхьэпо тхуэхъур – ар лъэпкъыр зыгъэбгъунлъэну хуей закъуэтIакъуэхэр къызэрытхэтырщ, мылъку щхьэкIэ нэгъуэщIхэм я Iэпэм дэджэрэзу дэ ди гъуэгу къытехьэхэрщ. ЗэрыжысIащи, абыхэм щIалэгъуалэр дэIуэгъу зэредмыгъэщIыным дыпылъын хуейщ Iэмал имыIэу. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, къарууэ, акъылу дэ къытщIэувэр ахэращ. ЗэгурыIуэныгъэрэ гуапагъэкIэ къытпежьэм гу къабзэу дыкъыхущIэкIынущ, зигу Iей илъым зедгъэщIэжынущ.

Илъэс 25-рэ хъуауэ лажьэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм цIыхухэм хьэкъ ящищIыфауэ си гугъэщ зэманым къыхуигъэув къалэныщIэхэм пэлъэщу, къищтэ унафэхэмкIэ жэуап ихьыжыфу зэрыщытыр. ДяпэкIи апхуэдэущ зэрекIуэкIынур. Си фIэщ мэхъу иджы лажьэ гупым адыгэм IуэхуфI хуилэжьу, хамэ къэралхэм щызэбгрыпхъа зэкъуэшхэр зыщIигъэуIуэу, и хэку цIыкIури, Урысей псори нэхъ лъэщ, быдэ хъун щхьэкIэ и къару емыблэжу зэрылажьэр.

Ди лъэпкъыр зэрымащIэм дигъэгумэщIыми, щIыналъэ куэдым зэрыщыпсэум гур хегъахъуэ. Дэнэ къэрал щыпсэу адыгэми пщIэ къыхуащIу апхуэдэщи, Тхьэм иригъэфIакIуэ, дэри ди хэкум зедгъэузэщIу, ди лъэпкъ Iуэхухэр дгъэкIуатэу ди къуэшхэм дадэлэжьэнщ.

**СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий,**
*Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ*

# УСАКIУЭМ И ПЭЖ ПШЫНЭР

*(Эссе пэлъытэ)*

*... УсакIуэм и пэж пшынэр*
*Ем дауэгъу ныхуохъу...*
**КIуащ БетIал**
*«ЩоджэнцIыкIу Алий»*
*кантатэм щыщщ*





Зэрыхъун хуейри аракъэ сыт щыгъуи...

ДауикI, усакIуэм емрэ фIымрэ зэхигъэкIыфу дунейм тетмэ, ем пэщIэтыфмэ, фIыр и хъуэпсапIэмэ, и пшынэри сыт щыгъуи пэжым и телъхьэмэ.

2015 гъэм май мазэм и зы махуэу Налшык и хьэблэ «Затишье»-кIэ зэджэм щыIэ кхъэжьым и дыхьэпIэм деж цIыху куэд щызэхуэсат. ЛъэныкъуэкIэ укъыщеплъкIэ къыпхуэщIэнтэкъым мыбы щекIуэкIыр зищIысыр. ЛIа щIалъхьэ жыпIэнути, зыкъом щIауэ абдеж зыри щыщIалъхьэжыркъым. ЦIыхухэми жэназы къэкIуауэ фэ ятеткъым: зэхуэгуфIэу сэлам зэраххэр, макъ утIыпщакIэ мэуэршэрхэр, телевиденэ лэжьакIуэхэри, я IэмэпсымэзэкIэщIэпIиехэр я Iэдэжу, зэм модэкIэ, зэм мыдэкIэ къыщыщIедзхэр. Мыгувэу псори кхъэбгъу дыдэм деж щыхэтIа фэеплъ дамыгъэм къоувэкI. Къызэхуэсахэм ящIэрт ар зи кхъащхьэр — къэбэрдей усакIуэшхуэ КIуащ БетIал. Кхъащхьэр япэм зэрыщытамрэ иджы цIыхухэм ялъагъумрэ куэд я зэхуакут.

Абы зэхуаку яIэ зэрыхъуа щIыкIэм щыгъуазэхэм, кхъащхьэм и щытыкIэм иригузавэу къекIуэкIахэм сэри сащыщт. Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я союзым сыщылэжьа лъэхъэнэм мызэмытIэу Iуэху къэсIэтат усакIуэшхуэм и фэеплъу республикэ зэхыхьэ егъэкIуэкIыным, и цIэр гъэлъэпIэным ехьэлIа нэгъуэщI Iуэхугъуэхэр зэфIэгъэкIыным, ар щыщIалъхьа щIыпIэм дежи хуэфащэ сын щыгъэувыным теухуауэ. КIуащыр къызэралъхурэ илъэс 85-рэ, 90, 95-рэ щрикъухэр а лъэхъэнэм хиубыдати, Союзым и правленэм къыбгъэдэкI лъэIу тхылъхэр унафэщI нэхъыщхьэ дыдэхэм я цIэкIэ езгъэхьат. Iуэхур и пIэм тхуичакъым, сыт дымыщIами. Щымыхъужым, спонсор къэдвгъэлъыхъуэ, кхъащхьэм кхъэлэгъунэ хуэдэ гуэр трищIыхьыну — жысIэри ари къыхэслъхьат. Ар нэхъ хэкъузауэ зэрыта письмор ТхакIуэхэм я союзым къыщIэкIат 2010 гъэм августым и 12-м, 01\2-61 номерыр иIэу. Абы итахэм ящыщ гуэрхэр къэдгъэлъэгъуэжмэ, лей хъункъым, усакIуэм и биографиер, и творчествэ щIэиныр джыным, хъумэным елэжьхэм зыгуэркIэ къахуэщхьэпэнкIэ хъунщ.



КIуащ БетIал и кхъащхьэм щIэуэ трагъэува фэеплъыр



Литературэм зэрыщылэжьа зэман кIэщIым къриубыдэу КIуащым хузэфIэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и культурэм, щIэныгъэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ мылъытэ хуищIыну, адыгэ усыгъэм иджыри къэс къамыгъэсэбэпауэ иIэ хэкIыпIэхэр къыхутэфащ, абыхэм ящыщ куэд и творческэ лэжьыгъэм хиухуэнащ, езы адыгэ усэ гъэпсыкIэр щIэныгъэ хабзэхэм тету зэрыджын хуей щIыкIэхэр гъунэ ирилъащ, «Нарт» эпосыр зэхуэхьэсыным, къыдэгъэкIыным елэжьащ, къэбэрдей IуэрыIуатэр зэратхыжа, печатым къызэрытрадза щIыкIэхэр къипщытэжащ. Поэзием лъэужь мыкIуэдыжын къыхинащ. ФIыкIэ ягу къинащ ар зыцIыхуу щыта псоми. Бэм и гум щегъафIэ а цIыху телъыджэ дыдэм и цIэри, и щхьэри.

МащIэ дыдэщ езы къэралым усакIуэ гъуэзэджэр гъэлъэпIэным папщIэ илэжьар. Илъэс куэдкIэ ТхакIуэхэм я союзри литературэр фIыуэ зылъагъухэри иужь итащ КIуащым и цIэр Налшык и уэрамхэм ящыщ зым фIегъэщыным. Небэ-къебэми, абы унафэ гуэр тращIыхьат. Ауэ уэраму усакIуэшхуэм ирапэсар зы хьэдэгъуэдахэ дыдэщ, унэ жыхуэпIэну зытхух нэхъ темыту, къалэ шындэбзий сытхэм нэхъ ещхьу.

Апхуэдабзэу зэхэзедзэн, кIэрыутIыпщ ящIащ усакIуэм и кхъащхьэм абы и бюст, е барельефу щIа и сурэт зыхэт сын тегъэувэн Iуэхури.

КIуащыр дунейм щехыжам ар щыщIалъхьам деж щагъэуват зауэ зэманым сэлэт хэкIуэдахэм я «къуэшыкхъэхэм» трагъэувэу щыта «пирамидкэ» сын цIыкIухэм хуэдэ, и щхьэм къэнжалым къыхэбзыкIа вагъуэ плъыжь къуапитху тету. Университетым ды-

щыщеджэм ди общежитыр здэщыIэр а Затишьер арати, кхъэм дыщыблэкIкIэ абы дыщихьэ къэхъурт, сын гъэщIэрэщIахэм деплъу, абыхэм ятет тхыгъэ гущIыхьэхэм тфIэгъэщIэгъуэну дыкъеджэу куэдрэ дыщит щыIэт. Поэзие дыдэ, философие гупсысэ куу зыхэлъ яхэтт а тхыгъэхэм. Иджыри си гум ихуакъым абыхэм ящыщ зы: «Я уже дома, а ты еще в гостях». «Дома» жыхуиIэр пэж хъунт, ауэ, сыт, зыри хуэпIащIэркъым апхуэдэу и унэ етIысылIэжыным.

Зэгуэрым Мэзыхьэ Борис дэрэ кхъэм дыкъыдэкIыжыну дыкъежьэжауэ дымыщIэххэу дрихьэлIащ хьэрф текIыжахэмкIэ, ари мыIупщI дыдэу, «Бетал Куашев» жиIэу зытетха, удзыжьхэм щIагъэнэпэным нэса «пирамидкэм». Ди жагъуэ хъуауэ, зыри жыдмыIэфу, зыкъомрэ дыщытащ, апхуэдизу фIыуэ тлъагъу усакIуэм абы нэхъ пщIэ зэримыгъуэтыжар тхузэмыгъэзахуэу. ДызэгурыIуам хуэдэу, тIури зэуэ дыIэбэри, удз ежьужьхэр къыхэтчу щIэддзащ, зэрытхузэфIэкIкIэ кхъащхьэр дгъэкъэбзащ.

Абы иужькIи мызэ-мытIэу дыкIуащ абдеж общежитым дыщIэсыху. Зэм гъатхэу, удзхэр къызэщIэрыуауэ дрихьэлIат. Ежьужьхэм емыщхьу, яжьафэ-щIыхуфэ дахэ зыщIэлъадэ и тхьэмпэ бгъуфIэхэр зэкIэщIигъэкIуэтауэ зы удз лъагэшхуэ кхъащхьэм ику дыдэм тетт. Ар къитчакъым. Тхьэмпищ зыпыт зы къудамэ цIыкIу къыгуэсчри къыздэсхьат. НэхъыфI дыдэу слъагъу (иджыри къыздэсым) си тхылъхэм ящыщ, КIуащ БетIал и «Тхыгъэхэм», 1958 гъэм къыдэкIам, дэслъхьащ. Тхылъым езым и жинтым апхуэдэ къудамэ сурэт тещIыхьащ, тхьэмпэ Iувхэр пытыжу, «Тхыгъэхэм» я етIуанэ тхылъу 1966 гъэм къыдэкIами тетщ а сурэт дыдэр, жызум къудамэм ещхьщ, зыгуэр къикIыу къыщIэкIынщ — къысхуэщIэркъым. ГъащIэр зэрыуахътыншэм и нэщэнэу къыпфIощI.

КъэкIыгъэ псоми къащыщIыр аращи, си удз тхьэмпэр куэд димыхыу гъууэ щэщэжын хуейт. Ауэ зы зэман дэкIауэ тхылъыр къыщызэтесхам тхьэмпищри гъупцIауэ, шылэ Iуданэ щызэпрылъэфа нартыху бзийм хуэдэу ущызэкIэщIэплъу гъутIауэ, щабэу Iэпэм щIэжырт, щэкI бзыхьэхуэ гуэр фIэкIа умыщIэну, папирус хъуащ жыпIэнт. Нэхъ перо пабгъуэ зыфIэлъ ручкэкIэ (абы щыгъуэ «шарик» щыIакъым) тхьэмпэхэм яку дэтым тестхащ: «С могилы Бетала Куашева». Илъэс куэдкIэ апхуэдэу дэлъащ тхылъым, гъуакъым, щакъым икIи лъэлъакъым. Иджы дэлъыжкъым, сигу къоуэ. СщIэркъым зэрыхъуар. Апхуэдиз зэманым мащIэрэ дыIэпхъуа, мащIэри схъуэжа си тхылъхэм я хъумапIэри. Фэеплъ пэлъытэу зесхьа удз тхьэмпэр симыIэжми, езы БетIал тхылъым хуитха усэм и псалъэхэмкIэ схужыIэнущ: сыт щыгъуи си гъусэщ.

УсакIуэм и кхъащхьэр фейцейуэ къызэрынам, тхьэм и шыкурти, иригумэщIыр ди закъуэтэкъым, нэхъ зыгуэр зыхузэфIэкIхэри иужь ихьат ар «къэрал Iуэху» ящIыну. Ахъшэ гуэри къыхуаутIыпщауэ къыщIэкIынт. Зи гукъэкIыр хэтми наIуэкъым, — усакIуэм и гъащIэ кIэщIыр къыхэщыжын, абы и вагъуэр нуру тхыдэм зэрыщылыдар къикIын хуэдэу ягъэпсат фэеплъыр. Ауэ къызыхащIыкIар куэд зымыхьыну бетон лIэужьыгъуэт, зы зэман дэкIри пкъыгъуэхэр къещэщэхыжащ, псори зэтещахэу хуежьащ. Арати, кхъащхьэр аргуэру зеиншафэу, удзыжьхэмкIэ зэщIэкIэжауэ къэнащ. КIуащыр къызэралъхурэ илъэс 90 щрикъу гъэм тхакIуэ союзым и лэжьакIуэхэр зыщIызгъури кхъэм дыкIуащ. Дегупсысащ тхузэфIэкIынум. КъызэрыщIэдзэн хуейр арагъэнти, аргуэру письмоушхуэ стхащ

абы щыгъуэ ди нэхъыщхьэу щытам и цIэкIэ. Чэнджэщ есхьэлIэ хьисэпуи къыхэзгъэщат: ахъшэ зэхэддзэну Iуэху къетхьэжьэ мыхъуну пIэрэ? Жэуап зыри къытIэрыхьэжакъым. Нэхъ мылъку зиIэ гуэрхэм сэр-сэрурэ ясIуэкIати, «ерэхъурэ», «хъуным» фIэкIакъым. ТхузэфIэкIыр арати, дызэгурыIуащ адыгэбзэкIэ тхэ щIалэгъуалэм я зэгухьэныгъэу Союзым щыIэм, «ШыхулъагъуэкIэ» дызэджэм, хэтхэр кIэщI-кIэщIурэ кIуэурэ, КIуащым и кхъащхьэр зэлъыIуахыну, абы зэпымыууэ кIэлъыплъыну. КIуахэщ, кIэлъыплъахэщ, арщхьэкIэ бетоныр зэтещэщэныр абыкIэ пхузэтегъэувыIэнт?

2015 гъэр **Литературэм и илъэсу** къэралым щагъэувати, ар республикэм зэрыщекIуэкIынум и программэм и зы унэтIыныгъэу къащтэну дыщIэлъэIуат: мы пщIэшхуэ зиIэн хуей, фIыгъуэ защIэкIэ тхыдэм къыхэнэну дызыщыгугъ илъэсыр, дызэхэлъадэрэ дыкъафэ, дыджэгуу, усэ дыкъеджэрэ Iэгу деуэу дызэбгрыкIыж къудей мыхъуу, литературэм и щыIэныгъэр, и лъабжьэр тэмэм хъуным ехьэлIа Iуэхугъуэ пыухыкIахэр, иджыри къэс дызыхунэмысахэр, щызэфIэдгъэкI илъэс дывгъэщI. ЗэфIэгъэкIын хуейуэ къэдгъэлъэгъуахэм ящыщт дунейм ехыжа тхакIуэхэм, усакIуэхэм я фэеплъыр гъэлъэпIэныр, щыщIалъхьа щIыпIэхэр зэлъыIухыныр, фэеплъ сын, сыт хуэдэхэр къэгъэщIэрэщIэжыныр, абыхэм я цIэхэр уэрамхэм, школхэм фIэщыныр, ахэр щыпсэуа унэхэм мрамор пхъэбгъухэр кIэрылъхьэныр, музейхэр къызэIухыныр, зэгъэпэщыжыныр, тхылъхэр къыдэгъэкIыныр, н.къ. Апхуэдэ тхакIуэхэу 32-рэ диIэт.

Литературэм и илъэсыр егъэкIуэкIынымкIэ къызэгъэпэщакIуэ гупым и япэ зэIущIэм дыкъыщыпсалъэу, зэфIэгъэкIын хуейуэ къэтлъытэ куэдым ящыщу дэ нэхъ теткъузат КIуащым и Iуэхум: къызэралъхурэ илъэс 95-рэ зэрырикъур Iэтауэ гъэлъэпIэн, и кхъащхьэм абы хуэфащэ фэеплъ тегъэувэн, республикэр апхуэдизу къулейсыз хъуамэ, спонсор къэгъуэтын зэрыхуейри щIызгъужат. Си псалъэр сыухыу сыщытIысыжам къызбгъэдэс Котляров Виктор къызэIущэщащ: «Дэ абы щхьэкIэ спонсор къэдгъуэтащ...» Мис а «къагъуэтам» кърикIуар арат Затишьем щыIэ кхъэжьым и дыхьэпIэм деж май махуэ дахэу цIыху куэд щызэхуэзышэсар.

ТхакIуэ, публицист, краевед, тхылъ тедзапIэ зыгъэлажьэ Котляров Викторрэ абы и щхьэгъусэ Мариерэ Iуэху щхьэпэ куэдкIэ къыщацIыху ди республикэми, нэгъуэщI щIыпIэхэми. Кхъэм къыщызэхуэсахэм яIыгът мы Iуэхум ирихьэлIэу Котляровхэм КIуащым теухуауэ къыдагъэкIа тхылъри. Абы ихуа тхыгъэхэм ящыщ зым Виктор гум ехуэбылIэу къыщиIуэтэжырт КIуащым и гъащIэр, и поэзиер гъунэгъу дыдэ къызэрыхуэхъуа щIыкIэр. Псори-тIэ, сабиигъуэм къыщожьэ. Виктор и адэ, журналист Котляров Николай БетIал и ныбжьэгъухэм ящыщт, Виктори цIыкIу дыдэу ар илъэгъуат. УсакIуэр дунейм ехыжа иужькIи «Беталчик» теухуа хъыбархэр и псалъитIым язт адэм. Ауэрэ щIалэр дихьэхащ КIуащым и гъащIэм и къекIуэкIыкIам, и творчествэм, абы и хьэ цIыкIум щхьэкIэ яIуэтэжхэм «мистикэ» жыхуаIэм хуэдэ гуэрхэр хилъагъуэ хъуащ. БгъэщIэгъуэни хэмылъынкIэ хъунщ: усакIуэхэр, адрейхэр зыщымыгъуазэ Iэмал гуэрхэмкIэ дунейм и щэхухэм щапыщIа, мэгъу зэфIэкI щаIэ къохъу. БетIал дэнэ кIуэми Барсик хьэ цIыкIур и гъусэт. Быдэу жаIэ усакIуэр лIа нэужькIэ Барсик махуэ къэс гурыму абы и мащэм щхьэщылъауэ, абдежми телIыхьыжауэ.

Иджы бгыр зэракъутэр Интернетыр аракъэ? Котляров Виктор КIуащым и фэеплъ сын къещэщэхыжам и сурэтхэр компьютерым ирилъхьащ, нэгъуэщI сурэтхэри щIигъуащ, кIуэаракъэ, уи гум емыжэлIэнкIэ Iэмал зимыIэ жыIэгъуэхэмкIэ щIигъэбыдэжащ. «Сэ си псалъэр зыхуэгъэзар патриот нэсу, адыгэ цIыху щыпкъэу зызыбжыжхэрщ, гурыхуагъэм и хэлъэтым зыщиIэт лъагапIэхэм щыгъуазэхэр, абы иригузавэхэр, лъэпкъыр лъэпкъыу зэтезыIыгъэ къарур зищIысыр къызыгурыIуэхэрщ...» ЦIыхуибл къыпэджэжащ къагурыIуэу — псоми зэхэту сом минипщI къагъэхьащ. Адрейхэр езы Котляровхэм къаугъуеящ. Ауэрэ дэIэпыкъуэгъу куэд къыкъуэкIащ — псом япэу ухуэныгъэм пыщIа адыгэ щIалэхэм ящыщу. Хэт сыныр къызыхащIыкIыну мывэр къишащ, хэт абы елэжьыну цIыхухэр къигъэкIуащ, хэти кхъащхьэр къызэрагъэтIылъыхьыну плиткэхэр къришэлIащ... «Сэ мыбы хэсщIыхьар, си цIэр къыхэгъэщ» жиIэу зы къэувакъым — фIыгъуэу, псапэу ящIар фэрыщIыгъэкIэ зэрамылэжьам и щыхьэткъэ ар? Виктор и тхыгъэми абыхэм ящыщ зырызхэм я цIэр ириIуэ мыхъумэ, я унэцIэр къигъэлъагъуэркъым.



*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъу Дроздов Игорь, Къэбэрдей-Балъкъэрым Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Конаков Хьэсэн, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ Елгъэр Кашиф, Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я союзым и унафэщI КхъуэIуфэ Хьэчим, тхакIуэ Котляров Виктор сымэ.

Котляровыр мы Iуэхум иужь щIихьар, дауи, КIуащ-усакIуэм и тхыгъэхэм зэрыдахьэхырщ, и фэеплъым хуэфащэ пщIэ зэримыгъуэтым зэригъэпIейтейрщ. КIуащым хуищIа пщIэмкIэ и адэм и фэеплъри игъэлъэпIащ. Зыдвгъэумысыжыт: махуэ къэс дыхуэзэу пIэрэ апхуэдэ щапхъэ?

Фэеплъыр къыщызэIуахым къызэхуэсахэр КIуащым и усэхэм къеджахэщ, абы теухуа гукъэкIыжхэмкIэ зэдэгуэшахэщ. Псоми фIыщIэ ин хуащIащ Котляровымрэ абы къыдэIэпыкъуахэмрэ. Дэри псалъэ гуапэхэр жытIащ абыхэм яхуэгъэзауэ. Гукъани хузиIэт сэ Виктор. «Спонсор къэдгъуэтащ» — къызжиIа мыхъумэ, абы

къыфIигъэкIатэкъым, «щэхур» къысхузэIуихыну фIэфIтэкъыми, сэри хэзгъэзыхьатэкъым, Iуэхум пыхьэн щыхуейм деж дызэрыщIэнщ — жыхуэсIэу. Сэ компьютерым срилэжьэфыркъыми, интернетым щекIуэкIхэм сыкIэлъыплъыркъым. Слъэгъуатэкъым Виктор фейсбукым ирилъхьахэр, жаIэуи зэхэсхатэкъым. Псори хьэзыр хъуа нэужьщ хъыбар щыдагъэщIар. Дэри зыгуэркIэ дыхэувэнтэкъэ! НэгъуэщIхэми гукъанэ ящIащ — ари ди деж къахьу: щхьэ къыджамыIарэ, адрей-модрей... Нэхъ шхыдахэм ящыщщ Елгъэр Кашиф, «Адыгэ псалъэ» газетми щитхыжащ ар. Кашиф КIуащыр фIы дыдэу илъагъуу, къилъагъужу щытащ. Езыр псоми фIыуэ щIэтлъагъу куэдым нэмыщIыжкIэ, и сом икъузу дунейм зэрытемытыр дощIэри, шэч къытетхьэркъым а Iуэхум и Iыхьэ дэнэ къэна, IыхьитI-IыхьищкIэ, нэхъыбэжкIи Кашиф хэувэфыну зэрыщытам. Гукъанэр къызыхэкIыр гурыIуэгъуэщ. Ауэ нэхъыщхьэр аракъым. Нэхъыщхьэр Iуэхуу зэфIэкIарщ. ИтIани, ар псом япэу зи пщэ дэхуэм, къэралым, зэфIигъэкIамэ, нэхъыфIат. Е лъэпкъым. Дэри абы дыхэту. Иджыри Iэджэ щIэн хуейщ усакIуэм хуэфащэм унэсын щхьэкIэ. Абы къилэжьащ мылъэлъэжын пкъыгъуэ къыхэщIыкIа и бюст и кхъащхьэм тетыну, фэеплъ сын екIу щыхуагъэувыну Налшык, е щалъхуа къуажэм, районым.

Зэрытлъагъущи, цIыхухэм, куэд-мащIэми, япшын усакIуэм и щIыхуэу ятелъыр. Къэралырщ зикI а щIыхуэр зытригъэкIыжыну емыпIэщIэкIыр. КIуащ БетIал и гъащIэми, ар дунейм ехыжа иужькIэ и щIэин хъуами наIуэу къыхэщащ литературэм и тхыдэм куэдрэ къыдекIуэкI зы хабзэ жагъуэ — усакIуэр псэуху и дунейр хьэзабу ирагъэхьу, лIа нэужькIи здэкIуам щамыгъэпыIэу къызэрыхъур. Зауэ нэужь республикэм и культурэ гъащIэм нэхъ уардэ дыдэу хэтахэм ящыщщ КIуащыр. Тхылъеджэм ар и гущIагъщIэлът, щIалэгъуалэм я тхьэ пэлъытэт. Ауэ щыIэт абы литературэм щIэуэ жьы щIригъэхур зыфIэмыфIыщи. И дуней тетыкIэр — зыми и щхьэр зэрыхуимыгъэщхъыр, игу илъыр ехьэкI-нехьэкI хэмылъу къызэриIуатэр, унафэщIхэм зэрызадимыгъэшыр — зыхуэмышэчхэр нэхъыбэжт. Дауи, абы щыгуфIыкI хъунтэкъым усакIуэр, ауэ и хьэл-щэн ихъуэжыну, хьэмэ къэдзыхэну и пщIыхьэпIэ къыхэхуэртэкъым:

*СощIэр сэ, зыкъомым ягу сырихькъым,*
*Ауэ сэ си гъуэгум сырикIуэнщ,*
*ПщIэншэу дин щIэкъуным зыри къихькъым,*
*Сыерыщщ — ухыгъэм сеплъэкIуэнщ.*

«Перестройкэм» лъандэрэ къэралым щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм гугъэ уагъэщIынт ди культурэм и лэжьакIуэхэу КIуащым хуэдэу лей зытехьэу щытахэм яхуэфащэ пщIэ ягъуэтыжыну. АрщхьэкIэ — дэнэт. Мис аргуэру КIуащым и юбилей илъэсри, «Литературэм и илъэсри» икIащ. Адрейхэм илъэси 5 е 10 къэс хуащI литературэ пщыхьэщхьэшхуэхэм хуэдэ гуэр КIуащым аргуэру къылъысакъым. Республикэ дамыгъэ иIэу гуфIэгъуэ зэхуэс абы зэи хуащIыхакъым. Ауэ щыхъукIи, иджы хуэдэу зэи куэд хъуакъым апхуэдэ пщыхьэщхьэхэр. Япэхэм щыгъуэ псори «политикэ конъюнктурэ», «совет интернационалым» — урыс-адыгэ-балъкъэр зэпэбжым — тещIыхьын хуей хъурт. Иджыри абы зэрытекIышхуа



10 Заказ №377

щыIэкъым, нэхъри гуемыIу къыхэхъуащ: ахъшэ-бохъшэм и хъуным литературэри ехъу. Зи бын, зи благъэ нэхъ хуэщIахэм я юбилейхэр нэхъ Iэтауэ дах, тхакIуэхэм я цIэр уэрамхэм фIэщыныр, фэеплъ къыхузэIухынри абы къегъэпсынщIэ.

А псом дэ дызэреплъыращи, сыт хуэдэ литературэ пщыхьэщхьэри фIыщ, куэд и уасэщ, цIыхур тхылъым къеэшэлIэжыным, тхакIуэр нэхъыбэм къацIыхуным хуощхьэпэ. Ауэ зыр, ари нэхъ пажэр, дагъэкIуатэу, мыдрейр къыщыдагъэкIуэткIэ, утыкур нэхъ зыхуэфащэм уегупсысын хуей мэхъу. Иужьрей зэманым хъуэхъу ехьэжьа зращIэкIа тхакIуэхэм ящыщ зы ар нэхъ щIылъагъэсар нэхъыщхьэхэм ящыщ гуэрым «къигъэнахуэрт» мыпхуэдэу: «ТекIуэныгъэ иныр илъэс 70 щрикъу илъэсщ, ар зауэм хэтащ...» Тхьэм къытхуимыухкIэ зауэм хэтам, зыри химыщIыхьауэ дощIри, ауэ Iухьэу къыIукIыжам, и гугъуехьыр къэдмылъытэну, абы хуэфащэ пщIэ хуэдмыщIыну. Согугъэ сэ абыкIэ зыми и гукъанэ къыстемыхуэну, тхэн зэрыщIэздзэрэ ди зауэлIхэм лIыхъужьыгъэу зэрахьар къэгъэлъэгъуэжыныршц нэхъ Iуэхуу зесхуар. Ди тхакIуэхэр, жыпIэнурамэ, хуэмыхуу хэтакъым зауэм. Къардэн Бубэ, Нало Ахьмэдхъан, КIыщокъуэ Алим, Шортэн Аскэрбий, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм сымэ лIыгъэм и дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэхэр я бгъэм къыхэлыдыкIыу къихьэжат я хэку. Ауэ зауэм и нэхъ гугъупIэ дыдэм, нэхъ псэ зэпылъхьэпIэ дыдэм зэпымыуэ Iутар, шэ нэхъыбэ дыдэ къызытелъэлъар КIуащ БетIалщ. ДауикI, ар ищIэу къыщэкIынтэкъым зи гугъу тщIа юбилярым щхьэкIэ «ар зауэм хэтащ» — жызыIам, зауэшхуэ дыди а юбилярыр хэхуауэ зэрыщымытар зэримыщIэм хуэдэу.



Хахуагъэм и дамыгъэу КIуащым къыхалъхьахэм ятепщIыхьмэ, ар **игъащIэкIэ усакIуэу щымытами, Хэку зауэшхуэм и лIыхъужьу гъэлъэпIэн, и цIэр уэрамхэм, школхэм фIэщын хуейт.** Зауэр къыщыхъеям КIуащыр КъуэкIыпIэ Жыжьэм школым и директору щылажьэрт, Налшык пединститутыр къыщиухри абы кIуауэ. ЩIэлъэIури, езым фIэфIу дзэм хыхьат, зыхэхуар а зэманым зауэм Iумыт Тихоокеанскэ флотилиер арати, аргуэру щIэлъэIури, 1942 гъэм и гъэмахуэм Сталинград деж зауэ гуащIэм щыIухьат. Хэнейрэ уIэгъэ хъуащ, уIэгъэщым къызэрыщIэкIыжу фронтым игъэзэж зэпыту. Капитану, фочауэ батальоным и командиру зауэр иухат. Къыхуагъэфэщат ордену плIы: Красное знамя, Александр Невскэм и орден, Красная звезда, Хэку зауэшхуэм и орден етIуанэ нагъыщэ.

Щхьэхуэу тепсэлъыхьыпхъэщ Александр Невскэм и орденым. Псори щымыгъуэзэнкIэ хъунщ ар Хэку зауэшхуэм и дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэхэм зэращыщым. Хэхауэ командир ордену ягъэуват. Штаб лэжьакIуэ, хьэмэ зы лъагапIэ гуэрым жыжьэу къытету, е езыр блиндажым щIэсу телефонкIэ командэ зыт офицерхэр мыхъуу, зэхэуэ дыдэм хэту ищхьэкIэ лIыгъэ зыгъэлъэгъуа, абы нэмыщIыжкIэ, Iэзагъэ хэлъу езыр зи пашэ гупым унафэ хуищIурэ, абы текIуэныгъэр къезыгъэхь офицерхэрт зыхуагъэфащэр. Апхуэдэу зэрылъапIэр арагъэнщ къызыхэкIар: Александр Невскэм и орденыр нэхъ мащIэ дыдэу (дауи, «Победа» орденым нэмыщI) зауэм щата дамыгъэщ — псори зэхэту мин 42-рэ, (Ленинinformationым и орденым нэхърэ зэрынэхъыбэ щыIэкъым — мин 36-рэ) тещIыхьыт мелуан 11-рэ мин 365-рэ хъу армэм. Зэбгъапщи хъунущ: зауэм щIидзэу иухыху Красное знамя ордену мин 580-м щIигъу ятащ, Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэу мин 350-м нэс, етIуанэу — мелуаным щIигъу. Александр

Невскэм и орденыр къыхуагъэфэщат нэгъуэщI ди зы тхакIуэшхуи — Нало Ахьмэдхъан.

ЛIыхъужьыгъэ ин КIуащым къигъэлъэгъуат Белоруссием щыщ Витебск къалэр хуит къыщащIыжым. Советыдзэм и ебгъэрыкIуэныгъэр мыбдеж къыщызэтрагъэувыIэн я мураду нэмыцэхэм хуабжьу ягъэбыдат къалэм бгъэдыхьэпIэу иIэр, мыбы куэду къекIуалIэ псы ежэххэр, мэз Iувхэр, шэдылъэхэр къагъэсэбэпурэ. А псом щхьэпрыкIыным къару куэд дыдэ ирихьэлIэн хуей хъуат ди командованием. Мыбдеж щекIуэкIа зауэр гуащIэ дыдэу зэрыщытам и щыхьэтщ нэмыцэхэм хэщIыныгъэу ягъуэтар — мин 20 укIыгъэу, мини 10 гъэр хъуауэ. 1944 гъэм июным и 26-м ар зи пашэ разведвзодыр и гъусэу лейтенант нэхъыжь КIуащыр псом япэ къалэм дыхьат, езым и IэкIэ унэ лъагэ гуэрым бэракъ плъыжьыр щыфIидзат.



КIуащ БетIал майм и 9-м, 1945 гъэ.

Зауэр иуха нэужькIи илъэситIым нэскIэ дзэм хэтыжащ КIуащыр. Нэмыцэбзэр зэрищIэр, педагог IэщIагъэ зэриIэр къалъытэри ар Германием щыщ Лейпциг округым ягъэкIуат цIыхубэм щIэныгъэ етынымкIэ инспектор нэхъыжьу. Апхуэдэхэм я лэжьыгъэм пыщIауэ щыта псор нэхъ наIуэ къыщыхъур иджыщ. АтIэ, зэрытщIэщи, Германием и щIыналъэр текIуа къэралхэм — СССР-м, США-м, Великобританием, Францием — я унафэм щIэт IыхьиплIу, оккупацэ зонэхэу, ягуэшат. СССР-м и зонэм правительствэ мыхьэнэ иIэу унафэр зыIэщIэлъыр Германием щыIэ Совет военнэ администрацэрт. (Советская военная администрация в Германии — СВАГ). Абы хыхьэрт пропагандэм, культурэм, егъэджэныгъэм зи Iуэхур теухуа отделхэри. СВАГ-м и къудамэу Лейпциг щыIэм и лэжьакIуэу арат КIуащыр. Къалэнышхуэ я пщэ къыдэхуэрт а отделхэм — Германием и цIыхухэм я акъылым, гупсысэкIэм, Iуэху еплъыкIэхэм фашист идеологием и хуэмэбжьымэу къыхэнахэр хэгъэкъэбзыкIын. ПсалъэищкIэ къагъэнахуэрт а къалэныр: демократизацэ, демилитаризацэ, денацификацэ. Тынш цIыкIуу зэфIэкIыну зыри яхэттэкъым. Фашизмэр зэтекъутэным и къару псори езыта КIуащым ар щIыхь зыпылъ и къалэну къилъытэу ткIийуэ бгъэдыхьэт Iуэхум. Нэмыцэхэр дисциплинэ зыхэлъ, «мыр законщ» жаIамэ, абы емыбакъуэ лъэпкъ щхьэкIэ, СВАГ-м и лIыкIуэм иригъэкIуэкI политикэр зи гуапэ мыхъухэри куэд хъунт. Зы поп гуэрым цIыхухэр члисэм щызэхуишэсу, «Будь проклят Куашев из Кавказа» жиIэурэ, совет офицерыр «пу нэлат» ищIауэ яIуэтэж.

ЗэпэщIэтыныгъэ къызэрыкIхэм ящыщт нэмыцэ школхэм, университетхэм щаджын хуей тхылъхэр, тхыдэм щыщ цIыхухэу, Iуэхухэу гъэлъэпIэн хуейхэмрэ хуэмейхэмрэ зэхэмыбзу зэрекIуэкIыр. Абы и щыхьэтщ СВАГ-м культурэмкIэ и отделым и нэхъыщхьэ полковник Дымшиц Александр (литературовед цIэрыIуэрщ) ищхьэкIэ щыIэ унафэщIхэм яхуигъэхьа докладым къиша зэныкъуэкъухэр. 2006 гъэм Москва къыщыдэкIащ «Политика СВАГ в области культуры, науки и образования» жиIэу тхылъ. ЗэкIэ къытхуэгъуэтакъым, дызытепсэлъыхьым теухуауэ гъэщIэгъуэн гуэрхэри итынкIэ хъунт.

КъафIэщIынкIи хъунщ СВАГ-м и лэжьакIуэу Германием и культурэ, щIэныгъэ IуэхущIапIэхэм щыIахэм цензор къалэн ягъэзащIэ мыхъу, нэгъуэщI Iуэху зэрамыхуауэ. Дымшиц зи пашэ гупми, КIуащым хуэдэхэми куэд дыдэ зэфIагъэкIащ хьэбэсабэу зэтещэха еджапIэхэр, театрхэр, библиотекэхэр, стадионхэр, нэгъуэщIу цIыхур зыхуэныкъуэхэр зэфIэгъэувэжын, щIэрыщIэу лажьэу утIыпщын, зи культурэр, щIэныгъэр лъагэ дыдэу къэгъуэгурыкIуэ нэмыцэ народым абыкIэ къиихьа ехъулIэныгъэхэр хэмыкIуэдэн, нацистхэм хьэIупс ящIа тхакIуэ, усакIуэ, гуманист ин дыдэхэу Шиллер, Гёте, Гейне хуэдэхэм я пщIэр къэIэтыжын папщIэ. Iуэхушхуэт культурэм и лэжьакIуэ къэзыгъэзэжахэу Германием псэукIэщIэ щыухуэным бгъэдэувахэм унэ зыщIэсын, лэжьапIэ къахуэгъуэтыныр. Гугъуехь мащIэ пылътэкъым апхуэдэхэм шхын къызэрыIах карточкэхэр, паёкхэр къахудэхынми.



1946 гъэм августым и 29-м КIуащым езым и унафэщI нэхъыщхьэм лъэIукIэ зыхуегъазэ Фрунзе и цIэр зезыхьэ военнэ академием и военно-историческэ факультетым еджакIуэ ягъэкIуэну. «Тхыдэмрэ военнэ искусствэмрэ хуабжьу сыдахьэх. Си еджэныгъэм къыпысщэну сыщIохъуэпс». Зауэ зыхэтам и нэгу щыщIэкIахэм зрагъэгупсысахэм къыхэкIа хъунт а IэщIагъэ гъэщIэгъуэн дыдэм гу хуищIыныр. Ар абы сыткIи хуэщIат — гурыхуэт, щIэныгъэшхуэ бгъэдэлът, еджэным пищэнуи и чэзу дыдэт — илъэс 26 ныбжь дахэм итт. Сытым къыхэкIами наIуэкъым — ягъэкIуакъым военнэ академием. Аргуэру илъэскIэ къулыкъу щищIащ дзэм. Нэхъ иужьыIуэкIэ, СССР-м щIэныгъэмкIэ и академием хэта «Институт языка и мышления» жыхуаIэу щытам и аспирантурэм щIэтIысхьат.

* * *

Сигу къоуэ: сэ КIуащ БетIал псэууэ слъэгъуакъым. Стха гуэрхэр Налшык къэсхьу щыщIэздзам ар дунейм зэрехыжрэ илъэсиилъэситIи дэкIагъэнт. ТетрадитI-щы згъэхьэзырри ди унэкъуэщ **КхъуэIуфэ Хьэжбат** деж сыкIуат. Ари зэи слъэгъуатэкъым, и цIэр зэхэсх мыхъумэ. Мыри, КIуащым хуэдэу цIэрыIуэу щымытами, хуэфащэ пщIэ зылъымысыжахэм ящыщщ. Зауэм и ужь илъэсхэм ди культурэр зезыхьахэм, а зэманым нэхъ щIэныгъэ, нэхъ талант зиIа адыгэ интеллигентхэм хабжэ. Нэхъ еджапIэ пажэу Совет Союзым щыIахэм ящыщ Ленинград къыщиухат. (А еджапIэр зищIысыр къыбгуригъэIуэнщ абы зэреджэу щытам: «Ленинградский коммунистический политико-просветительный институт им. Н. К. Крупской». Республикэм къигъэзэжри, радиокомитетым, искусствэ IуэхухэмкIэ Управленэм (апхуэдэут иджы культурэмкIэ

министерствэм зэреджэр) я унафэщIхэм я заместителу щытат. Къэбэрдей опернэ студие Ленинград консерваторием къыщызэIуахам абы и директору ягъэуват, иужькIэ щIэныгъэхутэ институтым, тхылъ тедзапIэм, газетхэм щылэжьат. Сэ абы деж сыщыкIуам щыгъуэ Хьэжбат и узыншагъэри мыщIагъуэжу, унэрыс творческэ лэжьакIуэу псэут. И рассказхэр, очерк хьэлэмэтхэр куэдрэ радиом къитырт, журналым, газетхэм къытехуэрт. Абыхэм удахьэхырт псом япэу я бзэ дахэмкIэ, Хьэжбат и адыгэбзэр апхуэдизкIэ шэрыуэти, ноби къигъэсэбэпырт, ахэр куэдым къахощ. Езыми егъэлеяуэ зригъэлIалIэрт бзэм. А зэманым къалэм зыIыгъ дэтхэнэми псом япэу паубыдыр лэжьакIуэ пажэхэм ятетхыхьыныр арати, Хьэжбат хузэфIэкIырт жэмышхэм, механизаторхэм, шахтерхэм, нартыхугъэкIхэм ятеухуа очерkхэри рассказхэм ещхьу игъэщIэрэщIэн, удихьэхыу итхын.

Бзэр тэмэму щытыным зэрыхуэсакъыпэр арагъэнт хуэсхьа усэхэм я зэпкърыхыныр бзэм деж къызэрыщыщIидзар. Псори фIыуэ кърикъухьат. ИтIани зы нэху кIапэ гуэр яхилъэгъуа хъунт суцIырхъахэми, нэщхъей къэхъуауэ жиIат: «БетIал мыгъуэр псэужатэмэ, чэнджэщ Iэджи къуитынт мыбыхэм щхьэкIэ... УиIэтынт...» Абы щыгъуэ щIагъуэ хэсщIыкIыртэкъым БетIалрэ Хьэжбатрэ, «зэкIэрымыкI» жыхуаIэм хуэдэу, зэныбжьэгъуу зэрыщытам, а тIум я зэгъусэкIам ехьэлIа хъыбар куэд иджыри зокIуэ. Хьэжбат «уиIэтынт»-м кърigъэкIари нэхъ иужькIэщ къыщызгурыIуар, тхэн щIэзыдзэ щIалэгъуалэм КIуащыр зэрахущытам теухуауэ къаIуэтэжхэм щыгъуазэ сыхъуа нэужьщ. Талант гуэр зыдилъэгъуахэм, жаIэж фIыуэ зыщIэжхэм, БетIал, жэщ, махуэ жимыIэу, зарigъэлIалIэу, игъэгушхуэу («иIэту») ядэлажьэрт. Апхуэдэу абы гъуэгу зрита зыбжанэ сэри сахуэзащ. Псоми фIыкIэ ягу къагъэкIыж усакIуэшхуэм гуапагъэу къарихар, я япэ тхыгъэхэр абы и фIыщIэкIэ дунейм къызэрытехьар, езыхэм, тхэн щIэзыдзэ дэтхэнэми хуэдэу, щтэIэщтаблэу, я «гениальнэ» сатырхэр зэрыт тетрадь тIэкIур мопхуэдизу цIэрыIуэм и пащхьэм укIытапэурэ иралъхьамэ, мор къащыгуфIыкIырт, игъащIэм я ныбжьэгъужьым хуэдэу къепсалъэрт.

Ар Iэджэ и уасэкъэ-тIэ? И уасэщ. Дэ а темэм дыщIыхыхьар абыкIэ адрейхэм ямыщIэ гуэр къедгъэщIэжыну аракъым. НэгъуэщIщ. Си цIыхугъэ гуэрым куэдрэ игу къэкIыжырщ. Ар нобэр къыздэсым хуэарэзыкъым «КIуащ БетIал жыхуаIэм» (апхуэдэущ усакIуэм и цIэр зэрыриIуэр). Зэгуэрым абыи и «тетрадь тIэкIур» ихьат КIуащым деж. ЕхьэкI хэмылъу къыжриIат: «УсакIуэ къыпхэкIынукъым». Си цIыхугъэр хущIегъуэжыркъым литературэр IэщIагъэ зэрыхуэмыхъуам — и Iуэху хъарзынэу зэтеувауэ мэпсэу, ауэ и жагъуэ къащIауэ зэрыщытар и гум ихуркъым.

Си лэжьыгъэр абы щытеухуакIэ — гурыIуэгъуэщ: сэри Iэджэрэ къысхуихуащ усакIуэ къыхэкIыну фэ зытемытым ар занщIэу жесIэн хуейуэ. Зызумысыжынщи, сыт щыгъуи сытегушхуакъым абы. «Пэжыр жыпIэну гум и щIасэщ» — жаIэ щхьэкIэ, уи дзэр мэш цIыхум ебубыдылIэу абы щхьэжэ щыхъунумкIэ уещыну. Апхуэдэу щымытамэ, псори зэрызэзэуэжрэ мащIэ щIат! Усэ тхын щIэзыдзэ щIалэхэр, хъыджэбзхэр Iэджэм щыгугъхэу къыпхуокIуэ, Пушкин хьэзыру зыкъызыфIэщIыжахэри яхэту. Тыншкъым я нэгу уиплъэурэ, я гугъэр занщIэу хебгъэхыжыну, ауэ, сыт пщIэн, езыхэр щыбгъэуэнри, литературэм тезыр теплъхьэнри бетэмалщ.

НэгъуэщI зы цIыхугъи сиIащ, езым зэрыжиIэмкIэ, «КIуащым литературэм иримыгъэкIуэлIауэ». Апхуэдэхэр щызэхэсхкIэ семыгупсысу къанэркъым: «Дауэ хузэфIэкIрэт апхуэдизу цIыху гуапэ, псэ хьэлэл, зыгуэрым и жагъуэ ищIын къызэхьэлъэкI КIуащым «УсакIуэ къыпхэкIынукъым» жиIэу занщIэу цIыхум и гур ирихын?» И жэуапри сощIэ а упщIэм.

КъызэрыщIэкIымкIэ, хузэфIэкIырт. Нало Заур и гукъэкIыжхэм гъэщIэгъуэн дыдэхэр хэтщ абы теухуауэ. БетIал, итхыжырт абы, талантым хуэхейуэ, ауэ литературэм гъуэгу пхэнжкIэ къыхыхьэну щIэкъухэм яхуэзамэ, занщIэу къызэкIуэкIырт: «Литературэм хэпщхьэркъым, мыр хъарбыз дыгъуэ фыкIуэ фи гугъэж?!» Илъэс минкIэ щIэтами хъугъэ зыхимыдзэну хъарбыз къэбым иригъэщхьырт къыхуэкIуэ графоманхэр. КIуащыр «Къэбэрдей» альманахым и редакторти, усэ мылъхуэсхэри куэду къыхуахь хъунт. Апхуэдэ «усакIуэхэм», Iуэхуракъэ, дэуэн, никъуэкъуэн зи хьэли къахокI: «Сэ стхар щIытевмыдзэнур сыт? Мобы итхам нэхърэ нэхъыкIэ?»

УсакIуэри, адрей цIыхухэм хуэдэщ, гушыIэфынущ, пцIы тIэкIу IэщIэкIынми зыри хуэIуакъым... Ауэ зы щыIэщ усакIуэ нэсыр (поэтыр) иримыгушыIэфу, зэи пцIы иримыпэсыфу. Ар — Поэзиерщ. АбыкIэ усакIуэр зэи гуитI-щхьитIкъым, зэи хашэ хъуркъым, Поэзиер абы и тхьэщ, и къурIэнщ, и чытапщ, и зэчырщ, и тхьэлъэIущ, пэжыгъэкIэ, гурэ псэкIэ, напэкIэ мыхъумэ, фэрыщIагъэкIэ е нэгъуэщIкIэ бгъэдэмытыфу. И творчествэрщ усакIуэм и пэж пшынэр щыбзэрабзэр, гум и макъамэр къыщришыр. «Губзыгъагъэм» тещIыхьауэ зыгуэр «трилъэщIэну» иужь ихьами, Поэзие-напэм къыхуидэркъым, пэжыр къыдресей, къытокIуэ, жьэнахуагъэр хузэтеубыдэркъым. Аращ усакIуэм (поэтым) и дуней тетыкIэм нэхъри, утыку къиувэу къипсэлъ-нипсэлъ нэхъри и творчествэр щIэнэхъ пэжыр, щIэнэхъ нахуэр, щIэнэхъ къабзэр — Тхьэшхуэм зэриубзыхуам темыкIауэ. ЦIыхум и фэр ехъуэжыф (иджы пластикэ операцэри къежьакъэ), и макъыр ихъуэжын хузэфIэкIыркъым — зы уэрэдым къыхуигъэщIащи, ар имыухыурэ, езыр мэлIэж...

Хьэжбат езыр зыхэтхэм зэгъусэу куэд ягу къагъэкIыж хъунт я ныбжьэгъум теухуауэ, ауэ дэ дыщызэпсалъэкIэ фIэфIыщэтэкъым тхылъхэм иратхэхэм нэмыщI нэгъуэщIкIэ БетIал и гугъу ищIын. СыфIэщIалэIуэу арагъэнт я щэху къызихьэлIэну. Нэщхъей къэхъурт абы и цIэр зэрыжаIэу. Зэ закъуэ сощIэж абыкIэ «и бзэр нэхъ къиутIыпщауэ», и ныбжьэгъур унагъуэкIи и насып зэтемыувэщауэ, и псэм зы гугъуехь гуэр телъу зэрыпсэуар ибзыщIатэкъым. «Ныбжьэгъу и куэдт» жаIэркъэ КIуащыр фIыуэ зыцIыхуу щытахэм? Абы нэхъыфI сыт щыIэ — лIым ныбжьэгъуфI куэд иIэмэ?! Ауэ лIым ныбжьэгъу лей къыщIилъыхъуэр куэдрэ къыхокI абы и «тылыр» (икъукIэ зи щхьэ хуэарэзыжхэм, псом хуэмыдэу къулыкъущIэшхуэхэм, я унагъуэм иригушхуэу, зэрыжаIэщи), и щIыб къыдэтыр, и унагъуэр, зэрымытэмэмым, езыр зыщIэхъуэпс, зыхуэныкъуэм хуэдэ псэлъэгъу, гу бампIэ дэх, псэ тыншыпIэ, зэхэщIыкI абы зэрыщимыгъуэтым. Ар псом хуэмыдэу хьэлъэщ творчествэр зи IэщIагъэм дежкIэ: гурыгъу-гурыщIэхэр нэхъ уэру къыпкърохьэ апхуэдэм, ахэр зыгуэрым дигуэшыным нэхъ къыхегъэзыхь, езыр гу пIащIэщи, чэнджэщэгъу нэхъ хуэныкъуэщ. УсакIуэшхуэм и гум ежалIэр, щхьэжэ щыхъур зэхэзыщIыкI псэгъу зэрыхуэныкъуэм, пIэщхьагъкIэ игу зэрымызагъэм и закъуэт — и лэжыгъэкIи куэдрэ и жагъуэ къащIырт, и биографиеми дагъуэ къыхуагъуэтырт,

зы парт выговорыжьыфIи къыкIэщIаукIат и адэр лафкIэтету, кулакыу зэрыщытар ибзыщIащ жаIэри. Инверсиер — псалъэхэр япэ къэкIуэн хуейр иужькIэ къакIуэу зэблэгъэувыкIыныр, абы и натIэм иту къалъхуащ жыпIэнт. И усэхэм я закъуэтэкъым инверсиер дамыгъэ зыхуэхъуар, езым куэдрэ къыхигъэщ псалъэмкIэ жытIэнщи, и ухыгъэри инверсие защIэт — псори зэблэхъуауэ къыхуепсыхыну Тхьэм иухат, япэ ищын хуейр иужь иту къыхуэкIуэу, нэхъыфIыр и насып къихьын щыхуейм деж — нэхъыкIэр къылъысу, щытхъу хуэфащэмэ, абы и пIэкIэ шхыдэр къыхуагъэтIыгъуэу.

ЗэраIуэтэжым хуэдэу, гушыIэрейуэ цIыхухэм яхэту, гъащIэр фIыуэ уэзыгъэлъагъу усэхэр къыIурылъэлъу щытами, КIуащым сыт щыгъуи гукъеуэ гуэр щэхуу игъэву, пессимизмэр къытегуплIэу, куэд зэримыгъэщIэнур ищIэжу псэуагъэнущ. Ар къызыхэщыж усэ кIапэ-лъапэ гуэрхэри игу къыщыкIыж щыIэт Хьэжбат. Апхуэдэу гукIэ къызэджа зы едзыгъуэ щыщ сатыритI сощIэж:

*ДылIэнущ дэ тIур, Хьэжбат,*
*ЯхуэдгъэщI ди бынхэм уэсят...*

Дэ-тIэ, псори делагъэ-гугъагъэкIэ дунейм дытетщ, игъащIэкIэ дыпсэуну къытщохъу, гъэщIэгъуэну нэхъыжьхэм къаIуэтэжхэр ттхыну дигу къэкIакъым. Иджы доIэбэри, дылъэIэсыжкъым. Хьэжбат и ныбжьэгъум и хьэтыркIэ и щIалэ цIыкIум БетIал фIищат. Зи сатыритI къэтхьа усэр КIуащым экспромту, а сыхьэтым игу къыпылъадэу, зэхилъхьагъэнут. Апхуэдэ экспромтхэр, Iуэху зыхэтым тещIыхьауэ, я гум къредзэри нэхъыбэм ящогъупщэж усакIуэхэм. КIуащри апхуэдэт, жаIэ, ауэ, зэрыхуэдгъэфащэмкIэ, уэсят гукъэкIыр щыгъупщэжакъым. А темэм игъэпIейтей хъунт — абы щыгъуэу пIэрэ жыдоIэ «Си къуэ» усэр щитхар. Усэр езы БетIал псэууэ дунейм къытехьакъым. 1983 гъэм къыдэкIа «Усыгъэхэр» тхылъым и редакцэм, едзыгъуэхэри зэпыдзауэ абы зэрытрадзам тету къыдохь.

*СытекIыжынкIэ хъунщ дунейм —*
*Къыпхузогъанэ гъащIэ пкъор,*
*Ди пщIантIэр, гъатхэр, ущыжейм*
*ПщIыхьэпIэу плъэгъуа псор.*

*Къыпхуэзгъэнэнщ гухэлъ сиIар,*
*Сэ слъэмыкIахэр бгъэзэщIэнщ.*
*Гущащхьэм уэрэд щыбжесIахэр,*
*Си лъэпкъым ягурыбгъэIуэнщ.*

*УкIытэм лIыгъэр тегъэкIуэф —*
*Уи фIыцIэ ириIуэнущ бэм.*
*Къэхъунщ ущылъэпэрэпэн —*
*Уи напэр хужьу тэджыжыф.*

*МыщIау къыумыгъанэ уэ пхуэщIэн,*
*Уи лъахэм хуэпэжыф.*
*Мытыншими гъащIэр, лIэхукIэ ехь*
*Псэун къудейм хуалъхуам.*

*ТетыхукIэ уи лъэр гугъу ирехь,*
*Емыщхьу ари цIыху пхыхуам.*
*СытекIыжынкIэ хъунщ дунейм*
*Гъуэгу сокIу, си куэдщ ныбжьэгъу.*

*Щызопхэ и жьэр си нэхейм,*
*ПхуэсщIынкъым ар гъуэгуэгъу.*
*Дахащэщ дыгъэр, къыттопсыхь.*
*Насып гъатхафIэм ухалъхуащ.*

*Гъуэгуанэ гугъу къыпумыкIухь,*
*Уэ адыгэлIым укъилъхуащ.*
*Ди Iуащхьэмахуэ фIыуэ лъагъу,*
*Пэрытхэм япэ уэ ищыф.*

*Бэм уэ фIы пщIэфым куэд къыщIегъу.*
*Сыт щыгъуи ар зэхэщIыкIыф.*
*ЖегъэIэ Родинэм урикъуэу.*
*Ар си адагъэу бэм язот.*

*Аращи, си къуэ, бжьэ соIэт!*



Зэрытлъагъущи, мыбы унагъуэ псалъэмакъыу хэлъым нэхъ- рэ къэрал хуэIухуэщIэу хэлъыр нэхъыбэщ. Ауэ щатха зэманым и лозунгхэм, и хабзэхэм япэджэж гъэсэныгъэ ущие фIэкIа хэмылъу жыпIэныр тэмэмкъым: езы усакIуэр щIэхъуэпс хъунт и щIалэр пэж дыдэу «къэрал пкъо», родинэм и къуэ хъуну, хэкум хуэпэжу, унагъуэ насыпым хуэхъуапсэми, жылагъуэм и сэбэп зыхэлъыр и плъапIэу къэтэджыну. Къыхэдгъэщынщи, дэ дыдэзыхьэхкъым ущие лейр, молэм и уазу усэр къыхуеджэныгъэ защIэмэ: мопхуэдэу фыщыт, мыпхуэдэу фыщымыт, — художественнэ лъэныкъуэр гъэсэныгъэ дерсхэм ятхьэлэжамэ. Ауэ щIэблэр, гъащIэр сыт щыгъуи Iущыгъэ зыпылъ ущие хуэныкъуэщ, ущиер поэзие фащэкIэ хуэпамэ, нэхъыфIыжщ.

Адыгэ усэм и мыхьэмышхкъым дидактикэ поэзиер. Литературэр цIыхур гъэсэным хуэгъэлэжьэным ари и Iэмэпсымэщ. Щысабийм къыщыщIэдзауэ адыгэм къыдогъуэгурыкIуэ а мурадым хуагъэпса жыIэгъуэхэр, псалъэжьхэр, усэхэр, притчэхэр, ислъам диным къыздихьахэу бегъымбарым теухуа хьэдисхэр. («Гупсыси, псалъэ, зыплъыхьи, тIыс», н.къ.). ПащIэ Бэчмырзэ и закъуэ къыт-хуигъэна чэнджэщхэм лIэщIыгъуэкIэрэ урикъуни: «ЩымыIэ хабзэм фемыджэ, // Къывэмыджэ гупым фымыкIуэ, // ЩхьэхуэкIуэ фадэ фемыфэ, // Къэфэрейм Iэгу фыхуемыуэ». Адыгэм и закъуэ, тхылъеджэхэм я нэхъыбэм мыпхуэдэ усэхэр нэхъ я гурыхьщ. ЩIагъыбзэ метафорэр псоми къызэдалъытэу щыткъым, щIыщытыни щыIэкъым. КъагурымыIуэн дыдэри хэлъщ, ар бгъэщIэгъуэни хуейкъым, зыми игъэщIагъуэркъым Бетховен хьэмэ Вивальди и музыкэм дэтхэнэ зыри зэрыдимыхьэхыр, абыхэм нэхърэ хэти ди къафэр, хэти «рокыр» нэхъ къызэрищтэр. Поэзиери ращ, «Я помню чудное мгновенье» жыхуиIэм, е метафорэ зэкIуэцIыуплIэнщIам, пшэкIухь зыщхьэщыт образ мыIупщIым

нэхърэ, зыхуейр занщIэу къызэраIуатэ, публицистикэ теплъэ зиIэ псалъэ шэрыуэхэр нэхъ къащтэ нэхъыбэм.

«Си къуэ» усэр зыри дэдмыгъэхуу къыщIиттхыкIам нэгъуэщI щхьэусыгъуи иIэщ. Мыр КIуащым и иужьрей дыдэ тхыгъэхэм ящыщщ, елэжьыжын игугъауэ къыщIэкIынущ, щIыпIэ щхьэхуэхэм етхъунщIэуэжын зэрыхуеяри нэрылъагъущ. «Уэсят» жиIэу фIимыщами, апхуэдэу плъытэ хъунущ. УсакIуэр езыр зыхущIэкъуу щыта хъуапсэныгъэхэрщ и щIалэм зэрыхуэупсэри.

Дэ мыр едгъэпщэнут къуэм хуатхауэ дунейм къытехьа усэхэм ящыщу нэхъ ягъэлъапIэ дыдэм — инглыз тхакIуэ, усакIуэ хьэлэмэтыщэ Киплинг Редьярд и къуэм хуитхам. Дигу къэкIыхэркъым КIуащыр абы къеджэу езым и «уэсятым» етIысылIауэ. Усэхэр зытегъэпсар, абыхэм яхэлъ гупсысэхэр зэрызэпэджэжырщ дгъэщIагъуэр. Киплинг и тхыгъэр дунейм къыщытехьар 1910 гъэрщ. Лъэпкъ Iэджэм я бзэкIэ зэрадзэкIащ. УрысыбзэкIэ зэдзэкIауэ 10-15 нэс щыIэу къалъытэ.

1992 гъэм, «зэвгъапщэ» жыхуаIэ щIыкIэу тэрмэш лIэужьыгъуэу плIы зэгъусэу къытрадзат «Иностранная литература» журналым, инглыбзэ текстри я гъусэжу, псоми къызэралъытэмкIэ, мы усэми ущиер нэхъ къобэкI, цIыху щхьэхуэм и гурыгъу-гурыщIэхэр жылагъуэ Iуэхухэм я гущIыIу къохъу. Инглыз дидактикэр дэ «Унэм зыщыгъаси, хасэм кIуэ» жыхуэтIэм нэхъ пэгъунэгъущ, щIалэщIэр цIыхухэм зэрахыхьэн, зэрахэтын, зыхэтми пщIэ яхуищIу, езыми «зыхримыгъэлъафэу» дунейм тетыным тещIыхьащ. «Гупым хэтыкIэ пщIэмэ, хабзэ пхэлъмэ, сытым дежи уи щхьэ хуэфащэ пщIэ хуэпщIыжу зыбгъэсэфмэ, дунейр — ууейщ» жыхуиIэщ. Мыбдежи лирикэр нэхъ щIэуфащ, итIани цIыхур зэщIиубыдэу, къызэщIиIэтэу къару щэху гуэр хэлъщ усэм — лирикэ хъужым псом япэу хэлъын хуейр.

ЦIыхубэр а щэхуми, нахуэми зэрыдахьэхым и щыхьэт наIуи щыIэщ. 1991 гъэм критик, литературовед Ивановэ Татьянэ «Россия» радиомкIэ къеджат Киплинг и усэм. ЩIэрэ гъунэрэ зимыIэ жыхуаIэм хуэдэт абы цIыхуу къыщIэупщIар: иджыри зэ фыкъеджэ, и текстыр къытхуевгъэхь, радиом къыщитынум деж хъыбар дывгъащIэ... ИлъэситIым нэскIэ къытригъэзэжурэ критикыр тепсэлъыхьащ усэм, письмоуэ къыхуагъэхьар апхуэдизкIэ куэдт, гъэщIэгъуэн защIэти, нэгъуэщI Iэмал игъуэтыжакъым, а усэ закъуэр фIыуэ зылъагъухэм я клуб къызэригъэпэщын мыхъумэ.

Апхуэдэ зэрымыхабзэр сощIэ (апхуэдэ хабзэ къэбублэкIэ зы емыкIуи хэмылъми), ауэ сэ зы мурад сщIащи, къыздаIыгъыну согугъэ. Мы тхыгъэм хызогъэувэ Киплинг и «Уэсятыр» урысыбзэкIэ. Тэрмэш лIэужьыгъуэу (ахэр псори блы мэхъу) сиIэм къыхэсхащ Лозинский Михаил зэридзэкIар. Арат Ивановэр радиокIэ къызэджари. Зэвгъапщэ, фи бынхэм факъыхуеджэ — уситIми зэгъусэу.

**ЗАПОВЕДЬ**

*Владей собой среди толпы смятенной,*
*Тебя клянущей за смятенье всех,*
*Верь сам в себя наперекор вселенной,*
*И маловерным отпусти их грех;*
*Пусть час не пробил, жди, не уставая,*

*Пусть лгут лжецы, не снисходи до них;*
*Умей прощать и не кажись, прощая,*
*Великодушней и мудрей других.*

*Умей мечтать, не став рабом мечтанья,*
*И мыслить, мысли не обожествив;*
*Равно встречай успех и поруганье,*
*Не забывая, что их голос лжив;*
*Останься тих, когда твое же слово*
*Калечит плут, чтоб уловлять глупцов,*
*Когда вся жизнь разрушена, и снова*
*Ты должен все воссоздавать с основ.*

*Умей поставить в радостной надежде*
*На карту все, что накопил с трудом,*
*Все проиграть и нищим стать, как прежде,*
*И никогда не пожалеть о том;*
*Умей принудить сердце, нервы, тело*
*Тебе служить, когда в твоей груди*
*Уже давно все пусто, все сгорело.*
*И только Воля говорит: «Иди!»*



*Останься прост, беседуя с царями,*
*Останься честным, говоря с толпой;*
*Будь прям и тверд с врагами и с друзьями,*
*Пусть все, в свой час, считаются с тобой;*
*Наполни смыслом каждое мгновенье,*
*Часов и дней неумолимый бег, —*
*Тогда весь мир ты примешь как владенье,*
*Тогда, мой сын, ты будешь Человек!*

КИПЛИНГ Редьярд

* * *

**КIуащ БетIал и поэзиер** зы пIалъэкIэ и пIэм ижыхьа адыгэ литературэм къыжьэхэуат псы къиуам и къарукIэ — щхьэмыгъазэу, IэубыдыпIэншэу. Щхьэхь-псэхьу утыкум къилъэдат, къуршхэм къыщызэрыIэта уафэгъуагъуэр хъунщIэпсынщIэету губгъуэ тафэм зэрыщхьэщылъадэм, е тенджызым и щхьэфэ сабырым епыджауэ толъкъун лэрыджхэр зэщIэзыгъэбатэ жьыбгъэ хъыжьэм хуэдэу. Зэгъэпщэныгъэхэм дзыхь щыхуамыщIи мащIэкъым, ауэ мыбдеж ахэр зэгъэпщэныгъэщи — зэгъэпщэныгъэщ, нэгъуэщI зыри хэлъкъым, цIыхум Iэпщэ къарукIэ хулъэкIынумрэ природэм и къэхъукъащIэу зыри зыпэмыувыфхэмрэ зэрилъыту аркъудейщ. Сыти жыIи, мыр псори поэзием тещIыхьа псалъэмакъщ, щIэныгъэхутэ трактаткъым. Зытхым езым гукъэкI ищIахэр къигъэнахуэу аращ, абы начальникхэр арэзы техъуэн, хьэмэ ар ефэндым дурыс ищIын хуейуэ щыткъым. Поэзиер зыми еупщIыркъым, езыр цIыху бэлэрыгъам и гум уафэгъуагъуэу тозэрыхь, и акъыл жьажьэм уафэхъуэпскIыу зыпхедз, зыпхедзри, ар гупсысэ жаным хузэщIегъастэ. «Уз» щхьэпэр езыми къыпкърыхьауэ зэрыщыта щIыкIэр апхуэдэ дыдэущ «къызэригубзыгъыжыр» ди усакIуэ нэхъ

пажэми: «Ууафэгъуагъуэт, зэм ущыблэт... Упсы къиуауэ сэ сепхьэхырт...» (КIыщокъуэ А., «Поэзие»).

Пэжщ, КIуащым нэхъ пасэуи зыгуэрхэр итхат, усэ зытIуи дунейм къытехьат. Абыхэми хъуаскIэ гуэрхэр къыхэцIыщхъукIырт. ЩоджэнцIыкIу Алий ауэ сытми гулъытэ хэха хуищIагъэнтэкъым литературэм егъэлеяуэ дихьэх щIалэм. АтIэми, къызэрыщIидзам тету къэнамэ, дэ КIуащ БетIал жаIэу усакIуэ телъыджэ диIэну къыщIэкIынтэкъым. Сытым къыхэкIами, илъэс зытхухым нэгъуэщI хъэтIкIэ зиублэрэкIат щIалэм зэ къищтауэ щыта къалэмым. КIуащыр лIы зыщIар, ипкъри, и акъылри зыпсыхьар, дауи, зауэрщ, абы и гурыгъузхэу, илъэсищэкIэ псэуами, сэлэтым щымыгъупщэнухэрщ. Зауэм адыгэ усэм и зэхэлъхьэкIэщIэ, трофей хьисэпу, къыздрихауэ жыIэгъуейщ. ИтIани, пщIэну щыткъым...

Дигу къэдгъэкIыжын хуей мэхъу 1940 гъэхэм я курыт илъэсхэм къэбэрдей литературэр зэрыта щытыкIэр. ТхакIуэ, усакIуэ хъарзынэхэр щыIэт. Ауэ я Iэдакъэ къыщIэкI псори цым и кIуапIэкIэ телъэщIат, хъыджэбзаплъэ кIуэну зызэзыгъэпэща щIалэм хуэдэу, зэщIэупсат, цIыхухэр зытет гъуэгухэр псори фочыкуу занщIэт, зы дыркъуи, зы гуани имыIэу, езыхэри пщIэнтэкъым гукъыдэжым къызэгуич защIэу, мы дунейм зы гукъеуи, зы къыхэщти щамыIэу псэу фIэкIа. ГъащIэри, а зэман дыдэм траха «Кубанские казаки» фильмым хуэдэу, щIэращIэт, тхъэжыгъуэт. «Социализм щаухуа къэралым конфликт къыщыхъункIэ хъунукъым» — жаIэу парт унафэхэмкIэ щIаIуэнтIэжа Iуэху еплъыкIэ гъуазэу ягъэувати, абы текIыфыр закъуэтIакъуэт. ТхакIуэхэми, усакIуэхэми, уэрэд зыусхэми, кино тезыххэми, зэбгъэдэувэу тхьэ зэхуаIуам хуэдэу, зи Iуэху зэрахуэр зыт — Сталиныр, партыр, къэралыр гъэлъэпIэнырт, совет псэукIэм хуэдэ дунейм темыту, совет цIыхухэм хуэдэу насыпыфIэ зыщIыпIи щымыIэу, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, КъухьэпIэ Европэм щытепщэ империалистхэр зы къэмынэу бзаджэнаджэу, гъэпщылIакIуэу, зауэ зэщIэгъэстакIуэу къэгъэлъэгъуэнырт. Дыдейм и закъуэт — апхуэдэт совет литературэр зэрыщыту. Мис а я щхьэр ягъэфIэжу псори зыщхьэщыс псы хуэмыр къигъэукъубеят КIуащым и усэм, абы лагъым хидзэу и лъащIэм къыщигъэуам хуэдэу. Жылэм зи Iуэху зэрахуэми зыдумыщIу хъуртэкъым — КIуащми хьэкъ къытенакъым партми, Сталинми, совет псэукIэми щытхъупс къегъэжэхынкIэ, уеблэмэ, щригъэлеи щыIэу, империалистхэр ауан щIын, шыбгъэ къилъхьэнкIи хуэмыхуу щытакъым. Къэбэрдей прозэм а зэманым зэрызиIэтышхуэ щыIэтэкъым. Поэзиер арат нэхъ узыщыгугъынури ари политико-идеологие мэсхьэбу къэралым щытепщэм и къапхъэным ираубыдат. Зы закъуэ щыIэт усакIуэхэр а тхэкIэм зэрыдихьэхыщэр фэрыщIагъ зэфэзэщу жыпIэныр игъуэджэ ищIу: фIэщхъуныгъэ яхэлът, къабыл ящIар, гурэ псэкIэ къащтар арат уэрэд зыхуаусри. НэгъуэщIу нобэ абы уегупсысыныр, ди япэ ита нэхъыжьыфIхэм а зэманым ятхыу щытар ябудэкIыжыныр гуэныхь зыпылъщ. Сытыт уэрэдхэм щаIэтри? Коммунист партыр, Сталиныр, зауэм къыщахьа текIуэныгъэ иныр. НэгъуэщIу жыпIэмэ, гугъуехь щIашэча, я лъыр уэру щIракIута, я гъащIэ дыдэри щIатыну хьэзыру бий бзаджэм щIыпэщIэта лъапIэныгъэхэрт.

Абы щыгъуи, КIуащым и «мэсхьэб усэхэр» адрейхэм къахэщырт. Ауэ абыкIэтэкъым псори зыщытхъужу зыщхьэщыс «псы хуэмыр» и пIэм зэрырихуар. Адыгэбзэм усэ гъэпсыкIэщIэ хузэхилъхьащ, адыгэ усыгъэм зэи хэмыта макъамэхэр, темэхэр, образ ухуэкIэхэр, жыIэгъуэ хьэлэмэт дыдэхэр къыхуигъуэтащ. Абы и кхъухьыр «псы хуэмым» къыщытехьам пасэрей парусникхэм е зи уэнжакъыжьым Iугъуэр кърицыцыкI пароходхэм иджырей крейсер къахэувам хуэдэт. Адрей кхъухьтетхэми поэзием и тенджыз лъагъуэхэр я гъуэгужь пэтми, щIэуэ къахыхьам псори зригъэплъыжат.

КIуащым и литературэ щIэиныр зэрыщыту литературовед хабзэхэмкIэ, терминхэр ди Iэмэпсымэу, зэхэдгъэзыну иджыпсту ди къалэнкъым. Дэр нэхърэ нэхъыфIуи, нэхъ пасэуи абы елэжьа щыIэхэщ. КъэкIуэну зэманми, Тхьэм жиIэмэ, къэунэхунщ зыми емыщхь усакIуэм и тхыгъэхэр нэхъ кууэжу зыджын. Дэ мы статьям дыщIыпыхьар нэгъуэщIщ — дэри гу зылъытта, дызыгъэгуфIэ, дызыгъэгушхуэ, е дигу къеуэ гуэрхэмкIэ тхылъеджэм дыдэгуэшэнырщ. ИтIани КIуащым и лэжьыгъэр зэрыщыту къапщтэмэ, абы и мыхьэнэр белджылы къэзыщI псалъэ кIэщI хэдмыгъэхьэмэ, тэмэм хъунтэкъым. А мурадымкIэ дэ къыхэтхащ литературэм и лъэныкъуэ псори Iэзэ дыдэу щIэзыпщытыкIыфу щыта Сокъур Мусэрбий усакIуэм хуигъэфэща пычыгъуэр: «КIуащ БетIал щыщщ зи гъуэгуанэр пасэ дыдэу къэзыгъуэтыжа усакIуэшхуэхэм. Мыбы и япэ сатырхэм езыр зыщыгъуазэ щапхъэхэм я джэрпэджэжыр зыгуэркIэ къецырхъа щхьэкIэ, щIэх къигъэлъагъуэу щIидзащ ди поэзиер зыщымыгъуазэ усэ гъэпсыкIэ. ЩоджэнцIыкIумрэ КIыщокъуэмрэ я дерсхэр къилъытэурэ, БетIал икъукIэ жан ищIащ адыгэ усэм и Iэпкълъэпкъыр, щIалэгъуэм и къару мылъытэкIэ ар иузэдащ, нэгъуэщI лъэпкъхэм я усэ культурэм и налъэ куэд анэдэлъхубзэм екIуу къригъэзэгъащ, псалъэ къызэрыгуэкIхэр сатырхэм къыщигъэщIэращIэурэ, усэ къэIуэтэкIэр икъукIэ щIэщыгъуэ ищIащ, ди литературэми къыхэнащ щIалэгъуэ мыухыжым и усакIуэ уахътыншэу. Хэкум и бын хьэлэл псоми я гум къиишхыдыкIам хуэдэу, гъэхуауэ псэлъафэ куэд къыхилъхьащ БетIал ди поэзием, игурэ и щхьэрэ щызэтелъым деж ткIыбжьу къыпфIэщI жыIэгъуэхэри уардэу ипсыхьын хузэфIэкIырт...»



Къыщыхъу щыIэщ КIуащым щIэуэ поэзием къыхихьар щалъытэкIэ лъахъшэIуэу щраупщIэ, литературэр абы зэригъэбжьыфIар рифмэхэм хуахьрэ абыкIэ щызэфIагъэкI. Хэт шэч къытрихьэн — сабий дыхьэшхыкIэу къызэрылъэлъ рифмэхэм я уэзджынэкIэ зэщIигъэжьгъыжьгъат КIуащым адыгэ усыгъэр. Дэри ар зыщыдгъэгъупщэнкъым, ауэ «новатор» (мы псалъэм дыщIыщышынэн лъэпкъ щыIэкъым, ди бзэкъым, жытIэу) щIыхь зыпылъ фIэщыгъэр абы щIыхуагъэфащэр рифмэм и закъуэкъым, дэ дызэригугъэмкIи, КIуащым и поэзиер псом япэу «КIуащым и поэзие» **зыщIар рифмэркъым, атIэ ритмэрщ** (терминыр къыдогъэсэбэп усэ гъэпсыкIэм и закъуэ хэхауэ емыхьэлIауэ, «ритмэ» къэпсэлъыкIэ иIэу нэхъ къищтащ адыгэбзэми, апхуэдэу дэри дотх). Ритмэм бжьыпэр щIеттыр гурыIуэгъуафIэ мыхъункIэ хъунщ, жытIэну зяужь дитыр нэхъ кууэ къыщIэдмыгъалъэм. Физикэри

дигу къэдгъэкIыжынщи, дунейр зэдэууэ, и пкъыгъуэ псори зэдэджэрэзу, зэпкърымыщэщу зэщIэзыIыгъэри ритмэрщ, а псори зы мардэм тету, я увыпIэкIэ зэпэбжу, зэхъуажэу, зым зиIэтмэ, адрейр ехыу, къытрагъэзэжрэ, зым и пIэм адрейр иувэжу, зэрызэдекIуэкIырщ. ЦIыхуми, псэ яIуту къигъэщIа псоми гъащIэ къезытыр я гур зы ритмэм иту къызэреуэрщ. Дохутырхэм «аритмия» жыхуаIэм, гум и къеуэкIэр езым и мардэм текIыным, Iуэхур нэсамэ, убэлэрыгъ хъужынукъым. (Мыхэр зытхым езыми къыгурыIуамэ хъунут ар!)

ИскусствэмкIэ къэбгъэзэжми — аращ. Уэрэдым пкъы хуэхъури, жыпхъэ къезытри, къафэр макъамэ зэпIэзэрыту зышэщIри, ар уджкIэ зыхъуэжыфри, езы пшынэр зыгъэбзэрабзэри, къэфакIуэм и лъакъуэхэр щIэзыгъэлъэтри, симфоническэ оркестр инхэр дирижерым и баш псыгъуэ цIыкIум «къыдэзыгъэфэразэри» ритмэрщ. Усэр зыгъэпсыр, зы къупхъэ, зы пщалъэ изыгъэувэри, «метр», «размер» жыхуэтIэхэри хэту, ударенэ зытехуэ-зытемыхуэ макъхэр, хэIэтыкIа-хэмыIэтыкIа пычыгъуэхэр зэблэхъуа зэрыхъурщ. Поэзие жыхуаIэжыр къыщыунэхур художественнэ псэлъэкIэр мардэ хэхам, ритмэ шэщIам щытрашэм, усэм и щIыкIэмрэ псалъэ щхьэхуэхэмрэ зыр зым декIуу щызэрыубыдым дежщ.

Нэхъыбэм темэм езым «къыхех» езым хуэфэщэж ритмэр, ари зэманым и бэкъуэкIэм, зекIуэкIэм тещIыхьауэ. АбыкIэ щапхъэ гъуэзэджэщ КIуащым и «ДжонитI» поэмэр. Лъэхъэнэ къэс езым и зауэ ритмэр еубыдыж. Телъыджэ хъунт етIуанэ дунейпсо зауэм и быр-сырхэр, батэкъутэхэр гекзаметркIэ къритхэкIыну нобэрей усакIуэр иужь ихьатэмэ. Гынырыуэ Iэщэр къыщежьэм зауэм и ритмэм ину зричащ, зихъуэжащ ар къызэрыратхэкI усэ лIэужьыгъуэми (размерми). Ефлъытыт абыхэм япэкIэ щыIахэм Пушкин и «Полтавэ» поэмэм е Лермонтовым и «Бородино», «Валерик» усэхэм ящIэт макъамэр. XX лIэщIыгъуэм къэхъуа зауэхэм нэхъри щIагъэпсынщIащ «батальнэ» теплъэгъуэхэм я къетхэкIыкIэр, я ритмэр.

Литературэм и «псы хуэмыр» къигъэукъубейуэ тIысыжакъым КIуащыр. «Лыгъэр иридзащ» адыгэ усэхэм я фонетикэм, синтаксисым — псалъэ щхьэхуэхэр зэпыувэурэ, жыIэгъуэ, жыIэгъуэхэр псалъэуха зэрыхъу щIыкIэм. Зэи адыгэбзэм имылъэгъуа рифмэхэр абы щIигъужри, ритмэ зэпыхьэ-зэпыкIхэр, къикъуэлъыкIрэ къибыргъукIхэр, и кIэм нэсмэ, шэщIауэ, Iэпэ дэупIэ ямыIэу, зэужьу зэпыувэжхэр, усэм Iэпкълъэпкъ хуищIащ. «Усэ зэхэлъхьэкIэр реформэ ищIащ» щIыхужаIэм куэд къокI. КIуащым и ритмэхэр занщIэу къыщыпхуэмыубыд къохъу, ауэ къэбубыдамэ, пщымыгъупщэжу гум къонэ. Усэ нэхъыфIхэм я хьэлыр аращи — шы кIуэрым хуэдэщ, зэм къищта кIуэкIэм къызэрытригъэзэжынур пщIэуэ, тхыгъэм адэкIэ укъоджэ, пкъыгъуэхэм я зэрыIыгъыпIэм зыгуэр дэхуамэ, «уолъэпэрапэ». Мыбыи ди нэ хуэдуфIыцIынкъым: «узыгъэлъэпэрапи» къахохуэ КIуащым и ритмэ щIэкIуэрыкIхэм. «ЩIихьэкъуэ» хъужыкъуэмэ, авторым езым «къыщыжьэдикъуэж» щыIэщ: зэ умыпIащIэт, къэувыIи, тIэкIу бауэт: адэкIэ къэкIуэнум нэхъ гупсэхуу къегъаджэт цIыхухэр. Сыту пIэрэт усакIуэр апхуэдэ ритмэм хуэзышар?

Псом япэу ритмэм усэ тхыгъэм щигъэзащIэ къалэныр кууузэ къызэрыгурыIуэрщ. Ритмэм, усэм щIэлъ музыкэм увыпIэшхуэ дыдэ щаубыд КIуащым и щIэныгъэхутэ лэжьыгъэхэм. А лэжьыгъэхэр езыхэр псалъэмакъ щхьэхуэ зыхуэфащэ гуэрхэщ. БогъэщIагъуэ иджыри къэс абыхэм нэсу пщIэ зэрыхуамыщIар, езы КIуащми тхыгъэ купщIафIэ дыдэхэр нимыгъэсу, диссертацэри имыухыу зэрыхыфIидзэжар: апхуэдиз зэманрэ къарурэ абыхэм щIатригъэкIуэдари сытыт итIанэ? ХуэмыIэижьу арауэ пIэрэт апхуэдэ IэщIагъэм? ФIыуэ зыцIыхуу щытахэм, Iуэхуми хэзыщIыкIхэм ящIэрт: КIуащыр IуэрыIуатэр, бзэр джынымкIэ зэфIэкIышхуэ зыдэплъагъу щIэныгъэлI хьэзырт. Наукэр IэщIыб зэрищIыжам и щхьэусыгъуэу къагъэлъагъуэр зыт: усэным дихьэхри, мор къыфIэIуэхужакъым. Ари къыумыдзэххэныр тэмэм хъункъым, ауэ мыр щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу, щхьэусыгъуэ закъуэу уи фIэщ пхуэщIыркъым.

Аргуэру жытIэнщи, **зэманыфI хэхуатэкъым усакIуэр.** ТекIуэныгъэм и дыгъэ нурыр къащхьэщыту Берлин къикIыжа лIыхъужьхэм иджыри зы зауэ къапэплъэрт — «зауэ щIыIэр». Иджы лъэныкъуэхэр щызэпэщIэтыр идеологие фронтырт, абы и быдапIэхэр топкIи пхуэмыкъутэн, танккIи пхуимыщIыкIынт. ИщхьэкIэ зи гугъу тщIа фIэщхъуныгъэр зыхэлъхэм хэкум и сэлэтхэу мыбдежми зыщалъытэжырт, хэкум и щIыхь, и нэмыс хэутэн уагъэщIынутэкъым, гугъуехьу къалъыкъуэкIри къэмыдзыхэу, мыгъыу-мыбжэу ирахьэкIырт, зыгуэркIэ мыарэзыми зыкъуамыгъэщIащэу.



А илъэсхэм гуманитар щIэныгъэхэм зэрыхьзэрий щыкуэдт. Властхэм, парт унафэщI нэхъыщхьэ дыдэхэм ерыщ екIуауэ иракъухьырт идеологие лэжьыгъэм нэхъ пыщIа творческэ интеллигенцэр. Сыт щыгъуи хуэдэти, нэхъ удын хьэлъэр тхакIуэхэм ятехуат. 1946 гъэм ВКП(б)-м и ЦК-м «Звезда», «Ленинград» журналхэм ятеухуауэ къыдигъэкIа унафэм, ардыдэм папщIэ ЦК-м и секретарь Ждановым ищIа докладым яужькIэ натIэрыIуапIэ ящIат тхакIуэ хьэлэмэтхэр: Ахматовэ Аннэ, Зощенкэ Михаил, нэгъуэщIхэри.

«Хьэр къахэжьат» тхыдэтххэми. Марксизм-ленинизм мэсхьэбым тэмэму теткъым — жаIэри зыкъом лэжьапIэм Iуахуат, зыкъоми ягъэтIысат, ди институтым и лэжьакIуэ Кокиев Георгии яхэту.

Бзэ щIэныгъэм хуэлажьэ IуэхущIапIэхэри арат. Бжьэцу зэрызехьэт КIуащыр здэщыIэ институтри, абы бзэмрэ философиемрэ япыщIа Iуэхугъуэхэр къызэрыщахутэм и закъуэтэкъым ар нэщанэуапIэ нэхъ щIащIар. Институтым зэрихьэрт академик Марр Н. Н. и цIэр. Профессоррэ академикыу хэкум исыр зэщыхьэжауэ щIызэдауэр мис а Марр дыдэм «Яфетическая теория» жиIэу къигупсысар пэжрэ пцIырэ яхузэхэмыгъэкIыжу арат. ЛIэнкъэнэну зэпэуват еджагъэшхуэхэр. «Правда» газетым и утыкум нэсат я зэныкъуэкъуныр. Ахэр къыфIэмыIуэхуу хъунт КIуащ-аспирантми? Бзэхэр джыным абы и гур хузэIухауэ зэрыщытар наIуэ дыдэу къыхощыж БетIал дэлэжьа, и ныбжьэгъуу щыта Багъ Пётр и гукъэкIыжхэм. «Усэным къыхуамылъхуатэмэ, абы бзэмкIэ щIэныгъэлI гъуэзэджэ къыхэкIынут», — шэч къытрихьэртэкъым Пётр. Бзэхэм хуэгурыхуэ дыдэ цIыху щыIэкъэ, «полиглот» хужаIэу — ап-

хуэдэт БетIал. Урысыбзэмрэ нэмыцэбзэмрэ нэмыщI къыгурыIуэрт икIи ирипсэлъэфт грузиныбзэм, осетиныбзэм, нэгъуэщIхэми. Зи жагъуэ ящIу илъэгъуам къыщхьэщыжынут Iэмал имыIэу, — итхыжат Багъым. 1948 гъэм Къэбэрдей щIэныгъэхутэ институтым зэхуэсышхуэ, конференц, щекIуэкIырт Марр и бзэ теорием теухуауэ. А лъэхъэнэм Марр и теориер зи напщIэ телъхэм я хьэмтетыгъуэт, абыкIэ мыарэзыхэр дурэшым дагуэрт. Марр и лэжьыгъэхэм щытхъупсыр къригъэжэхыу конференцым доклад щызыщIа профессор Яковлевым (адыгэбзэр джыным куэд дыдэрэ елэжьат) псалъэ пхъашэ ярипэсат Марр и Iуэху еплъыкIэр къэзымыщтэ грузин еджагъэшхуэхэу Ломтатидзе Кетованрэ Рогавэ Георгиерэ (зэщхьэгъусэхэт, адыгэбзэм теухуа лэжьыгъэ хъарзынэхэр яIэт, КIуащым и ныбжьэгъуфIхэт). Яковлевыр КIуащ-аспирантым и научнэ унафэщIт. Абы къигъэувыIакъым БетIал, Яковлевым мо тIум лейуэ якIэрилъхьэр имыдэу къэуващ. Абы къэрикIуэнкIэ хъунур научнэ унафэщIым и губгъэн къызэрихьынум и закъуэтэкъым. Къэрал политикэм щыщ хъупа Марр и теорием уаспиранту упэувыныр дзыхьщIыгъуэджэт. Аспирантурэм укъыщIадзыжыныр зырикIт, нэхъ Iеижым Iуэхур хуамышэмэ.

Мыгувэу бзэм теухуа щIэныгъэр къызэзыдзэкIа тхылъыр дунейм къытехьащ — «Марксизмэмрэ бзэ щIэныгъэм и Iуэхухэмрэ», езы Сталин дыдэм итхар. Марр и теорием зы къыхэмынэжу зэхигъэщэщат вождым. Псом хуэмыдэу щыуагъэу къигъэуват а теориер социальнэ классхэм я бэнэныгъэм щыхэщхьэрыуэ лъагъуэхэр, «базис», «надстройка» жыхуаIэхэм академикым хъырц химыщIыкIыу къыщIригъэдзат. ЖиIэ хуэдэт: «класс бэнэныгъэр» марксизмэм и лъабжьэщ, ауэ ар фигу къихьэ псоми хэвмыIу».

Абы нэхъ хэмылъу, дунейм зыкъиублэрэнкIщ, шэрхъым «IэщIыбкIэ» екIэрэхъуэкIыжу щIидзэри, «яфетическэ теориер» гурэ псэкIэ къабыл ящIауэ абы щхьэкIэ дауэхэри, ауэ сытми ирисондэджэрхэри, нартхэ я жаншэрхъым хуэдэу, зытекIэрахъуэр зэтриIущIэу щIидзащ. Еджагъэшхуэхэм ящыщ куэдхэр хэт кафедрэхэм кърахуащ, хэти фIыуэ ягъэсысащ зэдэуэным гукъыдэж хуамыIэжу. А псор зи нэгу щIэкI аспирантхэм фIы ягу щыщIэнт, мащIэтэкъым зи диссертацэхэр зэфIэзытхъыжахэр.

И Iуэхур къещэтэхыжат Яковлевми. Багъ Пётр зэритхыжамкIэ, КIуащ БетIал цIыхугъэшхуэ зэрыхэлъымрэ гушхуэ зэрыкIуэцIылъымрэ абдежи зэ наIуэ къыщыхъуащ. Псоми я щIыбыр зыхуагъэза, нэмыплъ зрат профессорым дэIэпыкъуэгъу хуэхъужари, и гур фIы хуищIу бгъэдэтари и аспирант «Беталчикт».

Тхыдэ тхыным и шэрхъри и «щIыбкIэ» екIэрэхъуэкIыжу зэтрагъэпсэжат. Революцэм иужь илъэсхэм щыщIэдзауэ хуабжьу шыбгъэ кърaлъхьэрт Урысейм Кавказым щригъэкIуэкIа колониальнэ политикэр, пащтыхьым и генералхэм мыбы лейуэ щызэрахьар ямыбзыщIу. 1940 гъэхэм Кавказ зауэм и тхыдэр къызэрагъэлъэгъуэжым кIэщIу зихъуэжат. Иджы жаншэрхъыр зигу ебгъэм ираутIыпщу Хьэрэмэ Iуащхьэ тетхэм къызэрагъэувымкIэ, Кавказ Ищхъэрэм мыгъуагъэу къыщыхъуа псор бгырыс пщыжьуэркъыжьхэмрэ тырку сулътIанхэмрэ я лажьэу жыпIэн, адыгэ

лъэпкъхэр зытеунэхъуа истамбылакIуэри абыхэмрэ муслъымэн дин лэжьакIуэхэмрэ я закъуэ ятекъуэн хуейт. Тхыдэм и Iуэху нэщхъеягъуэхэр къыхэщыжу куэд дыдэ хэтщ ди фольклорми, абы блэкI хъуркъым диссертацэ зытх КIуащри. Езым а Iуэху бгъэдыхьэкIэр нэхъ фIэкъабылу щытами, политикэм зыдищIауэ арами, фIыуэ яхуэхъущIат пщыжь-уэркъыжьхэми, тырку сулътIанхэми, молэхэми, абыхэм нэмыщIкIэ адыгэ уэрэдыжьхэм я купщIэр «зэрахьэкIыну иужь ита» «буржуазнэ националистхэми». Апхуэдэ IэдакъэщIэплъыкIэкIэт зэреплъыр 1936 гъэм къыдэкIа «Кабардинский фольклор» тхылъ хъарзынэми. МыбыхэмкIэ щIэуэ зыри къигупсысатэкъым — арат абы щыгъуэ «официальнэ» идеологием и Iуэху убыдыкIэр. Куэд дэмыкIыу КIуащым фIэемыкIу хъужагъэнущ и диссертацэр апхуэдэу зэригъэпсыр, лъэпкъ тхыдэм и уIэгъэ пцIанэхэм шыгъу зэрытещащэр къыгурыIуэжагъэнущ.

Тоталитарнэ къэрал ухуэкIэм, къэралым къызэригъэувым хуэдэу фIэкIа нэгъуэщIу гупсысэну, и гупсысэр псом я дежкIи нэрылъагъуу къиIуэтэну цIыхур щыхуимытым деж диссертацэ зытхри, абы зыгуэркIэ щыгугъыу щытмэ, зы мэскъалкIи щхьэдэх хъуркъым политикэ унафэр зыIэщIэлъхэм я «уазхэм». Сталинри дунейм ехыжу, идеологие шхуэIури тIэкIу къыщагъэлалэм, Кавказ зауэм пыщIа Iуэхугъуэхэм я щхьэ нэхъ трачу щIадзат, ауэ итIани абыхэм кууущэу уахэIэбэ хъуртэкъым. Апхуэдэу екIуэкIащ Горбачев и «перестройкэм» нэсыху. «Дэ дымыгъэунэхуамэ, хэт игъэунэхуа» жытIэ хъунущ: Кавказ зауэм, истамбылакIуэм, хэхэс адыгэхэм я псэукIэм теухуа ди тхылъыр илъэс 30-кIэ (тIощIрэ пщIыкIэ) щылъащ къытхудамыгъэкIыу.

Дауэ щымытами, политикэ «уазхэр» Хрущёв и зэманым тIэкIу нэхъ щабэ щыхъуам, КIуащым и диссертацэри, адрей къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэри къищтэжу, зэ еплъыжкIэ емыкIу илътэкъым, сыти хужыIи, тхыдэм и къэхъукъащIэхэр аратэкъым абы нэхъыщхьэу хэлъыр — IуэрыIуатэр, бзэр, литературэр джын и лъэныкъуэкIэ сэбэпыныгъэу къишэнурт. Псори тыншу «зэбгъэзэхуэж» хъунут — арат псоми ящIэр абы щыгъуэ, иджы совет властым хуатхыу щытахэр зэрызэрахъуэкIыжым, «фIыщIэу» тхьэ щIаIуэу щытар «хужьу», «хужьыр» — «фIыщIэу» къызэрыщIрагъэдзыжым хуэдэу. КIуащ БетIал ар хуэщIэну къыщIэкIынутэкъым. И напэм кърigъэкIуакъым зи хущхьэ хъум и бзу тхыдэтххэм яхэувэн. Мис арауэ къытфIощI а лэжьыгъэхэм и щIыб щIахуигъэзэжар. Апхуэдэу ищIами, адыгэ усэм и зэхэлъыкIэр кууурэ зэриджар, абы къикIуа гъуэгухэм къахиха дерсхэр лей хъуакъым. Рифмэхэри ритмэхэри зэрыщытын хуейм и щапхъэхэр къызыхиубыдыкIари а къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр арагъэнущ.

**КХЪУЭIУФЭ Хьэчим**

*КъыкIэлъыкIуэнущ*

# ЗАУЭМРЭ МАМЫРЫГЪЭМРЭ КЪЭБЭРДЕЙ УСЫГЪЭМ КЪЫЗЭРЫХЭЩЫР

1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и лъэужьыр зэи хэмыгъуэщэжыну цIыху куэдым я гъащIэм къыхэнащ. Ар зэриухрэ илъэс 71 дэкIыжами, нобэкIэ зы унагъуи щыIэу къыщIэкIынукъым а зауэ гущIэгъуншэм ижь бзаджэр зыщIимыхуа, абы и гуауэр и щхьэкIэ, и бынкIэ, къэзылъхуакIэ е къыдалъхуакIэ зымыгъэунэхуа. Абыхэм ящыщщ зауэм и фэбжь зылъыса е зи сабиигъуэр зауэ нэужь лъэхъэнэ гугъум хиубыда ди тхакIуэхэри.

Бийр ди къэралым къыщытеуа япэ махуэхэм щегъэжьауэ къэбэрдей тхакIуэхэм ящыщ куэд Хэкум и щIыхьымрэ и щхьэхуитыныгъэмрэ яхъумэжыну зауэ IэнатIэм Iухьащ. Апхуэдэщ ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим, КIуащ БетIал, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, Шортэн Аскэрбий, Къардэн Бубэ, Нало Ахьмэдхъан, КъардэнгъущI Зырамыку, Гъубж Мухьэдин, Тубай Мухьэмэд, Къэжэр Индрис сымэ, нэгъуэщIхэри. Зауэм щызэрахьа лIыхъужьыгъэм къыдэкIуэу, зи цIэ къитIуа ди тхакIуэ, усакIуэхэм я къалэмыр фIым, зэкъуэтыныгъэм, текIуэныгъэм ехьэлIа гупсысэхэмрэ къыхуеджэныгъэхэмрэ хуагъэлажьэкIэрэ, Хэкум къыщыжын Iуэхум я гуащIэ тIуащIэ халъхьащ.

Адыгэ тхакIуэхэм ящыщу Хэкум и щхьэхуитыныгъэм папщIэ я гъащIэр ятащ ЩоджэнцIыкIу Алий, Къэжэр Индрис, Къуэныкъуей Мухьэж, Шэру Нэхъупщ сымэ. МафIаем хэмыкIуадэу къэзызыгъэзэжахэм я зэчийр зыхэта лыгъэм ипсыхьри, адэкIи зыужьыныгъэшхуэ игъуэтащ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, КIыщокъуэ Алим, КIуащ БетIал, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, Шортэн Аскэрбий, КъардэнгъущI Зырамыку, Тубай Мухьэмэд, ЩакIуэ Талъостэн, Къардэн Бубэ, Гъубж Мухьэдин, Нало Ахьмэдхъан сымэ, нэгъуэщIхэри.

Зауэр я щхьэкIэ ямыгъэунэхуами, бийм пэщIэтыныр, къарууэ щыIэр бэнэныгъэм хузэщIэгъэуIуэныр, хэкур хъумэжыныр зи IэдакъэщIэкIхэм темэ нэхъыщхьэ щыхъуахэм ящыщщ Теунэ Хьэчим, Щомахуэ Амырхъан, ХьэхъупащIэ Амырхъан, Къэшыргъэ ХьэпащIэ, ЩоджэнцIыкIу Нурий, ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр, Нало Заур сымэ.

Зауэ IэнатIэм Iэщэ къищтэу Iумыхьами, и псалъэ шэрыуэр текIуэныгъэм хуигъэлэжьащ IуэрыIуатэм къыхэбэкъукIыу литературэм къыхыхьа уэрэдусджэгуакIуэ ХьэхъупащIэ Амырхъан. Абы нэхъыбэу къигъэсэбэпар къыхуеджэныгъэ, зэщIэгъэуIуэныгъэ жыIэкIэрщ. Абы и лъэныкъуэкIэ щапхъэу къэбгъэлъагъуэ хъунущ «Къэбэрдей партизанхэр» зыфIища и тхыгъэ цIэрыIуэр.

Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм къэбэрдей усыгъэм зыужьыныгъэ щызыгъуэта эпикэ уэрэд гъэпсыкIэ зиIэ жанрым иту тха хъуащ ХьэхъупащIэ Амырхъан лIыхъужьыгъэ зезыхьа цIыху щхьэхуэхэм яхуиусахэр: «Наурыз Мамышэ», «Къардэн Къубатий», «ГъущIынэ Гъузер», «Жэмборэ Щэуал». А жыпхъэм итщ ХьэхъупащIэм и «Хэку зауэшхуэ» усэри.

Къэбэрдей усыгъэм и зыужьыныгъэм зы Iыхьэшхуэу хэува зауэ лирикэм и зэхэублакIуэхэр, шэч хэмылъу, абы и IэнатIэ хьэлъэм Iута, и гугъуехьхэр зи щхьэкIэ зыгъэунэхуа усакIуэхэрщ, ЩоджэнцIыкIу Алий я пашэу. Зауэм и пэщIэдзэ дыдэу 1941 гъэм и псэр итами, ЩоджэнцIыкIум къигъэнащ ди къэралым кърашIылIа мафIаер къызыхэщыж тхыгъэхэр. Апхуэдэщ Хэку зауэшхуэм и пэщIэдзэ махуэхэм нитхыса «Нырес си псалъэр уи дей» поэмэмрэ «Шагъдий гъэшхахэм техутэ» усэмрэ. Зи гугъу тщIы тхыгъитIми усакIуэм щыжеIэ бийхэм я гурылъ бзаджэхэр къазэремыхъулIэнур, ирахьэжьа Iуэху мыхъумыщIэхэр къазэрыдэмыхъунур. Абы и лъэныкъуэкIэ «Шагъдий гъэшхахэм техутэ» усэм къалэнышхуэ и пщэ къыдэхуащ зауэм ипэ махуэхэм ди къэралым и лъэпкъыбэр зэщIэгъэуIуэнымкIэ, псэемыблэж бэнэныгъэм къыхуеджэнымкIэ:



11 Заказ №377

*Еуэ, хэку лъэщым и щIалэ,*
*Адэжь и щIапIэр гъэпагэ,*
*И гъуэм ихуэжыркъым блэ бзаджэр,*
*Мес, ди щIы кIапэм къытопщхьэ!*
*Уи лъакъуэ лъэщыр тегъэуви*
*Езым и хэкум щылIыж,*
*Лъыр зыщIифауэ ди къуэшхэм,*
*Хуиту я гъащIэр ятыж.*
*<…>*
*Еуэ, шагъдийхэу гъэшхахэм*
*Къэбэрдей щIалэр техутэ,*
*ПцIащхъуэр щIэмыхьэу щIэгъапхъуи,*
*Лъэпщ джатэр нобэ гъэхахуэ!*

Усэр зауэм и пэщIэдзэ махуэхэм итхами, усакIуэм шэч лъэпкъ къытрихьэркъым бийр езым зэщIищIа мафIэм зэрыхисхьэжынум:

*Дэращ лъыгъажэм текIуэнур,*
*Дэращ зи дыгъэр бзий хущхъуэр,*
*Дэращ бэлыхьыр зыгъэсу*
*Насыпым цIыхур хуэзышэр.*
**(«Шагъдий гъэшхахэм техутэ»)**



Бийм ди Хэкум кърихьа насыпыншагъэмрэ гузэвэгъуэмрэ я инагъыр япэ махуэхэм щегъэжьауэ фIыуэ зэхэзыщIыкIа ЩоджэнцIыкIу Алий и къару псори хуиунэтIат и хэкуэгъухэр текIуэныгъэм къыхуеджэным, зэкъуэувэу я хуитыныгъэр яхъумэжыным, Iэнатlэ гугъу пэрыувахэр гъэгушхуэным. ЩIэныгъэлI ХьэкIуащэ Андрей зэритхымкIэ, «а лъэхъэнэхэм абы [ЩоджэнцIыкIу Алий. – ***Хь.Л.***] и тхыгъэ куэд зауэм треухуэ, урыс усакIуэхэм я тхыгъэхэр адыгэбзэкIэ зэредзэкI, радиокIэ къопсалъэ, зауэлIхэм яIуощIэ, ахэр егъэгушхуэ, къыдэкIауэ езым имылъагъужами, хэку тхакIуэхэм зауэм хуатха тхыгъэхэр иту тхылъ щхьэхуэ егъэхьэзыр».

Зауэм и уIэгъэхэр гъэхъужыныр, дунейр зэтегъэувэжыныр, мамыр гъащIэ ухуэжыныр гъэщIэгъуэну икIи щIэщыгъуэу щыIуащ Щомахуэ Амырхъан и IэдакъэщIэкIхэми. Ар наIуэу щыболъагъу усакIуэм илъэс зэхуэмыдэхэм итха усэхэр щызэхуэхьэсауэ 1980 гъэм къыдигъэкIа «Нырес фи деж си псалъэр» тхылъым: «Сабий псоми – мамырыгъэ!», «Фэеплъ партэ», «Ди анэм и нэр», «Сщыгъупщэнкъым сэри», «Партизан цIыхубз», нэгъуэщIхэми. Зауэм къыдэкIуэ насыпыншагъэхэр лъабжьэ хуэхъуащ «Сабий псоми – мамырыгъэ!» усэм:

*ГущIэгъуншэу бзаджэщ зауэр,*
*ЦIыхум и гум и шэр хедзэ.*
*Унэ къэскIи щIехьэ гуауэр,*
*Губгъуэм, гъавэм мафIэ щIедзэ.*
*ЦIыху жагъуэгъухэм щIыр зэIащIэр,*
*ЗэщIагъэстри зауэ гуащIэ.*
*Анэ мащIэ ягъэгызкъым,*
*Сабийм щхьэкIи я гур узкъым.*
**(«Сабий псоми – мамырыгъэ!»)**

Къэбэрдей усыгъэм щIыпIэшхуэ щеубыд КIыщокъуэ Алим зауэм теухуа и усэхэм. Абыхэм я къыщхьэщыкIыныгъэщ цIыхум и гурыгъу-гурыщIэхэмрэ къэралым а лъэхъэнэм щекIуэкIа жылагъуэ Iуэхухэмрэ екIуу зэришалIэу

усэбзэ дахэкӀэ зэрызэхигъэшыпсыхьар. Апхуэдэ бгъэдыхьэкӀэр – литературэр, хэхауэ къапщтэмэ, усыгъэр хэкум къыщыхъу-къыщыщӀэхэр, къэралым и щыӀэкӀэ-псэукӀэр къэгъэлъэгъуэным хуэунэтӀауэ гъэлэжьэныр езы лъэхъэнэми къигъэувырт. Нэгъуэщӏу жыпӏэмэ, а лъэхъэнэм усыгъэм и къалэн нэхъыщхьэу щытар псоми я зэхуэдэ жылагъуэ Ӏуэхумрэ щхьэ закъуэ гурылъымрэ къызэдэщтэнырщ. А къалэныр хэт нэхъри нэхъыфӀу игъэзэщӀауэ къэплъытэ хъунущ КӀыщокъуэм. Апхуэдэ еплъыкӀэ щыӀэнымкӀэ шэсыпӀэ урагъэувэ усакӀуэм зауэ ӀэнатӀэм щыӀутами, абы къыкӀэлъыкӀуа илъэсхэми а Ӏуэхугъуэм тритхыхьыжауэ щыӀэ усэхэм ящыщ дэтхэнэ зыми, «Адэ» поэмэми.

Усыгъэ лъагэм и щапхъэ хъуащ КӀыщокъуэм зауэм кърихыжу, иужькӀэ къытрыригъэдзэжа усэхэр: «Пощтзехьэ пщащэ» (1941), ««Шыхулъагъуэ» (1941), «ЩӀым и макъ» (1941), «ЖыӀэт, мыпхуэдэу щхьэ сызэшрэ?..» (1942), «Уигу, си анэ, сыкъэкӀмэ» (1942), «Анэм и пщӀыхьэпӀэ» (1943), «Щхьэгъубжэ нэху» (1944), «Си анэм» (1945), нэгъуэщӀ куэди. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри, цӀыхубэм къалъыса гуауэр дагъэпсынщӀэу, лъэхъэнэ гуащӀэм и джэрпэджэжу Ӏуащ. Къэдгъэлъэгъуа усэхэм лъэныкъуитӀкӀэ щызэпэщӀэгъэуващ усакӀуэм Хэкум хуиӀэ лъагъуныгъэ мыухымрэ зауэм къиша насыпыншагъэхэмрэ.

КӀыщокъуэм и зауэ лирикэм и нэщэнэ нэхъыщхьэщ зи тхыдэр гуащӀэу къэгъуэгурыкӀуа бгырысхэм я хьэл-щэн ткӀийр, лӀыгъэр, хахуагъэр, бэшэчыгъэр къэгъэнэӀуэныр. А хьэл-щэнхэр усакӀуэм щӀигъэлъапӀэм и щхьэусыгъуэхэм языхэзщ текӀуэныгъэр ди къэралым къизэунымкӀэ абыхэм мыхьэнэ ин дыдэ зэраӀар. КӀыщокъуэм и усэхэм къыхэщ зауэлӀыр псэемыблэжу хэкум и щхьэхуитыныгъэм щӀобэн. Апхуэдэщ, псалъэм папщӀэ, «Шыхулъагъуэ», «Ноябрым и 4-м 1942 гъэм», «Сабий», «Уэрщ, зауэлӀ хахуэ, ар зэджэр», «ЗэуапӀэ», «Борэныр бгыщхьэм щыетащ», «Си фочым ӀэплӀэ есшэкӀауэ», «ЗэныбжьэгъуитӀ», «Дэ ди шухэр щхьэмыгъазэщ», «УӀэгъэ», «Атакэм и пэкӀэ», «ЗэкъуэшитӀ», «Дыгъэр къепсын папщӀэ», «Телъхьэ уанэр си шым» (ХьэӀупэ ДжэбрэӀил макъамэ щӀилъхьэри, УФ-м и цӀыхубэ артист Тут Заур игъэзащӀэу, уэрэд цӀэрыӀуэ хъуащ) усэхэми, нэгъуэщӀ куэдми къыхэщ образхэр. «Си фочым ӀэплӀэ есшэкӀауэ» усэм и лирикэ лӀыхъужьыр щӀытӀым и блын щӀыӀэм зригъэщӀауэ йогупсыс ди щӀыналъэ дахэр бийм зэрызэхифыщӀэм, адэжь щӀапӀэр джэгуалъэу зэриӀэм, анэжь закъуэр зэхэзэхуэн зэрищӀам, асыхьэтуи зыкъызэкъуепхъуэтри губжьауэ жеӀэ:

*Ар бийм хуэздэнкъым, щӀы уи фӀэщ,*
*Абы и щӀапӀэм сынэсынщ,*
*Ди щӀыгу къарукӀэ сэ сылъэщщ,*
*А бийм сэ мащэр лъызгъэсынщ.*

**(«Си фочым ӀэплӀэ есшэкӀауэ»)**

КӀыщокъуэм и зауэ усыгъэм лъагъуныгъэ лирикэр щыхэухуэнари мащӀэкъым. Апхуэдэ зы усэм деж зауэлӀым фӀыуэ илъагъу пщащэм кърита фэеплъ бэлътокур лъагъуныгъэм, гурыщӀэ къабзэм и нэщэнэу къокӀуэ. Сэлэтым и уӀэгъэм ар «щытрикъузам», псэм щигъафӀэ пщащэр и Ӏэ щабэхэмкӀэ къытеӀэбауэ къыфӀэщӀри и гур къызэфӀэнащ. Усэм и кӀэм фэеплъ бэлътокур фӀыуэ зэрылъагъухэм я хъуэпсапӀэм – ахэр зэрызэхуэзэжынум – и нэщэнэ мэхъу. Аращ зауэлӀым фӀэщхъуныгъэ быдэ хэлъу щӀыжиӀэри:

*Иджы бэлътокум сэ соплъыж,*
*Сэ сыпсэухукӀэ ар схъумэнщ.*
*Ар нэзгъэзэжмэ узотыж,*
*Фэеплъу тӀуми къытхуэнэнщ.*

**(«Фэеплъ бэлътоку»)**

Зи гугъу тщIы усэм къыхэщ фэеплъ бэлътокум хуэдэ образ-нэщэнэхэр («образ-символкIэ» зэджэхэр) щымащIэкъым КIыщокъуэм и зауэ лирикэм. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, **жыр пыIэр, сэлэт шырыкъур, лэгъуп цIыкIур,** нэгъуэщIхэри.

Хэку зауэшхуэм теухуауэ КIыщокъуэ Алим и Iэдакъэ къыщIэкIа усэхэм зы Iыхьэшхуэу хоувэ текIуэныгъэм хуэгъэпсахэр: «ТекIуахэм сэлам», «ТекIуэныгъэ», «Сэлэт сэлам», «Майм и 9-м 1945 гъэм», «Салют», «Сэлэт шырыкъу» жыхуиIэхэр, нэгъуэщIхэри. Иужьрей усэм къыхэщ сэлэт шырыкъур текIуэныгъэм и нэщэнэу усакIуэм къегъэлъагъуэ: Берлин нэс зэрыкIуа шырыкъур жьы хъууэ «иджы и лъэгур ныщIэхуами», усэм и лирикэ лIыхъужьым ар и Хэку нихьэсыжын гуращэ иIэщ, къызэпича гъуэгуанэ хьэлъэмрэ дамэу зыIэт гуфIэгъуэ мыухымрэ я щыхьэту, ар «лъыгъыу ищIынущ ислъэмей», «сэлэт шырыкъум фIэфIу лъысмэ, япэ къэфэгъуэр мис абдей».

ТекIуэныгъэм и гуфIэгъуэшхуэр псом хуэмыдэу кууэ зыхэзыщIар зауэ IэнатIэ гугъум Iуту ар лъыкIэ къэзызэуа сэлэтхэрщ. Зауэм и мафIэ лыгъейр ягъэужьыхыпауэ къыщащIэм, абыхэм зыхащIа гурыщIэхэр, гъэщIэгъуэну, гукъинэжу, а IэнатIэ хьэлъэм пэрымыта цIыхуми и гущIэлъапсэм зыкъыдигъазэу, къыщыгъэлъэгъуэжащ «Майм и 9-м 1945 гъэм» усэм:

*ЗауэлIхэм, фIыгъуэм чэф ищIауэ,*
*КъикIын окопхэм шэчхэр ящI,*
*Я цейм ятIагъуэр кIэрыпщIауэ*
*ПIейтейу къажыхьыр, ба зэхуащI.*

*Окопым къокIри зы долъей,*
*И каскэ щIыхур щхьэрихауэ.*
*ЩIы щIыIум щещIыр ислъэмей,*
*Iэгу йоуэ псори, къэгушхуауэ.*

**(«Майм и 9-м 1945 гъэм»)**



ИщхьэкIи наIуэ зэрыщыхъуащи, къэбэрдей усыгъэм Хэку зауэшхуэмрэ абы и лъэужь бзаджэмрэ нэхъ кууэ икIи убгъуауэ къыщызыгъэлъэгъуэжар КIыщокъуэ Алимщ. Зауэм и япэ махуэхэм «зи къалэмыр зи Iэщэу» а мафIаем пэрыува, абы и гузэвэгъуэ псори зи нэгу щIэкIа усакIуэм нэхъ иужьыIуэкIэ итхыжыгъащ:

*Хыр си шакъалъэу*
*Къалэм хуэфащэ сиIатэм,*
*Ди текIуэныгъэм и усэр*
*ДыщэпскIэ уафэм истхэнт.*

**(«Хыр си шакъалъэу…»)**

Хэку зауэшхуэм зи творчествэр ипсыхьа усакIуэхэм ящыщщ ЩоджэнцIыкIу Iэдэми. Зауэ нэужьым абы къытрыригъэдза «СыуизауэлIщ», «КъэкIуэж, щауэ», «Гурылъ» усэхэр яхуэбгъадэ хъунущ а лъэхъэнэм КIыщокъуэ Алимрэ КIуащ БетIалрэ я Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэ нэхъыфIхэм. Абыхэм я щхьэхуэныгъэщ усакIуэм и щхьэ закъуэ гурылъ-гупсысэхэмрэ жылагъуэ Iуэхухэмрэ зэрыщызэхэухуэнар. Псалъэм папщIэ, зи гугъу тщIы Iуэхугъуэхэр зы усэм щызэхэшыпсыхьа зэрыхъу щIыкIэр наIуэу къыхощ мыпхуэдэ сатырхэм:

*КъэкIуэж, щауэ, мамыращи,*
*Хэкур мэщIэращIэ.*
*Зи пщIэр ину къожьэ хурэм*
*ГъащIэр пхуегъэдахэ…*

<…>
*«Хахуэу зауэ, текIуэныгъэр*
*ПIыгъыу къэгъэзэж!» –*
*Къыбжезыlам лъагъуныгъэр*
*Ноби пхуегъэпэж…*

Усэм и кIэух сатырхэм тхыгъэм и кIыхьагъкIэ хэлъ гурыщIэ нэхухэр нэхъ наIуэу къахощ:

*Дыщэ пыIэр хьэзыр хъуащи,*
*Уэ къыппэплъэу щытщ.*
**(«КъэкIуэж, щауэ»)**

Мыбдеж усакIуэм и псалъэхэр зыхуэгъэпсар усэм и лирикэ лIыхъужьыр и щхьэ закъуэ насыпым хуэпэбгъэныракъым, атIэ езыр хэкулI, лъэпкъылI нэсым и щапхъэ хъунырщ.

ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и усыгъэр зэфIэувэу щыхуежьэ лъэхъэнэм Хэку зауэшхуэр къэхъейри, абы и зыужьыныгъэр пIалъэкIэ къызэтригъэувыIауэ щытащ. Ауэ зауэ илъэсхэр псыхэкIуадэ хъуакъым, уеблэмэ абыхэм я фIагъ екIащ усакIуэм и дуней еплъыкIэр нэхъ убгъуа, зэIубз хъунымкIэ.

Зауэм и удынхэр зи щхьэкIэ зыгъэунэхуа усакIуэхэм ящыщщ КIуащ БетIал. 1942 гъэм ар езым и лъэIукIэ зауэ IэнатIэм Iухьэри Iэщэр имыгъэтIылъу пэрытащ, иужькIэ, дзэм къыхэмыкIыжу, 1947 гъэ пщIондэ Германием и Лейпциг къалэм къулыкъу щищIащ. КIыщокъуэм хуэдэу зыубгъуауэ къимыгъэлъэгъуэжами, КIуащ БетIал и усыгъэм ущрохьэлIэ Хэку зауэшхуэр къызыхэщыж усэ зыбжанэм: «Зауэр еух», «Къуэшхэр хьэдэу щытехуами…», «Зауэм сыщыхэтым…». Нало Заур зэритхыжымкIэ, «сыт и щхьэусыгъуэми, 1939-1945 гъэхэм итхауэ, усакIуэм и уситI фIэкI къэсакъым ди деж, е дэхуэхамэ, нобэр къыздэсым дунейм къытехьэжакъым». ЩIэныгъэлIым къызэрыхигъэщымкIэ, «зауэ нэужьым къыдэжыжа къудамэхэм ящыщ зыщ КIуащ БетIал и усэр [усыгъэр. – ***Хь.Л.***]».

ЛIыгъэщIапIэ куэдрэ ихуа усакIуэм фIы дыдэу къыгурыIуэрт абы и уасэр. Аращ абы и зы усэм мыпхуэдэу щIыщитхыгъари:

*ЛIыгъэм дэнкIи и хэщIапIэщ,*
*ХэкIыф закъуэм бэр и гъусэщ.*
*ЛIыгъэм гугъэр и хэщIапIэщ,*
*ЩIэщхъу и джэгум игу хуэдэгущ.*
**(«Гур зыдэкIуэм кIуэфыр лIыфIщ»)**

Къэтхьа сатырхэм зауэр иуха нэужь къыкIэлъыкIуащ текIуэныгъэр къызыхэщ, абы и гуфIэгъуэр зыIэт едзыгъуэр:

*Къуэшхэр хьэдэу щытехуами,*
*Ерыщагъыр ди хьэлащ,*
*Бийм хьэ дзакъэу зимытами,*
*И гъуэр ткъутэри къэтщтащ.*
**(«Къуэшхэр хьэдэу щытехуами…»)**

Зауэм и Iэужь бзаджэхэр лъабжьэ яхуэхъуащ блэкIа лIэщIыгъуэм и 50-60 гъэхэм къэбэрдей усыгъэм къыхыхьа усакIуэхэм я IэдакъэщIэкI куэдым: Гъубжокъуэ Лиуан и «Автобус къэувыIэпIэм деж», «Си анэм», «Адэхэм я сынхэр»; Тхьэгъэзит Зубер и «МафIэгу» (усэ Iэрамэ), «Зауэ макъамэ»; Бещ-

токъуэ Хьэбас и «Зауэ нэужьу»; Хьэх Сэфарбий и «ЯтIэ IэшкIэ блын хужьыбзэм…», «Си анэ», «Кино», «Адэм и фэеплъ» усэхэм, нэгъуэщIхэми.

Гъубжокъуэ Лиуан Хэку зауэшхуэр къызэригъэлъэгъуэжар езым и щхьэ кърикIуам ипкъ иткIэщ, нэхъ пэжу жыпIэмэ зи адэр зауэм хэкIуэда, «зи щхьэфэм зэи адэIэ щабэ къытемыIэба» щIалэ цIыкIум и зэхэщIыкI-гупсысэкIэщ. «Автобус къэувыIэпIэм деж» (1963-1965) усэм къыхэщ сабийр зэгуэуду магъ, и адэр къыкIэлъыкIуэ къэувыIэпIэм нэс автобусым зэрыблишам къыхэкIкIэ. А Iуэхугъуэм усакIуэм игу къегъэкIыж зауэм и пэщIэдзэ плIыщIрэ езанэ гъэр – «анэ кIэ къуагъхэм» бынхэр къыкъуанэу, «псыхэкIуадэу сабийм я гъы макъыр», къэгъазэ ямыIэу адэхэр зауэм зэрыдэкIыгъар. «Си анэм» (1957) зыфIища усэми, анэ гумащIэм и образ къигъэщIыным къыдэкIуэу, Гъубжокъуэм нэхъ зытригъащIэр езым и сабиигъуэ гугъурщ, зэзакъуи зыIумыплъа адэм хуэзэшу и гъащIэр зэрихьаргщ. Ар анэмрэ къуэмрэ я зэхущытыкIэмкIэ, я зэпсэлъэныгъэмкIэ къегъэлъагъуэ усакIуэм:

*Бын игъэджэгуу сэ адэ слъэгъуам,*
*Сыгъыу уи деж къэзгъэзэжырт.*
*– Мамэ, си папэ дэнэ здэкIуар? –*
*ЖысIэм щхьэусыгъуэ къэплъыхъуэрт.*

**(«Си анэм»)**

Гъубжокъуэм и усэхэм ящIэлъ гупсысэхэм зыкъомкIэ поджэж Хьэх Сэфарбий и IэдакъэщIэкIхэм Хэку зауэшхуэр къызэрыщыгъэлъэгъуэжари. Абы и щхьэусыгъуэр зауэм усакIуитIри зы щытыкIэ зэрырыригъэуварщ – я адэхэм я псэр хэкум и щхьэхуитыныгъэм щIатри езыхэр фызабэхэм япIыжащ. Псалъэм папщIэ, зауэм сабийм и гум тридза уIэгъэ мыкIыжыр Хьэхым гущIыхьэу къыщигъэлъэгъуэжащ «Кино» зыфIища усэм. Абы и лирикэ лIыхъужьыр зауэм теухуа кино здеплъым, зауэлIыр топышэм кърудащ. АдэкIэ усакIуэм гъэщIэгъуэну икIи щIэщыгъуэу къеIуатэ а лIыр и адэм зэрыригъэщхьыр:

*Кином еплъхэр тхьэ делъэIут*
*Ар къэтэджыжыну.*
*Ауэ,*
*Хьэлъэ дыдэу щэIущ*
*Гум имыкIыжынуи,*
*ЛIащ кърuтхъыу*
*IэкIэ щIыр,*
*НэкIукIэ хэIубауэ…*

*Си фIэщ хъуркъым*
*Сэ а лIыр*
*Сядэр армырауэ!*

**(«Кино»)**

НыбжькIэ зауэм химыубыда ди усакIуэхэр я тхыгъэ купщIафIэхэмкIэ ноби хущIокъу а мафIаем и Iэужь бзаджэхэр нэсу къэгъэлъэгъуэжыным, мамырыгъэр хъумэным, цIыхугъэр, ныбжьэгъугъэр, къуэшыгъэр икIи нэгъуэщI хьэл-щэныфIхэр дунейм тепщэ щыхъуным. Апхуэдэ усакIуэхэм ящыщщ Бицу Анатоли. Хэку зауэшхуэм ар зэрыщыгъуазэр нэхъыжьхэм къаIуэтэж хъыбархэмрэ зэджа тхыгъэхэмкIэщ. Арами, усакIуэм псэкIэ зыхищIащ зауэм и бэлыхьхэмрэ мамырыгъэм и лъапIагъымрэ, ахэр къыхэщуи усэ куэд и Iэдакъэ къыщIэкIащ. Апхуэдэщ «Ди хадэр къуалэбзухэм къыдоуш…», «Сэлэт», «Зауэ», «Нэф», «Ди гъунэгъуу а лIыжьыр псэуат…», «Усэ», «Абыхэм ящIэрт я псэр щIатыр…», «Сурэт», «Анэм и гур», «Зауэ нэужь», «И махуэт

ТекIуэныгъэм – майм и бгъут…», «Ялъэгъуат тIэкIу ефауэ дыгъуасэ…», «Гъунэгъу фыз», «Фызабэм и псалъэ», «Си къуэш», «МэремкIэ ягъэу жьэрымэ…» усэхэмрэ «Фэеплъ» поэмэмрэ.

ИщхьэкIэ къэтхьа тхыгъэхэм зэзышалIэу зы къыщхьэщыкIыныгъэ яхыболъагъуэ – псоми сюжет хэха яIэщ, зауэмрэ абы и Iэужьхэмрэ зылъэIэса цIыху щхьэхуэхэм е унагъуэхэм я щхьэ кърикIуа Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр къиIуэтэжу. «Си къуэш» усэм Бицум къыщегъэлъэгъуэж зауэм зы унагъуэм, нэхъ пэжу жыпIэмэ зэкъуэшитIым къахуихьа насыпыншагъэр. Абыхэм я нэхъыжьыр иджыри ныбжьыщIэ дыдэу шэ къэуэжым къигъащтэри дэгу-бзагуэ хъуащ. Ауэ а къэхъугъэм и мыгъуагъэр шынэхъыжьым и закъуэкъым зыгъэвыр, атIэ шынэхъыщIэми и гур хощI, анэкъилъхур някъуэдыкъуэ зэрыхъуам езым и зэран хэмылъми, абыкIэ къуаншагъэ гуэр и щхьэм хуихьыжу.

Философие гупсысэ куурэ психологие гурыщIэ лъэщкIэ псыхьащ «Сурэт» усэри. Абы и сюжетыр, зэ еплъыгъуэкIэ, къызэрыгуэкIыу къыпфIэщIынущ: зауэ гущIэгъуншэм анэ куэд бынкIэ игъэгуIащ. Абыхэм языхэзщ а мафIэ лыгъейм хэкIуэда къуэм къыщIэна сурэт закъуэр зи гурыфIыгъуэу Бицум и усэм къыхэщыж анэри. УсакIуэм зэритхымкIэ, «а сурэтыр нанэм хуехь и Iупэм, и нэм», «и псэм химыхынур щIекъузэ и бгъэгу», «аращ зэплъыр анэр дыгъэр къыщIэкIами», «аращ зэплъыр анэр жэщхэр хэкIуэтам». Сурэт псэншэмрэ анэмрэ яку дэлъ зэхущытыкIэр Бицум «фэбжькIэ гъэнщIа» иджырей дунейм и нэщэнэу къегъэлъагъуэ: *«Итщ и пащхьэм анэр блыным сурэт фIэлъым – / Сурэтыр нэщхъыфIэщ, анэр гукIэ магъ».*

Хэку зауэшхуэр зи тхыгъэхэм лъабжьэ хуэхъуа къэбэрдей усакIуэ куэдым къащхьэщыкIыу, Бицу Анатолэ и усыгъэм зы бгъэдыхьэкIэ щIэщыгъуэ ущрохьэлIэ. Ар зауэм къиша гузэвэгъуэхэм цIыху зэхуэмыдэхэм я нэкIэ хоплъэ. ИщхьэкIэ къэтхьа уситIым деж ар къэгъэлъэгъуа щохъу зи шынэхъыжьыр зауэм някъуэдыкъуэ ищIа щIалэ ныбжьыщIэмрэ зи быныр зыгъеиж анэмрэ я гуауэмкIэ. Абыхэм зыкъомкIэ яподжэж «Ди гъунэгъуу а лIыжьыр псэуат…» (1967) усэм къыхэщыж образри. Абы и япэ сатырхэм усакIуэм щетх: **«КъикIыжат ар зауэм някъуэдыкъуэу – / Абы и щхьэм игъуэтат сэкъат».** Ауэ а фэбжьымкIэ зэфIэкIакъым а лIыжьым зауэм къыхуихьа насыпыншагъэр: и къуэ закъуэри Iихащ. ИкъукIэ гущIыхьэу икIи художественнэ Iэзагъ ин хэлъу усакIуэм къегъэлъэгъуэж лIыжьым адэкIэ и щхьэ кърикIуахэр: *«… Арат дадэм, и щхьэм къищхьэрыуэу, / КъыщIикIухьыр унащхьэчэзууэ / Къуажэр, лъаIуэу: «Си къуэр къызэфтыж», / «Итт ар куэдрэ кIуэрти ди къуажэкхъэм, / Къыщилъыхъуэу ар сынхэм я къуагъ…».* Усэм и сюжетым зиужьыхукIэ и психологие лъэщагъми хэхъуэ зэпытурэ макIуэ, и кIэ сатырхэм дежи ар щыщIохуабжьэ:

*… Ехыжащ дунейм ар и гур някъуэу.*
*Сэ а лIыжьым нобэми сопщIыхь:*
*ЩIы щIагъ кIыфIым къыщилъыхъуэу и къуэр*
*СфIощI иджыри хэту ар бэлыхь.*
**(«Ди гъунэгъуу а лIыжьыр псэуат…»)**

ГъэщIэгъуэну, кувуэ икIи щIэщыгъуэу зауэм и мыгъуагъэхэр къыщыгъэлъэгъуэжащ «Нэф» усэми. Мыбы и лирикэ лIыхъужьым фэбжь игъуэтащ – и нитIыр нэфу зауэм къикIыжащ. Бицум а усэм щызэпэщIегъэувэ «бийр хисхьэжу езым зэщIищIа мафIэм, щIэрыщIэу ди щIым дыгъэ къипсэжамрэ» «нэфу а зауэм сэлэт къикIыжам» къытепсыха кIыфIыгъэ мыухыжымрэ:

*О, сыту гуфIэу*
*Iуплъэжынт ар нобэ*

*Зэгуэр мафIэсым*
*Щихъума дунейм!*
*… КъекIухьыр нэфым*
*БашкIэ Iэбэрабэу,*
*ФIэкIуэда нитIыр*
*Къилъыхъуэж нэхъей.*
**(«Нэф»)**

Ищхьэкlи наIуэ зэрыщыхъуащи, зауэм теухуауэ Бицу Анатолэ и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэм къэбэрдей усыгъэм щIыпIэ хэха щаубыд.

Зауэм и гугъу щыпщIкIэ, абы къыгуэхыпIэ имыIэу епхауэ къокIуэ «мамырыгъэ» гурыIуэгъуэри. Мамырыгъэр къызыхэщ усэхэр я мыхьэнэкIэ къыхуеджэныгъэу зэхэлъ хабзэщ. Зауэм и бийуэ и усэ сатырхэр игъэпскIэрэ Мыкъуэжь Анатолэ и IэдакъэщIэкIхэм мамырыгъэр щегъэлъапIэ, абыкIэ цIыхугухэр гуапагъэм, къабзагъэм, къуэшыгъэм, зэныбжьэгъугъэм къыхуегъэуш. Псалъэм папщIэ, «Макъхэр» усэм къыхощ щIым макъ зэмыщхь бжыгъэншэхэр зэрыщыIур: бзухэм я уэрэдыр, псым и даущыр, хьэгъуэлIыгъуэ Iэгуауэр, уафэгъуагъуэр, къыр дзакIэ къыгуэхум и макъыр… Абыхэм языхэзми и IукIэкIэ, щIэIу щхьэусыгъуэкIэ, зыгъэIукIэ лъапIагъэ пыухыкIа ябгъэдэлъщ. Ауэ, усакIуэм пэжу гу зэрылъитащи, абыхэм яхэзэгъэнкIэ Iэмал иIэкъым шэ, лагъым къэуэж макъхэр. Усэм и кIэух сатырхэм абы щетх:

*… Ауэ ирехъу щIыр*
*Гуауэм къыдэмыскIэу –*
*Мы щIылъэм*
*Шэ фий макъ къыщремыIу.*
**(«Макъхэр»)**



И купщIэкIэ, и зэхэлъыкIэкIэ, къыщыIэта гупсысэкIэ «Макъхэр» усэм поджэж Мыкъуэжьым «Дунеишхуэ…» зыфIища усэри. Зауэм зи псэр щыщтэ усакIуэм мамырыгъэм и нэщэнэ нэхъыщхьэу къегъэлъагъуэ дунейр щыму, даущыншэу щытыныр. Аращ абы щIитхыр:

*Дунеишхуэ,*
*УмыIэуэлъауэ.*
*Дунеишхуэ,*
*СынолъэIу, зыущэху.*
*Топ зыщIыпIи*
*Зэрыщамыгъауэр*
*Хьэкъ къысщыщIи,*
*Мы си гур гъэпсэху.*
**(«Дунеишхуэ…»)**

Мыбдеж усакIуэр зауэм и макъ шынагъуэм и бийуэ увмэ, «Iугъуэ» усэм деж абы зауэм и Iугъуаем зыпыIуедз. Усэм и япэ едзыгъуитIым къыхощ зы бынунагъуэм я гъащIэ мамырыр, лэжьыгъэ хьэлэлыр, дунейм и дахагъыр, цIыхугухэм я къабзагъыр… Бынхэм нэжэгужэу хадэр ягъэкъабзэ, анэри, «и нэгу къищу нэщхъыфIагъэ», абыхэм яхуопщафIэ. Дунейр мамырщи, «хьэку уэнжакъым къриху Iугъуэри» мамырыгъэм и нэщэнэу, «уафэ къащхъуэри гуфIэу» усэм къыщыгъэлъэгъуащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, зи гугъу тщIы усэм Мыкъуэжьым щызэпэщIегъэувэ мамырыгъэм и Iугъуэмрэ зауэ Iугъуаемрэ я образхэр, абы и кIэух едзыгъуэми щетх:

*ЩIимыгъанэм зауэ Iугъуэм,*
*Хуиту щIылъэм къыIуплъэфмэ,*

*Уафэр хуейкъым нэгъуэщI фIыгъуэ.*
*Уафэ къащхъуэр ирегуфIэ!*

**(«Iугъуэ»)**

Мыкъуэжьым къызэрилъытэмкIэ, уафэмрэ щIылъэмрэ къабзэу, зыри я зэхуаку къыдэмыхьэу, зэIуплъэфу щытыпхъэщ. А гупсысэхэр и лъабжьэу, усакIуэм зауэм хуиIэ лъагъумыхъуныгъэр «Сыхьэт закъуи и IитIыр мыпсэхуу…» усэм щыщIохуабжьэ икIи зэIухауэ езы зауэм зыхуегъазэ:

*Къыуах нэлат, щымыIэ уэ къыпхуей,*
*Си сатырхэми пщыхуащ я ней,*
*Зауэ!*

**(«Сыхьэт закъуи и IитIыр мыпсэхуу…»)**

Мамырыгъэр игъэлъапIэу, зауэ Iугъуэмрэ шэ фий макъымрэ защидзейуэ Мыкъуэжьым игъэпсащ «Хуейщ дыгъэр бзийкIэ гуэшэну…» усэри. Абы усакIуэм щегъэув упщIэ жэуапыншэ куэд: «Зауэм и Iугъуэм щIиуфэм – / Дыгъэм и лажьэр сыт?», «Шэм и фий макъым игъащтэм – / Бзухэм я лажьэр сыт?», «Ем къыщIэхутэм и лъэгум – / Гъэгъам и лажьэр сыт?». А упщIэхэм я къалэн нэхъыщхьэр цIыху къэскIэ зыщIигъэгупсысыжынырщ, щIэблэм къэкIуэну дахэ яIэн папщIэ балигъхэр зэгурыIуэнырщ, зауэ мафIае зэщIамыщIэнырщ. Усэм и купщIэ нэхъыщхьэр къыщыгъэлъэгъуащ абы и кIэух едзыгъуэм:

*Хуейщ сабий цIыкIухэр джэгуну,*
*ЩIым гуфIэу къыщажыхьыну.*
*Балигъхэр зэгурымыIуэм,*
*Сабийм я лажьэр сыт?*

**(«Хуейщ дыгъэр бзийкIэ гуэшэну…»)**

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ Тхьэгъэзит Зубер зэрыжиIащи, зауэмрэ мамырыгъэмрэ ятеухуауэ усакIуэ нэхъыфIхэм ятхахэм я купщIэкIи я гъэпсыкIэкIи ябгъурыбгъэувэ хъунущ Мыкъуэжь Анатолэ мамырыгъэм теухуа и усэхэр.

Къэбэрдей литературэм и тхыдэр щаджкIэ, щIэныгъэлIхэм къыхагъэщхьэхукI зауэ, зауэ нэужь илъэсхэр. Темэ и лъэныкъуэкIэ убгъэдыхьэмэ, зауэм теухуа литературэм, зи гугъу тщIа лъэхъэнитIым я мызакъуэу, абыхэм къакIэлъыкIуэ илъэсхэри къызэщIиубыдэнущ, нобэ къэсыхукIи хэту. Абы и щхьэусыгъуэр зыхэлъэгъуапхъэри а къэхъугъэ бзаджэм и дыркъуэр зэрыхэмыгъуэщэжырщ, абы и гуауэр лIэщIыгъуэхэм къазэрыпхыкIырщ. ИщхьэкIэ зи цIэ къитIуа усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэмкIэ пыухыкIауэ къызэщIэкъуа хъуркъым къэбэрдей усыгъэм Хэку зауэшхуэр къызэрыщыгъэлъэгъуэжар. А темэхэр къыхощыж Бекъул Барэсбий и «Еуэ!», «МафIэм и пащхьэм», «ДытекIуэнщ!», «ТекIуэныгъэр дыдей хъунщ», «Нэ дахэ»; ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр и «ЗауэлIым и губжь», «Фронтым ятх письмо»; Сокъур Мусэрбий и «Къэгъэджэгу, тхьэмадэ, шыкIэпшынэр…»; Брай Адэлбий и «Уэсят»; КхъуэIуфэ Хьэчим и «Сэлэтхэм я кхъащхьэ» усэхэм, нэгъуэщI куэдми.

Зауэ лыгъэм хэмытами, я сабиигъуэр зауэ нэужь лъэхъэнэ гугъум химыубыдами, дуней псор бэлыхь мыухыж хэзыдза а Iуэхугъуэшхуэм я къалэмыр хуагъабзэ литературэм нобэ хэлэжьыхьхэми, абыхэм я лъэмбым къиувэ ныбжьыщIэхэми. Ар щыхьэт тохъуэ Хэку зауэшхуэм ди тхыдэми литературэми мыкIуэдыжын лъэужь къызэрыхинам.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*

# МАКЪ ЛЪЭЩКIЭ ТХЬЭР ЗЫХУЭУПСА



Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ зи гъащIэ псор щхьэузыхь хуэзыщIу абы псэемыблэжу телажьэ цIыхухэр хэт нэхъри нэхъ насыпыфIэу жыпIэмэ, ущыуэнукъым, апхуэдэхэм я псэр дахагъэкIэ псыхьауэ къегъэщIри. «И IэщIагъэм езыр къыхихащ» зыхужаIэхэм ящыщщ лъэпкъ макъамэ гъуазджэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист, МузыкэмкIэ къэрал театрым и уэрэджыIакIуэ Хъупсырджэн Албэч.

Албэч япэ дыдэу макъамэмрэ уэрэдымрэ дезыгъэхьэхар и анэ Хутущ. Ар езыр дахэ дыдэу Iэпэпшынэм еуэу щытащ, и щIалиплIри макъамэм щIипIыкIащ. Зэкъуэшхэр зэчий зыбгъэдэлъ защIэщ, макъамэ Iэмэпсымэ зэхуэмыдэхэм (балалайкэ, мандолинэ, Iэпэпшынэ) йоуэ, уэрэди жаIэ. «Си къуэшищми макъ яIэщ. Сэ схуэдэу ахэри макъамэм хуеджауэ щытамэ, къыскIэрымыхуу уэрэджыIакIуэ хъуну къыщIэкIынт. Ауэ абыхэм гъуазджэр IэщIагъэ яхуэхъуакъым», — жеIэ Албэч.



Хъупсырджэн Албэч 1956 гъэм гъатхэпэм и 30-м Бахъсэн районым щыщ Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуащ. Я жылэ дэт еджапIэ-интернатым щыщIэса илъэсхэм ар дихьэхакIэт и гъащIэ псокIэ къыдэгъуэгурыкIуэну IэщIагъэм — макъамэм, уэрэд жыIэным: кларнетымрэ бжьамиймрэ епщэрт, хорым уэрэд щыжиIэрт. АрщхьэкIэ щIалэ цIыкIум сыт щыгъуи япэ иригъэщыр зыпищI щымыIэу фIыуэ илъагъу спортырт. Албэч топ джэгунымрэ атлетикэ псынщIэмрэ апхуэдизкIэ дихьэхырти, а лъэхъэнэм и пщIыхьэпIи къыхэхуэртэкъым и гъащIэр гъуазджэм ирипхыну. Класс нэхъыжьхэм щыщIэсым ар Бахъсэн и «Автомобилист» топджэгу гупым хэтт, ауэ зы пщыхьэщхьэ закъуэм абы и гъащIэ псор зэримыгугъауэ къригъэкIэрэхъуэкIащ.

Зэгуэрым Хъупсырджэныр юбилей пшыхь гуэрым уэрэд щыжиIэну ирагъэблэгъат. Абы кърихьэлIат Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ оперэ уэрэджыIакIуэхэм ящыщ, Ленинград дэт консерваториер къэзыуха Къуэдзокъуэ Владимир. Албэч а пшыхьым гитарэкIэ щигъэзэщIат «Сэрмахуэ» адыгэ уэрэдыжьыр. Ар щызэхихым, Къуэдзокъуэр щIалэм къыбгъэдыхьэри: «Уэ уэрэд жыпIэн хуейщ. Уи макъыр гуакIуэщ, зыми ещхькъым. Пщэдей музыкэмкIэ училищэм сынышыппоплъэ», — жиIащ. Албэч абы жриIэну хэтащ топджэгум зэрыдихьэхыр, зэгуэр Налшык и «Спартакым» щыджэгун хъуэпсапIэ зэриIэр, ауэ Къуэдзокъуэм а псори зэхихынутэкъым. Ар апхуэдизкIэ фIэщхъуныгъэ ин хэлъу псалъэрти, Албэч шэч ищIыжащ, «атIэ макъамэр арауэ пIэрэ сыкъызыхуигъэщIар» жиIэри. А лъэхъэнэм абы и анэ дэлъху Дыкъынэ Хьэмид радиом щылажьэрт икIи Къуэдзокъуэмрэ абырэ фIыуэ зэрыцIыхурт. ЕтIуанэ махуэм

щIалэр и анэ дэлъхум ишэри абы и деж кIуахэщ. ЗдэкIуам егъэджакIуэ куэд, училищэм и унафэщI Хьэсанэ Мусэ я пашэу, щызэхуэсат, щIалэм и макъым едэIуэну. Ар фортепианэм бгъэдэтIысхьэри адыгэ уэрэд зыбжанэ жиIащ, апхуэдэ щIыкIэкIи, экзаменыншэу, музыкэмкIэ училищэм щIэтIысхьащ. Абы етIуанэ гъэ еджэгъуэр къыщиухауэ, Хъупсырджэныр Астрахань къалэ дэт консерваторием ягъэкIуащ, абы илъэсищ щеджауэ, Воронеж дэт консерваторием зригъэдзыжащ. А лъэхъэнэм а еджапIэр куэдкIэ нэхъыфIу къалъытэрт, псом нэмыщIыжкIэ, Воронеж къалэм оперэмкIэ театр дэтти, артист ныбжьыщIэм, зыгъэпсэхугъуэ зэман къызэрыхуихуэу, абы щигъакIуэрт. ЕджапIэр къыщиухым, Албэч и къэрал экзаменри щитар а театрырщ, Гуно Шарль Франсуа и «Фауст» оперэм хэт Валентин и партиер игъэзащIэу. Спектаклым ипэ къихуэу абы зыгуэр къеупщIат: «Угузавэрэ?» Ауэ артист щIалэр сыт хуэдизу мыгузавэми: «Ар сэ си IэщIагъэщ», — жиIэри ерыщыгъэ зыхэлъ жэуап иритыжащ. Хъупсырджэным зэрызиумысыжымкIэ, ноби ар утыку ихьэн ипэкIэ сыт щыгъуи мэгузавэ, икIи дапщэщи, сыт хуэдэ лъагапIэ зыIэримыгъэхьами, артист нэсым а пIейтеигъэр хэлъыпхъэу, ар хэмылъыжмэ, абы и творчествэм адэкIэ зыужьыныгъэ имыгъуэтыжыну къелъытэ.



КъБР-м и цIыхубэ артист Къуныжь Алимрэ Хъупсырджэн Албэчрэ.

Воронеж къалэм япэу и зэфIэкIхэр утыку щрихьа нэужь, Хъупсырджэным Новосибирск уэрэд щыжиIащ. Абы щекIуэкIа зэхьэзэхуэм къэралым и театр нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм я режиссерхэр щыхэтам, оперэ уэрэджыIакIуэу щэрэ тхущIрэ щызэпеуати, Албэч нэхъыфIу къыхаха япэрей цIыхуипщIым яхэташ. Зэхьэзэхуэм и кIэух концертым екIуу хэта иужькIэ, артист ныбжьыщIэр щIыпIэ куэдым щылэжьэну ирагъэблэ-

гъащ — Мурманск дэт филармонием, Свердловск, Воронеж, Новосибирск дэт оперэ театрхэм. Хъупсырджэным Воронеж къэнэну, щылэжьэну мурад ищIат, ауэ а лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ и министру щыта Ефэнды Джылахъстэн, МузыкэмкIэ къэрал театрым и дирижер нэхъыщхьэ Супер Александр игъакIуэри, макъ лъэщ зиIэ уэрэджыIакIуэ Iэзэр и щIыналъэм къригъэшэжащ.

Хъупсырджэныр япэу Налшык и утыкушхуэм зэрихьар Гаджиев Рауф и «Кавказская племянница» опереттэм щигъэзэщIа Ариф и ролырщ. Артистым къызэрыхигъэщымкIэ, оперэ уэрэджыIакIуэм опереттэм щыджэгуныр тыншу къехъулIэркъым. Псом хуэмыдэжу абы нэхъ къегугъуэкIыр утыкум щыпсэлъэнырати, езыр-езыру илъэситIкIэ а Iуэхум зыхуигъэсэжащ.

Театрыр узыщIэзышэ гъуазджэ лIэужьыгъуэщ. Абы и хъым зэ ихуар иутIыпщыж хабзэкъым. Хъупсырджэнми и IэщIагъэр ихъуэжыну зэи гукъэкI ищIакъым. Илъэс 25-м къриубыдэу Албэч оперэ, опереттэ зэхуэмыдэхэм партие нэхъыщхьэу 33-рэ щигъэзэщIащ. Апхуэдэщ, къапщтэмэ, Чайковский Пётр и «Евгений Онегин» оперэм хэт Евгений Онегин, Верди Джузеппе и «Травиата» оперэм хэт Жермон, Штраус Иоганн и «Летучая мышь» опереттэм хэт Айзенштейн Генрих сымэ я партиехэр, Кальман Имре и «Сильва», Рахманинов Сергей и «Алеко» классикэ оперэхэр, апхуэдэуи, Штраус Иоганн и «Цыганский барон» оперэм нобэр къыздэсым бароным и ролыр щегъэзащIэ. А псом яцыщу артистым нэхъ игу дыхьар Верди Джузеппе и «Риголетто» оперэм хэт лIыхъужь нэхъыщхьэм (Риголетто) и ролырщ. ДяпэкIэ игъэзэщIэну зыщIэхъуэпсхэм ящыщщ Бородин Александр и «Князь Игорь» оперэм хэт Игорь и ролыр, Чайковский Пётр и «Пиковая дама» оперэм баритоным щигъэзащIэ партиер, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэуи, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артисткэ Таукеновэ Галинэ и гъусэу Албэч щыджэгуащ «Бабий бунт» спектаклым, ЩоджэнцIыкIу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» романым къытращIыкIа спектаклым, Махъэшокъуэ и ролыр игъэзащIэу.

Хъупсырджэн Албэч и зэчийм хуэфащэн пщIэ игъуэтащ — 1995 гъэм абы къыфIащащ «Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр. А Iуэхугъуэр къызэрыхъуари гъэщIэгъуэнщ. Мэзкуу Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэхэр щагъэлъапIэу, а зэIущIэшхуэм кърихьэлIат ди республикэм и Iэтащхьэу щыта КIуэкIуэ Валерэрэ а лъэхъэнэм къэрал унафэщIу щыта Ельцин Борисрэ. «Россие» концерт гъэлъэгъуапIэ иным Албэч, симфоние оркестрыр щIыгъуу, Мистер Икс и ариер щигъэзэщIат. Абы и зыкъэгъэлъэгъуэныгъэр, артистым и макъ лъэщыр Урысейм и унафэщIым апхуэдизкIэ игу дыхьати, асыхьэту унафэ ищIащ, махуитI пIалъэ нэхъ къыхэмыкIыу, Хъупсырджэным «Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр къыфIащыну икIи ар и чэзум гъэзэщIа хъуащ.

Хъупсырджэным и зэфIэкIхэм ящыщу къэгъэлъэгъуапхъэщ и ныбжьэгъуфI Сокъур Руслан и гъусэу «Сосрыкъуэ» уэрэджыIакIуэ ансамблыр зэрызэхашауэ щытар, нэгъуэщI и зы ныбжьэгъу Бекъул Леонид къызэригъэпэщауэ щыта «Бжьамий» ансамблыр илъэс бжыгъэ куэдкIэ зэригъэбжьыфIар, абы и зыужьыныгъэм и гуащIэшхуэ зэрырихьэлIар.



«Бабий бунт» спектаклым Хъупсырджэн Албэчрэ Таукеновэ Галинэрэ щоджэгу.



Артист къэскIэ езым и гъуазджэ дунейм пэджэжу гъащIэм хилъагъуэ къэхъугъэ псори псэкIэ зыщIешэ. Зыгъэпсэхугъуэ зэман къыщыхуихуэм деж Хъупсырджэн Албэч уэрэд, макъамэ дахэ йодаIуэ. Абы зыхилъхьэ щыIэкъым Магомаев Муслим, Антонов Юрий, Кобзон Иосиф сымэ я уэрэдхэр, Пугачевэ Аллэ нэхъ пасэу игъэзащIэу щытахэр.

Артистым и мызакъуэу, сыт хуэдэ цIыхуми и зэфIэкI нэхъ лъагэ дыдэр зыхэлъэгъуапхъэр и унагъуэрщ. Хъупсырджэнхэ Албэчрэ Людмилэрэ илъэс 30-м щIигъуауэ унагъуэ дахэу зэдопсэу, пхъуищрэ (Равидэ, Марьянэ, Альбинэ сымэ) пхъурылъху цIыкIуитIрэ яIэщ. Бынхэмрэ пхъурылъхухэмрэ хэт хэкум, хэти Истамбылрэ Лондонрэ щопсэу, ауэ щIэх-щIэхыурэ адэшхуэ-анэшхуэм я деж къэкIуэжурэ ахэр ягъэгушхуэ, ягъэгуфIэ.

Албэч игу хэзыгъахъуэхэм, псэкIэ игъэлъапIэхэм ящыщщ и ныбжьэгъуфIхэри. Апхуэдэщ илъэс бжыгъэ куэд хъуауэ зыдэлажьэхэу Емкъуж Лиуан, Сокъур Руслан, Батыр Мухьэдин, Ташло Алий, Къумыкъу Мухьэдин сымэ. Лэжьыгъэм къищынэмыщIауи, зэныбжьэгъухэм сыт хуэдэ Iуэхури зэдаIыгъщ.

Мы гъэм Хъупсырджэн Албэч и ныбжьыр илъэс 60 ирикъуащ. Абы ирихьэлIэу гъатхэпэм и 30-м МузыкэмкIэ къэрал театрым щызэхашат гуфIэгъуэ пшыхь. Абы кърихьэлIат уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэм и ныбжьэгъухэр, лэжьэгъухэр, и творчествэр фIыуэ зылъагъухэр. Ар гъэщIэгъуэну икIи нэгузыужьу екIуэкIащ, артистым хуэфащэ пщIэрэ гулъытэрэ хуащIащ: ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артист Хьэмырзэ Ахьмэд Хъупсырджэным хуитха усэм къеджащ; Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Ингуш, Осетие Ищхъэрэ-Алание республикэхэм щIыхь зиIэ я артист Лосэн Тимур пшы-

налъэ дахэкIэ и къуажэгъумрэ пшыхьым кърихьэлIахэмрэ яхуэупсащ; КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Музыкэ театрым и балетмейстер нэхъыщхьэ ПащIэ Рамед игъэува «Ашэмэз и бжьамий» балетым щыщ теплъэгъуэ Музыкэ театрым и лэжьакIуэхэм ягъэлъэгъуащ. Артистым псалъэ гуапэкIэ зыхуигъэзащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин. Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ зэгухьэныгъэм и унафэщI, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ Дау Марьянэ пшыхьым къыщеджащ я IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм къабгъэдэкIыу Хъупсырджэн Албэч къыхуагъэхьа хъуэхъум. Я ныбжьэгъум, лэжьэгъум хуэгъэза псалъэ гуапэхэм пащащ икIи я уэрэдхэри тыгъэ хуащIащ УФ-м щIыхь зиIэ и артист Ташло Алий, КъБР-м и цIыхубэ артисткэ Сокъур Ольгэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артистхэу КъуийцIыкIу Валерэ, Зеущэ Iэуес, ХьэхъупащIэ Амырхъан, Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэхэу Джыназ Нурбий, КъуэщIысокъуэ Роксанэ, Мамбэт Мадинэ сымэ, нэгъуэщIхэми. Езы Хъупсырджэным пшыхьым щыжиIащ куэдым фIыуэ ялъэгъуа и уэрэдхэр икIи фIыщIэ яхуищIащ абы кърихьэлIа псоми.

Адыгэ хабзэм къыдэкIуэу, щIэблэр щэнхабзэм, макъамэ гъуазджэм щIэпIыкIыным мыхьэнэшхуэ иIэщ. Хъупсырджэн Албэч и творчествэм къызэщIэкъуауэ ухэплъэжмэ, ар дахагъэм, псэ къабзагъэм хуэунэтIащ, захуагъэр, пэжыгъэр зыгъэлъапIэщ. Аращ абы игъэзащIэ уэрэдхэр цIыхубэм ягу щIыдыхьэри, абыхэм мылIэжыныпсэ яхэзылъхьэри.



**ТЕМБОТ Санитэ**

# Хъупсырджэн Албэч хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр

Албэчрэ сэрэ илъэс зыбжанэ хъуауэ дызэдолажьэ. Спектакль зыбжанэм зэгъусэу дыщыджэгуащ, образ гъэщIэгъуэнхэр къызэдэдгъэщIащ. ПщIэшхуэ хузощI. Ди Музыкэ театрыр зыгъэбжьыфIэ артист нэхъыфI дыдэхэм ящыщщ. Уэрэдхэри оперэхэри зэхуэдэу удихьэхыу жеIэ. Тхьэм макъыфI, зэчий къритауэ бгъэдэлъщи, сыт хуэдэ жанрми полъэщ. Хуэфащэ дыдэу къыфIащащ «УФ-м щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр.

Албэч цIыху хъарзынэщ, хьэл-щэн дахэ хэлъщ. Зыгуэрым щыхуэпсэлъа срихьэлIауэ къысхуэщIэжыркъым. И щхьэгъусэ Людмилэрэ абырэ унагъуэ дахэ зэдаухуащ. Я пхъуищми гъэсэныгъэрэ щIэныгъэрэ иратащ. И щхьэкIи, и унагъуэкIи, и лэжьыгъэкIи гукъеуэ имыIэу, ехъулIэныгъэ и бэу Музыкэ театрым и утыкур иджыри илъэс куэдкIэ игъэбжьыфIэну си гуапэщ.

**МЭРШЭНКЪУЛ Iэдэм,**
*КъБР-м щIыхь зиIэ и артист*

Республикэр зэрыгушхуэ уэрэджыIакIуэ, артист Iэзэ Хъупсырджэн Албэч илъэс 25-м щIигъуауэ ди Музыкэ театрыр егъэбжьыфIэ. Зи гъащIэ псор сценэм езыпха Албэч ди щIыналъэми нэгъуэщI щIыпIэхэми къыщацIыху. Оперэ, опереттэ куэдым роль нэхъыщхьэхэр гукъинэжу щигъэзэщIащ. Абы фIы дыдэу къохъулIэ адыгэ уэрэдыжьхэри. ЖыпIэнуракъэ, и лэжьыгъэм гу къабзэрэ псэ хьэлэлкIэ пэрытщ.

Хъупсырджэн Албэч цIыхугъэшхуэ зыхэлъщ, нэхъыжьхэм пщIэрэ гулъытэрэ яхуещI, уэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэхэр еущий, еунэтI, егъэгушхуэ. Сыт хуэдэ IуэхукIэ уи дзыхь ебгъэзми, ущигъэуэнукъым. Ущыхуэныкъуэм деж къыбдэIэпыкъуну хьэзыр ныбжьэгъу пэжщ.

Узыншагъэ, гуфIэгъуэ и куэду, и зэфIэкIыр мыкIуэщIу Тхьэм тхуигъэпсэу!

**ТАШЛО Алий,**
*УФ-м щIыхь зиIэ и артист*

Хъупсырджэн Албэч, Емкъуж Лиуан, Батыр Мухьэдин, Къумыкъу Мухьэдин сымэ илъэс куэд щIауэ унагъуэкIэ дызэкIэлъыкIуэу дызэныбжьэгъущ. Культпросвет училищэр къэзуха нэужь, Бахъсэн районым ЩэнхабзэмкIэ и унэм къэфакIуэхэр щызгъасэу щытащ. Албэч еджапIэ къикIыжа къудейт абы щыгъуэм. ДызэрыщIыхуу ныбжьэгъу дызэхуэхъуа нэужь, уэрэджыIакIуэхэм я «Сосрыкъуэ» ансамблыр зэгъусэу къызэдгъэпэщащ.

Мистер Икс и ариер Хъупсырджэным хуэдэу жызыIэфа Кавказ Ищхъэрэ псом искъым. Албэч зыхэмызагъэ макъамэ Iэмэпсымэ къэгъуэтыгъуейщ. Си ныбжьэгъум фIы куэд хужысIэфынущ. Ар цIыху зэпIэзэрытщ, хабзэ, нэмыс зыхэлъщ, зэи укъигъэпцIэнукъым. И анэ Хуту гуфIэу къытпежьэурэ дригъэблагъэу зэрыщытар сигу къинэжащ. Ар дахэ дыдэу Iэпэпшыни балалайки тхуеуэрт. Езы Албэч и анэм пщIэшхуэ хуищIу, хуэгумащIэу апхуэдэт.

ДяпэкIи нэхъри зиузэщIыну сохъуэхъу.

**СОКЪУР Руслан,**
*Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм*
*и кинозалым и унафэщI*



Хъупсырджэн Албэч Музыкэ театрыр зыгъэбжьыфIэ артист Iэзэщ, зи макъыр зэи мыкIуэдыжын уэрэджыIакIуэщ. Абырэ сэрэ оперэ, опереттэ куэдым роль нэхъыщхьэхэр щызэдэдгъэзэщIащ. Псалъэм папщIэ, Штраус Иоганн и «Цыганский барон» спектаклым Албэч барону, сэ абы и пщащэу дыщыджэгуащ.

Дэбгъуэн щымыIэу, гукъинэж пщыхъуу сыт хуэдэ ролри егъэзэщIэф Албэч. Ар и щыхьэтщ Тхьэр зэчиишхуэкIэ абы къызэрыхуэупсам.

**БЕСЧОКЪУЭ Майе,**
*КъБР-м и цIыхубэ артисткэ*

Хъупсырджэн Албэч макъ дахэ зиIэ, цIыхубэм фIыуэ ялъагъу уэрэджыIакIуэ Iэзэщ, фIым я фIыжщ, республикэм исхэр зэрыгушхуэ артистщ. Спектакль куэдым зэгъусэу дыщыджэгуащ, партиехэр щызэдэдгъэзащIэу. Псом хуэмыдэу гукъинэж сщыхъуащ Штраус Иоганн и «Цыганский барон» спектаклым щищIа ролыр. И макъ жыгъырум хуэдэ зиIэ къэгъуэтыгъуейщ. Егъэлеиныгъэ хэмылъу жысIэнщи, апхуэдэ макъ зиIэ уэрэджыIакIуэ махуэ къэс къалъхуркъым.

Си лэжьэгъум сохъуэхъу и макъ дахэмкIэ цIыхухэм гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ яриту илъэс куэдкIэ ди театрым и утыкум итыну, жыыщхьэ махуэ хъуну!

**БАТЫР Мухьэдин,**
*УФ-м щIыхь зиIэ и артист*

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредители:**
Государственный комитет Кабардино-Балкарской Республики по печати и массовым коммуникациям (360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5), общественная организация «Союз писателей КБР» (360051, КБР, г. Нальчик, ул. Адмирала Головко, 6).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Адам Гутов,
Хамид Кажаров, Хамид Кармоков, Хачим Кауфов,
Афлик Оразаев, Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова,
Муаед Хаупшев (ответственный секретарь)

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Свидетельство о регистрации
Управление Роскомнадзора по КБР
ПИ № ТУ07-00100 от 24.12.2014 г.
Подписной индекс: 73296

Подписано к печати 20.06.16. Формат 70х108 $^{1}/_{16}$.
Бумага офсетная №1. Печать офсетная. Усл. п. л. 15,4.
Уч-изд. л. 12,3. Тираж 3517 экз. Заказ №377
Цена свободная.

Адрес редакции, издателя: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5

Отпечатано ООО «Печатный двор»
360000, КБР, г. Нальчик, ул. Калюжного, 1

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленных диапозитивов